Tjek pangakoean Bagoes Rangin, manehanana teh leuwih ti $6\frac{1}{2}$ taoen djadi kapala barandal nēpi kana waktōe katangkēp di Panongan dina tg. 27 Juni 1812. Malah waktōe pērang di Panongan djeung Bantardjati oge dina taoen 1806 djeung pradjoerit Boepati Soemēdang djeung Tjirēbon, nja Bagoes Rangin gēgēdoegna, baladna aja kira-kira 280 atawa 300 djalma lalaki noe barisa pērang, pakarangna djaba ti toembak, gobang, bēdog djeung kēris teh, bēdil sarta nēpi ka mawa mariēm kalangtaka. Pradjoerit Soemēdang djeung Tjirēbon noe harita (1806) kabojong aja 25 djalma. Kabehanana koe Bagoes Rangin dititah ditoegēl sirahna koe si Kadim oerang Soemēdang djeung si Rawoe oerang Soekawana. Kampoeng² noe ngabajoean Bagoes Rangin mere tēdana baladna, nja eta Bēnawangkoelon, Malandang, Tonggeang, Tjililin, Depok, Sēlaawi, Soekasari djst. Ari koewoe² anoe biloek ti kampoeng Batoenoenggal, Tēgal, Bentang, Gēroedoe, Tjinaka, Tanggoeloen, Tambal, Ajer djst. Noe koe balad Bagoes Rangin diroeksak djeung dirandjah nja Tjibingbin, 80 moending noe dipaling, kapalana dipaehan. Waktōe katangkēp kapala barandal noe biloek keneh ka Bagoes Rangin aja 11 oerang, noe ngabogaan pakarang 170 bēdil djeung 52 kati obat.

Koe pamarentah Inggris wēwēngkon² kaboepaten Krawang, Tjiandjoer, Bandoeng, Soemēdang, Limbangan, Soekapoera, Parakanmoentjang djeung Galoeh koe bisloeit g. 16 Februari 1813 diatoer deui. Tanah kaboepaten Krawang lantaran rek didjoel, didjieun tanah partikoelir, koe Pamarentah kaanggap teu pērloe diajaan Rēgen, Boepati Krawang Raden Adipati Soerialaga II dialihkeun ka Soekapoera, ari boepati di dinja Raden Toemēnggoeng Wiradadaha dipansioen. Kaboepaten Parakanmoentjang di-boerak, dileungitkeun samasakali, Boepatina Raden Toemēnggoeng Adiwidjaja dialihkeun ka Limbangan, dajauh Garoet, noe kakara pisan diadēgkeun, pērnahna di tjoetak Soetji, noe satadina kabawah ka Soekapoea; Boepati Limbangan Toemēnggoeng Wangsakoesoemah dipansioen. Rēgen noe dilirenkeun, noe katiloena Boepati Galoeh Raden Toemēnggoeng Djajengpati, saorangna 600 real sataoen, ieu pansioen koedoe dibajar koe Boepati Soekapoera djeung Boepati Soemēdang 800 real, djadi 400 real sewang; koe Boepati Limbangan djeung Boepati Bandoeng 1000 real, saorangna kapapantjenan 500 real. Tjoetak Pagērāgeung kabawahna koe Soemēdang ti sēmēt taoen 1813.

Boepati Tjiandjoer Dalēm Adipati Wira Tanoe Datar (Dalēm



Mr. E. A. Zorab
President Adathof



Tjet Hindia, dipidamël koe oerang Hindia

- | | |
|-----------------------|----------------------------------|
| 5 roepi tjet pëtingan | ● MUROLA tjet tembok |
| ● ELTOSIN tjet kai | ● SIGMARINE tjet pantjaraken hoë |
| ● METANOL tjet heusi | ● SIGMARINE tjet pantjaraken kai |

Sarëng deui sajagi tjet kanggo roepi-roepi kapërloean
INDETEVES PIETER SCHOEN & ZOON N. V.
PABRIKTJETDI BATAWI

Ēnoh), noe dina boekoe² babad Soemédang kamashoerkeun pisan, miasih ka Dalēm Soemédang Adipati Soerianagara, nalika mantĕna di Tjiandjoer, dina poë Djoemaah tanggal 2 April 1813 poepoes, nilar tiloe poetra pamĕgĕt. Noe pangsĕpoehna Raden Aria Wiranagara, kakontjara gangas, nĕlahna mah Aria Tjikalong; ari noe panĕngah Raden Aria Natanagara, noe sabada moenggah hadji djĕnĕnganana Raden Hadji Moehamad Tabri. Ari noe pangboerĕjna poetra Dalēm Dipati Ēnoh teh Aom Abas, waktoe ditilar koe rama moerangkalih joeswa lima taoen.

Para poetra Dalēm Adipati Wira Tanoe Datar (Ēnoh) taja noe kamanah koe Pamarentah Inggris, koe sabab eta noe diangkat kana Boepati Tjiandjoer ngagĕntos Dalēm Dipati Ēnoh Patih Tjiandjoer Raden Wiradirĕdja kalawan nampi gĕlaran „Toemĕnggoeng”, koe bisloeit Pamarentah tg. 18 April 1813. Satampina soerat angkatan, mantĕna gĕntos djĕnĕngan, djadi „Raden Toemĕnggoeng Prawiradirĕdja”.

Koe bisloeit Pamarentah Inggris (Proceedings) tg. 28 October 1814, Boepati Soekapoera Raden Adipati Soerialaga II, moendoet liren lantaran roegĕl tina ngĕpak ngala rĕmis, neangan moetiara di Sagara Anakan deukeut Noesa Kambangan, tĕroes andjeunna moelih ka Soemédang, ka bali geusan ngadjadi, kalawan dipaparin ti Pamarentah panoekang 100 koerĕn sarta kaidinan miara goelang-goelang keur oepatjara noe djadi Boepati pansioen, ti kaboepaten Soemédang, ladjoe andjeunna boemen-boemen di kampoeng Taloen, noe matak nĕlah „Dalēm Taloen”, nĕpi ka kiwari.

Raden Toemĕnggoeng Wiradadaha, Boepati Soekapoera pansioen, koe bisloeit tg. 28 October 1814 diangkat deui kana Boepati Soekapoera sarta tĕtĕp ngagĕm djĕnĕngan djeung gĕlaran „Raden Toemĕnggoeng Wiradadaha”.

Tanah Priangan djeung Galoeh dibawah koe Karĕsidenan Bogor, harita Rĕsidenna toean Th. Macqoid, noe dina tg. 10 October 1815 ti Bogor ngalih ka Wanajasa. Ari para Rĕgen noe kaparentah Boepati Bogor (Kampoengbaroe): Raden Adipati Wiranata; Boepati Tjiandjoer: Raden Toemĕnggoeng Prawiradirĕdja; Boepati Bandoeng: Raden Adipati Wira Nata Koesoema; Boepati Soemédang: Raden Adipati Soerianagara; Boepati Galoeh (Tjiamis): Raden Toemĕnggoeng Wiradikoesoemah; Boepati Soekapoera: Raden Toemĕnggoeng Wiradadaha; Boepati Limbangan: Raden Toemĕnggoeng Adiwidjaja; di Krawang atjan aja Boepati, ngan Patih-apdeling bae Raden Sastradipoera.

Dina taoen 1816 toean Bësar Raffles nampi warti, bakal digentos koe toean Bësar John Fendall djadi Leknan-Goepërnoer poelo Djawa, nja tēras ngabagikeun roepa-roepa gēlaran ka para menak priboemi, koe maparin soerat aktē dina tg. 1 Maart 1816, kajaning ka Boepati Limbangan Toemēnggoeng Adiwidjaja gēlaran „Adipati” ka Kapala Tjoetak Tjipitjoeng Raden Aria Somanagara gēlaran „Toemēnggoeng”. Poetra Boepati Soemēdang pamégēt noengan doea-doeana teh, doeanana koe toean Bësar Raffles digandjar. Boepati Tjiandjoer Toemēnggoeng Prawiradirēdja nampi gēlaran „Adipati”; Kapala Tjoetak Wanajasa Raden Anggadikoesoema digandjar gēlaran „Aria” djadi Raden Aria Soeriadikara, kabeh titimangsa soerat angkatan tg. 1 Maart 1816 bae.

Pērdjangdjian tg. 13 Augustus 1814 di kota London tea, Inggris bakal moelangkeun bawahan Walanda, kakara katjoemponan dina tg. 19 Augustus 1816. Nja harita mimiti bandera Walanda, noe tiloe warna teh ngelebet deui di kota Batawi, sanggeus ieu dajauh tanah Hindia djeung kakawasaan Pamarentah Inggris koe toean Bësar Leknan-Goepërnoer poelo Djawa John Fendall dipasrahkeun ka Commissarissen-Generaal ti Nagara Walanda, nja eta toean Bësar Mr. C. Th. Elout; G. A. G. Ph. Baron van der Capellen djeung toean Bësar A. A. Buijskes, noe saroemping ka dieu dina tg. 26 April djeung 11 Mei 1816. Ari toean Bësar Raffles nallar poelo Djawa dina tg. 8 Maart 1816, tēras djadi Goepërnoer di Bangkaloeloe, (Benkoelen). Sanadjan kakawasaan Pamarentah koe C.C. G.G. tatjan katampi oge, Rēsiden Priangan toean P.W.L. van Motman ēnggeus diangkat koe bisloeit tg. 3 Augustus 1816, sarta dina tg. 25 October 1816 ti Wanajasa toean Rēsiden Van Motman njanggakeun laporan ka Pamarentah Walanda noe anjar, tina hal kaajaan di karēsidenan Priangan djeung Krawang dibawah Parentahan Inggris sarta tina pērkara kaboepaten Soemēdang kieu oendjoekanana:

„Kaboepaten Soemēdang tjangkinganana aja 15 distrik, nja eta, „Baloeboer, Andawadak, Depok, Malandang, Tjonggeang, Dar- „maradja, Darmawangi, Pawēnang, Malangbong, Tjiawi, Pagēr- „ageung, Radjapolah, Indihiang, Tjitjariang djeung Singaparna, „diparentah koe Boepati Adipati Soerianagara, noe waktoe ieu „pangsēpoehna sarta pangloehoerna dina kapangkatanana sawē- „wēngkon karēsidenan Priangan, andjeunna teh loear biasa pin- „tērna sarta katjida satia-toehoena ka Goepērnehmēn Walanda: Ieu „kaboepaten dioeroesna kalawan gēten-toelaten pisan; meh

„beunang disēboetkeun pangāmanna djeung meh euweuh pandja-
 „hat, koe lantaran andjeunna sering ngēprik ka kapala-leutik,
 „sangkan gētol digawena nohonan kawadjibanana. Andjeunna teh
 „hidji Boepati noe sae manah, sareh sarta adil, bēngis dina dinēs
 „Goepērnēmen, abdi-abdi pada wēdi-asih lantaran tara njoesah-
 „keun ka somah, kērsana pamarentah koedoe ditoeroet noe hade
 „pikeun maranehanana. Kagoengan poeta pamēgēt doea, noe
 „pangsēpoehna geus djoemēnēng Boepati di Limbangan, poeta
 „noe anom djadi wawakil rama di Soemēdang gēlaranana „Toe-
 „mēnggoeng nja eta Raden „Toemēnggoeng Somanagara.” Ari
 „poetra pangsēpoehna tea djēnēnganana Raden Adipati Adiwi-
 „djaja, Boepati Limbangan noe ngabawah 6 distrik nja eta: 1.
 „Wanakērta, 2. Wanaradja, 3. Soetji, 4. Panembong, 5. Soeda-
 „larang djeung 6. Pasanggrahan. Boepati Soekapoera Raden
 „Toemēnggoeng Wiradadaha ka Rēgen Soemēdang kapērnah
 „mērtoea sarta distrik-distrik noe katarik ka kaboepaten Soeka-
 „poera aja 14: Tjidamar, Kandangwēsi, Nagara, Karang, Pa-
 „roeng, Mandala djeung Tjikēmbolan di pakidoelan, beulah ka-
 „ler distrik Batoewangi, Taradjoe, Baloeboer, Pasirpandjang,
 „Djanggal, Kawasen djeung Sēlatjae.

Kaboepaten² noe kabawah koe Rēsiden Priangan teh, nja eta
 Kaboepaten Tjiandjoer noe diboepatian koe Dalēm Adipati Prawi-
 radinēdja sarta distrikna|ngan aja 3, Baloeboer (troep atawa
 katjamatan Tjibeureum, Peser, Tjipoko, Tjikondang, Tjilakoe, Tji-
 balagoeng djeung Maleber), da ari Tjikalong mah apan tanah
 partikoelir kagoengan poeta² Dalēm Adipati, Wira Tanoe Datar
 (Ēnoh). Tanah toean N. Engelhard djeung toean A. de Wilde
 nja eta distrik² Goenoengparang, Tjiheulang djeung Tjitjoeroeg.
 Distrik-distrik kaboepaten Tjiandjoer anoe 2 deui, nja eta Djamp-
 pangkoelon djeung Djampangwetan.

Distrik² noe djadi wēwēngkon Bandoeng aja 15: Bajabang, Ra-
 djamandala, Tjilokotot, Baloeboer, Tjitjalengka, Limbangan, Tji-
 peudjeuh, Manahaja, Leles, Tarogong, Bandjaran, Tjisondari,
 Kopo, Rongga djeung Tjihea.

Ajeuna kakotjapkeun pērang di desa Lobēnēr bawahan
 Indramajoe. Dina tg. 8 December 1816 njēbar bedja, jen djalma²
 oerang Krawang, Tjiasēm djeung Pamanoekan reana aja 2500
 lalaki noe samakta marawa pakarang, boga niat ka Nagara arek
 baha, njeun karoesoehan, noe diloeloeogean koe boedak ngora
 ngaran Bagoes Djabin oemoer kira 16 taoen, anak Bagoes Sanda

doeloer misan Bagoes Rangin, noe nĕroeskeun djadi kapala rampog. Koe djalma-djalma noe niat ngaraman, eta Bagoes Djabin dilaranggap sakti. Kapala-kapala rampog kabeh barajana Bagoes Djabin; anoe mariloe, nja eta Bagoes Boeloen, Bagoes Wangsa, Bagoes Asidin, Bagoes Brata, Tjandrawidjaja djeung Taloeck di kampoeng Lobĕnĕr sisi waloengan Tjimanoeck beulah koelon geus ngoempoel sarta taki-taki pisan, arek ngalawan oepama koe soldadoe djeung poelisi Goepĕrnĕmen ditĕmpoeh. Rĕmĕn barandal noe keur ngoempoel di Lobĕnĕr-koelon didatangan koe oetoesan ti toean Rĕsiden Tjirĕbon, noe didjoeroengkeun mariksa naon sababna pang arek baha ka Nagara, sarta sina mĕpĕr oelah ngalawan ka Goepĕrnĕmen make pakarang, leuwih hade sadrah masrahkeun maneh ka poelisi koe djalan babadamian. Djawaban ti barandal hĕnteu poegoeh, anoe tangtoe mah pang baha ka Nagara koe lantaran beurat teuing papantjen djeung ngarasa diteungteuinganan, sarta loba djĕpit koe kapala-kapala desa djeung toekang ngĕpak Tionghoa.

Dina tg. 9 December 1816 ieu barandal geus ngarandjah kota Kandanghaoer, ngarampasan radja-kaja oerang dajauh, djĕlĕmana dipahala dioesiran sina maboer, rea noe moeboes njingkiran bahla barandal, geus teu tolih kana banda. Anoe djadi pangagoeng Nagara, babakoena toean Rĕsiden Tjirĕbon (toean Servatius) ngaraos djengkel kabina-bina tina barandal teu beunang dipĕpĕr, diadjak badami, nja dina tg. 19 December diparentah deui panganggeusan, soepaja noe djadi oelon-oelonna masrahkeun maneh ka poelisi, sarta dimana teu daek noeroet, bakal ditangkĕp make djalan kakĕrasan. Barandal nandoek teu daekeun taloeck, nja dina tg. 20 December 1816 mimiti koe militer djeung poelisi ditaradjang dipĕrangan, noe daratangna ti opat madhab, nja eta ti Indramajoe, ti Oedjoeng, ti Losarang djeung ti Lobĕnĕr-wetan. Militer djeung poelisi noe ngambrĕg ti Indramajoe koerang koeat, kapaksa moendoer, atoech barandal teh ngangsĕg ka beulah kaler-koelon, noedjoe ka dajauh Indramajoe. Ngan hadena bae kaboeroe boeroedoel balad Priangan noe diloeloegean koe toean Rĕsiden G. W. C. van Motman koe andjeun, noe soempingna ti Wanajasa ka Lobĕnĕr-koelon, djolna ti Losarang sarta dibantoe koe doea Boepati Priangan anoe djadi Kapala-pĕrang, nja eta Boepati Soemĕdang Adipati Soerianagara sarĕng poetrana noe pangbarĕpna Boepati Limbangan Adipati Adiwidjaja. Barang amprok oge djeung moesoeh, nja eta barandal noe dikapalaan koe Bagoes

Djabin tea, geus teu antaparah deui, dër bae përang tjampoeh pohara pisan. Lila-lila barandal kadeseh koe balad Priangan, tëroes disédèkkeun ka sisi waloengan Tjimanoeck. Barandal anoe meuntas ka beulah wetan djeung kidoel kapëgat koe balad Rësiden Tjirëbon, noe dibantoe koe 160 soldadoe detachment ti Samarang sarta koe balad Boepati Bangawan-Wetan Adipati Nitidiningrat. Barandal koe balad Goepërnëmen ti Priangan djeung ti Tjirëbon katingkër samasakali, moal aja 25 rampog noe bisa lolos maboer ka kidoel. Barang përang geus boebar, meh kabeh barandal katangkëp, anoe tatoe parna aja 100 djalma, anoe kasamboet aja 60 barandal noe paraeh di pangpëरण, ari noe kabojong djadi babandan aja 500 djalma, kabeh dikërid peuti dibawa ka Tjiandjoer, baris dipariksa, sarta Goepërnëmen ngangkat tiloe pangagoeng bangsa Walanda, noe kapapantjenan ngoemisi, ngaboektikeun naon noe djadi sabab pang abdi-abdi baha ka Nagara, nja eta para pangagoeng toean-toean P. I. Chassé, Z. Veekens djeung toean J. G. van Angelbeek. Iwal ti anoe tatoe ti militer djeung poelisi Goepërnëmen anoe kasamboet dina përang di Lobënër ngan aja 4 soldadoe Walanda djeung 11 soldadoe bangsa priboe-mi. Ieu tjarita beunang njoetat tina sërát toean Bësar Goepërnoer-Djendral Baron Van der Capellen tg. 26 December 1816.

Sadjëro taoen 1817 repeh euweuh karoesoehan barandal; barang mantjat kana taoen 1818 dina tg. 29 Januari dër desa Radjagaloeh, Palimanan djeung Bandjaran dihoeroe koe barandal noe diloeloeogean koe Bagoes Sërit, baraja Bagoes Sidoeng djeung Bagoes Rangin keneh. Asisten-Rësiden toean Heidenreich djeung Boepati Bangawan-Wetan, noe harita geus 70 taoen joeswana Adipati Nitidiningrat, anoe kakotjapkeun dina waktöe përang di Lobënër tea dina taoen 1816; ngaboedjëng ka anoe aja roesoeh, tapi teu njangga poelia, kasamboet dina medan përang. Ieu karoesoehan anoe timboel deui anjar, ditoempësna noe djadi babakoe nja koe militer bae, ngan kawasna bae Boepati Soemëdang Adipati Soerianagara oge ngiring ngarepehkeun ieu hoeroe-hara. Ti sëmët 1818 toeg ka kiwari euweuh kadjadian deui kariboetan roesoeh, hoeroe-hara anoe sakitoe poharana.

Koe bisloeit Commissarissen-Generaal tg. 13 Maart 1818 No. 21 kalawan namina Sri Maha Radja Nedërlan, Boepati Soemëdang Raden Adipati Soerianagara digandjar gëlaran „Pangeran”, tina djalaran djasana parantos noempës hoeroe-hara barandal dina mimiti taoen 1817 djeung dina boelan Februari 1818. Koe taksiran

nja waktoe eta keneh, mantenna dipaparin koe Pamarentah Agoeng C.C. G.G. Bintang Emas noe gedena me~~n~~ satampah make kangkaloeng sarta ditoelisan koe ketjap ieu: „Voor betoonde moed en trouw”, anoe koe basa Soenda kieu piketjapeunana soegan: „Hidji tanda wawanen djeung kasatiaan anoe geus ditembongkeun”. Toeg nepi ka ajeuna eta Bintang digantoengkeun dina djero lolomarian katja di kamar panjeratan para Boepati noe ngageugeuh kabupaten Soemédang, di gedong padalëman (bisloetna ieu gandjaran koe anoe noelis ieu karangan teu kapanggih). Koe bisloet C.C. G.G. tg. 14 April 1818 No. 24 kaidinan mantenna gentos djénengan, djadi „Pangeran Koesoemah Adinata”.

Dina tg. 16 Januari 1819 toean G. A. G. P. Baron van der Capellen didjoengdjoeng loenggoeh djoeméneng toean Bésar Goepërnoer-Djendral marentah djadjahan Hindia-Wetan, ari noe doea deui toean Bésar C.C. G.G. Mr. C. Th. Elout saréng Djendral-laoet A. A. Buijskes maroelih bae ka nagara Walanda.

Koe bisloet tg. 1 Februari 1820 para Boepati satanah Djawa noe diparentah koe Goepèrnëmen Hindia-Nedèrlan mah, nampi deui aktè katètëpan djoeméneng Rëgen.

Koe bisloet Pamarentah (Resolutie) tg. 19 April 1821 Kabupaten Soekapoera, lantaran koerang ngaloearkeun hasil Nagara, diboerak, Boepatina Raden Toeménggoeng Wiradadaha dipansioen deui, sarta distrik-distrik bawahan ieu kabupaten dibagikeun ka 3 kabupaten: nja eta a. Soemédang kabagean distrik² Pasirpandjang, Djanggala, Kawasen, Tjikémboelan djeung Mandala; b. noe katarik ka wëwéngkon Limbangan: 1. distrik Baloeboer, 2. Taradjoe, 3. Sëlatjaoe 4. Batoewangi, 5. Paroeng, 6. Karang, djeung 7. Nagara; c. noe diasoepekeun ka wëwéngkon kabupaten Tjiandjoer: distrik Kandangwësi djeung Tjidamar.

Boepati-pansioen Bogor-Krawang-Soekapoera Raden Adipati Soerialaga (Dalëm Taloen) di Soemédang, nampi pansioen artos f 100.— saban boelan sarta dibantoekeun damël, nampi piwarangan Rësiden Priangan dimana Nagara përløe make, noeroetkeun bisloet tg. 21 Augustus 1822. Dalëm Taloen nampi ieu gandjaran lantaran énggeus dipiwarang ngoemisi Soekaboemi djeung irig-irig tanah waloengan Tjitaroem dina taoen 1821.

Koe bisloet 11 Januari 1823 tanah partikoelir Soekaboemi koe Goepèrnëmen digaleuh koe arta f 800.000.— sarta tanah Tjikalong ditjandak deui koe Pamarentah noeroetkeun bisloet tg. 25



Rd. Hadji Moehamad Isa
President Bale Agoeng Islam



GOOD YEAR
Ban Karetā mēsīn
didamēl di Hindia-Walanda

Di kalangan toekang balap karetā mēsīn, Good Year gadoeh ngaran-nade, margi Good Year santosa, klat sarēng kenging dipertjantēn. Kanggo noenggangan karetā mēsīn kalajan santosa aja ban noe sae toer awet:

GOOD YEAR

LINDETEVES-STOKVIS

Februari 1823 ti ahliwaris Boepati Tjiandjoer noe poepoes dina taoen 1813 Raden Adipati Wira Tanoë Datar.

Dina taoen 1824 euweuh kadjadian noe koedoe ditjatoerkeun.

Koe bisloeit tg. 25 April 1825 Patih Soemëdang Raden Dëmang Mangkoepradja koe Pamarentah kaidinan ngetjagkeun kapangkatanana, digëntos koe Raden Dëmang Natanagara, poetra kaponakan Pangeran Koesoemah Adinata.

Koe bisloeit tg. 31 October 1825 Raden Dëmang Tanoewangsa, saderek Boepati pansioen Soekapoera Raden Toemënggoeng Wiradadaha nampi koernia gélaran „Aria“, djadi „Raden Aria Danoeningrat“.

Dina tg. 24 Juli 1825 taoen Bësar Goepërnoer-Djendral G. A. G. Ph. Baron van der Capellen di Batavi nampi warti noe samasakali teu disangka-sangka, di Djokjakarta timboel karoesoehan noe pohara pisan, lantaran noe djadi Rësiden toean Smissaert dina damëlna katjida tambelarna, hënteu tëluk dina sagala roepa kadjadian, nëpi ka aja karaman teu kanjahoan ti tadina, toer ari dëg geus tohaga pisan, noe diloeloegean koe poetra Soeltan Hamangkoe Boewana III Pangeran Aria Diponëgoro, sarta noe djadi senapatina noe kamashoerkeun Sëntot Ali Basah Prawiradirdja, nonoman joeswa 18 taoen poetra Raden Rangga, anoe baha ka Goepërnëmen dina djaman toean Bësar Maarschalk Mr. H. W. Daendels. Katambah noe djadi senapatina teh Pangeran Mangkoeboemi djeung Kjai Madja ngarangkep djadi goeroeagama Islam dina sajlila pëpëranan. Përanana antara balad Goepërnëmen djeung balad Pangeran Aria Diponëgoro nëpi ka tg. 28 Maart 1830; harita P. Diponëgoro ka Magëlang nëpangan toean Bësar Leknan Goepërnoer-Djendral: Generaal H. M. de Kock, tëroes dipiwarang ditangkëp, dikirimkeun ka Samarang, tëroes diiangkeun ka Batawi, tidinja dikendangkeun ka Manado doegi ka poepoesna di ditoe.

Tanah Priangan hënteu pisan kabaoed kana ieu karoesoehan, tapi sanadjan euweuh karaman noe asoep oge ka wëwëngkon Priangan, ngoeroeskeun soldadoe-soldadoe djeung pangagoeng² Eropa noe lalar-liwat erek ka pangpëranan, estoe pagawean lain loemajan, djaba ti njadiakeun roepa-roepa djagaan noe koe pangagoeng Nagara didjalankeun kalawan tohaga pisan. Harita Rësiden Priangan teh saderek toean Bësar Luitenant-Kolonel R. L. J. Baron van der Capellen (sok disëboet oge Jhr. R. L. J. van der Capellen) dina tg. 31 Juli 1825 oge geus boerbër ngin-

toenan sĕrat ka sakabeh Boepati tanah Priangan, waktōe eta Boepati Priangan ngan aja opat, nja eta 1. Boepati Soemĕdang Pangeran Koesoemah Adinata, 2. Boepati Limbangan-Garoet Raden Adipati Adiwidjaja, 3. Boepati Bandoeng Raden Adipati Wira Nata Koesoema (Dalĕm Kaoem) djeung 4. Boepati Tjiandjoer Raden Adipati Prawiradirĕdja (Dalĕm Kaoem keneh nĕlahna) da apan Soekapoera mah geus diboerak, njarioskeun di Djogjakarta aja karoesoehan sarta marentah soepaja didjaga takitaki bisi aja karaman asoep ka wĕwĕngkon karĕsidenan Priangan. Dina djĕro boelan October djeung November 1825 di Indihiang aja djagaan Boepati Tjiandjoer noe njandak koerangleuwih 400 pradjoerit djeung pamatang (pradjoerit noe toempak koeda). Noeroetkeun sĕrat-sĕrat Rĕsiden Priangan titimangsa 31 October 1825 pikeun Boepati Soemĕdang Bandoeng djeung Limbangan No. 1074, ahli-ahli tĕdak darah ti ieu 3 Boepati aja hak dina djĕnĕng Boepati njandak oepatjara nganggo Bandera-Walanda.

Pikeun nampi ieu bandera kanggo Boepati Limbangan noe kapantjenan, nja eta 1. Raden Dĕmang Patih Tanoewangsa, 2. Raden Wiranagara (Aom Abas), 3. Raden Kandoeraan Joedamanggala, 4. Raden Ngabĕi Pranadita, 5. Raden Ngabĕi Kĕrtiwadana.

Noeroetkeun sĕrat Boepati Tjiandjoer titimangsa Indihiang 30 October 1825 poetrana Raden Aria Wirarĕdja dipoerstel koe toean Rĕsiden, soepaja nampi gĕlaran „Toemĕnggoeng”, nja dina sĕrat Rĕsiden Priangan tg. 18 November 1825 dikaboel koe Pamentah Agoeng, Raden Aria Wirarĕdja digandjar djoedjoeloek Raden Toemĕnggoeng Wiranagara.

Balad-balad para Boepati tanah Priangan noe ngadjaga karaman Pangeran Aria Diponĕgoro di Tasikmalaja, (dina dongeng mah di Tawang-banteng) 2 rintakan, nja anĕe kadoea-kalina dina taoen 1826 ti tg. 1 September nĕpi ka katompernakeun boelan November 1826. Harita aja 3000 pĕrdjoerit djeung pamatang noe ngadjaga di Tasikmalaja, dikapalaan koe Boepati Soemĕdang Pangeran Koesoemah Adinata; noe djadi wawakil Rĕsiden Priangan sarta noe ngoemĕndir poerah natakeun pĕrang toean Majoer ngarangkep Adjudant toean Bĕsar: toean Johan Jacoh Perie noe poepoes di Weltevreden tg. 1 Juni 1853, dina ngagĕm kapangkatan titulair Generaal-Majoer. Ti wangkid harita nĕlah Boepati Soemĕdang Pangeran-Kornel, lantaran dina waktōe pĕrang nga-

palaan balatantara, djadi wakil Rësiden Priangan, noe pangkatna dina waktœ përang: „Kolonel”

Pangeran Kornel nalika di Tasikmalaja nampi sërati ti toean Rësiden titimangsa 12 September 1826, noe kieu oenina: „Mëngatakan pada toean, dapët rapport dari toean Kessinger „(Inspecteur tanëman kopi Nagara di Soemëdang), kampoeng „Rantjabantar, tjoetak Darmawangi këna rampog, abis diambil „barang lantas dibakar itoe kampoeng, roepanja rampog dari „Cheribon, sabab kabarnja di Kandanghaoer soedah lagih kaba- „kar 6 kampoeng. Sëkarang toean Kessinger soedah soeroe kër- „dja përdjagaan: 50 orang Darmawangi, 30 orang Tjonggeang, „30 Malandang, 40 Tjisegel, 25 Depok, 60 Tjikadoe, 40 Pawë- „nang. Kaloe toean ada soeka boléh soeroe pariksa lëbi dëkët, „dan oeroes, biar djangan roesoeh di sitoeh, kapan abis akoe „toenggoe rapport”.

Atoeh Pangeran Kornel goera-giroe dina poë eta keneh geuwat djëngkar nilarkeun Tasikmalaja, moëh ka Soemëdang, njandak 100 përdjoerit djeung 40 pamatang. Barang diboektikeun eta be- dja anoe sidik, mana horeng, lain rampog ngahoeroe kampoeng, leuweung kaso djeung mandjah garing kakatigaan, kahoeroean ngaléntab ka kampoeng-kampoeng, noe mere hedja geugeumeu- eun bawaning koe sieun, kawantoe wërit, madjarkeun kampoeng- kampoeng didoeroekan koe barandal.

Anoe ngadjaraga di Tasikmalaja noe dipoelangkeun dina tg. 25 November 1826 sina baralik, oelah kawaranan teuing, ieu hidji- hidjina: ka Tjiandjoer: R. Mohtar, Mas Ditakoeroenia djeung 187 përdjoerit, pakarangna bédil 32 djeung toembak 136; ka Bandoeng: Raden Toemënggoeng Anggadirédja; Raden Dë- mang Patih Joedanagara; Raden Dëmang Wiratmadja; Raden Wiradipradja; Raden Rangga Satjanagara; djeung 132 përdjoerit, pakarangana bédil 58 djeung toembak 129;

ka Soemëdang: kapalana: Raden Dëmang Soetaprana, Raden Joedakoesoema; Raden Kandoeroean Mangkoediviria; Raden Kandoeroean Satjakoesoema; Raden Kandoeroean Astrajoeda; Mas Kandoeroean Djagarësmi; Mas Kandoeroean Argagoernita djeung 138 përdjoerit, pakarangna mawa 31 bédil; ka Limbangan kapalana: Raden Raksadirédja; Raden Tanoerédja; Raden Pranadita; Raden Dipadirédja; Raden Wangsataroena djeung 47 përdjoerit pakarangna marawa bédil 8 djeung toem- bak 16.

Dalém Taloen Adipati Soerialaga II waktœ ngadjaga karaman di Tawangbanteng henteu aja, lantaran damelna henteu karamanah koe toean Rësiden, njoesok Tjimanœk noe liwat ka busir Tjikateng, soesoekan anœ ditaekkeun salapan kaki, ti Rësiden Priangan nampi sêsëndœ, ngadjaga di Tasikmalaja teu didawoehan.

Toean Rësiden Priangan Jhr. R. L. J. Van der Capellen dina tg. 2 Februari 1826 sasarëngan djeung rakana toean Bësar moelih ka Nagara Walanda.

Toean Bësar G. A. G. Ph. Baron van der Capellen masrahkeun pamarentahan Hindia ka toean Leknan Goepërnoer-Djendral Hendrik Merkus Baron de Kock, noe saestoena sasat djadi Goepërnoer-Djendral tanah Hindia, ngan kawasna bae dibawah koe Commissaris-Generaal Leonard Pieter Jozef burggraaf du Bus de Gisignies noe soemping ka Batawi dina dintënan toean Bësar Baron Van der Capellen djëngkar ka nagara Walanda. Toean Rësiden Priangan Baron Van der Capellen diganti koe toean Rësiden Pieter le Clerks, noe dina taoen 1827 ngarangkëp djadi Rësiden Tjirëbon, tëroes djadi Commissaris tina përkara oeroesan oejah-Nagara. Ari padamelan Rësiden ditangkës koe Secretaris Priangan toean H. du Buij; kakara dina katompernakeun taoen 1828 aja deui Rësiden O. C. Holmberg de Beckfeldt.

Tina djasana Pangeran Kornel ngadjaga karaman di Tasikmalaja moendoet ampoen kangge „sanak-mantoe kaponakan” Raden Wirarëdja tilas Kapala tjoetak Pawënanng, noe diboeang ka Banjoewangi, soepaja sina moelih ka Soemëdang kaloear tina hoekoeman. Koe toean Bësar Komisar-Djendral panoehoen Pangeran Kornel dikaboel, Raden Wirarëdja iasa soemping deui ka Soemëdang sarta tëras djënënganana dilandi Raden Soemadilaga, noe ëngkena djënëng Biskal di Soemëdang, Samoelihna Pangeran Kornel tina pangdjagaan di Tawangbanteng, lantaran geus sèpœh, sok teu damangan. Dina tg. 10 Februari 1828 mantëna njanggakeun sërati ka toean Bësar Kommissaris-Generaal noe kieu pok-pokanana:

„Ini hamba poenja permintaan pada Sripadoeka toean Bësar, „djika boléh, atas segala Prentah Gouvërnëment biar djatoh pada „hamba poenja anak Toemënggoeng Somanagara, djadi Regent „di tanah Soemëdang; boléh koerniaï pangkat dan nama Adipati „Koesoemajoeda; hamba poenja wakil jang selsekan sèkalian

„prentah Gouvernement, boléh boeatken padanja, moedah-moedahan bisa mangawoela pada orang Bésar adanja”.

Panoehoen Pangeran Kornel koe Pamarentah Agoeng dikaboel sarta noeroetkeun bisloeit Komisari-Djendral tg. 15 April 1828 No. 22 Raden Toemënggoeng Somanagara didjënëngkeun kalawan diangkat kana „Adipati” sarta djadi Boepati Soemédang, tapi make pèrdjangdjian nohonan kana pamoendoetna Pangeran Koesoemah Adinata. Dimana noe djadi rama geus teu aja, koe Pamarentah kaidinan njandak djënëngan „Koesoema Joeda” djeung gëlaran „Adipati”, sarta tëroes sapada harita djoemënëng Rëgen; djadi salilana ramana djoemënëng keneh mah, Raden Toemënggoeng Somanagara tètëp ngawakilan noe djadi rama bae.

Toean Secretaris karësidenan Priangan Du Buij dina sëraterna titimangsa Tjiandjoer 30 Juli 1828, ka toean Bésar oendjoekan, jen Pangeran Koesoemah Adinata Boepati Soemédang dina wanjit tengah wëngi taboeh 12 parantos poepoes sarta noeroetkeun bisloeit 15 April tea poetrana Raden Toemënggoeng Somanagara, sadoegna rama wapat, djoemënëng Rëgen Soemédang, djoedjoe-loek Raden Adipati Koesoema Joeda. Soerat toean Secretaris Du Buij noe ngoendjoekeun poepoesna Pangeran Kornel di Algemeene Secretaris di Batawi didjieun bisloeit Kommissaris-Generaal tg. 31 Juli 1828 No. 2, noe matak bisloeit katëtëpan angkatan kana Boepati Soemédang Raden Adipati Koesoemajoeda hënteu katampi kawasna.

Tina sabab Nagara kakoerangan doeit, nja dina taoen 1828 Goepërnëmen marentah ngamadjoekeun pëlak taroem, kapas, teh, bako sdjt. sarta miara koetoe „kônzenielje”, noe ngaloearkeun tjet serlak.

Para wargi Soekapoera, nja eta 1. Rd. Hadji Moehamad Salim, Panghoeloe Garoet 2. Rd. Wangsajoeda Papatih-djéro; 3. Rd. Rangga Soeradirédja Koemëtir Limbangan; 4. Rd. Kandoeroean Satjawadana Kapala-tjoetak Nagara; 5. Rd. Kandoeroean Joeda-Manggala Kapala-tjoetak Panembong; 6. Rd. Soerawirédja Kapala-tjoetak Wanakërta 7. Rd. Kartadirédja Kapala-tjoetak Pangan-daran; 8. Rd. Wiradimanggala Kapala-tjoetak Soetji; 9. Rd. Rak-sadirédja Kapala-tjoetak Taradjoe; 10. Rd. Sastradirédja Kapala-tjoetak Batoewangi; 11. Mas Ngabei Soemadirédja Kapala-loerah Karang; 12. Rd. Tanoerédja Tjamat-tjoetak Wanaradja; 13. Rd. Djiwadirédja Tjamat-tjoetak Panembong; 14. Djajadipradja Tjamat-tjoetak Wanakërta; 15. Rd. Kërëtamanggala Tjamat-tjoe-


tak Pajoeng; 16. Rd. Singapradja Tjamat-tjoetak Panjeredan; 17. Raden Aria Danoeningrat Papatih-koemëtir Limbangan, noe djadi loeloegoena geus njanggakeun soerat rëkes ka Rësiden Priangan titimangsa Limbangan 30 Juni 1828, njoehoenkeun soepaja Boepati Limbangan Adipati Adiwidjaja dialihkeun ka Soemédang, ngagëntos rama Pangeran Kornel Koesoemah Adinata, sarta kaboepaten Soekapoera diadégkeun deui diboepatian koe Raden Toeménggoeng Wiradadaha, mantoe Pangeran Soemédang, noe garwaan ka Rd. A Joe Radjaningrat, noe tadina tjarogean ka Boepati Bandoeng Adipati Wira Nata Koesoema (Dalém Kaoem).

Ieu panoehoen para wargi Soekapoera lila-lila kaemper-emper ka Boepati Limbangan Adipati Adiwidjaja, barang kaoeninga oge ladjëng bae bëndoe sarta moendoet Rd. Aria Danoeningrat djeung Rd. Hadji Moehamad Salim tina pangkatna dilépas ka toean Rësiden Priangan koe sëraterna tg. 1 Mei 1829, noe dilampiran soerat asal-oesoel Dalém Adipati Adiwidjaja patjantel kawargian djeung para Boepati Limbangan noe asli djeung para Boepati noe ngasta Soemédang. Aja doea „daptar toeroenan Rëgent Soemédang” djeung „daptar toeroenan Rëgent Limbangan”. Eta sarsilah sëratan Dalém Adipati Adiwidjaja Garoet dina tg. 1 Mei 1829 beunang dipake katrangan keur mënërkeun sarsilah-sarsilah noe beunang njieun anjar, toer noedohkeun tédak Boepati Soemédang djeung Limbangan aja hak nëroeskeun talapakan karoehoen di Garoet.


Koe lantaran rëkes, tjek bedja kampoeng, Dalém Aria Danoeningrat koengsi dialihkeun ti Garoet ka Soemédang, moelihna ka Soekapoera dipapantjenan melak taroem koe Nagara. Ari sabënerna mah. Dalém Aria Danoeningrat teh, koe lantaran rëkes tea, koe Rësiden Priangan dialihkeun ka Bandjar, sarta tètëp ngagëm pangkat Papatih-Koemëtir, njépëng tjoetak-tjoetak pakidoelan bawahan Soemédang noe asal ti kaboepaten Soekapoera noe diboerak tea.

Sangalihna Raden Aria Danoeningrat ka Soemédang, digëntos kana Papatih-koemëtir koe poetra Dalém Adipati Adiwidjaja pangbarëpna Raden Aria Djanëgara tina Kapala-tjoetak Tjikadoe djeung Tandjoengsari, ti Soemédang dialihkeun ka Limbangan djadi Papatih rama koe andjeun.

Dina taoen 1829 keneh boelan Maart Boepati Bandoeng Raden Adipati Wira Nata Koesoema (Dalém Kaoem) poepoes. Koe soerat toean Rësiden Priangan O. C. Holmberg de Beckfeldt



Mr. R. Soewandi, kengingna gèlaran Meester in de Rechten teh
lantaran ngoelik koe andjeun.



0'49

Bata

tg. 7. Maart disoehoenkeun pikeun gëntosna poetrana noe tjikal, Kapala Tjoetak Tarogong Raden Toemënggoeng Anggadiredja, noe nëmbe moelih tina ngadjaga karaman di Tasikmalaja sarta koe bisloeit Goepërnëmen tg. 27 Mei 1829 diangkat djadi Boepati Bandoeng nampi gëlaran „Adipati” djeung gëntos djënëngan: Raden Adipati Wira Nata Koesoema (nëlahna ëngkena Dalëm Karangänjar).

Pindah taoen 1830 dina mimiti boelan Januari pisan, toean Bësar anjar (J. van den Bosch) soemping ka Batawi, nampina pamarentahan ti toean Bësar Kommissaris-Generaal Du Gësignies dina tg. 16 Januari 1830, nja waktöe ieu timboelna oesoel tangtoeng Pamarentah noe disëboet „Cultuurstelsel” (Atoeran Tanëman) teh, sabab nja ti harita mimiti Nagara ngoempoelkeun doeit koe ngamadjoekeun roepa-roepa tanëman, babakoena kopi, tina laladanganana pëpëlakan noe didjoealan di pasar-pasar Eropa, noe ngoentoengkeun ka Goepërnëmen mangjoeta-joeta roepia, Karaman Pangeran Ario Diponëgoro oge toempësna dina taoen 1830.

Dina mimiti taoen 1831 Patih Soemëdang Raden Dëmang Nata-nëgara moendoet liren, gëntosna biskal Soemëdang (angkatan Mei 1824) Raden Aria Soerialogawa poetra Dalëm Taloen ti Raden Ajoë Kamsiah, saderek Dalëm Adipati Ènoh Tjiandjoer. Dina taoen 1832 Patih Soemëdang Raden Aria Soerialogawa nampi gëlaran „Toemënggoeng”, djadi „Raden Toemënggoeng Soeriadilaga”.

Dina tg. 9 September 1831 Boepati Limbangan Raden Adipati Adiwidjaja, poetra Pangeran Kornel pamëgët noe pangsëpoehna di Garoet poepoes sarta toeg nëpi ka kiwari nëlahna „Dalëm Tjipeudjeuh”. Noe ngagëntos kana Boepati Limbangan poetrana tjikal Raden Aria Djanëgara, Patih Limbangan, diangkatna koe bisloeit resol. 18 October 1831 nampi gëlaran „Toemënggoeng”, djadi „Raden Toemënggoeng Koesoema Adiningrat”. Kana Patih Limbangan anoe diangkat Kapala-tjoetak Pasanggrahan Raden Wiranagara poetra Boepati Tjiandjoer Adipati Wira Tanoe Datar (Dalëm Ènoh) noe kakasihna keur moerangkalih „Aom Abas”, dikoeikoet koe Pangeran Kornel.

Panoehoen para wargi Soekapoera, koe resol. 18 October 1831 dikaboelkeun, kaboepaten Soekapoera dihoedangkeun deui sarta didjieun tina distrik-distrik anoe diasoepekeun ka wëwëngkon Limbangan nja eta: Batoëwangi, Panjeredan, Taradjoe, Soekapoera, Sëlatjaoe, Paroeng, Karang djeung Nagara. Ieu 8 distrik di pa-

doelan diheujeuk koe Boepati Soekapoera pansioen, noe ajeuna
angkat deui kana Rĕgen Soekapoera kaopat-kalina, noe sala-
lina liren djadi wakil-Rĕgen Limbangan, kalawan tĕtĕp nga-
m gĕlaran djeung djĕnĕngan noe ajeuna nja eta: Raden Toe-
mĕnggoeng Wiradadaha, mantoe Pangeran Kornel, tjaroge „Ra-
den Adjĕng”, tilas Dalĕm Kaoem Bandoeng, ajeuna djĕnĕnganana
Raden Ajoe Radjaningrat.

Dina taoen 1832 di Krawang timboel barandal oerang Tiong-
hoa, noe maehan toean Macklot, Amtĕnar Goepĕrnĕmen noe keur
papatjĕnan mariksa leuweung-leuweung. Ieu barandal ditoem-
pĕsna, bedjana, koe oeroet senapati Pangeran Ario Diponĕgoro,
Pangeran Sĕntot Alibasah Prawiradirdja.

Koe bisloeit 22 April 1833 Boepati Tjiandjoer Raden Adipati
Prawiradirĕdja (Dalĕm Kaoem) moendoet liren lantaran teu da-
mang, tĕras dipansioen, diganti koe poetrana Raden Toemĕng-
goeng Wiranagara, djoemĕnĕng Rĕgen-wakil heula pikeun doea
taoen. Koe Rĕsiden Priangan O. C. Holmberg de Beckfeldt ke-
neh dipadjĕngkeun ka Pamarentah Patih Limbangan Raden Dĕ-
mang Wiranagara, poetra Dalĕm Adipati Ēnoh tea, noe kaka-
sihna keur moerangkalih „Aom Abas”, ngan teu kamanah.

Dina tg. 14 Augustus 1833 toean Rĕsiden Priangan oendjoekan
ka toean Bĕsar, jen Boepati Soemĕdang Raden Adipati Koesoe-
majoeda di Indihiang ngadak-ngadak poepoes, ngaloega-loegakeun
gĕtih, nilarkeun poetra pamĕgĕt doea noe nĕmbe disĕpitan tiloe
boelan ka toekang. Noe tjikal kakasihna Raden Ahmad, ana di-
landi bada dibĕrĕsihan: Raden Somanagara, ngan sok disĕrat
„Soemanagara”. Noe boerĕj djĕnĕnganana „Raden Moehamad”,
dilandi „Raden Prawirakoesoema ĕngkena gĕntos deui kakasihna
Raden Koesoemajoeda, ngalap djĕnĕngan rama. Poetra pamĕgĕt
noe katiloe Raden Moestapa, nalika ramana poepoes teh, di lĕbĕt
wĕwĕtĕngan keneh. Poetra-istri noe ditilar aja gĕnĕp. Raden Soe-
managara joeswana nĕmbe 16 taoen.

Koe soerat tg. 20 Augustus 1833 toean Rĕsiden njanggakeun
roepa-roepa panoehoen noe koe Pamarentah Agoeng digoegoe koe
resolutie tg. 10 September 1833, nja eta: dina artikel 1. Boepati
Limbangan Raden Toemĕnggoeng Koesoema Adiningrat dialih-
keun ka Soemĕdang, ngagĕntos rama-paman kawoewoeh mĕrtoea
Boepati Soemĕdang noe nĕmbe wapat Adipati Koesoemajoeda,
djoemĕnĕng Boepati Soemĕdang djoedjoeloek „Raden Adipati
Koesoemadinata”, atoech djadi ngalihna ka Soemĕdang teh nampi

gëlaran Adipati djeung gëntos djënëngan. Gëntosna di Limbangan Raden Dëmang Wiranagara Patih Garoet, noe kapërnah mantoe Boepati noe dialihkeun ka Soemëdang tea, garwaan ka Raden Ajoe Radjapoernama, diangkat kana Rëgen Limbangan nampi gëlaran „Toemënggoeng”, gëntos djënëngan, djadi Raden Toemënggoeng Adiwidjaja, ngalap djënëngan mërtoea-ejang.

Noeroetkeun art. 1. bisloeit eta keneh diangkat kana Papatih-polisi Limbangan Hoepkoemëtir kopi tanëman Nagara Raden Dëmang Soerianagara, poetra Dalëm Taloen Adipati Soerialaga II ti Raden Ajoe Radjanagara, poetra Pangeran Kornel, nampi gëlaran Aria, djadi Raden Aria Soerianagara.

Art. 2. Raden Soemanagara poetra Boepati marhoem Raden Adipati Koesoemajoeda, ditjalonkeun bakal djadi Boepati Soemëdang, oepama noe nëmbe diangkat Rëgen Soemëdang Raden Adipati Koesoemadinata wapat.

Art. 3. Kaboepaten Soekapoera, noe diadëgkeun deui koe resol. 18 October 1831 dajehna noe dipindahkeun ka sisi waloengan Tjitandoej dingaranan Hardjawinangoen, diatoer deui wëwëngkonna digëdean koe distrik-distrik noe katarik ka Soemëdang, dipoelangkeun, iwal ti distrik Tjidamar tètëp ka Tjiandjoer. Distrik-distrik noe kawëngkoe koe Soekapoera teh, nja eta: Panjerdan, Sëlatjoe, Paroeng, Karang, Nagara, Batoewangi, Taradjoe, Kandangwësi, Pasirpandjang, Djanggala, Kawasen, Tjikëmboelan djeung Mandala.

Art. 4. Boepati Soekapoera Raden Toemënggoeng Wiradadaha digandjar gëlaran „Adipati”.

Boepati Soemëdang Raden Adipati Koesoemadinata, noe kakara diangkat, katjida ririwitna, nëpi ka padamëlanana dina ngaheujeuk nagara koedoe didjalankeun koe Papatih-polisi Soemëdang Raden Toemënggoeng Soeriadilaga. Ramana Dalëm Taloen Adipati Soerialaga II, Boepati-pansioen Boqor-Krawang-Soekapoera koe resol. 13 Juli 1834 nampi tambahan pansioen artos f 50,— djadi saban boelan nampi pansioen roepa arta f 150.—.

Koe soerat tg. 29 Juli 1834 toean Rësiden Priangan oendjoekan ka toean Bësar, jen Boepati Soemëdang Raden Adipati Koesoemadinata dina tg. 28 Juli 1834 poekoel 4 sore parantos wapat. Di Soemëdang, katëlahna nëpi ka ajeuna: „Dalëm Leutik”.

Boepati Limbangan Raden Toemënggoeng Adiwidjaja kaidinan gëntos djenengan koe bisloeit resol. 18 Augustus 1834 djadi „Raden Toemënggoeng Djaja Ningrat. Koe soerat Rësiden Priangan

tg. 2 September 1834 Patih Garoet Raden Aria Soerianagara di-
alihkeun kana Patih Soemédang, sarta kana Patih Limbangan di-
angkat Raden Adiwidjaja poetra marhoem Adipati Adiwidjaja
(Dalém Tjipeudjeh) tina Hoepkoemëtir kopi Limbangan.

Koe panoehoenna noe djadi rama Adipati Prawiradirédja, Boe-
pati Tjiandjoer warnen Raden Toemëngoeng Wiranagara di-
loengsoerkeun tina kaloenggoehan digëntos kana Boepati Tjian-
djoer noeroetkeun resol. 10 October 1834 koe saderek sarama tina
Papatih-polisi Raden Rangga Wiradirédja, djoemënéng Rëgen
djoedjoeloek Raden Toemëngoeng Wiradirédja, noe dina resol.
28 November 1834 kaidinan gëntos djénëngan: Raden Toemëng-
goeng Soeria Nata Ningrat.

Nohonan noe didjangdjikeun dina art. 2, resol. 10 September
1833, diangkat kana Boepati Soemédang koe resol. 20 October
1834 dina art. 1: Raden Soemanagara poetra Boepati Soemédang
marhoem Raden Adipati Koesoemajoeda, kalawan nampi gëlaran
„Toemëngoeng”, djoedjoeloek „Raden Toemëngoeng Soema-
nagara”, didjangdjikeun dimana joeswa 21 taoen bakal dipasra-
han kabopatian djeung damëlna, sabab joeswana ajeuna kakara
17½ taoen, sarta koe art. 2 ditëtëpkeun salilana tatjan mandjing
joeswa, padamëlan kabopatian diwakilkeun ka Papatih-polisi
Soemédang Raden Toemëngoeng Soeriadilaga, noe diangkat koe
Pamarentah kana warnen-Rëgen Soemédang sarta dipatihan koe
saderek sarama Raden Aria Soerianagara.

Boepati Soemédang anjar, sabab anom keneh pisan didamël-
keun di kantor karésidenan Tjiandjoer, tères dibantoekeun ka
Boepati Bandoeng Adipati Wira Nata Koesoema (Dalém Ka-
rangänjar), ginahoe sagala damël noe djadi Boepati tina bagba-
gan ngaheujeuk nagara djeung tina bab tanëman kopi, linggih di
dajeuh Bandoeng nëpi ka boelan September 1835, tidinja moelih
ka Soemédang tjalik di pakarangan Kaparék, ari Boepati-warnen
ti padalëman ngalih ka boemi pakarangan Depok, Patih Raden
Aria Soerianagara ka boemi di Tjipada, gëdong padalëman mah
dikosongkeun bae.

Koe resol. 17 December 1835 kapasrahan damël karëgenan, di-
istrenan dina poëan Lëbaran tg. 20 Januari 1836. Boepati-war-
nen Raden Toemëngoeng Soeriadilaga ladjëng loegaj tina da-
mël, moendoet liren sarta dipansioen njandak tina hasil kopi Boe-
pati aprekin saban boelan f 250.—. Tères mantëna ti boemi

Depok ngalih boemen-boemen di kampoeng Sindangradja, noe matak nēpi ka ajeuna nēlah „Dalēm Sindangradja.”

Koe resol. 22 Maart 1836 doea prijaji Limbangan: Patih djeung Hoepkoemētir Limbangan: Raden Adiwidjaja djeung Raden Kandoeroean Wiradimanggala poetra Onderrēgen Soekapoera Raden Toemēnggoeng Danoeningrat, digandjar gēlaran „Dēmang” djeung „Rangga”, djoedjoeloek „Raden Dēmang Adiwidjaja” djeung „Raden Rangga Tanoewangsa”. Koe soerat Rēsiden Priangan tg. 6 Mei 1837 kaoendjoekkeun Boepati Soekapoera Raden Adipati Wiradadaha poepoes, diganti kana Rēgen koe saderekna Raden Toemēnggoeng Danoeningrat, noe nampi ieu gēlaran koe aktē tg. 13 December 1831, diangkat kana Boepati Soekapoera koe bisloeit 15 Juni 1837, tēras gēntos djēnēngan (koe bisloeit tg. 23 Mei 1840) djadi: Raden Toemēnggoeng Wira Tanoe Baja, ngalap tēdak Parakanmoentjang djēnēngan ramana Boepati Soekapoera (taoen 1765/1770 — 1807) Adipati Wira Tanoe Baja. Dajeuh Soekapoera Hardjawinangoen, diadēgkeun taoen 1831, koe bisloeit tg. 10 Januari 1839 (stb. 2) diganti ngaranna djadi „Manondjaja”.

Tiloe Boepati Priangan kaidinan koe bisloeit 14 Augustus 1841 gēntos djēnēngan, nja eta Boepati Limbangan asal djēnēngan „Djajaningrat” dilandi Raden Toemēnggoeng „Wira Tanoe Datar”, ngalap djēnēngan rama (Dalēm Ēnoh Tjiandjoer). Boepati Tjiandjoer tina djēnēngan „Soeria Nata Ningrat”, koe ieu bisloeit djadi: „Raden Toemēnggoeng Aria Soeria Adiningrat”. Noe katiloe kaidinan gēntos djēnēngan Boepati Soemēdang, asal ngalap djēnēngan tēdak Limbangan woengkoel „Raden Toemēnggoeng Soemanagara”, diidinan koe bisloeit ieu njandak djēnēngan para loeloehoer Soemēdang dikantetkeun djeung Limbangan, noeroetkeun sērat tg. 26 November 1840, djoedjoeloek „Raden Toemēnggoeng Soeria Koesoemaadinata”.

Koe bisloeit Goepērnēmen tg. 31 October 1850 doea Boepati nampi gandjaran gēlaran „Adipati”, Boepati Soemēdang djoedjoeloek: Raden Adipati Soeria Koesoemaadinata, ari Boepati Tjiandjoer ditambah koe moendoet ganti djēnēngan deui, diidinan koe bisloeit tg. 11 Maart 1851 djoedjoeloek: Raden Adipati Aria Koesoema Ningrat.

Kapaksa malikan deui tjarita, sanadjan lain sadjarah Soemēdang oge, tapi koe lantaran aja patjantelna djeung anoe djadi Boepati Soemēdang, pērloe ditjaritakeun, jen Boepati Soekapoera Raden



1911



1911

1911

1911

1911

MASOEK ANGIN ?
HARDES MAKAN
TABLET KINA



BAGI PENJAKIT
DEMAM, GRIEP
DAN
INFLUENZA

N.V. BANDOENGSCH E KININEFABRIEK

Toemënggoeng Wira Tanoë Baja dina tg. 4 Januari 1844 poekoel 8 peuting poepoes sarta noeroetkeun bisloeit tg. 2 Februari 1844 digëntos koe poetrana Hoepkoemëtir tanëman kopi: Raden Ranga Tanoewangsa, diangkat kana Boepati Soekapoera djoedjoeloek: Raden Toemënggoeng Wira Tanoë Baja (III), sabab geus 3 Boepati Soekapoera noe ngagëm ieu djënëgan. Dina tg. 26 December 1845 toean Assisten-Rësiden Bandoeng toean W. A. Nagel ditandasa dina waktöe keur kahoeroean di Tjigoeriang koe paranakan Tianghoa moealap ngaran „Moenada”. Lantaran noe boga dosa koe poelisi Bandoeng teu kapanggih, noe djadi Boepati djeung Hoofddjaksa Bandoeng koe bisloeit Goepërnëmen tg. 27 Juli 1846 dilirenkeun sarta teu kaidinan lalinggih di Bandoeng. Noe djadi Boepati ngalih ka Tjiandjoer kalawan dipansioen sareboe roepia saban boelan, ari Hoofddjaksa diiangkeun ka Soerabaja, meunang kahiröepan ti Pamarentah (onderstand) f 20.— saböelan.

Koe bisloeit tg. 27 Juli 1846 diangkat kana Boepati Bandoeng Raden Ranga Kartanagara, poetra Rëgen anoe loegaj, tina Hoepkoemëtir Tjiandjoer, nampi gëlaran „Toemënggoeng”, sarta ka-oentoengan aprekin kopi sataoen teu kënging langkoeng ti tiloe poeloeh reboe roepia. Dalëm Adipati Wira Nata Koesoema mërtoea Boepati Soemëdang Adipati Soeria Koesoemaadinata, rama garwana (Raden Ajoë Sangkaningrat), linggihna di Tjiandjoer teu lami, poepoes di Bandoeng tg. 29 Februari 1855, dipëndëm di pasarean Karangänjar, noe matak nëlahna „Dalëm Karangänjar”.

Dina taoen 1855 Patih Limbangan Raden Dëmang Adiwidjaja poetra Adipati Adiwidjaja poepoes, nja kitoe deui Boepati Soekapoera Raden Toemënggoeng Wira Tanoë Baja III dina tg. 6 Juni 1855 wapat. Koe bisloeit tg. 25 Augustus 1855 diangkat kana Boepati Soekapoera Raden Wira Tanoë Wangsa, saderek boepati noe poepoes, Hoepkoemëtir kopi Soekapoera, nampi gëlaran „Toemënggoeng”, djoedjoeloek „Raden Toemënggoeng Wira Tanoë Baja IV.” Ari noe diangkat kana Patih Limbangan Raden Wiranagara poetra Dëmang Adiwidjaja dilandi sarta nampi gëlaran „Rangga” (koe bisloeit tg. 12 December 1855) djadi Raden Ranga Adiwidjaja.

Kabina-bina rahajat Soemëdang aratoheunana, lantaran koe bisloeit tg. 10. October 1855 tanëman Nagara djeung ngokolakeun

taroem, njieun nila dileungitkeun, somahan henteu koedoe melak taroem djeung djieun nila deui.

Koe bisloeit tg. 11 Maart 1864 Patih Soemédang Raden Aria Soerianagara dipansioen gantina R. Ranga Somanagara tina Hoepkoemëtir tanëman kopi, poetra-tjikal Boepati Soemédang ti R. Bodedar poetra R. Hadji Soeria Tjiandjoer (R. Hadji Djenal Asikin).

Dina sëraterna tg. 29 December 1864 Rëgen Soemédang Adipati Soeria Koesoema Adinata oendjoekan ka Pamarentah Agoeng noe djalan ka toean Rësiden Priangan, jen soerat-soerat poesaka Boepati Soemédang dina taoen 1837 ti padalëman ditjandak koe Boepati-warnen Raden Toemënggoeng Soeriadilaga ka boemina di pakarangan Sindangradja, lantaran kahoeroean s'ocrat-soerat poesaka Boepati Soemédang leungit, kabeh kadoeroek. Boepati Soemédang njanggakeun ieu pioendjoek ka toean Bësar, lantaran atoeran pamarentahan tanah Priangan bakal dirobah, disëboetna „Preanger Reorganisatie” atawa „Atoeran baroe robahan tanah Priangan”.

Nja dina tg. 31 Juli 1866 di kota Bandoeng, noe koe bisloeit tg. 7 Augustus 1864, Stbl. No. 114, didjadikeun dajauh Karësidënan Priangan, aja koempoelan sakabeh Boepati tanah Priangan, ngabadamikeun robahan Atoeran baroe: Priangan tea, noe diloeloegean koe toean Idëler O. van Rees, dibantoe koe Secretarisna toean D. W. Schiff, sarta diloeoehan koe toean Rësiden Priangan harita toean C. van der Moore, ngamoepakatkeun hal atoeran baroe robahan pamarentahan nagara tanah Priangan ieu koempoelan disëboetna dina basa Walanda: Preanger bestuursreorganisatie-conferentie. Toean Ideler O. van Rees noe djoemënéng Komisariss-Goepërnëmen tina hal ieu, koe Pamarentah Agoeng di Batawi dioetoes ka Priangan, tjalikna di Soemédang, ngoemisi, djeung prakna midamël robahan pamarentahan.

Para Boepati Priangan noe ngaloeoehan ieu koempoelan di Bandoeng, noeroetkeun sëpoezna dina kapangkatan Boepati, nja eta: 1. Raden Adipati Soerianata Koesoema Boepati Limbangan; 2. Raden Adipati Soeria Koesoemaadinata Boepati Soemédang; 3. Raden Adipati Wiranata Koesoema Boepati Bandoeng; 4. Raden Toemënggoeng Wira Tanoe Baja Boepati Soekapoera djeung 5. Raden Toemënggoeng Prawiradirédja Boepati Tjiandjoer. Dina pagëmpoengan ieu mimiti toean Idëler minangka boeboekana, njarioskeun heula maksoed ieu koempoelan, erek nga-

ganti atoeran paparentahan oerang Priboemi di sakoeliah tanah Priangan. Tidinja tēroes nērangkeun sadjarah tanah Priangan di djaman koemawoela ka Mataram sarta tina hal angkatan Boepati-wadana noe katēlah Dipati Oekoer.

Kaoentoengan tina tjoeke diganti koe gadjih tētēp; saban taoen para rēgen nampi f 20000.— dibajar boelanan, ditambah koe personeel-toelage (soembangan pikeun pagawe) f 24000.— djoemlah f 44000.— sewang pikeun Rēgen Tjiandjoer, Bandoeng djeung Soemēdang. Rēgen Limbangan djeung Soekapoera ngan nampi gadjih bae gēdena saban taoen f 20000.— sewang. Ditambah deui koe kaoentoengan tina ladang kopi Nagara dina aprekin. Kaoentoengan kopi pikeun Boepati Tjiandjoer djeung Soemēdang teu meunang leuwih ti f 30000.— sewang; Rēgen Bandoeng teu meunang leuwih ti f 82000.—. Limbangan oelah leuwih ti f 10000.—, pikeun Rēgen Soekapoera oelah leuwih ti f 6000.— dina sataoen. Sagala roepa atoeran baroe didjalankeun sarta dia-toer koe Staatsblad taoen 1870 No. 121, 122, 123, 124, Sakabeh pagawe Nagara nampa deui katētēpan angkatan anjar: Patih² djeung Ondērkolector-ondērkolector koe bisloeit Goepērnēmen tg. 21 April 1871; Djaksa-djaksa djeung Wadana² sa Priangan koe bisloeit 5 Mei 1871; Boepati-boepati satanah Priangan koe bisloeit Goepērnēmen tg. 20 Juni 1871. Sakabeh Boepati Priangan pada nampi gandjaran ti Pamarentah, lantaran toeroet kana Atoeran Baroe. Boepati Limbangan Soekapoera djeung Tjiandjoer nampi „tevredenheidsbetuiging” ti Goepērnoer-Djendral (soerat tawis soeka), Boepati Soemēdang nampi gēlaran „Pangeran”, ari Boepati Bandoeng nampi Bintang Nedērland, noe disēboet: Ridder in de Orde van den Nederlandschen Leeuw. (Bintang Leo), noe matak toeg nēpi ka ajeuna nēlahna: Dalēm Bintang Bandoeng. Ieu noegraha-noegraha dia-toer koe bisloeit Goepērnēmen 11 Juni 1871. Sareres reorganisasi pamarentahan tanah Priangan, ieu karēsidenan Priangan dibagi 9 apdeling noe diparentah koe Asisten-Rēsiden. Ari eta apdeling-apdeling teh aja noe ngahidji djeung kaboepaten, aja noe diheujeuk koe Patih-apdeling (zelfstandige Patih). Harkat djeung kakawasaan noe djadi Rēgen koe ieu atoerān anjar katjida njirorotna, wēwēngkon bawahan ngoerangan, sabab Patih-apdeling satērangna dina nga-heujeuk nagara teu kabawah koe anoe djadi Boepati anoe tadina ngawēngkoe eta apdeling anjar. Kakawasaan marentah piudah ka anoe djadi Asisten-Rēsiden. Eta noe 9 apdeiling teh nja eta:



Dr. Tjan Tjoe Siem
Oerang Tionghoa-Hindia noe ngawitan kenging gèlaran Doctor
ahli basa Wetan.



MENDING MANA?

Landong leu, Atanapi

SAMINGGOE

TEU DAMANG?

KAHADE!
PILEĠ
sarēng
INFLUENZA
kēdah
ditjēgah!

Pilēg meueusan sok asa mokaha, doegi ka djadi influenza noe abot! Patjoean bade mokahaan! Pilēg teh kēdah ditjēgah koe „ASPRO” ti ngawitan katērap. Oepami karaos jen bade pilēg, enggal noeang doesa atanapi tiloe tablet „ASPRO” tēras ngaleueut noe haneut-haneut samemeh koelēm. Pilēg sarēng influenza teh oepami ngawitan mah gampil ditjēgahna, nanging oepami parantos parna sok bangga damangna. „ASPRO”

moal doegi ka gagal, asal dianggona noemoetkeun atoeran. Eta landong moal aja matakna kana salira.

'ASPRO'

Enggal ngawaraskeunana, taja mamalana
 Moal ngarēksak djadjantoeng
 Moal matak njēri lamboet

1. Apdeling Bandoeng (kaboepaten Bandoeng) dajehna Bandoeng: Boepatina Raden Adipati Wira Nata Koesoema (angkatan bisloeit tg. 27 Juli 1846) djoedjoeloek Raden Toemënggoeng Kartanagara koe G. b. 29/8—1846 djënëngan Raden Toemënggoeng Soeria Karta Adiningrat sarta koe G. b. 5/7—1857 nampi gëlaran Adipati: djoedjoeloek Raden Adipati Soeria Karta Adiningrat, koe G. b. 25/8—1857 gëntos djënëngan djoedjoeloek Raden Adipati Wira Nata Koesoema, koe Firman Sri Maha Radja Nedërland (K.B.) 7/8—1817: R.O.N.L. Patih kaboepaten Bandoeng R. Ranga Koesoemadilaga. 2. Apdeling Tjitjalengka, Patihna: Raden Dëmang Wiradikoesoema dajehna Tjitjalengka. 3. Apdeling Tjiandjoer: Patihna Aria Wiriadirëdja, Boepatina: Raden Toemënggoeng Prawiradirëdja (angkatan G.b. 24 Augustus 1864), ngagëntos rama Raden adipati Aria Koesoema Ningrat, dajehna Tjiandjoer. 4. Apdeling Soekaboemi, Patihna Raden Ranga Wangsarëdja, dajehna Soekaboemi. 5. Apdeling Limbangan (kaboepaten Limbangan), dajehna Garoet: Boepatina Raden Adipati Soeria Nata Koesoema, koe G. b. 8/11—1852 djadi Raden Adipati Wira Tanoe Datar, koe bisloeit (A. D.) 29/3—1853 dilandi djadi Raden Adipati Soeria Nata Koesoema. Patihna Raden Ranga Adiwidjaja. 6. Apdeling Soekapoera (kaboepaten Soekapoera), dajehna Manondjaja: Boepatina Raden Toemënggoeng Wira Tanoe Baja IV, angkatan G.b. 25/8—1855, mantoe Boepati Soemëdang Pangeran Soeria Koesoemaadinata. Patihna Raden Ranga Danoekoesoema. 7. Apdeling Soekapoera-kolot, Patihna Raden Prawirakoesoema (poetra Hoep-panghoeloe Limbangan Raden Hadji Moehamad Moesa), dajehna Mangoenrëdja. 8. Apdeling Soemëdang (kaboepaten Soemëdang), dajehna Soemëdang, Boepatina: Pangeran Soeria Koesoemaadinata, Patihna Raden Dëmang Satjadipradja. 9. Apdeling Tasikmalaja: Patihna Raden Ranga Somanagara, (poetra tjikal Boepati Soemëdang). Ari distrik-distrik kaboepaten Soemëdang dina taen 1871 nja eta: 1. Tandjoengsari, 2. Soemëdang (kota), 3. Darmaradja, 4. Tjibeureum, 5. Tjonggeang, 6. Darmawang; lëgana wëwëngkon Kaboepaten nëpi ka ajeuna djigana meh tëtëp bae.

Kapala priboemi noe pangloehoerna Boepati, ari di apdeling-beureum, 5. Tjonggeang, 6. Darmawang; lëgana wëwëngkon Katih (noe 4 Patih-Loeloerah).

Dina boelan Mei 1871 Boepati Limbangan Raden Adipati Soeria Nata Koesoema poepoes, diganti koe poetra-pamëgët-tjikal (On-

dėrkolektor Garoet) Raden Rangka Wiranagara tea, koe bisloeit tg. 11 Juni 1871 diangkatna kana Boepati Limbangan nampi gėlaran „Toemėnggoeng”, djoedjoeloek Raden Toemėnggoeng Wiranagara.

Dina boelan September 1874 Boepati Bandoeng Raden Adipati Wira Nata Koesoema R.O.N.L. poepoes, sarta koe bisloeit tg. 28 October 1874 diangkat kana Rėgen Bandoeng ngagėntos noe wapat tea saderekna Patih Bandoeng Dėmang Koesoemadilaga, nampi gėlaran „Toemėnggoeng”, djoedjoeloek Raden Toemėnggoeng Koesoemadilaga, poepoesna di Bandoeng, gėlaranana Adipati, Bintang Emas (G.G.S.) dina tg. 7 April 1893, digėntos kana boepati Bandoeng koe Patih-apdeling Soekapoera-kolot (Mangoenrėdja) Raden Aria Martanagara, asal Patih Soemėdang, ngagėntos saderek-misan, noe kasėlir ka Soemėdang djoemėnėng Boepati „Raden Rangka Soeria Atmadja”. Raden Aria Martanagara diangkat kana Boepati Bandoeng koe G.b. 27 Juni 1893 dipansioen koe G.b. tg. 14/10—1918, gandjaran² anoe katampi: Bintang Emas G.G.S. 27/8—1900, Bintang Siam: S.K.O. 4. K.b. 15/3—1902, Aria G.b. 25/8—'03 Adipati G.b. 29/8—1906, Songsong Koening (G.S.) G.b. 26/8—1909, poepoes di Soemėdang tg. 2 September 1926.

Boepati Soekapoera dilirenkeun, katarik kana pėrkawis noe djadi poetra Wadana Mandala Rd. Danoeningrat, kalėpatan koe sabab gana-gana miwarang ngala kai ti leuweung toetoepan, pikeun ngadangdosan boemi kalangėnan noe djadi rama di Kėrtasari (G.b. 28/10—1875).

Koe G.b. tg. 29 November 1875 diangkat kana Boepati Soekapoera, saderekna (Patih Soekapoera) Raden Dėmang Danoekoesoema, nampi gėlaran Toemėnggoeng, djoedjoeloek Raden Toemėnggoeng Danoekoesoema. Kana Patih Soekapoera di Manondjaja diangkat Wadana Tjlawi. Raden Soeria Atmadja poetra Boepati Soemėdang, sabisloeit sarėng angkatan Boepatina.

Koe bisloeit tg. 11 December 1877 djeung tg. 28 April 1878 kaidinan gėntos djėnėngan doea Rėgen, nja eta Boepati Limbangan djoedjoeloek Raden Toemėnggoeng Aria Wira Tanoė Datar, ngalap djėnėngan karoehoen para Boepati Tjiandjoer, djeung Boepati Soekapoera djoedjoeloek Raden Toemėnggoeng Wira Adiningrat. Koe bisloeit tg. 30 Augustus 1878 Patih Garoet Raden Dėmang Adiwidjaja dipansioen, saderek garwa patih Soekapoera di Manondjaja Raden Soeria Atmadja. Mantėna poetra Pange-

ran Soemédang, dibabarkeun di Soemédang dina tg. 11 Januari 1851, keurna moerangkalih kakasihna „Aom Sadëli”, koe G.b. tg. 13 Maart 1879 nampi gëlaran „Rangga”, koe G.b. tg. 23 October 1880 dialihkeun kana Patih-Apdeling Soekapoerakolot dajehna Mangoenrédja, ngagëntos Raden Dëmang Soeria Nataningrat (noe dialihkeun kana Boepati Lëbak dajeh Rangkasbitoeng, poepoes taoen 1908, poetra Hoofdpanghoeloe agoeng Limbangan Raden Hadji Moehamad Moesa).

Koe G.b. 4 Maart 1908 Raden Adipati Aria Soeria Nataningrat Boepati Lëbak digëntos koe poetra Raden Adipati Aria Soeria-dipoetra, noe koe G.b. tg. 16 Maart 1925 pindah ka sanes war-gi, margi mantëna teu poepoetra.

Waktoe timboel bintang koekoes poetjoek tiloe dina poë Djoe-maah tg. 22 September 1882 Pangeran Soeria Koesoemaadinata Boepati Soemédang geus tjoendoek ka waktoe datang mangsa, nëpi kana dihin pinasti tilar doenja, poepoes di padalëman Soe-médang. Tina sabab soegih poetra, soegih doenjabrana, nëlahna oge nëpi ka ajeuna „Pangeran Soegih”. Noe ngaloeohan dina waktoe poepoes, poetra mantoe-kaponakan Patih Soemédang Ra-den Rangga Martanagara, diangkat kana Patih tina Wadana kota Soemédang ngagëntos Patih Soemédang Raden Dëmang Satjadipradja noe koe bisloeit tg. 9 Februari 1881, moendoet pan-sioen tëras boemen-boemen di kampoeng Sajang Soemédang. Eta teh ejang R. T. A. Hassan Soemadipradja Boepati Batawi ajeuna. Noe kasëliir djoemënëng Boepati Soemédang (bisloeit Goepërnë-men tg. 30 December 1882) Raden Rangga Soeria Atmadja Pa-tih-apdeling Soekapoera-kolot, lain poetra pangbarëpna Pangeran Soeria Koesoemadinata, da poetra-tjikal mah Patih-apdeling Ta-sikmalaja Raden Dëmang Somanagara koe Pamarentah Agoeng teu kamanah. Moal pandjang-pandjang dipitjatoer, koemaha Boe-pati Soemédang anjar ngolahna nagara, marentah ka somah-so-mah, makihikeun abdi-abdi, koe roepa-roepa gandjaran ti Pama-rentah noe koe mantëna katampi oge, noe bakal ditataan di handap ieu, geus kanjahoan gëde djasana pikeun abdi-abdi oe-rang Soemédang djeung Goepërnëmen Hindia. Sing saha noe ha-jang njaho kana djasa Pangeran Aria Soeria Atmadja, noe nëlah Pangeran Sampoerna Mëkah, geura batja bae Sri Poestaka No. 6 boelan Juni 1922 kaloearan Bale Poestaka, katja 135, noe njarita-keun waktoe moeka „Lingga Pangeran Aria Soeria Atmadja mar-hoem” koe toean Bësar Goepërnoer-Djendral Mr. D. Fock dina

poë Salasa tg. 25 April 1922, noe njëbat ka Pangeran Aria Soeria Atmadja „Pangeran Sampoerna”, sëratan toean H. de Bie Inspekteur Landbouw. marhoem, mitra Pangeran.

Gandjaran ti Pamarentah Agoeng Hindia, noe katampi koe mantëna, tawis agëng djasana ka rahajat sarëng ka Goepërnëmen, ieu:

Bisloeit Goepërnëmen (G.b.) tg. 21 Augustus 1891 Bintang Émas Agëng (G.G.S.) G.b. tg. 31 Augustus 1898 nampi gëlaran „Adipati”, djoedjoeloek Raden Adipati Soeria Atmadja.

Koe Firman Sri Maha Radja Ratoe Nedërlan (K.b.): 27 Augustus 1903: Officier in de Orde van Oranje Nassau.

Koe G.b. 26 Augustus 1905, nampi Padjëng Koening (Gele-Songsong).

Koe G.b. tg. 29 Augustus 1906 nampi gëlaran „Aria”.

Koe G.b. tg. 26 Augustus 1910 nampi gëlaran „Pangeran” nganggo Padjëng Gilap (predicaat „Pangeran” met de vergulde pajong).

Koe K.b. tg. 17 September 1918 panoetoepan nampi Bintang Agoeng: Ridder in de Orde van den Nederlandschen Leeuw.

Tina parantos ngaraos sëpoe, Pangeran Aria Soeria Atmadja, moendoet loegaj tina ngasta kaboepatian Soemëdang, koe Pamarentah Agoeng kaidinan sarta tëras dipansioen koe G.b. 17 April 1919. ngalih boemen-boemen di Sindangtaman, tidinja teu lami dina tg. 24 April 1921 (15 Rëwah 1339), nohonan roekoen Islam noe kalima, mantëna angkat djarah ka tanah Soetji, moenggah hadji, ngan sasoempingna ka Mëkah ladjëng wapat, nja kitoe deui garwa sarëng saderek istri anoe ditjandak ka Mëkah, malah badal-badal noe ngiring pada tilar doenja, teu moelih deui ka bali geusan ngadjadi, nja ka dajeh Soemëdang, sampoerna di tanah soetji, pajoe.

Saloegajna Pangeran Aria Soeria Atmadja, digëntos koe saderek sarama, lantaran teu kagoengan poetra pamëgët, moeng poetra istri hidji sarëng poetoë pamëgët poepoes ti pajoen, gëntosna tea (sabisloeit djeung pansioen tg. 17 April 1919) raji Pangeran noe djënëng Wadana Paloembon Raden Koesoemadilaga.

Gandjaran ti Goepërnëmen anoe katampi koe mantëna, nja eta: G.b. 24 Augustus 1923 gëlaran „Aria”.

Koe G.b. tg. 31 Augustus 1926 nampi gëlaran „Adipati”.

Koe bisloeit Goepërnëmen tg. 24 Augustus 1931 nampi ampilan Songsong Koening.

Koe G.b. tg. 25 Augustus 1936 nampi gandjaran Bintang Emas Agëng (Groote Gouden Ster: G.G.S.), ari dina tg. 30 Januari 1937 seseren damël kaboepatian Soemëdang ka poetra kaponakan (bisloeit Goepërnëmen tg. 28 Januari 1937) tina Patih Krawang Raden Kandoeroean Soeria Soemantri, diistrenan di Soemëdang tg. 6 Maart 1937. Doeanana, waktöe noelis ieu karangan, djoemë-nëng keneh koe sabab eta moal maka ditjatoerkeun sadjarahna. Hajang nërangkeun heula, jen Kaboepaten Soekaboemi noe di adëgkeun dina taoen 1921, diboepatian koe saderek saiboe-sarama Raden Adipati Aria Koesoemadilaga, toenggal poetra Pangeran Soeria Koesoemaadinata keneh, diangkat kana Boepati Soekaboemi koe G.b. tg. 7 Juli 1921 djoedjoeloek Raden Toemënggoeng Soeria Nata Brata; G.b. 22/8—1925 gëlaran „Aria”, G.b. 22 Augustus 1928 nampi gëlaran „Adipati”. Koe G.b. 2 Mei 1932 dipansioen, digëntos kana Boepati Soekaboemi koe poetra saderek, tina Patih-warnen-Boepati Soekaboemi (bisloeit Goepërnëmen tg. 31 Mei 1933), nampi gëlaran „Aria” (G.b. tg. 25 Augustus 1936), djadi waktöe tamat noelis ieu karangan, djoedjoeloek Raden Toemënggoeng Aria Soeria Danoeningrat.

TAMAT.

*Hade koe omong, goreng koe omong ;
 Basa ngindjeum, koedoe moelangkeun ;
 basa ngahoetang, koedoe majar ;
 basa menta, koedoe tarima sadiberena.*

HAL SAKOLA

TARIP BAJARAN SAKOLA DI SAKOLA GOEPERNEMEN
H.B.S. 5 TAOEN.

Pangasilan bérésih sataoen	Bajaran sakola sataoen (dibajar 10 hal) Keur boedak:			
	ka 1	ka 2	ka 3	ka 4 djeung sa- téroesna
f 18000.— ka loehoer	f 384 —	f 240 —	f 210.—	f 180 —
.. 14400.— n. k. f 18000.—	.. 336 —	.. 210.—	180 —	156.—
.. 10800.— n. k. .. 14400.—	.. 288 —	.. 180 —	.. 156 —	.. 126.—
.. 7200.— n. k. .. 10800.—	.. 252 —	.. 162 —	.. 132 —	.. 108.—
.. 4800.— n. k. .. 7200.—	.. 216.—	.. 144 —	.. 114.—	.. 84.—
.. 3000.— n. k. .. 4800.—	.. 180.—	.. 114 —	.. 96 —	.. 78.—
koerang ti .. 3000.—	.. 120 —	.. 100 —	.. 90.—	.. 75 —

A.M.S., T.S., MOSVIA, MIDDELBARE HANDELSSCHOOL
DJEUNG SAKOLA PIKEUN GOEROE ROEMAH TANGGA.

f 18000.— ka loehoer	f 312.—	f 174.—	f 126 —	f 84.—
.. 12000.— n. k. f 18000.—	264.—	.. 144.—	.. 108.—	.. 78 —
.. 9600.— n. k. .. 12000.—	.. 216.—	.. 114 —	.. 84.—	.. 66.—
.. 7200.— n. k. .. 9600.—	.. 186.—	.. 96.—	.. 78 —	.. 60 —
.. 6000.— n. k. .. 7200.—	.. 156.—	.. 78.—	.. 66.—	.. 57.—
.. 4800.— n. k. .. 6000.—	.. 126 —	.. 57.—	.. 48 —	.. 39 —
.. 3000.— n. k. .. 4800.—	.. 108.—	.. 42 —	.. 33.—	.. 24 —
.. 1800.— n. k. .. 3000.—	.. 90 —	.. 33 —	.. 24 —	.. 15 —
koerang ti .. 1800.—	.. 72 —	.. 30 —	.. 24.—	.. 15 —



BOEKOE² KALOEARAN
J. B. WOLTERS

GRONINGEN
BATAVIA
(SCOTTWEG 5)



-
- Djajadirédja, R.K., T.A. Gaikhorst djeung N. Titus,
Batjaan Mimiti.
Djilid I f 0,15, II f 0,20, III, IV à f 0,25
Toedoeh Djalan ; 0,10
- Djajadirédja, R. K., *Mitra Poetra* (aksara Soenda) „ 0,70
- Janssen, G. C. djeung A. van Dijck, *Panglipoe Galih* ... „ 0,40
- Sastraatmadja, R. Rg., *Soeria di Radja* djeung Rd. Kd.
Soerapoetra, Langèn Sari I (aksara Soenda) „ 0,50
- Sastraatmadja, R. Rg., M. Soemawidjaja djeung R. Soeria
di Radja, Ganda Sari. Boekoe batjaan di Sakola Soenda.
Djilid I, II, III à „ 0,35
Djilid IV „ 0,40
- Soeria di Radja, R., Tjatjarakan* (aksara Soenda) „ 0,65
- Basa Soenda, pangoengtoen pikeun neraskeun diadjar basa
Soenda.
Djilid I f 0,70, II f 0,95, III „ 1,25
- Soeria di Radja, R., Panjoengsi: Basa,* pangadjaran basa
Soenda anggoëun sakola handap.
Djilid I f 0,25, II f 0,30, III, IV à „ 0,40

Soeria di Radja, R., <i>Pakēm</i> , pitoedoeḡ ngadjarkeunana Panjoengsi Basa agēman goeroe anoe ngawoelang basa. Djilid I (kēlas II), Djilid II (kēlas III)	à	„ 0,50
Olthof, W. L. djeung R. Soepjan Iskandar, <i>Elmoe Bangoen</i> ..		„ 1,25
Wiggers, J. A. djeung K. Wirija Mihardja, <i>Pamoeka Elmoe Itoengan</i>		„ 1,25
Beekman, A. L. C. djeung K. Wirija Mihardja, <i>Poelo-poelo Hindia Wetan</i>		„ 1,75
Deenik, A. C. <i>Babad Pasoendan</i>		„ 1,40
Lekkerkerker, C., <i>Indië</i> , jaitoe doos (kotak) berisi 620 gambar roepa-roepa hal tanah Hindia. Keteranganḡnja dibawah tiap-tiap gambar bahasanja Belanda dan Melajoe ..		„ 9,—
Reyen, J. van, djeung C. Lekkerkerker, <i>Atlas Hindia-Nederland</i> djeung katērangana		„ 1,75
Elmoe Sasatoan djeung djēlēma		„ 1,75
Keizer, W., <i>Kadjajaan</i> pikeun batjaan moerid-moerid sakola Soenda		„ 0,45
Slijper, Chr. F. W. <i>Elmoe Alam</i> , disoendakeun koe M. H. Soetisna		„ 2,—
Soetisna, M. H., <i>Boekoe Elmoe Alam</i> , pikeun sakola-sakola kēlas II		„ 1,—
Ketel, Dr. A. P. lan Soerjatin, <i>Serat kawroeh noeloengi wong doewé anak</i>		„ 2,90
Pigeaud, Dr. Th., <i>Javaans-Nederlands Handwoordenboek</i> ..		„ 5,—
Stokvis-Cohen Stuart, Dr. N., <i>Ilmoe Pembela orang Sakit</i> , Djilid I A. I B.	à	„ 4,90

BESTUURSOPLEIDING (BARETO OSVIA) MAKASAR

Pangasilan bĕrsih sataoen	Bajaran sakola sataoen (dibajar 10 kali) Keur boedak:			
	ka 1	ka 2	ka 3	ka 4 djeung sa- tĕroesna
f 12000.— ka loehoer	f 216 —	f 114.—	f 57.—	f 30.—
.. 9600.— n. k. f 12000.—	.. 180.—	.. 96 —	.. 48 —	.. 24.—
.. 7200.— n. k. .. 9600.—	.. 144 —	.. 78.—	.. 39.—	.. 18.—
.. 4800.— n. k. .. 7200.—	.. 108.—	.. 57 —	.. 30 —	.. 15.—
.. 3000.— n. k. .. 4800.—	.. 72 —	.. 39.—	.. 18 —	.. 9.—
.. 1800.— n. k. .. 3000.—	.. 36 —	.. 21.—	.. 15 —	.. 6 —
koerang ti .. 1800.—	.. 18 —	.. 9 —	.. 4.80	.. 2.40

AMBACHTSSCHOOL BATAWI DJEUNG SAMARANG

f 12000.— ka loehoer	f 216.—	f 114.—	f 57.—	f 39.—
.. 9600.— n. k. f 12000.—	.. 174.—	.. 96.—	.. 48 —	.. 30 —
.. 7200.— n. k. .. 9600.—	.. 132 —	.. 66 —	.. 39 —	.. 18.—
.. 4800.— n. k. .. 7200.—	.. 90.—	.. 42 —	.. 30.—	.. 15.—
.. 3000.— n. k. .. 4800.—	.. 60.—	.. 30.—	.. 18 —	.. 12.—
.. 1500.— n. k. .. 3000.—	.. 36.—	.. 19.20	.. 14.40	.. 9.60
koerang ti .. 1500.—	.. 24 —	.. 14.40	.. 9.60	.. 7.20

MULO DJEUNG SAKOLA KARADJINAN PIKEUN BAROEDAK AWEWE

Pangasilan bĕrsih sataoen	Bajaran sakola sataoen (dibajar 10 kali) Keur boedak:			
	ka 1	ka 2	ka 3	ka 4 djeung sa- tĕroesna
f 12000.— ka loehoer	f 264.—	f 144 —	f 108 —	f 78 —
.. 9600.— nĕpi ka f 12000.—	.. 216.—	.. 114.—	84 —	60.—
.. 7200.— 9600.—	.. 168 —	.. 84 -	.. 66 —	54 —
.. 4800.— 7200.—	.. 120 —	.. 60 —	.. 48 —	.. 36.—
.. 3000.— 4800.—	.. 84 —	.. 48 —	.. 36 —	.. 30.—
.. 1800.— 3000.—	.. 60.—	.. 36 —	.. 30 —	.. 18
koerang ti .. 1800.—	.. 48 —	.. 30.—	.. 25 —	.. 15

H.I.S., H.C.S. DJEUNG SAKOLA WALANDA

f 12000.— ka loehoer	f 216.—	f 114.—	f 57.—	f 39.
.. 9600.— n. k. f 12000.—	.. 174 —	.. 96.—	.. 48.—	.. 30.
.. 7200.— 9600.—	.. 132.—	.. 66.—	.. 39.—	.. 18.
.. 4800.— 7200.—	.. 90.—	.. 42.—	.. 30.—	.. 15
.. 3000.— 4800.— *)	.. 57.—	.. 30.—	.. 18 —	.. 9.
.. 1800.— 3000.—	.. 36.—	.. 18.—	.. 9 —	.. 6 —
.. 1200.— 1800.—	.. 24.— ¹⁾	.. 12.— ¹⁾	.. 6 — ¹⁾	.. 3 — ¹⁾
koerang ti .. 1200.—	gratis ²⁾	gratis ¹⁾	gratis ¹⁾	gratis ¹⁾
	.. 24.—	.. 12.—	.. 6 —	.. 3.

*) Ieu teh pikeun sakola Walanda B mah (le. Openb. E.L.S. B.) bajaran panghandapna; djadi anoe sahandapeunana, keur sakola eta mah teu kapake.

¹⁾ Ieu bajaran sakola ngan keur barcedak Walanda woengkoel ari keur baroedak noe sedjenna noe sakola di sakola Walanda. H.I.S. djeung H.C.S. nja eta anoe sahandapeun anoe ditjirian.

SCHAKELSCHOOL

Pangasilan bĕrsih sataoen	Bajaran sakola sataoen (dibajar 10 kali) Keur boedak:			
	ka 1	ka 2	ka 3	ka 4 djeung sa- tĕroesna
f 7200.— ka loehoer	f 96 —	f 55 —	f 30.—	f 19 —
.. 4800.— nĕpi ka f 7200.—	.. 72.—	.. 39.—	.. 24 —	.. 17 —
.. 3000.— 4800.—	.. 48.—	.. 24.—	.. 19.—	.. 14.50
.. 2100.— 3000.—	.. 36 —	.. 20 —	.. 14 —	.. 9.60
.. 1500.— 2100.—	.. 24 —	.. 15.—	.. 9 —	.. 7.20
.. 900.— 1500.—	.. 18.—	.. 9.—	.. 4 80	.. 2.40
koerang ti .. 900.—	.. 12 —	.. 7.—	.. 4.80	.. 2.40

SAKOLA KĒLAS 2 PRIBOEMI, NOE MAKE BASA WALANDA.

Golongan bajaran	Bajaran sakola			
	keur 1 boedak	keur 2 boedak	keur 3 boedak	Pikeun sa- oeragna saleuwiĕna ti 3 boedak
Golongan kahidji	f 3.50	f 4.50	f 5.50	f 1.—
.. kadoea 2.50	.. 3.50	.. 4.50	.. 0.75
.. katiloĕ 2 —	.. 2.75	.. 3.50	.. 0.75
.. kaopat 1.50	.. 2.25	.. 2 75	.. 0.50
.. kalima 1.—	.. 1.50	.. 1.75	.. 0.25
.. kagĕnĕp 0.75	.. 1.25	.. 1.50	.. 0.25
.. katoedjoeh 0.50	.. 0.75	.. 1.—	.. 0.20

VERVOLGSCHOOL KEUR BAROEDAK AWEWE
PRIBOEMI

Golongan bajaran	Bajaran sakola			
	keur 1 boedak	keur 2 boedak	keur 3 boedak	Pikeun sa- oerangna saleuwihna ti 3 boedak
Golongan kahidji	f 2.—	f 2.50	f 3.—	f 0.50
.. kadoea 1.50	.. 2 —	.. 2.50	.. 0.50
.. katiloe 1.—	.. 1.50	.. 2.—	.. 0.25
.. kaopat 0.75	.. 1 —	.. 1.25	.. 0.25
.. kalima 0.50	.. 0.75	.. 1 —	.. 0.15
.. kagēnēp 0.35	.. 0.50	.. 0.65	.. 0.15
.. katoedjoeh 0.25	.. 0.40	.. 0.50	.. 0.10

SAKOLA KĒLAS 2 PRIBOEMI NOE TEU MAKE BASA
WALANDA

Golongan kahidji	f 1.25	f 1.85	f 2.25	f 0.24
.. kadoea 0.80	.. 1.20	.. 1.44	.. 0.16
.. katiloe 0.50	.. 0.70	.. 0.82	.. 0.08
.. kaopat 0.25	.. 0.37	.. 0.45	.. 0.06
.. kalima 0.15	.. 0.21	.. 0.27	.. 0.05
.. kagēnēp 0.10	.. 0.15	.. 0.18	.. 0.03
.. katoedjoeh 0.05	.. 0.07	.. 0.09	.. 0.01

Bajaran parabot di sakola kĕlas 2 (boh noe make basa Walanda boh noe hĕnteu) djeung di Vervolgschool keur baroedak awewe, keur kĕlas 1—2 djeung kĕlas 3 f 0.02½ saerangna dina saboelan; keur kĕlas saloehoereunana f 0.05.

SAKOLA CULTUUR

Pangasilan saboelanna	Bajaran sakola saboelanna keur boedak :		
	ka 1	ka 2	ka 3 djeung satéroesna
f 1000.— ka loehoer	f 22 —	f 12.50	f 9.—
.. 800.— népi ka f 1000.—	.. 18. —	.. 9.—	.. 7.—
.. 600.— 800.—	.. 14.—	.. 7.—	.. 5.50
.. 500.— 600.—	.. 10.—	.. 5	.. 4.—
.. 400.— 500.—	.. 7.50	.. 4.—	.. 3 —
.. 300.— 400.—	.. 5.—	.. 3 —	.. 2. —
.. 200.— 300.—	.. 3.—	.. 2 —	.. 1 50
.. 100.— 200.—	.. 2.—	.. 1.25	.. 1.—
koerang ti .. 100.—	.. 1.—	.. 0.75	.. 0 50

SAKOLA LANDBOUW DJEUNG SAKOLA DOKTOR HEWAN

Pangasilan saboelanna	Bajaran sakola saboelanna keur moerid (pupi!)		
	ka 1	ka 2	ka 3 djeung satéroesna
f 1000.— ka loehoer	f 25.—	f 12 50	f 10.—
.. 800.— népi ka f 1000.—	.. 20 —	.. 10.—	.. 8.—
.. 600.— 800.—	.. 15.—	.. 7.50	.. 6.—
.. 400.— 600.—	.. 11.	.. 5.50	.. 4.—
.. 200.— 400.—	.. 7.50	.. 3.75	.. 2 50
koerang ti .. 200.—	.. 5.—	.. 2.50	.. 1.50

DEPOKSCHÉ SCHOOL

Pangasilan sataoen	Bajaran sakola sataoen (dibajar 10 kali)			
	keur 1 boedak	keur 2 boedak	keur 3 boedak	Leuwihna tina 3 boedak saerangna
Leuwih ti f 2400.—	f 54 —	f 75.—	f 86.50	f 7.50
f 1800.— .. 2400.—	.. 36.—	.. 50 —	.. 57.50	.. 5 —
.. 1200.— .. 1800.—	.. 27.—	.. 37.50	.. 43.50	.. 3.50
.. 600.— .. 1200.—	.. 18 —	.. 25.—	. 29 —	.. 1.70
.. 300.— .. 600.—	.. 9 —	.. 12.50	.. 14.50	.. 1 —
.. 120.— .. 300.—	.. 4.50	.. 6.30	.. 6.30	gratis
koerang ti .. 120.—	gra is	gratis	gratis	gratis

SAKOLA PIKEUN BAROEDAK MILITER

Golongan kahidji	f 9 —	f 12.50	f 14 —	f 1.—
.. kadoea 4.50	. 6.—	.. 7.20	.. 0.70
.. katiloe 1.80	.. 2.60	.. 3.30	.. 0.60

AMBACHTSLEERGANG

Pangasilan saboelan	Bajaran sakola saboelan
a. koerang ti f 25.—	f 0.75
b. f 25.— nepi ka sahandapeun f 40.— 1.—
c. f 40.— atawa leuwih 1.25

Moerid-moerid di vervolgcursus bajaranana saboelan ditambah f 0.25.



Kirtya Liefrinck van der Tuuk-Instituut, di Singaradja, sabangsa „moesioem” tempat ngampihan toelisan-toelisan koena dina daoen lontar.



ABC teh dadasar pangaweroeh soegri noe maos sarěng ngarang. Moerid-moerid oge ngawitanana teh dialadjar ABC; saparantosna aksara eta arapaleun, němbe ngawoewoehan katěrangna.

Lir aksara ABC anoe pěrloe kanggo ngawoewoehan kaoeninga, kitoe deui tjap ABC pěrloe kaoeninga, oepami ngagaleuh parabol njěrat sarěng parabol kantor. Eta tjap teh sasat djadi padoman noe kenging dipěrtjantěn, soepados tiasa kenging barang-barang noe sae toer pangaosna sěděng.

PASANGGIRI KARANGAN :

Kanggo sadaja noe ngaranggo barang-barang tjap ABC. Singsaha bae oge kenging ngiring.

Eta karangan dikintoenkeunana kědah dilěbětkeun kana amplop tjap ABC.

Soecalanana pasanggiri :

Mangga ngarang sa'ir atanapi sesebred, langkoeng sae oepami digambaran, seueurna 3×4 padalisan anoe ngawitanana noron nganggo aksara a b c, sapěrtosna :

Angrit lain gendot lain,
Babadotan montok hedjo,
Chatib lain měrbot lain,
Disorban ngadon laladjo.

Hadihna aja 40 pris, djoemlah adjen f 300.—

Eta hadiah baris dipaparinkeun ka soegri noe ngintoenkeun sa'ir atanapi sesebred pangloetjoena. Panjeepanana pasanggiri dina ping 1 Mei 1939. Soegri anoe kenging pris baris diwawarkeun dina „Padoman Aosan” noe kaloear sasih Mei 1939. Tina pěkawis ieu pasanggiri teu diajakeun sěrat-siněrat.

Kintoenan dialamatkeun ka

J A C O B E R G. AFD. ABC, BATAVIA

SAKOLA DJEUNG LEERGANG NOE BAJARANANA SAATOERAN

No.	Ngaran sakola	Ditétépkeun dina	Djoemlah	Oenggal ²
1	Sakola Hakim Loehoer	Staatsblad 1924 No. 457.	f 300.—	tahoen
2	Sakola Dokter Loehoer	" 1927 No. 396.	" 300.—	"
3	Sakola Insinjoer	" 1925 No. 271.	" 300.—	"
4	N.I.A.S. bagian kawa- rasan	" 1923 No. 498.	" 25.—	boelan
5	S.T.O.V.I.T.	" 1933 No. 256.	" 15.—	"
6	Sakola Normal keur ngoedag hoofdacte *)	G. B. 15-12-'23 No. 16 (Bijblad 10510).	" 10.—	"
7	Hollandsch-Chineesche Kweekschool	Besl. Dir. O. en E. tg. 17-12-'31 No. 47201/A	" 5.—	"
8	Hollandsch-Inlandsche Kweekschool	Besl. Dir. O. en E. tg. 17-12-'31 No. 47201/A	" 5.—	"
9	Sakola Normal keur hulponderwijzer Pri- boemi	Staatsblad 1923 No. 606.	" 2.50	"
10	Idem keur awewe	Staatsblad 1923 No. 607.	" 2.50	"
11	Instituut basa ² Priboemi djeung land- en vol- kenkunde Hindia	G. B. 30-10-'33 No. 24	" 10.—	"

*) Anoe barisa meunang kindertoelage bajaranana f 2.50 saboelan (G. B. 21-4-'28
No. 43. Bijblad 11639).

HANDELSCURSUS

(Pagoeron dagang)

Kawasna henteu oenggang djalma tarerang, jen di Batawi, Willemslaan No. 3 aja pagoeron (cursus) anoe katjida mangpaatna, anoe dina basa Walanda disebotna : „Cursus tot opleiding van Inlandsche leerkrachten voor de acte kleinhandel” atawa lamoen disoendakeun mah : „Pagoeron dagang leuleutikan pikeun goeroe-goeroe priboemi”.

Soepaja babari, sateroesna mah oerang seboet „pagoeron” bae. Eta pagoeron koe Pamarentah diadegkeunana dina taoen 1929. Ari lantaranana noe matak Pamarentah ngersakeun ngawangoen eta pagoeron teh :

1. Doemeh ningal baroedak — babakoena bangsa oerang — noe tamat ti sakola handap, pangpangna ti sakola kelas doea, tinglaligeuh teu barogaeun pagawean atawa paesahaan. Pikeun digarawe di kantor-kantor, poegoeh ge beakeun lahan koe noe barisaeun basa Walanda, toer noe daraekeun nampa boeroehan loeloemajanan. Ari arek tani, da apan lolobana mah teu barogaeun tanah noe baris digarap djaba ti teu terang „elmoena” teh. Tjindékna, koe Pamarentah katingali, jen lahan paesahaan pikeun baroedak kaloearan sakola kelas II teh, nja heureut, nja kapeungpeukan.

2. Ngemoetkeun, jen sakola-sakola noe ajeuna araja teh, iwal ti sakola² noe poegoeh tjadagna mah (vak-scholen) ngan woengkoel ngaloear-loearkeun moerid anoe lahan oesahana kana gawetoelis woengkoel, mangkaning di lebah dinja mah lahan pangoepa djiwa teh pohara kapeungpeukna. Koe hal eta, perloe baroedak teh geuwat ditoeloengan, dibere pangadjaran anoe sakira beunang dipetakeun di mana geus ka loear ti sakola.

3. Koe Pamarentah katingali, jen dina oemoemna, bangsa oerang teh „teu barisaeun” dagang, mangkaning apan karahardjaan nagara teh dioekoerna koe padagang djeung patanen, nepi ka aja tjatjandran : Anoe tani soegih moekti, anoe dagang beurat beunghar, oelah nepi ka : anoe tani kari daki, anoe dagang kari hoetang.

Patali djeung noe ditataan di loehoer, koe Pamarentah kagalih, jen pikeun baroedak kaloearan sakola kelas II tea perloe diajakeun sakola teroesanana, noe pangadjaranana henteu beurat teuing toer

katimbang bisa didjieun kontji pamoeka lawang paesahaan di mana geus kaloeur.

Pikeun ngajakeun sakola noe saroepa kitoe, goeroena oge teu meunang sagawajah, tapi koedoe milih anoe katimbang tjakëp, sarta meunang pangadjaran anoe ngawoengkoel ditoedjoelkeun pikeun ngagoeroean di sakola dagang tea.

Koe sabab kitoe, dina taoen 1929 koe Pamarentah dipëtjak-pëtjak diajakeun pagoeroean (cursus) dagang di Batawi.

(Soepaja satëroesna hënteu kaliroe, përløe ditërangkeun heula, jen noe di dieu disëboet *pagoeron* dagang teh nja eta handels-cursus pikeun goeroe-goeroe di Willemslaan 3 Batawi, ari noe diseboet *sakola* dagang, nja eta sakola-sakola pikeun baroedak noe geus tamat ti sakola këlās II noe digoeroean koe goeroe-goeroe kaloearan pagoeron tea).

Anoe ditarima ka pagoeron tea, woengkoel goeroe-goeroe bangsa priboemi kaloearan Kweek- djeung Normaalscholen bae.

Pagoeron tea lilana doea taoen, tapi ari di Batawina mah ngan sataoen, sabab noe sataoen deui mah ngan diadjar atoeran-atoeran woengkoel, dikiriman pangadjaranana ti Batawi ka satëmpat-tëm-patna (schriftelijke cursus). Dina boelan Poeasa, salilana pakansi, goeroe-goeroe tea koedoe ka Batawi pikeun diadjar „mondeling”, pangadjaran koe lisan.

Dina taoen kadøea, sanggeus tamat pangadjaran² anoe koe toelisan tea, tjalon-tjalon pigoeroeeun teh koedoe ka Batawi pikeun diadjar prak-prakanana (practijk). Lilana mangsa pagoeron ka doea, ti October nëpi ka Juli. Dina taoen kadøea tea, diadjarkeun roepa-roepa pangawëroeh anoe patali djeung dagang.

Lantaran harita mah kakara aja pagoeron saroepa kitoe, toer masih keneh dina përtjobaan, meudjehna pisan oepama aja hal-hal anoe teu pati matak soegëma oge, babakoena kaajaan pangadjaran.

Nilik hasilna pagoeron anoe mimiti, anoe disëbarkeun di sawatara tëm-pat, katangen jen pangadjaran teh hënteu sapagodōs djeung prak-prakanana dagang di kalangan oerang Priboemi, doemeh pangadjaran tea pohara teuing tjondongna ka koelon, rosa teuing make elmoe dagang ka-Eropaan noe hese dipëtakeunana dina balantik bangsa oerang.

Elmoe dagang anoe disëbarkeun koe goeroe² kaloearan pagoeron tea, gitik rata ngan bisa mere hasil 13% ka baroedak ti sakola dagang teh. Manehna bisa mareunang pagawean tea mah, tapi

oekoer djadi poerah boeboeroeh di toko-toko, teu barisaeun hiroep matjakal, kitoe ge nja eta tea ngan 13%.

Mangkaning ari kapalaj Pamarentah mah baroedak teh hajang sing nēpi ka barisaeun balantik pribadi, daragang sorangan, oelah boeboeroeh ka batoer, oelah boeboedjang ka noe lian.

Dina taoen 1935 toeloej diadēgkeun badan-panaloengtikan pi-keun njoektjroek djeung memeres pangadjaran djeung elmoe dagang. Eta badan panaloengtikan tea diwangoen koe hidji badan loeloegoe noe ajana di Batawi djeung tiloe seler-selerna di Djawa-Koelon, Tēngah, djeung Wetan. Anoe tjaralik dina badan loeloegoe tea, aja wawakil-wawakil ti dēpartēmen Economische Zaken djeung ti dēpartēmen Onderwijs, ti kalangan partikoelir oge, babakoena ti golongan soedagar priboemi, aja sawatara oerang noe tjaralik dina rengrengan tea.

Hasilna panaloengtikan tea, nembongkeun jen pērloe ngarobah wangoenan pangadjaran di pagoeron sangkan nērēkabna ka sakola-sakola oge njoemponan kana pangaboetoe oerang. Wangoenan pangadjaran anjar tea, madēgna dina dadasar anoe ditataan di handap :


I. Mēkarkeun hate baroedak sangkan aja pangabogoh kana balantik, sing nēpi ka aja djorodjoj hajang dagang, toer djeung daek prakna.

II. Diadjar rikrik gēmi, ngeureut mitjeun, neundeun miraweuj.

III. Mere pangadjaran anoe loejoe reudjeung kaajaan tēmpat-tēmpat matoehna atawa wēwēngkonna ; oepamana bae oerang Pakalongan diadjar ngagolangkeun modal dina paoesahaan batik, ari oerang Indramajoe mah dina paoesahaan boeah atawa oerang Sindanglaja dina paoesahaan kēmbang, oerang Tjiamis kalapa, oerang Mēnes ēmping d.s.t.e.

IV. Tahapan pangadjaranana soepaja leuwih basadjan, sangkan baroedak hēnteu boga angkeuh jen loehoer pangartina, oelah nēpi ka oepamana dagang bako-kabiri make dubbelboekhouden, dagang ontjom make rekeningcourant d.s.t.e. Ieu mah kitoe bae sakadar njaho bēnēr kana lilinggēran djeung oesoek-esekna dagangan noe digolangkeun, bisaueun ngitoeng pioentoengeun-piroegieunana, njahoēun ti mana meulina (moerah) djeung ka mana ngadjoealna (mahal) oelah nēpi ka kaliroe motong ongkos djeung narik bati, djaba ti kitoe bisa ngatoer martabat dagangan, oelah nēpi ka oepamana dagang bawang di Braga atawa di Noordwijk, sewa tokona bae geus sabaraha, lakoena atjan poegoeh,

BALAI-POESTAKA



Moerid-moerid Handelskursus di Batawi waktos naringalian Bale Poestaka, ditampi koe Dr. L. de Vries (wd. Hoofdambtenaar).




Kieu prakprakanana
soepaja
WAOS BĒRĒSIH SARĒNG BODAS!

Waos anoe bodas bĕrĕsih teu kintĕn matak kabitana. Koe margi eta kĕdah dimoemoele sing lĕrĕs nganggo. Atoeran Colgate. Disikat sontĕn-endjing koe Colgate's Tandpasta. Ngosokna noe loehoer ti loehoer ka handap, noe handap ti handap ka loehoer. Sok Colgate's Tandpasta saeutik dina ilat, ladjĕng dianggo kĕkĕmĕs doegi ka bĕrĕsih. Hasilna: Waos sehat, bodas bĕrĕsih, ambĕkan seungit, doea roepianana kenging ditarekahan koe

**COLGATE'S
TANDPASTA**

TUBE
NO. 1
15 SARĒNG 30
CENT



**COLGATE'S TANDPASTA DIANGGONA LANGKOENG IRIT:
AWETNA DOEAKALIEUN**

V. Di sakola-sakola dagang tea (kade kaliroe djeung pagoeron!) lain ngan sēmēt nambahan kēlas di sakola kēlas II koe kēlas bab dagang bae, tapi ieu mah ngahadja njieun sakola anoe sa deui, tapi pangadjaranana, babakoena dina mimiti asoep, koedoe njamboeng kana pangadjaran di kēlas 5 sakola kēlas II, sarta satēroesna koedoe notok diadjar bab balantik bae.

VI. Pigoeroeeunana di pagoeron tea, koedoe sing ēnjaan ngoelikna bab dagang, boh elmoena boh prak-prakanana ; oepamana bae sing apal bēnēr tatalepana pare, nēpi ka djadi sangoe dina baskom, katiten ti mimiti tjēb dipēlak koe saha, geus djadi pare nēpi ka djadi beas teh ngaliwat sabaraha leungeun? (toekang ngidjon, tangkoelak, noe boga panggilingan, toko beas, toekang waroeng kakara noe meuli). Pērloena tērang nēpi ka lēbah dinja, soepaja goeroe bisa nitenan bakat-bakat moeridna, di lēbah mana pipantēseunana oepama rek „mēgat” liliwatan beas. Naha rek djadi tangkoelak pare atawa rek djadi toekang waroeng beas, oepamana.

Kitoe deui dina dagang kalapa oepamana. Tapasna, batokna djeung dagingna teh beda los-losanana ngadjoeal, ana teu bisa njorokna, matak roegi, teu tērang ka saha ngadjoeal tapas, ka mana ngadjoeal batok d.s.t.e.

Sakitoe sabagian hasilna tjoektjroekan badan panaloengtikan teh, sarta koe Pamarentah kagalih jen bēnēr. Ti harita (1935) wangoenan pangadjaran di pagoeron teh dirobah sakoemaha kapalajna rengrengan panaloengtikan tea.

Harita nampa pigoeroeeun teh 12 oerang, kabeh ti poelo Djawa, nja eta : 3 ti Pasoendan ; 3 ti Djawa Tēngah ; 3 ti Djawa Wetan ; 2 ti Kasoenanan Solo djeung 1 ti Kasoeltanan Djogdja.

Iwal noe tiloetan ti Pasoendan, kabeh oge kaloearan Kweekschool; ari noe ti Pasoendan mah ti Normalschool. Dina taoen 1937 eta tjalon² pigoeroeeun teh geus kalaloear sarta geus ditēmpatkeun di sakola-sakolana.

Sanadjan tetela jen sanggeus dirobah wangoenan pangadjaranana tea djadi leuwih aloes oge hasilna, Pamarentah tēroes keneh bae ichtiar sangkan eta sakola dagang teh sing njēbar, sing nēpi ka djadi pangaboetoeh djalma rea.

Koe Pamarentah kaemoet, jen pikeun ngalaksanakeun pamaksadanana teh pērloe sasarēngan didamēl sarēng roepa-roepa golongan, kalawan teu ngemoetkeun agama sarēng tjētjékēlan.

Parandene kitoe, ari koedoe koem dirawoe disakalikeun mah tangtöe pamohalan. Koe sabab eta, kapaksa koedoe ditoengtoet bae.

Dina taoen 1937 goeroe² noe kagiliran kapeto teh aja 13 oerang, anoe dalapan ti Sabrang, ari noe limaan ti sakola-sakola noe diadögkeun koe roepa² golongan. Anoe ti Sabrang tea, nja eta ti Palembang, Padang, Fort de Kock, Padangsidempoean, Pontianak, Bandjarmasin djeung Mënado. Ari noe ti golongan partikoelir, nja eta : 2 ti Missie ; 1 ti Zending ; 1 ti Moehamadiah djeung 1 ti Boedi Oetomo (Boedioetomo-school, Parindra ajeuna). Ka hareup geus tangtöe njokot ti golongan-golongan noe atjan kagiliran.

Goeroe² ti golongan partikoelir tea, di mana geus ka loear ti pagoeron, koedoe maroeke sakola dagang. Ari waragadna, satoengtoeng tatjan bisa matjakal sorangan mah baris dirodjong koe Pamarentah (subsidi), malah lamoen përlöe, pikeun sawatara waktöe Pamarentah sanggëmeun maparin soebsidi 100%.

Goeroe-goeroe noe araja di pagoeron tea, lamoen goeroe goepërnëmen gadjihna tëtëp sakoemaha keur di sakola, sarta di mana kaloear ti dinja sarta geus ngadjar, baris mareunang tambahan saboelan f 7.50.

Ari goeroe² ti golongan partikoelir, bedana teh doemeh ëngke dimana golonganana ngadögkeun sakola dagang (toer di-soebsidi) eta soebsidi baris ditoengtoet dipotong saeutik-saeutik pikeun njangkolong oeroet ngagadjih goeroe di pagoeron tea.

Salilana di pagoeron tea, goeroe partikoelir teh dipanggadjihkeun koe Goepërnëmen bae, sangkan golongan partikoelir tea hënteu karorontjodan. Moelangkeunana, baris dibalitoengankeun pandeuri.

Tjontona : Salah saoeorang goeroe ti sakola Pasoendan kapilih pikeun djadi tjalon pigoeroeeun di Pagoeron tea. Salilana goeroe tea di pagoeron, digadjihna teh koe goepërnëmen. Oepamana bae saboelan f 100.—. Djadi dina 2 taoen teh $24 \times f 100.— = f 2400.—$.

Sakaloearna ti pagoeron tea toeloelj di tëmpatna ngadögkeun sakola, kalawan soebsidi ti Pamarentah pikeun waragadna oepamana tea f 5000.— dina sataoen. Tina djoemlah sakitöe teh dipotong pikeun njitjil gadjihna waktöe di pagoeron tea, oepamana bae dina sakalina motong teh f 400.—.

Koe diatoer kitöe pohara djadi kaentenganana ka Pagoejoeban Pasoendan teh, toer Pamarentah katjoemponan pamaksadanana.

Sakadar didjodjoan anoe përlöena mah sakitöe ge tetela sakoer anoe patali djeung oeroesan sakolana mah.

Ajeuna oerang nĕrangkeun pangadjaranana. Noe baris mimiti ditĕrangkeun, bab pangadjaran di pagoeron, ditĕplak satjerewelena tina leerplan taoen 1938.

I. *Bagian elmoe (theorie)*

A. Pangawĕroeh bab dagang

a. *Katĕrang noe oemoem : (4 × ¾ djam).*

1. Oeroesan balantik noe patali djeung padagangan bangsa priboemi.
2. Atoeran barangkirim di darat djeung di laoet; roepa-roepa atoeran ongkos-ongkos djeung tarip. Atoeran palajaran djeung bang-bang.
3. Tĕrang kana pangadji roepa² doeit djeung wesĕl bang. Bisa ngeusian roepa² balangko noe ilahar dipake dina pĕrdagangan.
4. Beja kaloear-asoepna barang djeung roepa² padjĕg, boh noe torodjogan boh noe malibir toemibana.
6. Roepa² atoeran djeung tjara dina dagang; hal patalina noe daragang leuleutikan djeung soedagar-soedagar galĕde (importeur & exporteur).

Tjatĕtan: Tjonto-tjonto tea sabisa-bisa njokotan anoe prah di-djalankeun di sabrang — taoen 1937/1938 goeroe-goeroe teh ti peuntas — sarta bisa dilarapkeun di sakola-sakola dagang.

b. *Katĕrang loear biasa (4 × ¾ djam).*

1. Koedoe tĕrang kana saroepa-saroepana balantik leuleutikan (roepa² hasil; ngabadjonganana, ngaliarkeunana).
2. Katĕrang tina roepa² kahasilan djeung tjoetjoekoelan bangsa oerang, kajaning: karet, kopra, kopi, pĕdĕs, tjoetjoekoelan sedjen, hasil leuweung d.s.t.e.

B. Itoeng-itoengan dina dagang: (6 × ¾ djam).

1. Soealan anoe babari noeroetkeun noe loemrah dina balantik. Entres, disconto.
2. Njieun roepa² balitoengan.
3. Ngitoeng djeung djoeal-beuli obligasi djeung andil noe aja dina pasar-doeit Batawi.

C. Enkel boekhouden

Boekoe sapopoĕ, kasboek, boekoe djoeal-beuli; kitoe deui noe mangroepa raraban (tabelarisch); rekeningcourant; boekoe sa-

diaan ; koedoe bisa moekakeun soeal-soeal dina atoeran njékél boekoe noe patali djeung dagang leutik ⁽¹⁾.

- D. Elmoe boemi Hindia katoet sakoerilingna ($2 \times \frac{3}{4}$ djam).
- E. Roepa-roepa katérang noe patali djeung badan nagara (Landbouwvoorlichtingendienst ; binnenlandsche handelsvoorlichting ; coöperatie- en nijverheidsvoorlichting ; volkscredietwezen ; Algemeene Volkscredietbank ; Postspaarbank) ($2 \times \frac{3}{4}$ djam).

Noe disēboet „dagang leutik” di dieu, nja eta *kleinhandel*.

II. *Bagian prak-prakanana (practijk)*.

1. Nitenan kaajaan pasar ; sētatsion ; palaboean ; moesioem, dste.
2. Ngagoenakeun roepa² parobot atawa pakakas anoe pērloe.
3. Ngahantja djeung ngoempoelkeun roepa² boekoe pangadjaran noe pērloe.

Tjatétan : Ngadjalankeunana roepa² pagawean tea kalawan digawe babarēngan djeung badan-badan paparentahan.

Ari pangadjaran anoe diadjarkeun di sakola-sakola dagang, sakoemaha anoe diberendelkeun di handap. Angka satoekangeun berendelan pangadjaran, nērangkeun reana waktoe pikeun diadjar (ngitoeng sabaraha kali). Lilana waktoe diadjar, sakali-kalina teh 45 mēnit.

Aksara A nja eta pikeun sakola-sakola noe basa loeloegoena lain basa Malajoe, ari aksara B pikeun sakola-sakola noe basa loeloegoena Malajoe. Ieu pikeun kēlas I.

No.	Noe diadjarkeun	A	B
I.	<i>Basa priboemi</i> aksara Latijn		
	Matja, ngarang, njoeratan, njalin	4	9

(¹) Dina hoekoem dagang mah „padagang” teh aja tiloe roepa, nja eta groothandel, anoe barangbeuli atawa ngadjoealna dina sakalina aja ratoesan pēti, tampolana sagoedang ; tusschenhandel nja eta padagang anoe meulian ti groothandel djoealeun ka padagang leutik ; ari *kleinhandel*, nja eta padagang anoe djoeal beulina ketengan oekoer sapēti atawa doea pēti bae kawas toko-toko Tionghoa noe modalna oekoer 25 à 30.000. Ari noe kitoe mah pantaran toekang tjikopi, baloek, toekang soeok, toekang soto, disarēboetna teh verkoopers.

II.	<i>Basa Malajoe aksara Latijn</i> Matja, ngarang, njoeratan	6	—
III.	<i>Basa Walanda, sakadar bisa ngahartikeun maksoedna (passief)</i>	6	6
IV.	<i>Ngitoeng. Mimitina nĕroeskeun pangadjaran kl. V di sakola kl. II, toeloej noe patali djeung hoe-tang-pihoetang, (credietwezen)</i>	7	8
V.	<i>Elmoe boemi. Hindia djeung sakoerilingna. Padangangan, hasil boemi, pasar djeung atoeran barangkirim</i>	4	4
VI.	<i>Elmoe alam. Noeloejkeun pangadjaran di sakola kl. II</i>	2	2
VII.	<i>Noelis aksara Latijn; ditimbangna tina pagawean toelisan</i>	—	—
VIII.	<i>Ngagambar di antarana njeun gambar pikeun panawaran (reclame)</i>	2	2
IX.	<i>Himnastik djeung kaoelinan</i>	2	2
X.	<i>Karadjinan; njeun roepa² barang anoe pĕrloe pikeun diadjar</i>	1	1
XI.	<i>Kawarasan; noeloejkeun pangadjaran di sakola kl II</i>	1	1

Pikeun kĕlas 2 mah, boh noe make basa loeloegoe Malajoe, boh noe hĕnteu, waktoena diadjar teh saroea bae

Pangadjaran di kĕlas 2.

- I. *Diadjar basa* (8 × $\frac{3}{4}$ djam)
 - a. Matja tina boekoe-boekoe bab: Atoeran lalar-liwat; ondĕrnemĕng; paoesahaan; coöperatie; badan pihoetang; padjĕg; accijns; pabean; asoeransi; hypotheek; pasar; samboenglajang; njengtjelengan, dste.

b. Nganjahokeun këtjap² noe sok dipake dina elmoe dagang; njoeratan; njieun samboenglajang; pēsēnan; pakélakan; soerat boelanan; nanjakeun djeung nawarkeun; pēta-pētana njieun soerat di Tanah Sēmēnandjoeng (Str. Settlements).

e. Biantara djeung njarita.

II. *Basa Walanda* (6 × $\frac{3}{4}$ djam)
Sakadar bisa ngarti (passief).

III. *Ngitoeng* (8 × $\frac{3}{4}$ djam)
Oekoeran djeung timbangan; entres; itoengan harga; potongan²; pangadji doeit; pabean; itoengan² di Singapoera.

IV. *Noelis*. Njieun sētāt; raraban; nota; rekening; kwitansi; soerat-dagang; ngeusian balangko-balangko (poswesēl, pos-paket, vrachtbrief dste.).

V. *Elmoe boemi*, 2 × $\frac{3}{4}$ djam
a. Nēroeskeun Hindia; nganjahokeun bēnēr pērdagangan di poelo Djawa, tanah Sabrang djeung Singapoera; Nganjahokeun doenja.
b. Barangkirim dagangan (pos; kareta api; kapal hibēr; prah-oto; garobag).
c. Pasar ngadagangkeun hasil nagara sorangan, djeung nagara-nagara anoe patjorok.

VI. *Nataan barang-barang* 2 × $\frac{3}{4}$ djam
a. Ngabedakeun aloes gorengna dagangan (kwaliteits-onderscheiding).
b. Prak-prakanana mariksa djeung nangtoekeunana.
c. Ngitoeng (ngajakeun) barang² noe ēnja pērloena di tēmpat matoehna.

VII. *Katērang bab dagang* (6 × $\frac{3}{4}$ djam)
a. Roepa-roepa badan pihotang (loemboeng desa, bang desa, volkscredietbank)
b. Roepa² oekoeran djeung timbangan noe dipake di Hindia.
c. Diadjar balitoengan (kaloearan; panarimaan; ngandjoek; ngandjoekkeun; sasadiaan).



Kébon manggah di sisi Tjimanoeck, Indramajoe.

Koelit Waras

koe margi oenggal dinten ngėbak nganggo Saboen Palmolive. Istri noe oeninga, jen koelitna tjahajaan, anom sarėng sėgėr, ngaraos salirana poendjoel. Ngamoemoele na koelit ěnja-ěnja pisan; sonten-endjing dikosok sakėdap koe boedah Saboen Palmolive doegi ka djadi lėmės, soeroep sieup nganggo pėrhiasan. Atoeran ngamoemoele kageulisan anoe saroe pi kitoe teh ngagajoe kageulisan sakoemaha anoe dipikapalaj koe djoeragan, margi eta saboen teu kinten seueurna ngandoeng minjak olijf, minjak noe matak lėmės kana koelit sarėng matak awet anom.



BOEN PALMOLIVE HENTEU NGANDOENG GADJIH SASATOAN

- d. Pésenan; tjonto-tjonto; ngeusian roepa² balangko.
- e. Makelaar; commissieonair (Manglakoekeun dagangan batoer).
- f. Coöperatie.
- g. Adat, pëta djeung tjarana dagang. Roepa² akal dina dagang.
- h. Tali paranti padagang priboemi djeung atoeran andjoek-hoe-tangna; noempoekkeun kahasilan; ngagolangkeun (ngadatangkeun djeung njëbarkeun) dagangan.
- i. Roepa² adat djeung akal padagang di Singapoera.

- VIII. *Elmoe alam*: 1 × $\frac{3}{4}$ djam
- a. Katërang bab djoealeun djeung dahareun (hasilna; njëbarkeunana; ngadjoealna; paedahna).
 - b. Bab elmoening tatangkalan djeung sasatoan.
 - c. Elmoe kawarasan.
 - d. Roepa² watëk alam (taradjoe; katrol; bascule; thermometer dste.).

- IX. *Ngagambar* 1 × $\frac{3}{4}$ djam
- a. Graphiek (Ngagambarkeun moendoer-madjoena hidji hal koe goerat-goerat).
 - b. Ngagambar pikeun samboenglajang.
 - c. Njieun kope (copieeren), nëplak tina salahsahidji tjonto.

- X. *Darmawisata (Excursies)* (?)
- a. Nendjokeun prakprakanana tangkoelak.
 - b. Ngalanglang pasar; tëmpat njëbarkeun dagangan.
 - c. Ngadjoealan barang² djieunna pribadi.
 - d. Nendjoan moesioem-moesioem noe aja patalina djeung dagang.

Sakitoe warna-warnana pangadjaran noe diadjarkeun di sakola dagang teh.

Koe sabrehan ðge djol-djol kanjahoon bae jen katjida pëpëkna pikeun diadjar dagang leuleutikan mah, babakoena di kël原因 doea.

Baroedak anoe tamat ti sakola dagang tea, koe goeroena moal djol-djol loer-djeun diantëp kitoe bae, tapi sabisa-bisa baris di-djeudjeuhkeun, dibantoean ichtiar sangkan manehna bisa ngagoenakeun pangartina.

Satoengtoeng tatjan katimbang jen bakal bisa matjakal sorangan. baroedak teh moal waka dikadjeunkeun koe goeroena.

Dina waktōe ieu, noe aja sakola-dagang teh di : Meestercornelis; Bandoeng; Djogdja; Samarang; Soerabaja djeung Probolinggo.

Satoeloejna baris ditarekahan ngadégkeun di : Koedoes, Solo, Pakalongan, Tasikmalaja djeung Tjirëbon.

Oepama ngingëtkeun, jen dina oemoemna bangsa oerang teh kaitoeng teu loba katërangna tina bab dagang, heug nendjo kana berendelan pangadjaran di sakola tea, asa sageuj ka hareup mah teu aja kamadjoeanana. Oelah kawas ajeuna : Amboe Atje keur taoen 1900 dagang baloek ; népi ka taoen 1939 teh baloek-baloek keneh. Naha ari Ēntjek Asong mah, tina dagang botol kosong teh bët ajeuna ngadjëgir tokona. Eta teh taja lian, ngan doemeh Ēntjek Asong mah tërang kana elmoena.

Rata² bangsa oerang sok hajang digawe noe hampang bae, tjara gawe kantor atawa boeboeroeh lianna. Mangkaning ajeuna mah lahan lëbah dinja teh geus pohara heurinna.

Soegan ari barisaeun elmoe dagang mah moal heseun teuing parëboet kahiroepan teh.

*Dagang atawa balantik,
Ngarah saoetak-saeutik,
Djeung ngadégkeun bibliotik,
Bisa koe modal saeutik.*



(Mangga njoehoenkeun katërangan bab ngadégkeun Bibliotik Partikoelir ka Bale Poestaka).

KINDERTOELAGE.

1. Mere kindertoelage teh dina atoeran B.B.L. 1938 oge tjara dina atoeran H.B.B.L. 1934 bae, disëngkër, ngan pikeun baroedak anoe geus sarakola woengkoel. Oepama atoeran anjar tea disaroakeun djeung noe kaseni dina artikël 12 ajat 2 tina H.B.B.L. 1934, baris kanjahoan, jen saroepea-saroepeana sakola noe diasoepan koe baroedak noe aja hak meunang kindertoelage teh pohara dirobahna.

2. Eta robahan tea, lantaran hënteu make katërangan anoe leuwih tetela, ngan oekoer disëboetkeun „badan pikeun pangadjaran handap djeung saloehoereunana” bae, katimbang pohara samarna. Koe sabab eta ieu di handap baris ditërangkeun deui.

3. Anoe koe artikël 17 ajat 2 tina B.B.L. 1938 dimaksoed „badan pikeun pangadjaran handap djeung saloehoereunana” teh, ngawëngkoe oge:

- I. sakabeh sakola (pagoeron) Goepërnëmen, ngoeroeng djeung sakola loehoerna, kitoe deui sakola anoe dioeroes koe badan wëwëngkon (autonome ressorten), boh anoe dideudeul boh hënteu koe Pamarentah.
- II. sakabeh sakola (pagoeron) anoe dibere soepsidi koe Nagara.
- III. sagala roepa badan-pangadjaran boh noe ngawangoen pikeun kapintëran oemoem, boh pikeun salah sahidji patoekangan, anoe sipatna — djadi lain loehoer handapna atawa gëdena — sadjadar martabatna djeung badan pangadjaran Goepërnëmen atawa djeung noe dibere soepsidi.
- IV. sakabeh sakola atawa pagoeron anoe hënteu gëmlëng (onvolledige scholen c.q. cursussen) toer teu dibere soepsidi sarta hënteu sadjadar martabatna djeung sakola Goepërnëmen atawa djeung sakola noe dibere soepsidi, tapi njoemponan kana sarat-sarat noe kasëboet di handap ieu:
 - a. mere pangadjaran ka baroedak leuwih ti tiloe oempi.
 - b. lilana baroedak diadjar di dinja pangsaeutikna sataoen, ngitoeng 240 poë.
 - c. sakoerang-koerangna 8 djam dina saminggoe dialadjarna.
 - d. pikeun aboes ka sakola noe teu ngadjarkeun pangadjaran handap, koedoe ditangtoekeun, jen tandjakanana tamät ti kelas lima di hidji badan pangadjaran noe ngadjarkeun pangadjaran handap.

Nilik kana berendelan di loehoer, djol breh bae kanjahoan, jen baroedak noe aboes ka sakola Fröbel mah henteu dibere kindertoelage.

4. Pikeun sakola-sakola anoe kaséboet dina angka I djeung II baris ditangtoekeun koe Direktoer Onderwijs en Eeredienst, satjoe-koepna, noeroetkeun robahan pangänjarna.

5. Pikeun sakola-sakola noe dimaksoed dina ajat 4 koedoe aja katërangan ti Kapala sakola noe ngahadja ditjitak pikeun eta, ari pikeun sakola noe sedjenna modelna katërangan ti Kapala sakola teh beda deui.

6. Katërangan noe leuwih tetela pikeun sakola-sakola noe dimaksoed koe angka III nja eta oepamana: sakola Taman-Siswa, „Sekolah Menengah“, National Handelscollegium di Bandoeng, roepa-roepa, sakola bogana pagoejoeban tjara Pasoendan, I.E.V.A.-huishoudschool di Bandoeng, nja eta badan-badan anoe mere pangajaran, sanadjan eta pangadjaran teh boh loehoerna, boh ambahanana henteu beunang disaroeakeun djeung sakola Goepërnëmen atawa sakola noe disoepsidi, tapi ari sipatna pangadjaran mah tetela jen saroea djeung sakola eta, atawa moen teu kitoe koedoe jakin, jen ënja ngadjarkeun pangadjaran handap djeung pangadjaran saloehoereunana.

7. Badan pangadjaran noe dimaksoed koe angka IV, nja eta sakola atawa pagoeron anoe henteu sadjadjar martabatna djeung sakola Goepërnëmen atawa sakola noe disoepsidi, oepamana bae Instituut Schoevers djeung roepa-roepa pangadjaran pikeun salah sahidji pagawean atawa pangabisa. Pikeun nganjahokeun njoemponan henteuna kana tandjakan panghandapna noe dimistikeun baris kanjahoan tina katërangan Kapala sakola anoe ngahadja didjieun pikeun eta.

8. Pikeun nganjahokeun ënja henteuna aja sakola anoe kaoeni dina katërangan ti Kapala sakola tea, eta soerat katërangan teh koe-doe ditanda koe:

- a. Kapala Nagara, pikeun sakola di tanah Sabrang.
- b. Assistent-Resident djeung Wadana, pikeun sakola Walanda deung sakola Priboemi di Pasoendan.
- c. Wadana, pikeun sakola di Djawa Téngah.
- d. Assistent-Wadana, pikeun sakola di Djawa Wetan.
- e. Kontrolir-B.B. pikeun sakola di tanah kasoeltanan Djogdja.
- f. Wadana-Zelfbestuur, sarta satëroesna Assistent-Resident, pikeun sakola di tanah kasoenanana Soerakarta.

Ieu teh sakola sakola noe ajana di wewengkon amténar-amténar noe diséboetan tadi tea. Eta soerat katérangan ti Kapala sakola, sabadana ditanda koe eta amténar-amténar tea, baris dikirimkeun ka anoe boga hak narima kindertoelage.

9. Përloe ditérangkeun, jen baroedak moerid sakola agama, nja eta sakola anoe babakoena ngadjarkeun agama, moal dibere kindertoelage. Ari noe diséboet sakola agama, nja eta sakola anoe mambrih, soepaja moeridna boh harita boh éngke ngarti kana bab agama atawa anoe patali djeung eta, atawa sakola noe ngadjar maranehanana sangkan woewoeh lèkèt djeung woewoeh tabah kana agama djeung kabatinanana atawa sabangsana, atawa ngan oekoer ngabaladah pangadjaran saroepa kitoe. Ari sakola anoe ngan sakadar ngadjarkeun agama saotak-saeutik bae mah pikeun namban pangadjaran tina pangadjaran noe bakoe, boh pangadjaran handap boh saloehoereunana, henteu diséboet sakola agama.

10. Baroedak anoe dilantarankeun koe salahsahidji kadjadian toer lain doemeh salah kolotna atawa noe ngarawatanana, henteu bisaun sakola, babakoena anoe kapaksa dialadjar di imah bae (oepamana noeroetkeun atoeran Clerkx) atawa kapaksa koedoe aboes ka sakola loear biasa (kajaning sakola pikeun noe pireu, noe lolong, noe bëlèt djeung sapapadana), pimeunangeunana kindertoelage teh haris ditimbang noeroetkeun ajat 3 pasal eta, kalawan babadamian djeung Komisi gadjih.

11. Balangko pikeun menta kindertoelage tea, sakoemaha soerat katérangan ti Kapala sakola bae, didjieunna teh koedoe doea lambar.

12. Dina atoeran kindertoelage noe ajeuna, aja atoeran anjar, nja eta „boedak noe teu poegoeh bapana tapi aja noe ngakoe kalawan sah”, wénang oge dibere kindertoelage. Pikeun nganjahoekun hal ieu, koedoe pohara léngkèpna soerat-soerat katérangan noe patali djeung eta.

13. Teu koedoe^o diséboetkeun deui, jen djaba ti noe ditataan di loehoer teh, atoeran-atoeran noe aja dina atoeran heubeul masih keneh aja kakoeatanana. Oepamana bae atoeran anoe patali djeung:

- a. njaboet boedak saheulaanan ti sakola henteu kalawan karép atawa kahajang noe djadi kolotna.
- b. majar toelage ka toehoorders (noe miloe diadjar kalawan henteu opisil diakoe moerid koe eta sakola).
- c. ngitoeng kindertoelage dina mangsana amténar noe boga hak

tea henteu narima gadjih sagëmbëlëngna, oepamana lantaran përlöp.

d. hal ngirimkeun katëरणan ti Kapala sakola saban ngamimitian sakola diboeka.

14. Ieu atoeran mimitina didjalankeun teh ti tanggal 1 Januari 1938, sarta patali djeung eta, dina katëरणan ti kolot baroedak anoe rek menta kindertoelage teh koedoe ditëरणkeun traha ngamimitianana boedakna tea disakolakeunana, djeung naha dina tanggal 1 Januari 1938 teh boedakna geus aboes ka sakola noe dimaksoed dina eta sèrat katëरणan. (Tapi ieu mah ngan pikeun kolot baroedak anoe tadina teu meunang kindertoelage, toer koe ajana atoeran anjar — noe ieu — bisa meunang).

15. Sagala roepa katëरणan anoe patali djeung sakola, boh sakola handap, boh sakola saloehoereunana, meunang torodjogan menta ka Dëpartëmen Onderwijs en Eeredienst; ari katëरणan sadjaba ti eta mah bisa meunang ti Hoofdambtenaar voor Algemeene Ambtenaarszaken (Dep. Financiën).

16. Balangko-balangko noe përlöe, bisa meuli di Kapala-Kapala sakola.

AOSAN MOERANGKALIH;

<i>Sakadang peutjang</i>	<i>f 0.40</i>
<i>Rasiah hidji mcerid sakola</i>	<i>„ 1.50</i>
<i>Wawatjan boedak kasarad</i>	<i>„ 0.20</i>
<i>Nji Sari Kingkin.</i>	<i>„ 0.32</i>
<i>Boedak Timoe.</i>	<i>„ 0.60</i>

BALE POESTAKA — BATAVIA-C.

POEASA

Kawadjiban keur kaoem Moeslimin, Moeslimatin sakoeliah doenja, noe geus nintjak ahir baleg, di oenggal-oenggal taoen, diparentah ngéntelan peudjit, nahan lapar halabhab, saboelan sing toetoeq, sakébéting boelan Ramdan, noendoeng napsoe ngoesir rërégëding ati, njetra koem pantjadria.

Teu dipilih noe beunghar noe miskin, hënteu iwal harkat djeung martabat, menak-koering sami bae, noe beunghar koedoe miloe, ngarasakeun kapeurih peudjit, sangkan njaho rasana, halabhab djeung aoes, menak oelah sënang-sënang, koedoe ingët manoesa teu bisa boedi, teu daja teu oepaja.

Noetoer oesoel ngilik-ngilik hadis, poeasa teh aja tiloe roepa, noe kahidji rada enteng, poeasa anoe „oemoem,” noe ilahar di oenggal moeslim, sarerea ge bisa, mëngkëk dahar nginoem, sapatëmon katiloena, paedahna tiba sënang moen geus boerit, dahar ngarasa ni'mat.

Noe kadoea geus mimiti soelit, djaba nilar anoe tiloe roepa, dahar nginoem sapatëmon, pantjadria ditoetoeq, tina soegri pang-goda iblis, sakoer gawe ma'siat, eta saoem „choesoes”, noe diparentah koe sara, saoem ieu noe dimaksad koe agami, sangkan takwa ka Allah.

Noe katiloe saoem para Nabi, para Sidik djeung Moekarrabina, soegri djalma anoe soleh, saoem „Choesoesil-choesoes”, djaba anoe kasëboet tadi, mantëngkeun lëlëmboetan, ngagoeloengkeun kalboe, sanggeusing djadi atoenggal, hënteu këndat emoet ka Goesti Jang Widi, tansah njipta ka Allah.

Noe kahidji moeng kiat sapalih, noe kadoea arang anoe bisa, anoe katiloe mah komo, wantoe saoemna Roesoel, teu katëpi koe bangsa koering, teu kaoedag koe oerang, anoe ipis elmoe, wantoe ning djëlëma loemrah, ngalampahkeun noe kadoea ge teu nëpi, beurat kabina-bina.

Ti mimiti kaloeur soerjadi, ěnggeus ingět jen boelan Poeasa, tjoemidoeh djeung oehak-ohek, kira poekoel sapoeloeh, geus mimiti karěsěl ati, bajeungjang pipikiran, toeloelj datang toendoeh, lapoer moen ditoeroetkeun mah, toeroeg-toeroeg teu paja kagětrak-gětrik, gampang bidjil amarah.

Poekoel satoe mimiti njalingit, djeung halabhab taja papadana, soemawon moen panas poě, beuteung patingkoeroewoek, disarada marenta eusi, moen koerang kasabaran, matak moal toetoeg, hoream njorang lima djam, akalna teh koedoe bisa maksa diri, moen batal sok handjakal.

Beuki sore lapar rada leungit, kitoe deui halabhab ngoerangan, tapi lěsoe nahnaj loengse, lar oen noeroetkeun napsoe, hajang ngěděng ngadjěhdjěr tjitjing, ari něranganana, seug oerang loemantoeng, ngalingling ngalanglang nangsa, bari njawang kaagoengan Maha Soetji, njipta noe nga iělna.

Paedahna ari moenggoeh hir, kaboengahan geus deukeut ka boeka, djeung kasoegěmaan hate, reh poě eta toetoep, bisa tětěp nohonan djangdji, rasa pinoeh koe ni'mat, paparin Jang Agoeng, heok tjangkěm noe poeasa, moenggoeh Allah leuwih ti ambar kastori, seungit angin-anginan.


lin Sětiahardja.

Měnding mana :

Legeg lěbe boedi santri, ari lampah euwah-euwah,

atawa

Parangi tjilimit, pamoeloe poeroenjoes, ari tekad pinandita.



Kajaan nalika moeka Bale Agoeng Islam.

DIMOEMOELE NOEMOETKEUN PAMENDAK DINA 43 TAEN

Tjisoesoe anoe sae matak waras moerangkalih.



Tjisoesoe entjer Bear Brand (Gesteriliseerd) oge aja, nja eta noe koe dokter-dokter disebat katjida saena kanggo sepoeh sareng anoe teu damang.



Tjisoesoe Bear Brand
TJAP „BIROEANG”

Mangga poetra paparin tjisoesoe tjap Biroeang. Kasaeen eta tjisoesoe kenging diper-tjanten. Tjisoesoe „tjap Biroeang” pohara sehatna, raos sareng teu aja sari-sari kaleng. Tjisoesoe amis tjap Biroeang ka moerangkalih matak enggal ageung sareng matak kiat. Ieu tjisoesoe awitna ti Zwitserland, nagara anoe kasohor ngaloearkeun tjisoesoe anoe pangsaena. Ieu tjisoesoe djabi ti sae kanggo moerangkalih teh, pohara raosna dileueut sareng tjikopi atanapi tjoklat, kitoe deui didamel koech atanapi podeng.

Hidji potret pertjoemah.

Djoeragan baris nampi hidji potret moerangkalih loetjoe sareng manis, pertjoemah, agengna 25 kalieun gambar eta anoe di loehoer, oepami djoeragan ngintoenkeun doea etiket tina kaleng tjisoesoe amis tjap Biroeang (Bear Brand Milk) disarengan koe coupon anoe di handap. Kitoe deui djoeragan baris nampi hidji formulier kanggo ngiring negoeh babadean Bear Brand, anoe nganggo pris artos anoe pohara saraena.

Kahatoer: H. Mij. E. Dunlop & Co., N.V.
Postbox 49 — Batavia

COUPON: Sinarengan serat ieu sim koering ngintoenkeun doea etiket kaleng tjisoesoe amis tjap Biroeang. Njoehoenkeun dikintoen pertjoemah potret moerangkalih Bear Brand sareng formulier kanggo negoeh babadean Bear Brand.

Wasta sim koering :

Adres :

.....
.....

PANGATOERAN NAGARA

ADATHOF SARĒNG ISLAMITISCH HOF

Ngawitan ti ping 1 Januari 1938 di Batawi parantos diwangoen doea bale-hoekoem anjar, nja eta: Adathof atanapi Bale-Adat sarĕng Islamitisch Hof atanapi Bale-Islam¹⁾

Koe margi eta bale noe doea teh kalĕresan barĕng diadĕgkeunana, seueur anoe gadoeh panjangka, jen Bale-Adat sarĕng Bale-Islam teh eta-eta keneh; padahal bentĕn deui. Koe margi eta, soepados oelah aja noe kaliroe, di dieu baris ditĕrangkeun kalajan ringkĕs, kakawasaanana eta doea Bale tea.

Adathof (Bale-Adat).

Noe disĕbat Bale-Adat teh nja eta sabagian ti Raad van Justitie (derde kamer van de Raad van Justitie) di Batawi; kakawasaanana eta „derde kamer” tea, kĕdah marios poetoesan-poetoesan Landraad tina pĕrkawis sipil, noe diapel samemeh ping 1 Januari 1938 ka Raad van Justitie di Batawi, Samarang sarĕng Soerabaja. Soepados poetoesanana hĕnteu anggaesol eta tiloe Raad van Justitie teh dihidjikeun bae kanggo sa-Poelo Djawa.

Koe margi anoe diparios koe Bale Adat tea sanes moeng pĕrkawis anoe patali sarĕng hoekoem-adat woengkoel, sajaktosna teu pati lĕrĕs oepami eta madjlis tea diwastan „Bale-Adat” woengkoel, langkoeng sae oepami disĕbat: Kamĕr Sipil kanggo pĕrkawis apel ka Raad van Justitie di Batawi.

Eta rengrengan kamĕr sipil (Bale-Adat) teh kĕdah diwangoen koe ponggawa pangadilan elmoe hoekoem-adat.

Anoe kapĕto tjalik dina rengrengan tea, nalika ngawitan diboeka teh nja eta toean-toean Mr. Zorab (sĕsĕpoeh), Mr. Bertling sarĕng Mr. Wijers (ĕlĕl). Kanggo ngabantoe-bantoe dina padamelanana, diwoewoehan koe doeaan, nja eta para djoeragan Mr. Djojodigoeno sarĕng Mr. Tirtawinata.

(1) „Hof” di dieu soepados gampil disĕbat „Bale” bae, nja eta madjlis anoe ngagadoehan hak sarĕng kakawasaan kanggo moetoeskeun adil-adilan. (Di oerang aja paripaos: „Oenggah bale watangan”, hartosna katarik pĕrkara).

Islamitische Hof (Bale-Islam).

Noe diwastaan Bale-Islam teh nja eta hidji madjlis pangadilan anoe henteu njangking hoekoem adat, nanging njangking hoekoem Islam. Wastana noe lérés mah nja eta „*Hof voor Islamitische Zaken*” atanapi dina basa Malajoe: „*Mahkamah Islam Tinggi*.” noe kawasa moeties adil-adilan kawas hakim loehoer, oepamina pèrkawis :

- a. poetiesan Raad-Agama di poelo Djawa sarèng Madoera anoe diapel.
- b. pasalia papahaman antawis Raad-Agama ieu sarèng Raad-Agama itoe, dina lérésan kakawasaan marios salahsawios pèrkawis.

Djadi Bale-Agoeng Islam teh moeng kanggo di Poelo Djawa sarèng Madoera woengkoel, mangkaning di Poelo Djawa sarèng Madoera woengkoel oge aja 82 Raad-Agama. Tina koe margi eta, anoe ngawangoen rengrenganana oge kédah Moeslimin anoe légok tapak gènteng kadek dina bagbagan hoekoem Islam, sarèng kédah pitoein bibit-boeit tédak poelo Djawa sarèng Madoera.

Anoe dina ping 1 Januari 1938 diangkat sésépoh nja eta djoeragan R. H. Moehammad Isa ti Serang. Doepi élid-élidna : djoeragan H. Abdoerachman ti Pasoeroean sarèng djoeragan H. Moechtar ti Djogdja.

Kanggo ngaloeloeogean padamélan sésératan sarèng damél kantor sanesna, diajakeun hidji Gilipir nja eta djoeragan Mr. R. Pandji Notosoesanto, anoe parantos kaetang lami oge didamél di kantor Adviseur voor Inlandsche Zaken kanggo ngoelik roepi-roepi pèrkawis noe pèrloe kanggo kapangkatanana.

Atoeran anoe bade apel (aja kapanasaran koe poetiesan hakim handap, hojong dipoeties koe hakim loehoer) ka Bale Islam, doemeh teu soegéma koe poetiesan Raad-Agama, ringkésanana di térangkeun di handap :

1. Kédah popojan ka sésépoh Raad-Agama anoe moeties pèrkawisna.
2. Oendjoekananana tea teu kenging langkoeng ti 14 dintén sabada nampi salinan pones (soerat poetiesan), atanapi sasasih sabada salinan pones tea ditèmbakkeun di gédong pangadilan Raad-Agama. Salinan pones tea ditempatkeunana teh moeng oepami noe kédah nampina tea teu kanjahoan pamatoehanana bae.
3. Kédah maparinkeun koewitansi ti Landskas — di kantor-kantor pos, kanggo tempat alit mah — ka sésépoh Raad-Agama,

jen manehna parantos majar waragad apel f 6.— seueurna. Kanggo anoe malarat, noe teu wěrat majar waragad apel tea, kědah maparinkeun soerat-miskin.

Anoe djadi lawanna, nja eta moesoeh dina pėrkawisna, koe Raad-Agama baris diwartosan, jen pėrkawisna tea di-apel. Doea pihakanana aja hak ngasongkeun soerat noe ngebrehkeun bebėnėranana.

Sėsėpoe Raad-Agama tėras ngintoenkeun sagala roepi sėsėratan tea ka Bale-Islam, nja eta: salinan pones, proses pėrbal, soerat kawin, rėkesan, koewitansi bajaran apel atanapi soerat miskin.

Kawadjiban Bale-Islam tea, sanes moeng kědah marios padamėlan Raad-Agama bae, namoeng wadjib ngahatoeranan timbangan ka P. Kg. T. Bėsar atanapi pangagoeng sanesna noe ditimbalan koe P. Kg. T. Bėsar, oepami mantėna ngaraos pėrloe.

PARAHIANGAN

Poestakamangsa noe loetjoe-sae-mirah. Tiloe sasih moeng f 1,50 kaloearan BALE POESTAKA. Anoe tiasa ngalėbėtkeun 4 langganan tiloe sasiheun toer timpah majarna eta noe ngalėbėtkeun teh dihatoeranan PARAHIANGAN pėrtjoemah (gratis abonne) tiloe sasiheun. Oepami sataoeneun ngalėbėtkeunana, nja sataoeneun deui dihatoeranan pėrtjoemahna.



APOLLINARIS saboerjalna ti djero taneuh Rea ngandoengna dat pikeun ngabérésihkeun awak, rasana ageunah. Pikeun ngadjaga kawarasan djeung tanaga, oenggal poé koedoe nginoem sabotol leutik.



Apollinaris

Lantaran poëk:
panon ripoeh, sirah
rieut, toengtoengna
pangadjaran moen-
doer.



Lampoe tjaang,
pikir sènanng,
ngapalkeun
goembira. rara-
saan lalèga.


Lampoe tjaang ajeuna mah
moerah. Bohlam lampoe
listrik OSRAM-D tjaang,
awet, moerah.

SALAWASNA

KOEDOE DIPAKE

LAMPOE

OSRAM-D



ONGKOS LALANDONG.

Dina Staatsblad taoen 1934 no. 1 kaoengël atoeran pèrkawis pangdeudeul Pamarentah ka ponggawa Nagara tina oeroesan lalandong ka doktèr sarèng ka roemah-sakit. Eta atoeran-atoeran noemoetkeun Staatsblad taoen 1938 no. 110 seueur anoe dirobah, sarta ngawitan dilarapkeunana ti ping 1 Januari 1938.

Sakoemaha noe kaoeninga: oepami aja ponggawa Nagara noron dina 6 sasih kèdah majar doktèr atanapi roemah sakit, atanapi ngagaleuh landong sarèng sapapadana salèbëting teu damang, boh kanggo salirana koe andjeun, boh kanggo para poetrana atanapi garwana, langkoeng ti 15% tina pangasilanana salèbët 6 sasih, eta ponggawa Nagara teh kenging soembangan ti Nagara, nja eta satèngahna tina lalangkoenganana.

Tjontona :

Klerk A gadjihna f 100.—. Dina 6 sasih noron ngaloearkeun ongkos lalandong doegi ka f 150.— (Eta teh f 60.— langkoengna tina 15% gadjih gènèp sasiheun).

Tah anoe f 60.— tea koe Pamarentah diparo, djadi moeng f 30.— sewang. Tègèsna: Klerk A teh majarna moeng f 90.— + f 30.— = f 120.—.

Dina atoeran anjar mah dirobah :

6 sasih djadi	3 sasih
15%	10%
satèngah	tiloe parapat.

Tjontona :

Klerk A tea (atanapi garwana boh poetrana) dina tiloe sasih kèdah ngaloearkeun ongkos lalandong f 150.—

Mangkaning 10% tina pangasilan 3 sasih teh moeng f 30.— djadi langkoengna aja f 120.—.

Eta noe f 120.— teh disoembang koe nagara tiloe parapatna, nja eta f 90.—.

Alhasil Klerk A teh majarna moeng f 30.— + f 30.— djoemlah f 60.— anoe kèdahna f 150.— teh. Langkoeng oentoengna tina atoeran heubeul teh f 60.—.

Anoe kagoengan hak kèdah rëkes ka Dèpartèmen atanapi ka pangagoeng noe ngabawahna di lèbët 3 sasih sabada lalandong tea; rëkesanana kèdah disarèngan koe koeitansi-koeitansi atanapi sèrat-sèrat anoe patali sarèng lalandong tea.


Ponggawa Nagara atanapi Pansioenan anoe :

- a. kagoengan hak kenging pitoeloeng doktër kalajan përtjoemah ;
- b. kenging njandak landong sarëng kapërloean lalandong ti Nagara kalajan përtjoemah ;
- c. njandak asoeransi-lalandong boh eukeurna boh pikeun poetra garwana ;
- d. gadoeh hak lalandong di roemah sakit kalajan përtjoemah.

Kenging oge dipaparin soembangan tea, oepami kapaksa kédah dilandongan koe doktër partikoelir atanapi ngagaleuh landong di apotik partikoelir, boh dirawat di roemah sakit partikoelir, oepami noe ditataan tadi tea memangna hënteu aja di tēmpat matoehna.

Sanadjan ongkos-ongkosna kirang ti 10% oge, soembangan mah baris tiasa kenging bae, asal salëbëting waktos 3 sasih.

*Nadjan rea doenja brana,
lamoen badan teu walagri,
moal aja kasénangan,
komo oepama ririwit,
soegih asa teu moekti,
lantaran sagala woedoe,
ari prajogana mah,
tjageur teh lahir djeung batin,
tapi tjageur teu djeung bageur mah përtjoemah.*



wédalan

GENERAL MOTORS

bentang pangmontjorongna antawis mobil djaman ajeuna, margi oenggal tahapan pangalos oge wédalan General Motors mah poendjoel bae amanna, awetna sarëng iritna.

Chevrolet
Opel
Vauxhal
Pontiac
Oldsmobile
Buik
La Salle
Cadillac
G. M. C.-Truck
Bedford-Truck



Sakapalaj Dioeragan boh noe aja di pabrik Tandjoeng Parioek boh noe aja di toko pangitjalan di oenggal tempat noe aragëng, tangtos ditjoemponan kalajan njoegëmakeun.

RANDA PONGGAWA NAGARA NOE LAIN OERANG EROPA.

Noe disēboet ponggawa Nagara (Landsdienaren) di dieu teh, nja eta noe dinēsna tētēp (in vasten dienst) di Goepērnēmen; djadi lain di Gewest, Provincie, Gemeente djeung Regentschap.

Sēring pisan kadjadian aja randa ponggawa Nagara anoe hēnteu tēranging koedoe ka saha mentana pansioen atawa ondersētan, nēpi ka rea noe balangsak. Padahal oepama tēranging kana atoeranana mah tangtoe maranehanana teh rarēkes.

Tapi sabalikna, rea randa anoe darapon bae rēkes, toer panoe-hoenna teh moal bisa ditjoemponan lantaran hēnteu kaogēr koe atoeranana. Eta teh bawaning koe teu aja katērang atawa soesoeganan aja sih piwēlasna Pangagoeng.

Soepaja sarerea tērang, ieu di handap ditērangingkeun atoeranana. Eta atoeran dilarapkeunana satjerewelena, hēnteu aja paribasa: „Ah karoenja, oerang bere bae.”

Sakadar tjontō, oepamana bae: dina atoeran teh disēboet jen ponggawa Nagara noe boga hak meunang pansioen teh oepama dinēsna noe kawēngkoe koe atoeran pansioen tea 25 taoen. Djadi anoe ngan 24 taoen 11 boelan mah moal meunang.

Poegoeh ari kērasna mah eta atoeran teh, tapi lamoen teu aja noe kēras kitoe, atoeuh matak atjak-atjakan.

Aja deui tjontona; dina atoeran dietjeskeun, jen randa anoe boga hak meunang pansioen teh nja eta bodjona noe kahidji (noe kolot). Tēgēsna bodjona noe kadoea atawa katiloe djeung kaopat mah masing dina rēkesna disēboetkeun jen ngarawatan ti barang brék gēring nēpi ka maot oge moal dibere.

Eta sakadar doea tjontō noe sok dipake alēsan koe randa noe marenta pansioen. Loba deui ari tjontō tea mah, tapi eta bae oge doea geus tjoekoe, jen noe marenta pansioen teh hēnteu koedoe ngasongkeun alēsan anoe didjieun-djieun. Asal njoemponan bae kana palanggēranana, moal boeroeng dibere.

Rēkes menta pansioen atawa ondersētan, *hēnteu koedoe dina segēl.*

I. Pansioen Randa.

(Staatsblad 1931 No. 473).

Anoe boga hak kana pansioen randa teh, nja eta randana ponggawa Nagara, anoe dina tanggal 1 Januari 1932 oemoerna atjan

60 taoen sarta gadjihna dina saboelan f 50.— atawa leuwih toer nikahna samemeh tanggal 1 Januari 1932 atawa dina sadjëroning njékél gawe *). Kitoe deui randa ponggawa Nagara anoe gadjihna sanggeus 1 Januari 1932 ditaekkeun kana f 50.— atawa leuwih.

Ponggawa Nagara tea koedoe ngalaporkeun bodjona noe boga hak nampa pansioen tea ka „Directie van de Indische Pensioenfondsen (Kramat No. 132 Batavia-Centrum).

Lamoen bodjona tea maot atawa pipisahan; atawa lamoen ponggawa Nagara tea boga deui pamadjikan, satoengtoeng digawe di Goepërnëmen keneh mah meunang ngalaporkeun pamadjikana noe anjar tea pikeun dibere hak pansioen.

Oepama ponggawa Nagara tea maot, randana teh koedoe nga-songkeun soerat panoehoën doea lambar soepaja meunang pansioen. Dikirimkeunana ka „Directie van de Indische Pensioenfondsen” dilampiran koe soerat kawin djeung „soerat mati”.

Tanda atawa tapak ramo — lain tapak djëmpol — koedoe dikoeatkeun koe djoeragan Tjamat atawa djoeragan Wadana.

II. Ondërsëtan.

a. Ondërsëtan ka randa djeung anak-anakna ponggawa Nagara anoe maot katjilakaan waktöe ngadjalankeun pagaweanana (Staatsblad 1921 No. 10 djeung Bijblad No. 11230).

Oelah kaliroe antara ponggawa Nagara noe maot katjilakaan waktöe ngadjalankeun dinës (oepamana toekang rim noe kageleng kareta api) djeung anoe keur toerni kataradjang panjakit bajah.

Noe kasëboet ti heula mah maotna teh dilantarankeun koe katjilakaan sabot manehna keur digawe sarta manehna teh moal tjilaka oepama dina mangsa eta oepamana keur djalan-djalan, sëdëng ari koe kasakit bajah mah boh keur toerni boh keur djalan² oge bisa bae katërap.

Oepama aja ponggawa Nagara maot sadjëroring ngadjalankeun pagaweanana, randana **) teh koedoe rëkes make përantaraan Pangagoeng noe ngabawahna, oepamana bae Hoofdinspecteur S.S;

*) Anoe ditikahna sanggeus pansioen mah, teu meunang.

**) Noe dimaksoed, nja eta pamadjikan anoe sah noe ditinggalkeun maot waktöe ngadjalankeun dinës tea. Oepama njandoeng, noe dianggap boga hak narima pansioen, teh pamadjikan noe nomër hidji (noe kolot).

Hoofd P.T.T. dienst; Hoofdinspecteur Boschwezen djeung djaba ti eta, lantaran eta rēkes teh koedoe „di-adpis” heula koe eta Pangagoeng, bab katjilakaanana tea.

Pamadjikan anoe sah — ilikan noot — djeung anak-anakna ponggawa Nagara tina pėrkawinan eta wėnang (hebben aanspraak) dibere ondėrsėtan, tapi djoemlahna pikeun indoeng-anak teh hėnteu meunang leuwih tina gadjih saboelaneun salakina tea, ngitoeng sabada 1 April 1934.

Djaba ti ondėrsėtan ieu, randana teh boga hak pikeun narima pansioen — ilikan dina bab I — kalawan njeun soerat panoehoen. Tapi gėdena pansioen teh njangkolong tina ondėrsėtan.

Ingėtkeun! Ondėrsėtan noe kasėboet di loehoer meunang dipenta koe randana atawa anakna ponggawa Nagara noe hėnteu dinės-tėtėp (niet in vasten dienst) kajaning maandgelders, werklieden djeung djaba ti eta.

b. Ondėrsėtan ka randa anoe salakina samemeh 1 Januari 1932 dilėpas tina 's Landsdienst, atawa noe boga gadjih pangpandeurina koerang ti f 50.— saboelan sarta maot samemeh 1 Januari 1938 (Bijblad No. 11256 djeung No. 12574).

Randa noe koemaha noe meunang ondėrsėtan teh?

Pėrloe ditėrangkeun jen Nagara maparin ondėrsėtan teh sakadar tawis kamoerahan manah bae, *lain hakna* noe dipaparin.

Pikeun meunang ondėrsėtan noe dimaksoed di dieu, randa teh koedoe njeun rėkes *torodjogan* dikirimkeun ka Directeur van Financiėn di Batavia-Centrum.

1. Noe disėboet randa teh pamadjikan anoe kahidji, noe hiroep keneh kalawan sah dikawin *samemeh* ponggawa Nagara tea pansioen.

2. Pikeun meunang ondėrsėtan tea, „salaki” Nji Randa teh koedoe satia djeung toehoe ka Nagara, sarta dina mangsana maot *) koedoe ngabogaan dinės pangsaeutikna 25 taoen noe diitoeng pikeun pansioen.

3. Randa tea bisa oge meunang ondėrsėtan, lamoen noeroetkeun papariksaan B.B. memang pėrloe ditoeloeng koe Nagara.

*) Oepama maotna tea memeh 1 Januari 1929, manehna koedoe ngabogaan dinės pangsaeutikna 30 taoen noe diitoeng pikeun pansioen.

4. Randa teh dibagi doea; kahidji anoe pohara waloeratna meunang anoe aja oge kabogana atawa leutik-leutik oge aja noe ngadjarkeun bandjél, tapi katimbang meudjehna dibere ondërsëtan noe pangrang tina mistina.

5. Lamoen noeroetkeun timbangan B.B. eta randa teh pohara waloeratna, manehna meunang dibere pangreana 50% tina pangrang „salakina” atawa tina djoemlah anoe koedoe ditarima koe „salakina” waktoe maot. Lamoen hënteu waloerat pisan, gëdena ondërsëtan teh: 40—30—20 atawa 10% tina djoemlah noe kasëboet.

Noe dimaksoed koe c teh ngan woengkoel randa noe ditinggalkeun maot koe „salakina” sanggeus 1 Januari 1938. (Sirkoelir Pamarentah tanggal 18 Maart 1938 No. 576/c).

6. Anoe meunang ondërsëtan teh randa ponggawa Nagara sipil meunang dilépas tina 's Landsdienst sabada tanggal 1 Januari 1932 bogaan gadjih koerang ti f 50.— atawa leuwih, tapi samemeh Januari 1932 geus ngetjagkeun kapangkatanana.

Noe disëboet randa teh nja eta pamadjikan ponggawa Nagara noe ditinggalkeun maot toer dikawin kalawan sah samemeh pangpandeurina, sarta djadi bodjo pangkolotna.

7. Pikeun meunang ondërsëtan tea, ponggawa Nagara teh koe-satua toehoe ka Nagara, sarta dina mangsana maot dinësna meunang bae sakoerang-koerangna 20 taoen noe diitoeng pikeun pansioen.

Lamoen gadjih pangpandeurina noe maot tea koerang ti f 100.— saboelan, randana (anoë sah) teh, sanadjan hënteu waloeratna, meunang bae ondërsëtan pangsaeutikna f 3.— saban boepang panglobana 15% tina dadasar pansioen. Djadi oepamana maot tea anoe „salakina” boga gadjih f 47.50 meunang ondërsëtan f 50, ari noe boga gadjih f 12.— meunangna teh f 3.—

Lamoen gadjih noe pangpandeurina noe maot tea koerang ti f 100.— saboelan, oepama randana tea hënteu waloerat bisa meunang ondërsëtan f 7.50 saboelan. Lamoen manehna waloerat, meunang leuwih rea, panggëdena 18% tina dadasar pansioen; oepamana bae dadasarna teh f 80.— saboelan, bisa meunang nepi panggëdena f 14.50.

8. Randa ponggawa Nagara noe gadjihna leuwih ti f 100.— saboelan, meunang dibere ondërsëtan 50%, 40%, 30% atawa 10%

tina pansioen anoe katampa koe salakina atawa baris ditarima koe manehna, tapi ondërsëtan tea pangsaeutikna koedoe f 7.50 saboelan, sarta panggëdena nëpi ka 18% tina dadasar pansioen.

Patali djeung eta, oepamana bae aja randa noe salakina boga pansioen f 70.— saboelan, oepama përløe dibere ondërsëtan meunangna teh panggëdena f 35.— ari pangleutikna f 7.50.

Anoe pohara koedoe diingëtkeunana koe randa, nja eta ieu :

1. Oepama aja kapërloean anoe patali djeung pasal menta pansioen atawa ondërsëtan, patjoean rek menta toeloeng ka djalma sagawajah, komo ka noe aja pangarahan mah.

2. Sëring aja djalma noe oemangkeuh sanggoep mangmentakeun pansioen atawa ondërsëtan pikeun randa teh, sarta atjan karoehan dibere-hënteuna eta djalma teh geus wani menta boeroehan atawa paroeroegi noe lain saeutik ti Nji Randa teh. Hasilna, njamos. Noe kitoe mah teu aja bedana ti nipoe. Oerang koedoe ati-ati.

3. Oepama aja randa noe meunang pansioen atawa ondërsëtan, heug manehna teh boga deui salaki, eta pansioen atawa ondërsëtan teh baris ditjaboet. Oepama kanjahoanana jen boga deui salaki teh sanggeus sawatara waktøe, pansioen atawa ondërsëtan ti waktøe kawin tea koedoe dipoelangkeun. (Oepamana : Nji Randa teh dina tanggal 1 Januari boga deui salaki tapi hënteu dilaporkeun. Barang dina boelan April, kanjahoan jen kawin deui. Tah eta Nji Randa teh koedoe moelangkeun pansioen atawa ondërsëtan tea ti Januari nëpi ka April, sarta satëroesna moal dibere deui).

4. Soepaja hënteu ngahesekeun, balangko paranti menta pansioen djeung soerat mati teh di sawatara kantor Landskas (kantor pos) sok aja sadiaan pikeun noe përløe make.

Ana ninggang kana mangsana, sagala djëlëma oge sok mantëp kana hidji përkara. Aja noe 30 mëniti mantëpna nëpi ka oelëng teh; aja noe nëpi ka 30 poë; malah aja noe nëpi ka 30 taoen tëtëp oelëng.

Tah ngan ieu, noe oelëng nëpi ka 30 taoen tea, noe baris tinëkan sapamaksoedanana teh.



BAKO

SEK

VAN NELLE

NOE

PANGSAENA

LĒNJĒPANEUN.

1. Omong hade bisa mawa ka sawarga, omong goreng bisa ma ka naraka.
2. Bisa ngomong matak bisa ngahontal bagdja loehoer.
3. Oelah waka njangka goreng ka djëlĒma, lamoen tatjan tjoba koe omong hade.
4. Mana anoe koedoe diteangan: Loba sobat loba moesoeh, sacul sobat loba moesoeh, atawa loba sobat saeutik moesoeh?
5. Mana anoe leuwih hade: Gampang ngarti gampang poho, hĒ ngarti hese poho, atawa gampang ngarti hese poho?
6. Leuwih hade hĒnteu ngomong, ti batan ngomong noe hĒnteu pĒrloe.
7. HĒnteu beunang ditangtoekeun, jen omongan djëlĒma teh dja di gambar pikiranana.
8. Lamoen hajang ngaboektikeun kamoerahan Pangeran, maneh koedoe mĒtakeun kabeh akal tarekah.
9. Lamoen maneh hajang njaho kanjaah bapa ka anak, maneh koedoe boga anak.
10. Lamoen aja kalakoean kolot maneh noe teu tjtjog djeung hate maneh, eta koe maneh oelah dianggap siksaan ka diri maneh.
11. Kasalahan diri batoer bisa djadi koe lantaran salah maneh.
12. Sasa-saha noe boga niat miloe ngaloesan kana kaajaan doe nja, eta saroea djeung ngabakti ka Pangeran.
13. PĒrang panggĒde-gĒdena nja eta mĒrangan napsoe sorangan.
14. DjĒlĒma noe pangbĒdasna nja eta noe bisa nahan kasoelah bangĒt.
15. Anoe pintĒr Ēnjaan mah hĒnteu boga rasa pintĒr.
16. Saha-saha noe tara daek tatanja, bisa djadi deukeut kana pi tjilakaeun.
17. Maneh koedoe ngarasa bagdja, lamoen batoer meunang bagdja lantaran panggawe maneh.
18. Indoeng bapa katoet anak koedoe silih pikaasih, lamoen oerang hajang tinĒmoe djeung bagdja.

Pa Kwari.

ATOERAN POST

I. TARIP.

Soerat biasa

Di djero kota : nëpi ka 140 g, dina saban² 20 g atawa bagianana
na 20 g 5 sen
Leuwih ti 140 g diitoengna kawas soerat pikeun ka loear kota.

Ka loear kota :

nëpi ka 20 g	10 sen
behoereun 20 g nëpi ka 50 g	20 ..
.. 50 g 100 g	30 ..
.. 100 g 200 g	40 ..
.. 200 g 300 g	50 ..
.. 300 g 400 g	60 ..
.. 400 g 500 g	70 ..
.. 500 g 1000 g	80 ..
.. 1000 g 1500 g	90 ..
.. 1500 g 2000 g (teu meunang leuwih) ..	100 ..

Postblad

Di Hindia, ka Nederland, Suriname djeung Curaçao,
parangkona 7½ sen
(Di Kantor pos didjoealanana 8 sen ; noe sapeser
harga kërétasna).

Ka nagara loear 15 ..

Kartoe pos

Di Hindia, ka Nederland, Suriname djeung Curaçao
Noe lambaran 3½ sen
Noe ngarangkep djeung pikeun balésanana 7 ..
Ka nagara loear :
Noe lambaran 10 ..
Noe ngarangkep djeung pikeun balésanana 20 ..

Drukwerk

- a. Di Hindia ;
Něpi ka 500 g saban² 50 g atawa bagianana tina 50 g 2 sen
Leuwih ti 500 g dina saban² 250 g 10 ..
- b. Ka nagara loear
I. Ka Nederland make zeepost: kawas di Hindia
II. Ka Nederland make Landmail, saban 50 g atawa babagianana tina 50 g 3 sen
III. Ka nagara loear lianna, saban 50 g atawa babagianana tina 50 g 3 sen

Koran

Ngan pikeun di Hindia bae. Lamoen ngirimkeun koran ka nagara loear, taripna koedoe tjara tarip drukwerk ka nagara loear.

Ari tarip di Hindia, nja eta :

- Něpi ka 55 g 1 sen
" " 100 g 2 ..
Satěroesna něpi ka 500 g dina saban² 50 g atawa babagianana tina 50 g 1 ..
Soeloehoereun 500 g dina saban² 250 g atawa babagianana 5 ..

Document

- a. Di Hindia
(Bajaran noe pangsaeutikna (minimum) nja eta sakětip)
Saban 50 gram 2 sen
- b. Ka Nederland make zeepost: kawas di Hindia
- c. Ka Nederland make Landmail, djeung nagara loear lianna, saban² 50 gram 3 ..
(Pangsaeutikna 15 sen).

Monster

Tarip djeung atoeran ngirimkeun di Hindia djeung ka Nederland koe pos laet saroea djeung Pakjes. Ka Nederland koe mel djeung ka nagara loear oenggal 50 g ... 3 ..

Stjes

Hindia

Něpi ka 500 g saban ² 50 g atawa bagianana tina 50 g	2 sen
leuwih ti 500 g, saban 250 g	10 „
ngsaeutikna koedoe majar	4 „
nagara loear	
Nederland make zeepost: kawas di Hindia	
Nederland make Landmail djeung nagara loear	
lianna, saban 50 g atawa babagianana	3 „
ngsaeutikna bajaranana	30 „

Stpaket

Poelo Djawa djeung Madoera; di Tanah Sabrang tapi
anteu make meuntas laoetan ngirimkeunana (oepamana bae ti
Bandang ka Pajakoemboeh)

Něpi ka 1 kg	f 0.40
„ „ 3 „	„ 0.60
„ „ 5 „	„ 0.80
„ „ 10 „	„ 1.20

Antara těmpat-těmpat anoe ngirimkeunana meuntas laoetan, boh
Bandjangna pěrdjalanan (oep: ti Bandjarmasin ka Makasar)
h wawarehan (oep: ti Bandoeng ka Pamatangsiantar)

Něpi ka 1 kg	f 0.60
„ „ 3 „	„ 0.80
„ „ 5 „	„ 1.20
„ „ 10 „	„ 1.80

ka Nederland make zeepost

Něpi ka 1 kg	f 1.25
„ „ 5 „	„ 1.75
„ „ 10 „	„ 2.85

ka Nederland make Landmail

Něpi ka 1 kg	f 2.10
„ „ 5 „	„ 3.05
„ „ 10 „	„ 5.—

ka nagara loear lianna mah, leuwih hade ditanjakeun heula
ka amtěnar pos, lantaran oenggal² nagara pada boga tarip
porangan.

rukwerk tea, sanadjan ngan sakětjap oge, bisa djadi kiriman erang teh moal nēpi atawa balik deui ka oerang.

Aloesna, oepama rek nambahan atawa ngeusian drukwerk anjakeun heula ka amtēnar pos. Drukwerk teu meunang dilak atawa dipageuhan.

Document

Noe disēboet document teh nja eta kiriman anoe ditoelis sa lengna atawa ditjatak sawareh, tapi hēnteu ngandoeng harti nērat atawa ngoeroeskeun kapērloean anoe torodjogan antara girim djeung noe dikiriman (niet van persoonlijken aard).

Tjontona : karangan² pikeun soerat kabar ; soerat gade ; soeradjēg atawa soerat pananjaan padjēg ; roepa² laporan boh langroepa rēgistēr atawa sētat, boh noe lambaran ; gambar meunang leungeun ; raraban (tabellen).

Ngirimkeun documenten teu meunang dirapēt, dilak atawa dipageuhan.

Monsters

Ari monsters teh hartina tjonto.

Kiriman² noe kaitoeng monsters, nja eta roepa-roepa hasil beurat atawa hasil dagang noe dikirimkeunana sakadar pikeun tjontopaja dikanjahokeun koe noe dikiriman tea. Ngirimkeunana hēnteu meunang loba-loba — beuratna ge teu meunang leuwih ti 500 gurtta eta kiriman tea koedoe oelah aja pangadjina (monsters zou aarde).

Monsters teu meunang dirapēt, dilak atawa dipageuhan moesna, kadjaba oepama eta barang memangna didjaroealanana toetoep dina wadah noe dipatri, oepamana bae: tjisoesoe-kaleng vomaltine d.r.r.d.

Pakjes

Barang-barang noe laleutik oepama dikirimkeun koe postpakawana diamplopan kawas soerat, tangtoe ongkosna katitih mah pi ari dikirimkeun koe monster moal ditarima, lantaran bontonto dagangan djeung aja pangadjian.

Barang saroeapa kitoe leuwih hade dikirimkeunana make pakjes. Tjonto-tjontona : peso, kontji, vulpen, tasma, sapoetangan, sok, taplak medja, pipah, padoedan, paneker, wadah bako, kaleng mobilan, bēndo-tjatak, kērēpoes djeung sapapadana sakoer ng ringkēs djeung teu sakoemaha pangadjina.

Harung² noe aja hargaan, kajaning ali, geulang, bintang djst.
meunang dikirimkeun make pakje.

Nyirimkeun pakje teu meunang dirapët, dilak atawa dipageuhan.

Djaba ti soerat mah, sagala roepa noe sedjenna koedoe ditoelis
loehoereun adres, oepamana : drukwerk ; monster ; document ;
aangeteekend.

1. Expresse bestelling; 2. Aangeteekend; 3. Adres;
4. Kartoe tanda-tangan; 5. Poste-Restante.

1. Lamoen soerat (atawa kiriman naon bae) hajang gantjang
stampana, koedoe ditoelis di loehoereun adres „EXPRESSE” ;
ongkosna f 0.25 djaba ongkos kirimanana pribadi. Tëgësna
majar ongkos biasa teh ditambah deui satalen.

Loba noe njangka, jen expresse teh dikirimkeunana ka tēmpat
didjoegdjoeg harita keneh, nēpi ka — tjek sangkaanana —
kareta api anoe ngawoengkoel inditna mawa eta expresse.
Nangkaan kitoe teh salah.

Ari inditna kiriman tea mah biasa bae barēng djeung pos noe
indit samistina, ngan di tēmpat noe didjoegdjoeg, eta ki-
ri teh sadatang-datang tēroes ditēpikeun bae, teu ngadagoan
mangsana pasoeratan arindit ngabagikeun pos.

2. Kawas expresse bae, sagala roepa kiriman (djaba poswesel
pospaket) meunang dikirimkeun koe „AANGETEELKEND”,
ongkosna, djaba ongkos kiriman biasa teh ditambah koe f 0.20.
Maksoedna soepaja oelah leungit. Lamoen leungit oerang di-
antlan f 25.—.

3. Patjoean lalawora ngadresan kiriman. Oelah boga rasa :
„Ah da geus njarahoëun ieuh pasoeratan oge.” Anggapan kitoe
gagabahna. Ari eta mah soerat oerang sok narēpi koe adres
lalawora, doemeh kabënëran bae mapajkeunana.

Cieura ieu adres noe kieu :

Kapada

Nji Raden Aisah

di Bandoeng.

Tjek saha teu lalawora, apan di dajeh Bandoeng noe sakitoe
sakoerang-koerangna aja 500 mah awewe noe nga-
Aisah.

Geus kitoe adres kawas ieu :

*Sĕrat kahatoer
apilĕnggahing djĕng rama
di Bodjongmeron
Tjiandjoer.*

Adres noe kitoe, pandjang oge teu poegoeh², da teu aja ny
rana, mangkaning di Bodjongmeron teh oenggal „bapa” tangtu
hajangeun disoeratan koe anakna.

Njieun adres salawasna koedoe tjoekoep, koedoe ditoelis ngaranu
pangkatna pamatoehanana djeung nomĕr imahna noe disoeratan
Tjontona :

*Kahatoer
hing djoeragan R. Saleh
toekang batik
Tjiamisweg 18
Tasikmalaja.*

Oenggal njoeratan oelah poho noeliskeun apsendĕrna.

4. Kartoe tandatangan, atawa di pos mah disarĕboetna „controle
kaart” katjida pĕrloena. Goenana pikeun oepama oerang barang
tjokot ka kantor pos moal matak hese deui, babakoena oepam
nitahan batoer.

Controle kaart di hidji tĕmpat teu meunang dipake di tĕmpat
sedjen.

Hargana sakĕtip, dipakena dina djĕro tiloe taoen.

5. *Poste Restante* teh maksoedna soepaja kiriman-kiriman pikeun
oerang ditahan pikeun sawatara waktōe nĕpi ka ditjokot koe
oerang pribadi.

Anoe meunang menta *Poste-Restante* nja eta djalma anoe hĕnteu
bisa ditangtoekeun pamatoehanana, oepamana anoe anjar pindah
tĕmpat toer atjan meunang imah noe baris ditjitjingan ; soedagar
(handelsreizigers) noe pipindahan ti tĕmpat ieu ka tĕmpat itoe .
lid-lid Volksraad djeung Provinciale Raad noe matoehna di Batawi
pikeun saheulaanan, sabot aja pasamoan bae ; noe keur njaba
sanadjan matoehna di hotel oge meunang bae menta *Poste-Restante*

Tjindĕkna : *Poste-Restante* teh adres pikeun saheulaanan.

III. NGIRIMKEUN TELĚGRAM

1. *TelĚgram moerah*

TelĚgram teh roepa², aja noe biasa, noe pĕrloe (dringend) djeung moerah (uitgesteld).

TelĚgram „dringend” majarna tiloe kalieun telĚgram biasa, ar „uitgesteld” sakĕtjapna ngan *sakĕtip*, teu make majar naon² deui. TelĚgram uitgesteld ka nagara loear, majarna gicik-rata ngar katĕngahna tina tarip telĚgram biasa.

IV. TELEGRAAFSTATIONS

Baheula mah oepama oerang arek ngirimkeun telĚgram ka tĕm pat tĕmpat anoe djaoeh ka kantor pos teh sok nanja heula ka dir urangan bisa atawa hĕnteuna nĕpi ka tĕmpat noe ditoedjoel dina poĕ eta keneh. Oepama bae ti Batawi ka Kandanghaoer (Tjirĕbon), atawa Tjibalieng (Bantĕn). Harita mah oerang teh pohara ham banna sieun teu nĕpi.

Hal ieu koe pangagoeng P.T.T. oge kaoeninga.

Toeloej ditarekahan, soepaja telĚgram-telĚgram tea beunang di tangtoekeun pinĕpieunana.

Harita njieun pĕrtjobaan di sawatara katjamatan djeung kawa danan di Poelo Djawa, toer hasilna pĕrtjobaan tea pohara matal oegĕmana. Lain ngan doemeh telĚgram tea bisa nĕpi dina po eta bae, tapi teu aja noe salahna deuih, teu beda djeung telĚgram anoe katampa torodjogan ti kantor pos bae.

Koe sabab kitoe, kalawan opisil toeloej oenggal-oenggal katja matan djeung kawadanan teh dipapantjenan koedoe djadi „tele graafstation”. Anoe poerah ngoeroesna djoeragan Djoeroetoeli ka I, kalawan dipaparin paroeroegi koe P.T.T.

Tĕgĕsna oerang mah majar teh teu koerang teu leuwih sakoe maha majar ka kantor pos bae.

Djadi ajeuna mah — oepamana — oerang Sindangbarang (c basisir Tjiandjoer) arek nelĚgram ka oerang Tjihara (di basisir Bantĕn), tjoekoep ka kawadanan bae, toer beunang dipastikeur jen bakal nĕpi dina poĕ eta keneh.

Kĕntjĕng karĕp, gĕde kadaek!

PIWOEROEK APA

KARANGAN
KARTASOEKANTA

(Samboengan Volksalmanak Soenda taoen 1938).

SINOM.

92. Ajeuna noe katjarita, pasal opat poeloeh hidji, oepama anoe noe tjoea, tatapi omongna manis, koedoe dibalës manis, sing hade oelah digoegoe, tong waka dipërtjaja, koedoe boga rangkëp pikti omong manis tërkadang aja ratjoenan.

93. Pasal opat poeloeh doewa, maneh koedoe mangka eling përkara padoe singkiran, soepaja salamët diri, lantaran tjomë biwir, noengtoen kana djadi moesoeh, kadjeun sok koe përkara sakoerang-koerangna saksi, leuwih hade teu rësëp papaseaan.

94. Opat poeloeh tiloe pasal, ajeuna kasëboet deui, banjol oelali kaliwatan, koedoe make tëmah wadi, bisi naradjang boekti, noem boek kalakoean batoer, mënëran saënjana, matak djadi raheut ati njëri angën djalma anoe dibanjolan.

95. Kaopat-poeloeh-opatna, oepama boga pangarti, pangabisa noe oetama, noe mangpaat kana diri, oelah njoempoetkeun teuing koedoe liarkeun ka batoer, tangtoe meunang gandjaran, panariman anak moerid, elmoe eta minangkana bibinihan.

96. Oepamana binih katjang, ana teu dipëlak deui, taja pih sileunana, dioenon mah tara djadi, kitoe deui pangarti, teu dilar keun ka batoer, moal tambah gandjaran, djeung moal tambah pangarti, anoe hawëk tara rea kawawoehan.

97. Noe kaopat-poeloeh-lima, adat djalma noe geus galib, sok rësëp andjang-andjangan, ari noe dipake ngirim, lain dodol djeung wadjit, tapi omongan teu oeroes, malar noe diandjangan, djadi kaboengahan ati, wawadoelna asoep mikat panjoegoehan.

98. Djalma noe kitoe pëtana, asoep kana watëk beurit, hënteu malar kahadean, kabita koe amis-amis, tina tinggal ti boedi, ra djeun asoep kana tjuebloek, kitoe deui di djalma, ana njampak nor binangkit, wawadoelna hënteu meunang panjoegoehan.

99. Kaopat-poeloeh-gënëpna, anoe katjarita deui, lamoen maneh boga salah, ënggeus karasa koe diri, djeung deui ënggeus misti,

manéh koedoe nĕda maloem, geuwat menta hampoera, oelah diĕng-
bekeun deui, soepajana teu disĕboetkeun basangkal.

100. Opat poeloeh toedjoeh pasal, anoe ditjarios deui, oepa-
mana aja djalma, lampahna djoelig djeung dĕngki, lakoena taja
deui, djaba ti ngomongkeun batoer, misahkeun sasanakan, nga-
wangkahkeun noe keur asih, noe ditjatoer kagorenganana djalma.

101. Oelah arek dipĕrtjaja, ka manéh nja kitoe deui, toekangeun
manéh meureun ngoepat, noe kitoe taja kaasih, pikirna sirik pidik,
barta pna ngan ngadoe-ngadoe, singkiran masing anggang, oelah
dikomaan teuing, pangarahna leuwih batan sato galak.

102. Kaopat-poeloeh-dalapan, hiroep koedoe ati-ati, sing bisa
njimpĕn rasiah, masing pageuh kade bidjil, tjatĕt di djĕro ati,
harana ari geus bitoe, hese malikanana, meureun ngandoeng ati
d.l., sasat mere kĕris keur nĕwĕk manehna.

103. Oepama bidjil rasiah, lain ka sahabat deui, anoe geus aja
oepata, pĕrdjangdjian lahir batin, sapandjangna ge risi, rasa ka-
wĕk koe batoer, oepama kagorengan, kantoen gĕring bae pikir,
rek ngalawan da geus katjĕkĕl rasiah.

104. Sanadjan ka sobat ĕnja, noe geus djangdji lahir batin,
oelah merean rasiah, sakira-kira teu misti, tapi oepama misti, ma-
neh arek menta toeloeng, wĕnang oge kaloeur, tapi koedoena
dipilih, noe kasĕboet dina pasal opat wĕlas.

105. Noe opat poeloeh salapan, lamoen hajang meunang adji,
dindjenan koe noe rea, oelah ngagoengkeun pangarti, lelewa anoe
leuwih, ka batoer dipake agoel, mĕtakeun kapintĕran, sabisa-bisa
ting lantip, kapintĕran pindingan koe kabodoan.

106. Tjatjadna anoe boemisa, moal nambahan pangarti, rek
manja ka batoer era, doemeh geus ngakoe binangkit, kalampah noe
geus galib, bodona boeni dikandoeng, kabisana didadar, pangarti
dipake oelin, ana parĕng ditanja hidji masĕlah.

107. Noe manehna tatjan bisa, ngahoelĕng rek waktja isin, doe-
meh geus oelat boemisa, bodo deungeun pintĕr koering, ana pok
oelad-alid, ngawangsoelna hĕnteu poegoeh, tĕmahna didjĕbian, bo-
lampar meunang pangadji, sabalikna anggoer heug bae dioenghak.

108. Pasal kalima-poeloehna, masing bisa hormat tadim, ang-
gah-oenggoeh sapantĕsna, ka menak reudjeung ka koering, koedoe
hedakeun deui, dipapantĕs dipapatoet, ninggang kana pĕrnahna.
ana kahandapan teuing, siga pisan djalma noe aja pangarah.

109. Soemawonna kaloehoeran, djadi tjatjad kana diri, djalma
tjoelangoeng ngaranna, teu make adat sasari, noe ngora koedoe

ngadji, tata titi tindak tandoek, adab djeung tatakrama, wiwahi kira pamanggih, tata basa sing bënëŕ salang soeroepna.

110. Kalima-poeloeh hidjina, anoe katjatoerkeun deui, hiroep teŕ oelah tjawadan, kana sagala përkawis, moen maneh tatjan ngarti kana pakarëpan batoer, openan ka noe lian, katara jen koeran boedi, antëp bae moen hade anggoer toeroetan.

111. Komo moen arek pojokan, ka sakabeh aki-aki, tina ka kolotanana, loemrahna di aki-aki, kasantosaan leungit, hoentompong panon lamoer, koe sakabeh djëlëma, moen aja oemora kapanggih, paribasa njeungseurikeun oepih ragrag.

112. Mojok noe bakal kasorang, reudjeung oelah soeka seuri mojukan noe tanpa daksa, noe pintjang lolong djeung toeli, salian eta deui, tjatjadna sakabeh mahloek, sasat mojak Pangeran, padahal kërsaning Goesti, anoe tjatjad lain pisan kahajangna.

113. Reudjeung oelah gantjang njëla, ka djalma noe kareŕ pangguh, atawa gantjang ngahina, karana bisi di ahir, maneh ka balës isin, noe dihina bangsa loehoer, salah tina panjangka, leuwih ti maneh pribadi, panjëlana ka toekang dibalik wirang.

114. Pasal lima poeloeh doea, masing bisa noendjang biwir, poma rek salah omongan, karana ari geus bidjil, hese asoepna deui, dimisilkeun pëlok limoes, ari geus djadi tangkal, teu daekeun asoep deui, kana pëlok anggoer toeloer ngarandakah.

115. Djeung omongan goreng tea, tarik batan mimis bëdil, lëpa batan koeda koempat, sarta seukeut batan kërís, ana geus raheut ati, teu beunang koe djampe doekoen, mana koedoe iatna, sakëtjap koedoe dianggit, ana salah matak niwaskeun ka awak.

116. Djeung deui omongan tea, noe hënteu make dipikir, nga bëdil hënteu disipat, meureun geseh arang djadi, leuwih hade noe apik, sakoeroep njaoer dilësoe, sakëtjap dipiboga, make kira tëmali wadi, sinom tamat midjil pisoeroepeunana.

MIDJIL

117. Lima poeloeh tiloe pasal deui, noe rek ditjaríos, djalma koedoe gëten sarta titen, kana barang noe sipat laleutik, anoe baris hasil, sarta matak loeloes.

118. Majar hoetang djeung nëtëpan djangdji, njëgah omong kosong, nadjan leutik bisi djadi gëde, ana hënteu dititen dipikir, djadi tjatjad diri, oepama ngabadjoe.

119. Moal aja noe mërtjaja deui, lamoen geus kasohor, sala-

ana moal aja adjen, koedoe jatna djeung masing eling, hal
pan djangdji, di manoesa pěrloe.

120. Pasal lima poeloeh opat deui, noe rek ditjarios, maneh
ning bisa njimpěn hate, lamoen aja katjoea ati, teu soeroep
ung pikir, ka sahidji batoer.

121. Koedoe djaga omong oelah bidjil, noe soewaban songong,
al ěngke di ahirna goreng, anggoer maneh měroehkeun pikir,
gětkeun ka takdir, koedrating Jang Agoeng.

122. Ĕnggeus loembrah djalma menak koering, noe ngora noe
ulot, hěnteu pisan boga rasa goreng, moen dioenghak tinangtoena
ri, nadjan sato leutik, tjara babakaoer.

123. Moen ditintjak tangtoe malěs njěri, eta djadi tjonto, djalma
mo harěp kana adjen, kana tjarek goreng hěnteu soedi, djělěma
us galib, manggih tjarek moemoel.

124. Pasal lima poeloeh lima deui, noe rek ditjarios, lamoen
jalma migoreng ka maneh, moen rek malěs koedoe reudjeung
wědi, kade make sěngit, soemawonna manjoen.

125. Koedoe ngomong sareh sarta manis, soepaja kagěpok, ka-
těkakeun lampahna noe goreng, oetamana mah ěntong dipikir,
hade djieun misil, ibarat halimoen.

126. Měndoeng oge moal djadi tjai, nja kitoe noe awon, anoe
keukeuh migoreng ka maneh, lamoen maneh geus njata běrěsih,
montong djadi risi, sakarěpna loepoet.

127. Pasal lima poeloeh gěněp deui, noe rek ditjarios, lamoen
njata běrsih lampah maneh, montong make soesah sarta risi, ma-
ng hade pikir, moen ditěrka batoer.

128. Saoepama maneh teh ditoeding, tjěnah lampah awon, tapi
hěnteu karasa koe maneh, oepamana maneh teh teu gěring, disě-
tětkeun gěring, paněrkana loepoet.

129. Djalma djagdjang waringkas walagri, teu radang teu botol,
kitoe deui lampah běrsih maneh, batoer anoe noeding kalah isin,
ari hěnteu boekti, těrkana magatroe.

MAGATROE.

130. Pasal lima poeloeh toedjoeh noe katjatoer, maneh masing
pisan eling, oelah ngagědekeun padoe, madoekeun elmoe hakiki,
lamoen reudjeung djalma bodo.

131. Ana salah pahamna sok djadi moesoeh, sartana teh hěnteu
hasil, maneh moal tambah elmoe, teu tjara djeung noe běrboedi,
anadjan teu sapagodoss.

132. Eleh meunang tangtoe maneh djadi oentoeng, ari meunangna dipoedji, lamoen eleh boga goeroe, lain tjara djeung u djahil, elmoe salah ge sok mērod.

133. Salah oge ana bebedja ka batoer, tjatoerna osok dibala poegoeh eleh ngakoe oenggoel, matak pitnah bae diri, toengtoeng djadi sasatron.

134. Noe katjatoer eta pasal noe kasēboet, rea djalma u bērbœdi, binangkit rea panēmoe, tapi sanadjan bērbœdi, ana henteu bisa nganggo.

135. Hēnteu goena kabeh sagala panēmoe, pangartina hēnteu hasil, tjara djam teu make djaroem, sanadjan hiroep teu hasil, teu bisa noedoehkeun lohor.

136. Pasal lima poeloeh dalapan kasēboet, maneh koedoe pisah eling, ka batoer sing gēde ma'loem, karana maneh pribadi, teu salah tara kosong.

137. Lamoen maneh teu ngahampoera ka batoer, koemaha moe maneh manggih, kalakoean anoe loepoet, meureun menta ma'lor deui, ari dosa moal kosong.

138. Meureun maneh ngaharēpkeun kana ma'loem, djadi kitoe litjik, hajang maneh oelah batoer, oeteuk tongo dina pipi, nana di batoer katendjo.

139. Gadjah dēpa dina poendoek mah ngadoengkoek, tapina hēnteu kapanggih, tina teu roemasa loepoet, kitoe adat djalma galib, maneh bērsih batoer kotor.

140. Pasal lima poeloeh salapan katjatoer, maneh koedoe eling eling, hiroep teh oelah katoengkoel, oelah ngandēlkeun pangarti koe doemeh bisa maenpo.

141. Soemawonna moen ngandēlkeun maneh wēdoek, eta lain tjara boedi, pamilih anoe rahajoe, sanadjan wēdoek djeung sakti koe akal mah sok ngagodjod.

142. Djēlēma teh lamoen pisah reudjeung elmoe, sarta teu djeung ati-ati, gampang koe batoer dipoekoel, lamoen tinggal tēmah wadi djalma teu beda djeung sato.

143. Beurit beunang dieupanan dina tjoebloek, laeok tjai kitor deui, beunang dipasangan boeboe, beurit kabita koe hanjir, laeok asoep sabab bodo.

144. Djalma koerang pamikir nja tjara kitoe, sok tereh manggih balai, tina sabab ngoembar napsœ, teu make heula dipikir, kadœhoengna geus diberok.

145. Djalma anoe kitoe mah ratoening boeroeng, soemawonna

PRUJSVRAAG

ANGGO PRIS ARTOS

f 375.—

- pris ka 1 = f 125.—;
- pris ka 2 = f 75.—;
- pris ka 3 = f 50.—;
- pris ka 4 = f 25.—;
- sarĕng 20 pris noe f 5.—


Bantoean eta maroerang-kalih nĕgoeh ngaran saroe pi pangosok waos noe mas-hoer; doepi aksarana noe-moetkeun saajana dina bor. Panĕgoeh noe pangsaena toer lĕrĕs, baris dipaparin pris anoe disĕbat di loehoer. Eta panĕgoeh dikintoenkeu-nana kĕdah disarĕngan koe does boengkoesan pangosok waos Listerine ka Jury Pasanggiri



Firma MULLER & PHIPPS

SLUISBRUGSTRAAT 30 — BATAVIA-CENTRUM

samemeh ping 1 Mei 1939. Kenging ngintoen panĕgoeh lang-koeng ti hidji oge. asal oenggal kintoenan disarĕngan koe does boengkoesan Listerine. Tina pĕrkawis ieu pasanggiri teu dia-jakeun sĕrat-sinĕrat.



ngagiringsing, toengtoengna dirédjet batoer, noe sabongbrong deui, doeanana oelah tiron.

146. Matak heran noe përtjaja ka noe kitoe, tetela ab djoelig, sawareh sok ngakoe wëdoek, tatapi raheut koe hinis, toengna maot koe pelor.

147. Pasal gënëp poeloeh ajeuna katjatoer, djalma dipan boedi, dikërsakeun koe Jang Agoeng, beda reudjeung sani m ding mana oelah tjara sato.

148. Boedi tea noe matak noengtoen rahajoe, sarta noe balai, koedoe soekoer ka Jang Agoeng, rehna dipandjingan b dangdanggoela noe ngagëntos.

DANGDANGGOELA.

149. Manoesa teh dipandjingan boedi, sarta bisa ngarasat ni'mat, noe ngeunah djeung teu ngeunah teh, moen parëng kor oentoeng, kabagdjaanana pribadi, teu sami djeung noe lian, moeroekoesoenoe, njeun kasoelah sorangan, tina margi mik bagdjana leutik, tinimbang djeung noe lian.

150. Pangsoesahna taja pisan hasil, teu mikirkeun jen papaw awak, kitoe bedana djeung sato, sato mah tara kitoe, hënteu b pamikir pidik, deui tara kabita, koe daradjat batoer, pang teu paparin akal, boedi tea matak soeka djeung prihatin, gënah. manoesa.

151. Ari pasal gënëp poeloeh hidji, djalma koedoe soek ka Pangeran, noe ngadamël alam kabeh, pirang-pirang pitoeloe dipaparin akal djeung boedi, sarta djeung parobotna, kaja leung soekoe, soengoet iroeng tjeuli mata, eta kabeh titipan Raboel min, noe koedoe dipiara.

152. Tanda soekoer koedoe ati-ati, nja mëtakeun noe gë përkara, kana kalakoean hade, djeung deui ënggeus tangtoe, d lanna teh bagdja balai, tina gënëp përkara, noe ënggeus disëw manoesa koedoe iatna, nja mëtakeun eta titipan ti Goesti, oelah salah lampah.

153. Dimisilkeun koe djalma binangkit, badan eta oepama gara, boedi misil ratoena teh, soekoe leungeun djeung iroeng, ngoet mata sarta djeung tjeuli, minangka ponggawana, parau heun ratoe, moen ratoe koerang wiweka, kabeh salah lakoe lamp para mantri, tëmah nagara roeksak.

154. Pasal gënëp poeloeh doea deui, noe katjatoer angkeuh

185. sapandjangna henteu repeh, teu pisan poatoes maksoed.
186. anoe geus soegih, hajang tambah soegihna, eta enggeus
187. adat perwatéking djalma, teu ditjawad oelah tinggal ti
188. kadar timbanganana.

189. Aja dongeng eukeur djadi misil, bangkong kodok nendjo
190. badag, gagaberan djangkoeng gède, bangkong toeloej mē-
191. ching, ngagèdekeun beuteung pribadi, ambék hajang mapakan,
192. beuteung lēmboe, bari ngomong ka anakna, deuleu aing ieu
193. djeung sapi, anakna toeloej djawab.

194. Djaoeh keneh ěma reudjeung sapi, tatjan mantra tangeh
195. saroea, dibanding djeung tjekerna ge, toeloej deui mēlendoeng,
196. leuekahkeun beuteungna deui, maksa sakoeat-koeat beuteung
197. leuektoek, kaloear pisan peudjitna, bangkong paeh tina angkeuh-
198. kormaki, ka sapi rek mapakan.

199. Eta bangkong beunang djieun misil, djalma oelah pindah
200. bumpang, karēp oelah tinggal bobot, ana ngaladjoer napsoe,
201. puer bēdjad manan ngadjadi, djeung deui ari djalma, oelah
202. ngoeloewoet, mikiran djeung lalamoenan, henteu hasil malah
203. manggungkeun rēdjeki, doemeh tjoel pagawean.

204. Aja deui dongeng djalma miskin, tina soesah neangan kipa-
205. h enggeus koe ngadjēntoel bae, dioek ngahoeroen baloeng, sēmoe
206. noe keur dipikir, ditanja koe bodjona, keur naon ngadjēntoel,
207. nembal ka bodjona, lamoen nimoe pēpēndēman mas sapēndil,
208. ny rek meuli delman.

209. Tjek bodjona anggoer meuli samping, djeung karembong
210. paranti njaba, salakina nembal njēntor, anggoer rek meuli
211. kuring, keur paranti oerang ka tjai, tidinja kēkērēngan, toeng-
212. gna ditoemboek, bodjona tjeurik midangdam, eta kitoe dongeng
213. ngoeloewoet pikir, mikiran lalamoenan.

214. Anoe mikir kitoe henteu hasil, nja mikiran pidjadieunana,
215. tjara geura prak gawe, leuwih hade nja matioel, mēlak ka-
216. ng reudjeung koemēli, saeutik meureun aja, oentoengna kapoe-
217. ek, ti batan djeung lalamoenan, henteu hasil malah tambah djoe-
218. el pikir, kaboekti mah da moal.

219. Pasal gēnēp poeloh tiloe deui, katjatoerkeun djalma noe
220. alarat, saroea reudjeung noe bodo, kapoeoek koe pakewoeh,
221. henteu bisa noetoeapan diri, njoekoepan kakoerangan, doeanana
222. henteu, noe ditakdir koe Pangeran, bodo miskin saroea reudjeung
223. alal, noe datang ka awakna.

224. Tapi mēnding noe ngan woengkoel miskin, nadjan bēnēr

rea kakoerangan, sok bisa nambaan hate, ana geus hēnteu ti
balangsiar neangan ridjki, narima ka kērsana, Allah anoe an
sarta pasrah ka Pangeran, djalma miskin sarta bodo moetoeh
taja pisan tambana.

163. Gēnēp poeloeh opatna pērkawis, djalma koedoe taw
ka Allah, noe aja misalna kabeh, tapi koedoe djeung elmoe, h
meunang tinggal pamilih, boeboehan manoesa mah, ihtiar teh p
moenggoehing noe imah-imah, bilik pageuh sartana panto dik
kakara meunang asrah.

164. Heug pasrahkeun ka Raboel Alamin, ngadoedoe'a nēd
toeloengna, loepoet tina bahja kabeh, eta oelah kaliroe, n
ihtiar oerang teu hasil, hēnteu djadi tawēkal, toengtoengna k
hoeng, aja sahidji tjarita, santri gagal anjar ngadji elmoe t
salah mētakeunana.

165. Eta djalma gawena ngan tani, saban taoen tara tin
njawah, meunangna sok doea tjaeng, ari sahidji taoen, katarad
koe hama beurit, ngan meunang samadea, tangtoe moal tjok
tapi teu niat nambahan, dipasrahkeun ka Goesti Raboel Ala
tjitjing teu pisan kasab.

166. Saban Rēbo ditjokot ka leuit, pare anoe samadea
ngan tinggal sapoeloeh gedeng, bodjona hoelēng djēntoel, tina so
sieun teu mahi, pok ngomong salakina, maneh oelah kitoe, ma
pasrah ka Pangeran, beuki lila kosong pisan djēro leuit, awew
bebedja.

167. Akang ēnggeus kosong pisan leuit, hēnteu aja sarang
parena, ki santri gagal ngagaok, sing pasrah ka Jang Agoeng.
koe maneh asoepan deui, njampak pare teu aja, toengtoengna n
djēntoel, bidjil omongan soeaban, sarta moertad boro Allah m
adil, teu beunang dipērtjaja.

168. Hēnteu tjara Allah djaman aki, tara tjidra beunang dip
tjaja, Allah ajeuna sok bohong, eta pētana kitoe, anoe pasrah t
djeung pamilih, taja sarat tawēkal, hēnteu make elmoe, rek pas
bēt djadi moertad, pērlae pasrah sarta saratna sakali, loeloes p
tawēkalna.

169. Gēnēp poeloeh ka lima pērkawis, lamoen maneh boga k
soesahan, kaprihatinan noe gēde, sakira-kira loepoet, menta to
loeng ka djalma deui, atawa hēnteu goena, pitoeloenging mahlo
sing lantip nēda ka Allah, taja deui kadjaba toeloengna Goe
anoe taja gagalna.

170. Gēnēp poeloeh djeung gēnēp pērkawis, hal kasakit reu

170. Kawarasan, henteu kagénggém koe maneh, boektina kadeuh mahloek, teu njaho datangna kasakit, kitoe deui tjageurna, maning Jang Agoeng, tanda apésing manoesa, moen keur géring e bisa ngobahkeun diri, djalma koedoe roemasa.

171. Gënëp poeloeh toedjoehna përkawis, babagian djalma teu anjeun, aja noe leutik noe gëde, papasten ti Jang Agoeng, rea djalma e henteu mikir, atina panastrenan, ka daradjat batoer, ari tamba panastrenan, taja deui ngan koedoe pasrah ka takdir, sarta lëngkëp waktina.

172. Oelah tjara noe kasëboet tadi, dina pasal gënëp poeloeh anjeun, batal pang tawékalna teh, koerang sarat djeung elmoe, ganti anjeun noe digoerit, gënëp poeloeh dalapan, pasal noe katjatoer, eling noe panastrenan, lamoen nendjo anoe lian soegih moekti, anjeun pikirna panas.

173. Eling-eling sobat noe bërboedi, oelah ngoekoet pikir panastrenan, eta sok ngaroeksak hate, koeroe mikiran batoer, ngajeun diri pribadi, anggoer geuwat tambaan, ati anoe kitoe, ingët anjeun ka takdir oerang, lamoen bisa toeroetan soepaja djadi, montong anjeun panastrenan.

174. Gënëp poeloeh salapan përkawis, ati moersid sarta kasënging, eta noe panghadena teh, moestikaning noe hiroep, tiis pikir anjeun strik pidik, katoedjoeh poeloeh pasal, ajeuna katjatoer, ari djalma koret tea, henteu hade arang aja noe miasih, teu boga anjeunwoehan.

175. Lamoen parëng manehna balai, taja hidji djalma mirosea, anjeun teu ngandjoekkeun hade, dina kitab geus mashoer, koret eta anjeun anjeun diri, sing eling-eling sobat, poma oelah kitoe, ari harti anjeun eta, njaah mere barang pangadji sadoeit, sanadjan ka mistina.

176. Ganti pasal toedjoeh poeloeh hidji, sampoernaning djalma anjeun hiroep mah, moerah tapi oelah sapeh, mere ka noe teu patoet, anjeun timbang koemaha misti, tégësna sapeh tea, djalma koerang anjeun, banda beak dibikeunan, maneh ngongkrong sok moen diba-anjeun koe poedji, eta sapeh ngaranna.

177. Mere maweh koedoe djeung pamilih, heman gëten ka sa-anjeun baraja, ingët ka sobat noe hade, ka noe deukeut noe djaoeh, anjeun mawonna ka pakir miskin, anoe toena tanaga, digawe teu mam-anjeun anjeun, gëde gandjaraning awak, lamoen kitoe narimakeun sihing anjeun misti, tapi koedoe waspada.

178. Noe berehan dingaranan leuwih, eta anoe disamarkeun anjeun anjeun anoe dipambrih katendjo, Nabi Isa geus moeroek, ka sobatna

noe ngiring-ngiring, lamoen maneh merean, koe leungeun katoeh oelah katendjo koe kentja, eta sindir koe oerang koedoe dipu sarta toeroetkeun pisan.

179. Reudjeung deui djalma koedoe mikir, lamoen mere koe timbang-timbang, oelah darapon sok bae, samemeh anoe dju anoe deukeut heula paparin, kawadjiban dirina, heula masing tj kcep. moen mere heula noe anggang, saopama noe njeungeut l. poe ti peuting, dina loehoer soehoenan.

180. Hēnteu njeungeut lampoe di djro boemi, hoeroeng m. tjoer tjaang ka anggangna, di djero boemina poëk, eta oepa kitoë, kamashoerkeun ka mana mēndi, badegana masakat, dje hēnteu oeroes, gampang mere ka noe lian, masing tjoekoep he noe wadjib ka diri, anoe djadi tanggoengan.

181. Aja dongeng anoe koerang boedi, karēsēpna maparin l. roehan, ka tatangga ngantēp bae, soepaja djadi mashoer, lila l. meunang balai, dirampog koe noe lian, batoerna teu noeloe bangsat kaboer teu dipēgat, banda beak imah djadi roentang-rantia doerma noe ngagantina.

DOERMA.

182. Pasal toedjoeh poeloeh doewa katjarita, saha noe hajan soegih, maneh koedoe bisa, njengtjelengankeun arta, sanadjan b. saeutik, lamoen leukeunan, lila-lila ge soegih.

183. Nadjan gēde bati moen tara neundeun mah, meureun tē nja miskin, tangtoe noe geus loembrah, noe matak djadi beungha koedoe njaah ka sadoeit, sing poegoeh losna, titen ka barang leutt.

184. Hēnteu njaah ngabidjilkeun modal rea, moen ka noe bak hasil, djeung njingkiran hoetang, oelah andjoek-andjoekan, kalam pah anoe geus galib, sok kadjeun mahal, dapon tempo saeutik.

185. Ari ēnggeus nēpi ka tempona majar, kakara rek dipika roegina karasa, poma sabisa-bisa, saha noe mikarēp soegih, et singkiran, anoe kasēboet tadi.

186. Saha anoe meuli barang hēnteu pedah, koerang pērloen deui, eta lawas-lawas, banda pērloe didjoeal, noekeurkeun ēm ka pitjis, hoeoet ka beas, djoeal meulina roegi.

187. Pasal toedjoeh poeloeh tiloe katjarita, doenja brana m. doeit, eta matak boengah, djeung tinēkanan hadjat, loembrah djalm meunang adji, lantaran eta, ngoetama kana diri.

188. Pirang-pirang toeloengna lantaran arta, mawa pantēs d.

100. soepaja djatnika, hiroep manggih oetama, tapi ari meung poesing, masing iatna, rea gogoda deui.

101. Loembrah djalma anoe enggeus soegih arta, sok gēde teuing nyoenghak ka djēlēma, ngandēlkeun soegih tea, teu inggis embuok nampiling, nJORANG larangan, da ieu aing soegih.

102. Keuna dēngda da boga eukeur majarna, teu risi koe poelisi, kitoe pētana, moal tētēp beungharna, laoen-laoen miskin deui, dJamoega, tina teu ati-ati.

103. Masing eling noe enggeus ditakdir beunghar, oelah kateuuing, lamoen, imah-imah, sing bisa pasang pēta, oelah sina eueh teuing, koe parobotan, sing sēdēng tapi rasmi.

104. Bisi aja djalma bidjaksana njawad, parobot pinoeh teuing, kitong ka teu aja, enggon kaoetamaan, sawareh djalma noe soegih, bisa nata, di imah sok raroedjit.

105. Reudjeung deui parobot noe pabalatak, heurin taja keur kitong, moen kitoe pētana, beunghar taja'gawena, hēnteu njēnangkeun ka diri, tinggal oetama, djeung sawarehna deui.

106. Anoe beunghar koerang pisan pamakena, badjoena roeung rawing, datang ka ditambal, kotor bēlēwoek pisan, sawareh kitong teuing, hēnteu meudjeuhna, teu nimbang kana diri.

107. Anoe hade koedoe ninggang pērēnahna, oelah koerang kitong leuwih, sabab noe hade mah, nja eta sigēr tēngah, elingkeun noe bērboedi, poma sing bisa, njigēr-tēngahkeun diri.

108. Pasal toedjoeh poeloeh opat katjarita, geus watēkna noe kitong ngan leuwih iatna, ti batan noe teu boga, tata paribasa kitong, noe kapandjingan, ati sareh djeung moersid.

109. Pasal toedjoeh poeloeh lima oelah tinggal, ka mahloekna kitong Widi, nadjan leuwih hina, oelah rek ditjatjampah, karena hileud kitong leutk, sok njieun soetra, manoesa koedoe ngarti.

110. Lamoen njēla ka sakabeh mahloek Allah, sasat njēla ka kitong, djeung deui sagala, didamēl koe Pangeran, sanadjan hina kitong leutik, aja hikmatna, wadjib manoesa jakin.

111. Aja hidji menak pangkatna Pangeran, poksang sarta tjirigih, kitong sasaoeran, njēla ka dadamēlan, doea roepa sato leutik, kitong djeung lantjah, taja goena saeutik.

112. Lamoen kami bisa njieun sasatoan, eta geus tangtoe kami, kitong njieun lantjah, laleur mah soemawonna, taja pedahna saeutik, kitong goer pitjeunan, toempoerkeun oelah kari.

201. Ka manoesa taja pisan paedahna, anggoer mah matak sing, parëng hidji mangsa, menak teh moemoesoehan, reudje hidji menak deui, kedeseh përang, dioedag koe përdjoerit.

202. Pangeran teh loempat sakaparan-paran, liren handapeun kai, koe bawaning palaj, toeloejna sare tibra, keur sare dat përdjoerit, noe ngoedag tea, moeroe handapeun kai.

203. Dieunteupan koe laleur raraj Pangeran, toeloej andjeut tanghi, kaget matëk pëdang, përdjoerit geuwat loempat, salu tina balai, gantjang Pangeran, njoempoet ka goeha soeni.

204. Lawang goeha diramatan koe si lantjah, Pangeran sap peuting, hënteu sare tibra, tina koe kasieunan, tanwande diroeu deui, përdjoerit tea, isoekna djol narëpi.

205. Doea moesoeh sarta pada matëk pëdang, omong sahadji, di dieu ajana, njoempoet di djëro goeha, tjeuk menak hidji deui, sok moal ënja, karena aja tjiri.

206. Sabab lawang goeha diramatan lantjah, moen aja djalm mandjing, tangtoe ramat pëgat, rëmpoeg anoe doewaan, geus kit arindit deui, ti eta lawang, ka ënggonna noe tadi.

207. Pangeran teh kakara ngarasa salah, njëla ka damël Goe bangët përtobatna, djeung bangët pamoedjina, Allah sipat rahm rahim, koering tarima, loepoet tina balai.

208. Kamarina geus lëpas tina bahaja, laleur noe djadi man powe ieu lantjah, ramat noetoepan goeha, pikiran sim abdi jaku aja hikmatna, kabeh damëlan Goesti.

209. Oelah arek nganiaja sasatoan, kabeh mahloek Jang Witu teu beunang diroeksak, noe teu karena sabab, tapi aja ge misti, sato diroeksak, kaja meong djeung babi.


210. Oraj adjag sarta salian ti eta, noe sok djadi balai, moeng goeh ka manoesa, sarta kana pakaja, malah noe kitoe mah wadji përløe akalan, kabeh sato noe djoelig.

211. Anoe matak djadi karoeksakan djalma, hade eta dibasuh tapi sato hewan, noe mangpaat ka djalma, geus koedoe dipikaast sapërti koeda, ëmbe domba djeung moending.

212. Ngagawekeun koeda moending sing meudjehna, oelah kit tjiida teuing, koedoe kira-kira, ngarasakeun ka awak, nadjan koed sapi moending, boga teu ngeunah, koe djalma koedoe pikir.

213. Pasal toedjoeh poeløeh gënëp katjarita, hiroep leuw oetami, ngipoek kahadean, poma masing përtjaja, djaoeh deukeun ge kaboekti, teu koe manehna, anak intjoe noe manggih.

CHEVROLET 1938



CHEVROLET TRUCKS parantos
 langkaen-taen gadoeh „ngaran-hade” tina
 sawawis parabot ngoendjal. doemeh kenging
 dipertjantén saréng irit : eta ngaran-hade tea
 karentankeun koe loeang-loeang noe karan-
 ngan koe langkoeng ti sajoeta noe garadoeh
 paesahaan merék Chevrolet di sakoeliah
 paesahaan merék Chevrolet model 1938.
 langkoeng bédas, langkoeng irit saréng lang-
 kenging kenging dipertjantén batan noe parantos-
 chasis Chevrolet noe kamashoer tea,
 mah diwoewoehan koe lima
 model sétir noe dika-pajoénkeun

(forward control) noe oekoeran basis kiki-
 pingna 2.98 M. 3.30 M. 3.95 M saréng 4.66 M.
 Sawatawis karentoengan noe agéng kanggo eta
 golongan mobil-paesahaan noe pangälanjarna.
 nja eta : langkoeng awas ka djalan, langkoeng
 matang nékénna momot kana as, djadi ngago-
 rolongna bakal langkoeng adjég, moal tereh
 résak, langkoeng laléga témpat momotna, sa-
 eutik poentiranana, malar gampil goclak-gilékna
 di djalan noe heureut saréng seueur pengko-
 lanana.

lasa ngagaraleuh tina saagian, nganggo
 motor bensin saréng motor Diesel : sapa-
 mah nganggo as di poengkoer saréng
 doea paranti mindahkeun.

DAMÉLAN



DI TANDJOENG PARIOEK

214. Kitoe deui anoe njeun kagorengan, moal boeroeng panggh, hēnteu koe manehna, djaga anak intjoena, tanpa pam Jang Widi, poma singkiran, oelah rek samar deui.

ASMARANDANA.

215. Gantjangna anoe dianggit, toedjoeh poeloeh toedjoeh p pērkarā noe katjarios, saha-saha noe kadoega, migawe kahade tapi hēnteu pek ditoeroet, teu milampah kahadean.

216. Dimisilkeun koe sim koering, saopama tatangkalan, oemoerna kēmbang bae, teu daekeun djadi boeah, hasilna teu ka pasal noe ka toedjoeh poeloeh, dalapan noe katjarita.

217. Tjai tjitjing hēnteu palid, bibit hēnteu pek dipēlak, la dianggoerkeun bae, djalma taja kalakoean, eta opat pērkarā, nadjan ratoesan taoen, moal aja paedahna.

218. Ganti deui noe digoerit, ka toedjoeh poeloeh salapan, la pah kadoehoeng teh hade, tina geus roemasa salah, tapi leu hadena, anoe teu boga kadoehoeng, sabab teu milampah salah.

219. Dalapan poeloeh pērkawis, oepama rek tatangoeng dina samemeh nanggoeng teh, taktak koedoe pētjak heula, kab djeung hēnteu, kitoe deui kabeh lakoe, pikir memeh dipilamp.

220. Karana eta geus galib, pakarēpan di manoesa, anoe tina ti tartib teh, meureun djadi karoegian, atawa kawirangan, roesoeh sok tigēdēboeg, noe apik hade djadina.

221. Kadalapan poeloeh hidji, moen ditakdir djadi menak, k doe titen djeung toelaten, kana kalakoean djalma, noe dibav parentah, lakoe lampahna kasoeroep, oelah koerang pamariksa.

222. Kahiroepan abdi-abdi, noe matak djadi koeatna, k ngalampahkeun gawe, nja eta koedoe mariksa, kana sawah-saw na, sakabeh koedoe kaoeroes, tatanen djeung palawidja.

223. Lamoen sawah koerang tjai, omean solokanana, jahna hese djeung tjape, marentah boeboehan menak, oepama tjoekoepan, pibēkēleunana hiroep, gawekeun kana larapna.

224. Menak teh masing binangkit, ngalarapkeun pagawean, salah larapna teh, hese pidjadieunana, eta kieu misilna, bahu dipake matjoel, paloe dipake ngarimbās.

225. Hese tjape moal djadi, lain pilarapeunana, nja kitoe de djalma ge, masing-masing boga larap, menak koedoe waspada, rēng oelah enggal bēndoe, koedoe sing asak pariksa.

226. Oepama parantos boekti, kalépatanana tĕrang, timbang-
masing hade, moenggoeh pisiksaeunana, bandingkeun
salahna, rea menak noe kadoehoeng, njiksana koerang pa-

227. Di menak teh wadjib adil, sakaliring lakoe lampah, ari
abdi teh, noe bĕnĕr nĕrapkeunana, njiksa reudjeung nga-
ngandjar, hĕnteu ngagandjar noe loepoet, tara njiksa noe teu salah.

228. Ka noe goreng oelah sĕngit, ka noe bageur koedoe njaah,
eta pepeling teh, teu meunang salah soeroepna, koedoe kana
tĕtuna, ari tĕgĕsna noe patoet, djalma noe hade lampahna.

229. Ngaleler ka noe mĕlĕntjing, atawa goreng gawena, bisi
djadi tjonto, ka batoerna anoe rea, seug meureun ditoe-
djalma, djalma gĕtol djadi ngĕdoel, kieu pipikiranana.

230. Leuwih hade noe mĕlĕntjing, boektina nampa pasihan, disa-
dieu djeung noe hade, noe matak ari ngagandjar, koedoe karana
soepaja djadi pitoedoeh, noedoehkeun hade gawena.

231. Reudjeung lamoen abdi-abdi, noe milampah kasalahan, sa-
mah mah woeroek bae, kadoewa kalina siksa, kadar timbanganana,
lampah djangkĕp katiloe, keunakeun noe samistina.

232. Dosa salian ti maling, noe koedoe kitoe pĕtana, ari noe
mah mah sedjen, koedoe bae dihoekoeman, teu meunang diham-
tĕrapkeun papagon hoekoem, geus pada boga anggĕran.

233. Reudjeung deui basa adil, oelah rek maliding sanak, na-
djan koelawargi oge, ana geus milampah salah, koedoe bae hoe-
man, djeung deui moenggoeh noe agoeng, koedoe iatna nja
sanah.

234. Lamoen aja abdi-abdi, noe ngistorikeun batoerna, mioen-
lampahna awon, oelah waka dipĕrtjaja, dimanah pihatoerna,
lamoen tjatoer wawadoel, ngarah batoerna tjilaka.

235. Tapi wadjib ditaloengtik, mapaj katĕranganana, noe dipi-
hatoer tadi teh, oepama tjatoer teh salah, oelah arek dimanah,
tapi dengekeun mah koedoe, bisi bĕnĕr pioendjoekna.

236. Moen sidik boekti jen djoelig, sok ngagorengkeun batoerna,
rek tjarek masingna kapok, bisi noe sedjen noeroetan, atawa ka-
manan, lila-lila djadi ratjoen, matak niwaskeun djoeragan.

237. Sarta koedoe lantip soerti, mangka awas mamanan, soerti
manan pasĕmon, pikarĕpeun djalma rea, noe dibawah parentah,
dieu deui wadjib noe agoeng, ngadamĕl keur mata-mata.

238. Noe baris nitenan abdi, kapala bawahanana, bisinn
noe awon, nganiaja ka rahajat, lamoen hēnteu kariksa, toengto
na lēmboer teh koesoet, lantaran somahna aral.

239. Abdi-abdi gēring ati, roedjat-radjet pilēmboeran, pasti
tak roedēt hate, moenggoeh ari gorengna mah, modjokna teh
menak, disēboetkeun koerang oeroes, pepeling menak nonom.

SINOM.

240. Tetela geus tērang pisan, djoeragan noe koerang ra
menak anoe kawadjiban, mariksa lampahna abdi, djaga bakal di
ris, koe Goesti noe Maha Agoeng, lampah sakabeh djalma, di
riksa hidji-hidji, hade goreng di dinja mah kanjahoan.

241. Djeung deui moenggoeh di menak, koedoe soekoer ka J
Widi, reh geus ditakdirkeun moelja, koe Goesti noe sipat
soepaja langgēng moekti, di doenja moeloes rahajoe, djeung rah
di aherat, kamoeljaan anoe leuwih, sarta langgēng taja panoe
toenganana.

242. Kahadean kagorengan, lakoe lampah abdi-abdi, ka rato
pasti datang, di aheratna kapanggih, noe matak oelah rek dir,
ditakdir djadi ratoe, djeung deui ēnggeus kotjap, aja dina kit
nabi, saopama ratoe noe moekakeun lawang.

243. Noenggoe noe rek ngadeuheusan, eta gandjaranna leuw
langkoeng tina solat soenat, nampi hatoer abdi-abdi, noe mu
ratoe wadjib, ngadangoe kabeh pioendjoek, oeroeskeun wilajati
lamoen kitoe toeloelj moekti, meunang rahmat di doenja djeu
di aherat.

244. Kadalapan poeloeh doewa, pērkarā anoe digoerit, tatana
noe koemawoela, bakoena sing hade ati, patjoean gindi pik
oelah rek hasoed salingkoeh, oelah rek bēlang bajah, koedoe tēn
toehoe tigin, lampah goreng tinangtoe meunang wiwirang.

245. Nja kitoe noe koemawoela, koedoe gēde tēmah wadi, leu
pang salengkah dikira, omong sakētjap dipikir, oelah kalang
teuing, bisi ahirna kadoehoeng, milēpas oetjap rengkak, eta
koedoe dipahing, moen ngawoela oerang teh koedoe satia.

246. Djeung deui noe koemawoela, koedoe make boedi ma
noelad sireum noe pērtjeka, watēkna sireum teh asih, kahakam
saeutik, dibawa keur ngirim batoer, raph djeung babatoeran, ko
doe kitoe djalma ngabdi, reudjeung batoer rēdjēki saeutik sewan.

147. Soemawonna lakoe lampah, koedoe pisan djadi hidji, reu-
 bung batoer koemawoela, sapapait samamanis, oelah pabentar
 ka doenoengan pada toehoe, djeung koedoe pada njaah, ka-
 ka bapa djeung aki, koedoe hormat hade tata hade basa.

148. Anoe matak koedoe njaah, tjara ka bapa ka aki, sabab
 taheuman doenoengan, bisa ngamoeljakeun diri, ana doenoengan
 ontik, niwaskeun badan sakoedjoer, rea anoe tjilaka, lantaran
 giling goemoesti, anoe matak poma oelah bengkok sambah.

149. Hese moenggoeh noe ngawoela, rea gogoda ka diri, lan-
 anoe geus loembrah, rea noe meunang balai, ti awewe djeung
 minangka boerang djeung tjoetjoek, saleuheung oge arta,
 mah leuwih djoelig, noe ajeuna disarboet kembang djalan.

150. Ieu piwoeroek teh tamat, kalérésan malëm Këmis, kapingna
 kasébat, dina gënëp likoer pasti, sasihna Februari, sareboe
 ratoes, sarëng aja poendjoelna, tiloe poeloeh gënëp deui,
 atuwisna noe matoeh di pagoenoengan.

TAMAT.

PIWOEROEK BALE POESTAKA:

Hal neangan kawarasan	f	0,10
Kadoehoeng kawin.	„	0,20
Pait peuheurna njandoeng	„	0,36
Laki rabi	„	0,20

KAWARASAN

OEBAR KAMPOENG.

1. *Bisoel.*

Soepaja tereh boetjat, koedoe ditaplokan koe goela kawoeng galėj djeung saboen beko.

2. *Diseureud babakaoer.*

Boeloe hajam digerekeun kana ělak-ělakan hajam, moen baseuh toeloej oelaskeun kana lěbah noe diseureud.

3. *Bareuh atawa misalah.*

Bareuh lantaran kagěboeg, katinggang, katjěpet djeung sapu dana, atawa misalah oerat babari pisan ngoebaranana teh:

Beas satjanggeum dirleus make tjikoer satjinggir sing lěmbu tjaijan saeutik, toeloej diboborehkeun ka noe njěri tea.

Lamoen parna, ngaboborehkeunana sapoě tiloe kali. Sabisa-lu noe njěrina teh oelah sina obah-obah.

4. *Katiisan.*

Katiisan něpi ka ngarasa sěsěk napas, koedoe nginoem godog daoen sěmboeng 5 à 7 lambar dina tjai 3 à 4 tjatjangkir. Ng godogna sing něpi ka tjaina satěngahna. Diinoemna haneut-haneut

5. *Sariawan.*

Anoe mitjeunna patjampoer gětih djeung leho, koedoe geuw dioebaran koe 1 gambir-dadoe atawa doea gambir boeleud, d tjampoeran koenir (koneng) saboekoe tjoeroek beunang njiki digodog koe tjai sagělas sing něpi ka djadi sapěrtiloena. Nginoem na sapoě tiloe kali sagělas anggoer. Oepama koe nginoem sagěl geus rada mangpět, tjoekoe koe doea gělas anggoer bae sapoě malah oepama koe sagělas těroes mangpět pisan mah, tjoekoe koe sagělas tea bae.

Beuteung koedoe ditoempangan lamak baseuh meunang neuleun keun kana tjipanas.

Daharna koedoe sangoe tim atawa boeboer. Noe gëring koedoe
gëring bae.

6. Goegoep.

Anoe rendjagan, reuwasan djeung goegoep, koedoe dibere oebar
anoe ngadjadikeun ajëm (kalmeerend).

Daoen pandan doea lambar disiksik baradag, toeloej digodog.
Tjaina sawareh dipake baloer awak, sawareh deui diinoem sang-
pau tiis.

7. Kasoera.

Geutah soesoeroe-regang (anoe tangkalna pasolengkrah sagëde-
de kawat tea, teu tjoetjoekan) dioelaskeun kana lëbah noe ka-
mora; biasana sok kaloear koe maneh.

Sing ati-ati, geutahna matak weureu, lamoen keuna kana panon
euntut lolong.

8. Teu ngeunah dahar.

Daoen antanan noe sëgër keneh digodog, toeloej diinoem tjaina.

Moen teu kitoe, daoen gëdang dirieus make oejah djeung tjai
neutik, diinoem.

9. Gomplok boeok.

Tangkal kërëmek (letah hajam) djeung akar-akarna dirieus sing
amboet, tjaiian saeutik toeloej iboenkeun. Oenggal isoek koe lit sirah
digosok koe eta, laoen-laoen boeok teh tangtoe gomplok.

Aja deul noe matih teh nja eta daqing „letah boehaja” anoe
dijaga agër, digosok-gosokkeun oenggal isoek kana koe lit sirah,
malah moen bisa mah toeloej diantëp bae sapoë. Biasana dina
dieu boelan ge sok gomplok.

10. Batoek boedak.

Daoen saga sakeupeul, bawang beureum sasahoeng, tiloe siki
haldës, palasari saeutik, digoelaan (goela kawoeng) saeutik, toeloej
diboengkoes koe daoen tjaoe, digodog saparapat djam; lamoen di-
djait toeloej disaring koe lamak. Memeh sare diinoemkeun.

11. Njëri tikoro.

Njëri tikoro biasana arek salesma. Geuwat meulah djëroek
dipis doea, laanan sikina, oelasan koe apoe, pek deang nëpi ka
ngjeretjek. Haneut-haneut këtjërkeun kana tikoro. Sesana diba-
loerkeun kana beuheung.

12. *Indoeng kesang.*

Daoen sadagori sakeupeul, ditoetoean, tinjoeh koe tjikalapa eutik, toeloej boborehkeun ka noe ateulna.

13. *Tjatjing pita.*

Pikeun kolot: ngadahar siki koekoek 500 à 1000 siki atah-atah tapi pèsekan heula.

Doea djam sanggeus ngadahar siki koekoek, toeloej nginon kastrol; biasana tjatjingna teh kaloeur kabeh.

Pikeun boedak koedoe satëngahna kolot.

14. *Tampëk di djëro.*

Papagan këndal dikeureutan saboekoe-boekoe ramo, toeloej doeh koe tjai ngagolak kawas ënteh, toeloej diinoem sapoë tlik kali satjangkir leutik. Lamoen eta kasakit ditjampoer batoek, hadi dibaoeran daoenna. Oepama kaloeur tampëkna sarta ateul, baloeur ran koe koenir djeung poetjoek asëm meunang ngarieus.

15. *Hese mitjeun.*

Ngadahar tjaoe hedjo toeloej nginoem tjiatah; leuwih hadi ngadaharna teh memeh ngadahar naon-naon.

16. *Intjok.*

Daoen handaroesa doea keupeul toetoean sing lëmböet tjampoeran apoe saeutik djeung pëdës beunang ngarieus. Taplokkeun ka noe njërina.

Aja deui oebarna nja eta daoen tjalingtjing saajakan leutik tjëngkeh sapoeloh, pëdës lima bëlas, tjoeka sasendok makan. Dirieus toeloej baloeurkeun.

Nginoemna sabisa-bisa tjai djëroek.

17. *Teu bisa sare.*

Ngalalab daoen kangkoeng sing rea, oelah djeung gagangna.

**OEBAR PRIHATIN: Boekoe-boekoe
wëdalan Bale Poestaka — Batavia-Centrum**

TJAKRA BEUREUM.

Dina boekoe² atanapi aosan-aosan sanes, oepami njarioskeun Tjakra Beureum teh, rata-rata sok sadjalan bae ngaboeboekaanana teh, sakoemaha noe kaoengël di handap.

Tjakra Beureum teh pagoejoeban sadoenja anoe maksadna bade meelasara noe oedoer sarëng tatoes babakoena di pangpërangan, kalajan ditangtajoengan hak-hakna koe sakoeliah doenja, noemoetkeun poatoesan dina pasamoan di Genève. Anoe mitëmbëjan ngadégkeun teh nja eta Henri Dunant, kadjoeroeng koe kawëningan manahna, emoet kana roepi² kasangsaraan nalika di pangpërangan Solferino (Itali) taoen 1859. Andjeunna teh oerang Zwitserland; inpaksa kédah ngiring ka pangpërangan; nja di dinja andjeunna ngasat-gësoet ngadégkeun badan partikoelir kanggo ngarawatan sarëng noeloeng soldadoe-soldadoe noe taratoes, soepados oelah ungguloler kalajan kasangsaraan, ngararoeskeun tatoena. Tiloe noen ti harita, sagala roepi kalaraan, kasangsaraan sarëng kabalingsakan teh koe andjeunna disërátkeun didamël boekoe, nganggo djoedoe „Un Souvenir de Solférino” (Pangemoet-ngemoet ka Solférino). Eta boekoe di Eropa teu kintën njërëpna kana manah noe maraos, malah boekoe eta pisan noe djadi panggeuing kana ngadégna Tjakra Beureum oge, doegi ka soemëbar ka sakoeliah doenja, malah kaetang pagoejoeban noe pangägëngna.

Dina taoen 1863 keneh oge pamaksadan toean Dunant teh parantos aja hasilna, kalajan pangrodjongna djalmi² noe aja komaranna di Genève, tiasa ngajakeun pasamoan noe disoempingan koe 36 oatoesan Pamarentah sarëng pirang-pirang badan partikoelir kanggo babadantënan saheulaanan. Sataoen ti wangkid eta aja deui pasamoan wawakil nagara-nagara ngarobah sawatawis atoe-ran noe kapëngkër, kanggo noeloeng sarëng ngarawat noe tatoes di pangpërangan.

Boeboeka saroepe noe kapintonkeun tadi, tiasa dianggo ngawangwang kaajaan Tjakra Beureum, noe mawi përløe kapihatoer, nanging sok matak inggis, bilih koe noe teu oeninga mah dikintën teu aja deui noe përløe kaoeninga.

Oepami palaj oeninga lërës kana kaajaan Tjakra Beureum, oerang përløe oeninga kana kërëtëg angënnana, oelah moeng ditingali salantjar bae, nanging kédah diteuteup sing tëmboes kana djadjantoengna, tëmplat mädalna ëroh, ënggon goemoeloengna rasa kamanoesaan anoe ngadjoeroeng kana karëp toeloeng tinoeloe-

ngan, ngahoedangkeun rasa silih pikanjaah, silih pikaheman djeun papada manoesa.

Soepados gampang ngebrehkeunana, kapaksa kédah njoreun heula ka pëngkër, ngareret ka hidji istri noe ngawitan pisan mëlak binih Tjakra Beureum, nja eta nona Florence Nightingale.

Florence Nightingale teh istri anoe kenging rahmat, parandeu kitoe hiroepna mah ilahar bae sapertos djëlëma biasa. Andjeunna teh sanes istri noe kagoengan tjita-tjita loehoer atanapi teu moe nasabah, nanging andjeunna sasat djadi wawakil saalam doenja kanggo ngadjalankeun padamëlan noe ilahar, noe moenasabal katjabak koe djalma biasa. Da andjeunna oge hiroep sadidintëna mah kaprah bae sarëng noe rea, keuna koe soeka-doeka sakor maha ilaharna djalma.

Bentëna teh doemeh andjeunna kaantjikan sipat koekoeh-toekoeh, keukeuh-pageuh, kandël-wëdël ënggoning njandang dododja salëbëting ngadjalankeun padamëlanana; soehoed-djoenon, lëm pëng-bëner naratas djalan sorangeun noe sapandeurieunana. Djahit ti kitoe doemeh koe Goesti Noe Maha Soetji andjeunna dipaparin bakat sarëng wisit kanggo ngahantja padamëlan anoe sakitor banggana.

Pangaroeh këntjëng karëpna, gëde kadaekna, leuweung noe rëmbët alas noe sangar teh djadi tégala Tjakra Beureum; noe sapandeurieunana mah kantoen nëraskeun, kantoen mipit hasilna ngala boeahna.

Bërkahing wisit sarëng bakatna, pangeusi alam doenja tingkore djat, njaring, proekprak ngahantja padamëlan noe sakitoe moeljana.

Saha sarëng naon padamëlanana Florence Nightingale teh? Soepados ringkës, oerang pondokkeun bae:

Florence teh poetra menak beurat beunghar, tapi aral koe ka moeljaanana. Aral doemeh asa hiroep moebadir teu tiasa nembongkeun djasa ka papada kawoela, teu tiasa nohonan papantjen. Jen oerang hiroep teh koedoe aja goenana kanggo noe sanes.

Njatjas atra andjeunna ningali njëri-peurih lara-balangsakna sasama kawoela hiroep sakoeriling andjeunna, doegi ka andjeunna sok nangis, mangpeurihkeun.

Tëras andjeunna njoektjroek toegoe karipoehan, mapaj djangkar kalaraan, ditaloengtik hoeluwotanana.

Soepados tiasa lërës² toetoeloengna, malar teu kapalang boemela, andjeunna ngoelik heula elmoena, margi jakin jen amal noe

teu sarěng elmoena teh moal lěběb moal nantjěb toeměrapna; gilig mamananana jen moal bade sabeulah-sapotong.

Ngawitan toetoeloengna teh ka noe tjarakět bae, oerang lěmboer noe raripoeh, koeli pabrik noe prihatin, babakoena bangsa kokoro ujosu malarat rosa, sakanjěri sakapeurih. Andjeunna měrloekeun sok ngalajad ngalanglang noe aloedoer, malah radjeun ngěrsakeun toetoenggon. Pohara ngangrěsna manah ningal kawarasan rahajat teu kintěn lalaworana dioeroesna; manahna woewoeh nalangsa ningal baroedak anoe kenging disěbatkeun aratah warah, toena pangartina, tinglaligeuh tingalabroel, da kolot-kolotna pribadi oge teu mampoeh njakolakeun.

Tah di dinja pangabětah Florence noe sae manah teh ngantjiknya, dina goeboeg boetoet, dina petak pasoelangkrah, lir malaikat noe sok ngariksa ngadjaring.

Harita nagara Inggris ngaroeroeg ka Roeslan sasarěngan sarěng Toerki di Krim. Kalajan karidoan manah, kadjoeroeng koe wělas asih, toer sapoek sarěng manah Pamarentah Inggris, Florence teh tjoel kamoekten, tjoel kamoeljaan angkat ka Krim, noeloeng noe tatoe, ngalělědjar noe sangsara di pangpěrangan. Djasa-djasa Florence sanes saeutik, malah ti harita andjeunna djadi pamoedjian sarerea.

Samoelihna ti pangpěrangan andjeunna hěnteu noenda „hantjana”, ditěraskeun diladjěngkeun toetoeloeng teh, malah tjek tekadna, oepami tea kědah poepoes, baris soegěma poepoes satěngahing daměl amal.

Ningal kana bibit-bibit Tjakra Beureum noe kapědar di loehoer, koe sadaja tangtos kagalih jen didamělna teh sanes moeng di pangpěrangan bae, nanging dina mangsa rapih sarěng dami oge teu kirang.

Henri Dunant sapara-mitrana, kabeh-dieunakeun něraskeun padamělan noe sakitoe moeljana, komo barang dibantoe koe doea istri noe sarae manah mah, nja eta Elisabeth Try sarěng Beecher Stowe.

Dina pasamoan Roode Kruis di Washington taoen 1912 diajakeun „Médaille Florence Nightingale” pangemoet-ngemoet ka noe mėlak bibit tea.

Sakitoe pėdaran anoe ngebrehkeun ngawitanana ngaděg Tjakra Beureum teh. Ajeuna pěrloe ngadararkeun měkarna, bade ngadjodjoan soegri noe pěrloe kaoeninga bae.

Dina taoen 1864 di Genève diajakeun babadantĕnan kanggo ngatoer palanggĕran Tjakra Beureum noe baris didjalankeun di sakoeliah doenja; dina taoen 1935 anoe ngiring doemeudeul teu aja 58 nagara. Doepi anoe didamĕl djĕdjĕr loeloegoe aja tilu roepi, nja eta:

- a. Sadaja Pamarentah baris ngadeudeul Tjakra Beureum no niat toetoeloeng dina waktos pĕrang.
- b. Roemah-roemah sakit sarĕng parobot paranti ngakoetan no tatoe atawa noe gĕring atanapi parobot sanesna, kitoe deui ponggawana katoet noe tatoena hĕnteu kenging diganggoe dirĕsak, dibĕdil atanapi dibojong.
- c. Soepados di oenggal nagara sami, pagoejoeban Tjakra Beureum teh kĕdah nganggo tanda noe sami, nja eta Tjakra Beureum dina latar bodas.

Kapĕngkĕr-pĕngkĕr mah Tjakra Beureum teh moeng ngagĕngkeun toetoeloeng di pangpĕrangan bae. Ti taoen 1919, hantja Tjakra Beureum diseueur. Lahan padamĕlanana diagĕngan Taoen eta, dina artikĕl 25 noemoetkeun pĕrdjangdjian Volkenbond, disĕbatkeun jen „nagara² noe djaradi lid Volkenbond diwajibkeun ngadeudeul Tjakra Beureum ĕnggoning: njaean kawarasan rajat, nolak pagĕboeg sarĕng noeloengan anoe toenggara.

Eta boh dina keur aja pĕrang boh dina keur rapih. Tjindĕkna sina njoemponan rasa kamanoesaan, soepados hiroep tĕngtrĕm, repeh-rapih.

Taoen 1921, waktos nagara-nagara pada narekahan bab repeh rapihna pangeusi doenja, dina konpĕrensina Tjakra Beureum teh ngadamĕl oear-pangadjak ka saeusi doenja, soepados mareuman napsoe noe ngadjeroeng taroeng.

Taoen 1923 eusi doenja parantos ngangkĕn, jen sasmita repeh-rapih sarĕng silih pikanjaah teh ngantjik dina garapan Tjakra Beureum.

Dina kongres taoen 1928 di Den Haag, Tjakra Beureum teh parantos ngabahas soeal, jen Tjakra Beureum batinna kĕdah djadi panghalang kana ajana pĕrang.

Nalika kongres taoen 1930 di Brussel, Tjakra Beureum teh ngadjentrekeun, jen ngandoeng maksad baris nĕgoehkeun batin di mana-mana, soepados djadi pangdjeroeng kana rapihna papada manoesa, silih asih, silih pikanjaah, silih toeloengan, silih harti-keun, malar aman, mambrih rapih, djaoeh pidjalaneun taroeng.

...yang pidjalaneun p̄rang...; baloekarna baris moal pinanggih sar̄ng kalaraan kabalangsakan; anoe aja teh kantoen tiis dingin parloerna.

Tina koe margi eta, Tjakra Beureum mah di mana bae, dina waktos rapih koe moal w̄leh ihtiar kanggo karapihan doenja.

Padam̄lan Tjakra Beureum dina waktos p̄rang sar̄ng dina waktos rapih, ieu di handap ditetelakeun.

I. Padam̄lan dina waktos p̄rang.

Sanadjan Din̄s-Kawarasan Militer sakoemaha aḡngna oge, manging kanggo ngarawatan noe tatoe sar̄ng kasamboet di pangp̄rangan mah moal tj̄kap keneh bae; kapaksa k̄dah dirodjong koe soegri anoe rido sar̄ng ikhlas kalajan karena Allah, babakoena di djalma² pareman. Soepados pitoeloeng tea karaos paedahna, anoe bade toetoeloeng teu kenging sakama-kama, k̄dah ti anggal-^{na} heula dialadjar sar̄ng diatoer, soepados teu ngawagoe dina mangsana; oepami didadak dina ḡrna aja p̄rang mah moal ka-^{loedj̄ng}, djalaran seueur oenak-anikna.

Dina l̄r̄san ieu Tjakra Beureum teh djadi badan-pitoeloeng koe Pamarentah, didam̄l sasar̄ngan sar̄ng Din̄s-Kawarasan-Militer. Dina aja p̄rang, ponggawana, paparabotanana sar̄ng padam̄lanana baris ditoengtoen koe din̄s noe kas̄bat di loehoer.

Di antawis padam̄lan-padam̄lanana anoe pangp̄erloena mah nja eta:

a. Toetoeloeng di medan pangp̄rangan sar̄ng dina ngoendjalan noe taratoe ti pakalangan ka loeareun kalang.

Kanggo kap̄erloean ieu Tjakra Beureum teh ngadjar ponggawana dina waktos rapih kanggo poerah toetoeloeng sar̄ng poerah ngoendjalan, kalajan ditalingakeun koe Din̄s-Kawarasan-Militer. Doepi sipatna pitoeloeng tea, ngawitan di pakalangan sabada taroeng, ladj̄ng ngoendjalna noe tatoe atanapi noe oedoer, sat̄rasna di roemah sakit atanapi di t̄mpat paranti ngarawatanana.

b. Djabi ti njajagikeun ponggawa, Tjakra Beureum teh kalajan babadant̄enan sar̄ng Din̄s-Kawarasan-Militer, k̄dah njajagikeun t̄mpat kanggo ngarawat wadal p̄rang tea, di t̄mpat² noe katimbang p̄rloe.

c. Sagigireun eta k̄dah njajagikeun goedang landong sar̄ng sapoeratina.

- d. Djabi ti eta kédah njajagikeun kantor patarosan (informati bureau) bilih aja noe maloeroeh noe taratoe, noe maot, leungit, noe dibojong saréng noe dipisahkeun (geinterne den). Ka bojongan noe baris diwangsoelkeun ka nagara oge kédah maparin pitoeloeng.
- e. Satērasna, kédah nangtajoengan djalma pareman anoe kattu kēr koe moesoeh atanapi anoe njasab ka nagara moeso boh anoe goegoendoekan, boh anoe njorangan; kédah ngawatan saréng ngatoer pigaweeunana, ngoeroeskeun kawar sanana saréng soesoeratanana; kédah noeloeng noe gererempo, awewe saréng baroedak.

II. Padamēlan dina waktos rapih.

- a. Ngaheulakeun tatahar anoe pērloe bilih aja pērang. Eta tatahar teh teu kintēn pērloena dina noedjoe rapih. Dina artike 4 noemoetkeun pasamoan di Genève ditērangkeun: „Sagajagian sagala roepi kapērloean anoe dianggo dina dērna pērang, boh noe mangroepa barang, boh noe baris toetoloeng.”

Dina panglajang Tjakra Beureum noe diwastaan: „Ligue de Sociétés de la Croix-Rouge” taoen 1922 kaoengél jen „alpokah Tjakra Beureum noe ngagēngkeun karapihan teh, kanggo toetoloeng di pangpērangan boh di darat boh di laeet, teu kenging dihalang-halang.” Tjakra Beureum teh teu kenging dipopohokeun Ieu teh dikiatkeun koe kongresna di Tokio taoen 1934.

Koemaha tataharna, tadi parantos ditērangkeun.

Patali saréng ajana pērang noe nganggo parobot kimia (chemische oorlog) garapeun Tjakra Beureum teh woewoeh agéng bapatali saréng ngadjagi bahaja ti awang-awang.

Garapan sanesna noe patali saréng pērang, nja eta ngadeudeul ka wadal noe tanpa daksa; ka rahajat anoe tanahna dirēsak kuno noe keur taroeng saréng sapapadana.

Dalah sodadoe anoe noedjoe kapasrahan gagaman (onder de wapenen) oge tiasa keneh patali saréng Tjakra Beureum, oepu mina koe ngajakeun pagoeron-pagoeron, ngajakeun kalangénna saréng djabi ti eta.

- b. Ajeuna goendoekan padamēlan anoe woengkoel dilarapkeunana dina mangsa rapih. Djalaran teu kintēn seueurna noe patali

sarĕng hiroep koemboeh, oerang njandak tjonto sawatawis bae. Patali sarĕng roepi-roepi kaajaan tĕmpat sarĕng djalmina, di saban-saban tĕmpat teh bentĕn-bentĕn.

Tiloe roepi padamĕlan agĕng noe kĕdah digarap koe Tjakra Beureum, dina Congresna taoen 1920 parantos ditangtoskeun:

1. Ngadeudeul sarĕng ngahoetjoehkeun djalma rea soepados ngagĕngkeun kawarasan.

2. Ngiring didamĕl atanapi oepami pĕrloe, ngawoewoehan garapan Pamarentah.

3. Njĕbarkeun pangawĕroeh bab kawarasan, koe djalan roepi² (demonstraties), atikan sarĕng tarekah sanes.

Sabada pĕrang doenja, garapan Tjakra Beureum teh woewoeh ngunlĕgaan; sanes koe ngawoewoehan bahan² bae, nanging oepamina koe woewoehna ponggawa, woewoehna adĕgan² noe diajakeun nalika djaman pĕrang, toer ajeuna mah dianggo kapĕrangan sanes sarĕng djabi ti eta, diwoewoehan koe patekadan, soepados mangreboe-reboe somahan tiasa „dikoemboehkeun” (demonstratieeren).

Saroepi-saroepina eta gawe-koemboeh noe ngoedag kawarasan, oepami dipasing-pasing mah tiasa didamĕl lima goendoekan nja eta: 1. Noeloeng anoe tiwas atanapi anoe kataradjang toenggara (ramp). 2. Ngadjalankeun roepi-roepi atoeran panjĕgah. 3. Ngadjalankeun roepi² atoeran tatamba. 4. Ngajakeun Tjakra Beureum kanggo maroerangkalih. 5. Ngatoer hiroep koemboeh.

1. Tjakra Beureum baris ngĕprak ponggawana pikeun noeloeng noe kataradjang toenggara, (oepamina bae bahja lini, tjaah, kaheroean, kareta api pateunggar sarĕng sapapadana) saroepi-roepi katjilakaan, oepamina bae noe kageleng mobil.

2. Ngadjalankeun roepi² atoeran panjĕgah noe didjalankeun koe Tjakra Beureum, nja eta njĕbarkeun bab elmoe kasehatan sarĕng narekahan madjoena kawarasan rajat. Njĕbarkeunana oepamina bae koe djalan bioskop, boekoe, biantara, pasamoan sarĕng sapapadana, noe ngandoeng maksad ngawoewoehan kaoeninga djalma rea tina bab ngamoemoele badan, kabĕrsekaan, kadaharan, ngoeroes boedak sarĕng sapapadana.

Kanggo ngagampilkeun pĕrkawis ieu, oepamina bae di sakolompokola kĕdah ngagĕngkeun kawarasan; kĕdah diadjar njingkahan roepi² kasakit sarĕng sapapadana.

Di dajauh-dajauh noe arageung nganggo diajakeun „wijkzusters”

nja eta soestër anoe kapapantjenan ngoeriling ka pilëmbon
 dibantoekeun ka klinik-klinik. Djabi ti kitoe mërloekeun nang
 joengan kawarasan awewe sarëng baroedak, sakapeung mah
 ngaraksa kabatinanana; nja tēras ngawangoen „imah-kali
 (moederschaphuizen) sarëng „kantor-pitoedoh” (consultati
 reaux), maksadna baris ngadjaring maroerangkalih doegi ka je
 wa sataoen atanapi langkoeng, malah sajaktosna ti nalika ngan
 keneh oge parantos kēdah dimoemoele, satērasna eta *consult*
 teh ngoeroeskeun: maparin tjisoesoe, tēmpat ngampihan
 (crèche), adēgan pikeun ngoeroes orok, noeloeng awewe noe
 kan di imahna, ngajakeun taman-moerangkalih, ngatik sar
 seueur-seueur deui.

3. Ngadjalankeun roepi-roepi atoeran kanggo noe tatar
 babagoena roepi² padamēlan noe ilahar didjalankeun di roe
 sakit. Sakaloearna ti roemah sakit, noe oedoer teh tēras dilon
 kan ka rorompokna, bilih karoe frag. Oepami pērloe maneh
 disina titirah soepados sehat pisan, atanapi oepami noe djagd
 atoeh tēras dipangmilarikeun padamēlan.

Djabi ti atoeran eta, aja deui, nja eta narekahan ngabasm
 panjakit noe ilahar di pakampoengan, oepamina bae batoek-gan
 sa; njēgah maraotna babaji sarëng sapapadana.

4. Tjakra Beureum kanggo maroerangkalih maksadna mēl
 binih anoe djadi angēn-angēn Tjakra Beureum dina batin bar
 dak; di antawisna: 1. Noeloeng noe ripoe h nalang noe soe
 boh dina keur aja pērang, boh dina oesoem rapih. 2. Ngamadjen
 keun kawarasan rajat sarëng njēgah panjakitna. anoe dibakoek
 nja eta: a) ngamoemoele badan pribadi sarëng moelasara bad
 noe sanes; b) diadjar ngararaoskeun jen noe hiroep teh gadoe
 tanggēlan; c) mēkarkeun rasa asih sarëng karēp silih toeloeng
 sarëng papada djalma.

Eta pamaksadan teh ditarekahanana nganggo djalan:

- a. Ngawoewoeh pangawēroeh bab kaajaan badan sarëng ng
 goenakeunana.
- b. Katērang bab toetoeloeng saheulaanan ka noe tjilaka.
- c. Pangadjaran bab kawarasan moemoetkeun elmoening moe
 sara, boh adjangna boh kanggo noe sanes.
- d. Mēkarkeun rasa, jen gadoeh tanggēlan, sarta karēp kan
 toetoeloeng kalajan karena Allah.



Katjida ngeunahna
digawe make

PATJOEL TJAP „MOENDING”

noe didjieunna tina wadja, angger seukeutna
djeung awet.

LINDETEVES-STOKVIS

Tjakra Beureum kanggo maroerangkalih di Hindia teh diatoci koe goeroe-goeroe di sakola, toer katingal kamadjënganana. Na katjatët doegi ka panjeepan taoen 1937 nja eta.

209	brihade	noe	make	basa	Walanda:	8693	eli
176	„	„	„	„	Malajoe:	7544	
19	tjampoeran	1079	
Djoemlah 404 brihade						17316 eli

Sakitoe seueurna hiroep koemboeh di sawatawis nagara mah kintën lëgana ambahanana, oepamina ngoeroes kolot noe geus rempo; ngoeroes djalma noe djadi wadal tigërat noe teu gaduheun kanggo njiroeroek² atjan; mangmilarikeun padamëlan; mangihtiarkeun soepados djalma² maratoehna di tëmplat (imah) no sehat; ngabasmu bahja inoeman këras sarëng sapapadana.

Tjakra Beureum ngadjalankeun padamëlanana teh sasarëng sarëng badan-badan Pamarentah, margi eta badan² teh ngartosarëng ngaraos jen garapanana teh përløe aja noe ngabantoe loear, malar rahajat „sawawa.”

Hiroep dina djaman ajeuna, tjeujahna roepi-roepi pakasaba sarëng rëkahna dajèuh-dajèuh djadi ngawoewoehan oeroeseu Pamarentah.

Naon garapan Tjakra Beureum dina lërësan ieu?

Aja doea djalan; anoe djolna ti Pamarentah sarëng anoe djolna ti Tjakra Beureum, brasna ka pirang-pirang lahan.

Pamarentah ngartoseun, jen sabagian tina garapanana teh përløe aja noe ngabantoe, përløe dibantoe koe Tjakra Beureum. Sakapeung sok ngahoetjoehkeun, sakapeung sok noendjang koe artos. Teu kintën roemakëtna sarëng Tjakra Beureum teh.

Koe badan-badan Pamarentah, Tjakra Beureum teh dianggap hidji badan anoe beres atoeranana kanggo ngadjalankeun padamëlan anoe noedjoe kana karapihan. Sadjabina ti sarëng badan Pamarentah, Tjakra Beureum teh didamël sasarëngan sarëng pagoejoeban-pagoejoeban partikoelir anoe sami oedaganana.

Maksad ngadjait kasangsaraan hiroep koemboeh teh lërësan ieu mah këdah tiasa mitjeun roepi-roepi wagëlan.

Sanadjan kitoe, ari watës wangënna mah aja dina kalang padamëlan Tjakra Beureum teh.

Kantënan ari lëgana mah lahan garapan Tjakra Beureum teh, ti ngoeroeskeun noe tatoe doegi ka ngoeroeskeun noe rerempo.

••••• djadi wadal tigérat, nanging hénteu ari ngarawoe koe sikoe mah.

Memeh prak didamél teh, Tjakra Beureum ngoekoer heula lahan ••••• bade digarap, ngoekoer heula lékana noe baris diambah, ngalambélan heula patok kanggo wawatésan hantja, bok bilih teu kataraguan.

Iru teh di oenggal témpat teu sami, goemantoeng kana kaajaan ••••• hajat noe baris ditoeloenganana; kédah ngaheulakeun anoe langkung pěrloe, kédah milih noe langkoeng prajogi, teu kening gagabah. Moal ngoeroeskeun oeroesan noe baris meubeut meulit oeroesanana; woengkoel noeloengan noe pěrloe ditoeloeng noekeun pítanagaeunana. Moal ngantép ka noe pěrloe dideudeul makudar kadoega koe waragadna.

••••• lita minangka wawatésanana.

Kitoe oemoemna garapan saréng wangoen leundjeuranana Tjakra Beureum teh.

Ajeuna kantoen ngawoengkoel ngabahas kaajaan di Hindia, balajan moal ngawangsoelan sadjarahna, tjékap koe ditérangkun, ••••• di Hindia teh aja 36 tjabang noe diadégkeunana di dajéuh² noe ••••• ongeung, saréng aja 12 correspondentschappen (pangbantoe) di ••••• tempat-témpat noe aralit. Eta bagian-bagian tea rata-rata ngajakeun pangadjaran kanggo sagala bangsa. Oepami diringkéskeun mah kieu:

• Pangadjaran kanggo poerah toetoeloeng kelas III; pěrloe ngambah heula pagoeron kanggo toetoeloeng saheulaanan (eerste hulp bij ongelukken) saréng pagoeron kanggo diadjar ngarawat ditéraskeun koe prakna mètakeun eta pangadjaran di roemah-roemah sakit.

• Rada loehoer ti eta, diwoewoehan koe pangadjaran ngoendjalan noe tatoe, pangadjaran noe patali saréng bahja gas ditéraskeun koe roepi-roepi pangawéroeh bab panjakit noe teu paja kakotoran (infectie ziekten). Katoet panjégahna; diadjar roepi-roepi garapan Tjakra Beureum, boh dina waktos rapih, boh dina waktos pěrang; diwoewoehan pangawéroeh bab atoeran² Dinés-Kawarasan-Militer; diadjar mintonkeun padamélan (demonstraties) saréng kaoeninga tina bab paparabotan.

• Pangadjaran bab ngakoet anoe oedoer — tadi mah noe tatoe! — ngawéngkoe saréng bab ngoendjalan noe tatoe: malikan

sadaja pangadjaran sarěng roepi-roepi kaoeninga bab gairan pan Tjakra Beureum.

Maksud eta pangadjaran teh, soepados oerang teu kagok kanggo didamel kalajan karana Allah dimana aja pěrang, soepado tiasa gampang djadi pangwoewoeh kana Dinēs-Kawarasan-Militer.

a. Ngoendjal noe taratoe ti pangpěrangan ka loeareun kalang pangtaroengan.

b. Njajagikeun bahan kanggo ngakoet noe oedoer sarěng tato di těmpat-těmpat wěwěngkon matoehna anggahota Tjakra Beureum. Tjakra Beureum teh satiasa-tiasa kědah narékahan ngajakeun:

1. 12 doktěr sarěng 144 noe babantoe kanggo miang ka tjakra pakalangan tea.

2. 15 doktěr sarěng 180 noe babantoe kanggo di sababaraha wěwěngkon noe anggang ti pakalangan.

3. 600 poerah babantoe (istri).

Djadi djoemlah: 27 doktěr, 324 poerah babantoe paměgět, sarěng 600 poerah babantoe istri ¹⁾.

Tetela sanes garapeun alit-alit, toer eta sagala roepi noe di adjarkeun teh kenging dipětakeun dina mangsa rapih.

Anoe tangtos bae, tangtos aja paedahna kanggo di saboemi-boemina: moelasara noe tatoe, pitoeloeng saheulaanan, ngoeroes ka sehatan, sarěng sapapadana.

Djabi ti kitoe tiasa dipětakeun oepamina bae dina aja katjilnakaan di djalan; dina mangsana aja bahaya alam sarěng sadjablana.

Malah ari istri mah djabi ti kitoe teh tiasa deuih toetoeloeng oepamina bae: di klinik, di těmpat ngoeroes orok sarěng noe sa roepi kitoe deui.

Patali sarěng eta, djol bae patarosan: „Naon atoeh sajaktosna garapan Tjakra Beureum di Hindia dina djaman rapih teh?”

Sajaktosna Hindia mah kenging disěbat mitěmbějan keneh. Now parantos madjěng teh tjabang Bogor (gadoeh roemah sakit sarěng klinikna) sarěng tjabang Batawi (gadoeh sawatawis klinik).

Dina kongres taoen 1938 dipoetoes, jen padamelan saroepe kitoe teh baris diagěngkeun. Ka pajoenna baris diemoetkeun kědah kumana lojogna Tjakra Beureum di Hindia teh.

¹⁾ Dina basa Walandana disěbatna „helpers” sarěng „helpers’ sanes „verplegers” sarěng „verpleegsters” (M.A.S).

Nanging kědah aja pangdeudeul ti sakoemna pangeusi nagara. Kědah kahartoseun heula, jen Tjakra Beureum teh ngandoeng maksad baris ngadangdosan kaajaan hiroep koemboeh.

Oepami parantos seueur noe roemodjong, tangtos karaos hasilna. Ieu manahaneun sadajana. Moegi-moegi bae *Florence Nightingale* djadi pitjontoëun, sing djadi panghoedang rasa:

Sing nimboelkeun „kaaralan anoe sehat”,
aral koe teu tiasa noeloeng noe sangsara,
nimboelkeun kadaek kana toetoeloeng,
toetoeloeng, sasarėngan ngahantja padamėlan amal.

Soepados toeang poetra woewoeh
loehoer boedina, doegi ke rėsėp toetoe-
loeng ka noe sangsara, panggaleuh-
keun boekoe ieu :

Tjarita roepa-roepa	I	f 0.12
idem	II	„ 0.08
idem	III	„ 0.12
Opat boedak pahatoe di leuweung	„	1.20
Tjarita boedak jatim	„	0.60
Djatining sobat	„	0.15
Pandoe pinilih	„	0.50

BALE POESTAKA, BATAVIA-C.

VITAMINE

Sarerea oge tangtoe tĕrang, jen dina kadaharan teh aja saroe bahan anoe pohara gĕdena goenana, disĕboetna „vitamine”. „ mangpaatna, babakoena pikeun njampoeran gĕtih noe njaliara sakoeliah badan oerang, soepaja sĕgĕr djeung sehat. Oepama tea hĕnteu „diparaban” koe vitamine, tangtoe kawas tjĕmpor teu diminjakan, mĕlĕmpĕm soerĕm nĕpi ka pareum pisan. Ku sabab eta katjida pĕrloena oerang ngagĕdekeun barangdahar sako kadaharan noe ngandoeng vitamine teh.

Oenggal² kadaharan hĕnteu saroea ngandoengna vitamine. „ noe rea, aja noe saeutik, sarta mawatna oge beda-beda.

Oepamana bae vitamine A, bisa nolak mata kotokeun djeung tatoe dina panon. Ari vitamine B¹ bisa ngadjaga kasakit biri-biri. Geus kitoe vitamine C bisa njĕgah gĕtihan goegoesi.

Ari ajana Vitamine A, babakoena dina kadaharan noe beuru dina lalab noe ngarora, dikoeloeb sakeudeung.

Vitamine B¹ mah beunang dientjerkeun (angeun!) ngan han djakal sok leungit koe saab djeung oejah, tapi beunang ari dikoeloeb mah ngan oelah lila teuing.

Vitamine C oge beunang dientjerkeun, ngan sok toeloej laeu ngitan lamoen nĕpi ka toehoer atawa garing, kitoe deui oepama dipanasan atawa dikoeloeb. Aloesna kadaharan noe ngandoeng vitamine C mah oelah sok dililakeun. Lamoen boeboeahan, koedoe asak dina tangkalna.

Ieu di handap aja berendelan kadaharan noe ngandoeng roepa vitamine.

<i>Vitamine A.</i>	ĕngkol hedjo	kangkoeng
oebar noe didjieunna	toge	waloeh
tina gadjih	tjaoe ambon	sampeu
tjisoesoe sapi	tjaoe radja	
mantega	gĕdang	<i>Vitamine B¹</i>
kidjoe	djĕroek	daging sapi
ĕndog hajam	tomat (kĕmir)	dengdeng (kere)
ĕndog mĕri	alpoekĕt	ati
laoek tjai noe gadjih	sawo manila	ĕndog hajam
saladah	daoen katjang pan-	ĕndog mĕri
bajĕm (senggang) ~	djang	

rus woeloeh
tjajong
tjil
tjawa
tjandoem
tjarigoe
tjaroek
tjatjang pandjang
tjatjang kadēle
tjatjang hedjo
tjatjang beureum
tjimpē kadēle
tjatjom

boengkil katjang
kanari
Vitamine C
tjisoesoe sapi
laoek tjai
daging
ati
saladah
bajēm (senggang)
ēngkol hedjo
bonteng
koemēli (aardappel) ¹⁾

wortel
tomat (kēmīr)
lalab noe daoenna
sok roepa² warna
na
boeah
tjaoe
gēdang
nangka
kadoe
djēroek
ganas

*Moenggoeh djalma noe moelja hate toer loehoeng
tjai sagara,
malawasna anggēr bae,
adjan pada ngageugeuleuh djeung ngotoran.*

*Dikotoran hēnteu matak djadi kiroeh,
tjēp sasipatna,
ari sipat sagara teh,
tjaga djēmbar lir manah djalma boediman.*

¹⁾ Di Bantēn : kēntang ; di Bogor hoei

TOETOENGKOESAN.

Kaoela diwasiatan, koe sěpoeh koe pasobatan, tjatjandran ba ingėtan, soepaja kasalamėtan.

Moen aja noe makihikeun, kana diri ngamoeljakeun, arek ngahiroep-hoeripkeun, toer oerang boetoe koe pakeun.

Kaja oerang dipėrtjaja, koe menak boh koe noe kaja, njangkridjki leutik rea, koedoe tjangkėr oelah weja.

Koe pikir koedoe hartikeun, koedoe beunang diandėlkeun, matak dipėrtjajakeun, njeta oelah dileungitkeun.

Masing rempan hariwangan, dina pikir nja itoengan, ngarik diri sorangan, sing salamėt ti doenoengan.

Manahna anoe ti pajoen, koe oerang koedoe kaajoen, doenoengan sina kajoengjoen, ka oerang malikna noejoen.

Oerang teh disina lana, tėda leleberanana, njeta ningal oerangna, beres bėnėr milampahna.

Sabab manahna katande, moen leungit soemawon gėde, saeutik ge hėnteu hade, djadi meunang heum katjode.

Teu koe hanteu kakoesoetan, tjampoleh bongoh ingėtan, moer kitoe mėgat laratan, doenoengan teh pėpėgatan.

Soemawon atina doegal, ngagampang ngahagal-hagal, eta moksok komo gagal, leleberan teh ditinggal.


Sipating kana kagoengan, oelah gawok ngagampangan, soemawon oerang-oerangan, pepeseran ge larangan.

Teu batan noe saestoena, locloes awet kapakena, majėng leleberanana, djadi ngantėng mangpaatna.

Naon anoe ditimbalkeun, ka oerang noe diwiatkeun, sing tėgėrėgėp lampahkeun, masing beunang diandėlkeun.

Da oerang djadi kamoedi, sing inggis sieun teu djadi, ngarik diri pribadi, da oerang boeboehan ngabdi.

AJEUNA SABOEN LUX LANGKOENG AGĚNG



PANGAOSNA TEU OENDAK

Potongan saboen seungit LUX ajeuna langkoeng kandél sarĕng langkoeng abot, nanging pangaosna mah anggĕr 10 sen hidji. Ieu teh sami sarĕng kaontoengan EXTRA kanggo anoe ngaranggo saboen LUX,

nja eta saboen anoe boedahna katjida seueurna, didamĕlna koe bahan-bahan tina toetoewoehan anoe pangsaena, sae kanggo ngamoemoele koelit anoe lĕmĕs. Saboen LUX teh hasilna tina pangawĕroeh modern; eta margina anoe mawi diarango di studio-studio film noe aragĕng di Hollywood, tĕmpat bintang-bintang film noe ngaranggonana saboen Toilet tara sambarang, tina ngarĕmoetkeun kana kageulisanana.

* * *

Saboen seungit LUX dipidamĕlna koe Lever's Zeepfabrieken N.V. di BATAWI kanggo sakoeliah HINDIA. Para djoeragan istri-pamĕgĕt tangtos langkoeng ngadjenan kana hasil tanah Hindia.



LUX

Lever's Zeepfabrieken N.V. — Batavia

SABOEN KAGEULISAN

L.T'S.-433-38 M.

Moen kagiliran ngaronda, ngariksa njawa djeung banda, oelala deuk sindang ka randa, pėrkara dinės ditoenda.

Panganggoeran ngadon pėre, rasa maneh dipalire, disoegoeh soegoeh dibere, lila-lila ngadon sare.

Ana aja reuweuh-reuweuh djalma tagiwoer patjiweuh, menak walahwah-weuleuhweuh, ngaboektikeun ronda euweuh.

Geus tangtoe maneh nja badan, meunang gėde katjatjadan, dihoekoem irid-iridan, tambah bodjo ngabaeudan.

Diri maneh moal meunang, hajang naėk kana sėnang, sabab geus kakoenang-koenang, dipėrtjaja tara beunang.

Tah eta kabeh ingėtkeun, koedoe imankeun sing leukeun, pambrih koe noe makihikeun, agoes dilambat-lamboetkeun.

Djeung oerang eukeur kaanggo, dina toeng dina nganggo, oelah njieun olo-olo, napsoe tjėntok sing ngadjogo.

Ari nampa kaoentoengan, leleberan ti doenoengan, sesa tina sandang-pangan, teundeun kana tjengtjelengan.

Baris dahar baris make, koedoe ingėt baris ėngke, moen agoes geus teu kapake, ngadadak njiar talangke.

Lamoen agoes koe doenoengan, dilėpas nja kadjėnėngan, leuheung njampak kasėnangan, milik noe asal sorangan.

Orokaja lamoen balik, hanteu njampak asal milik, pigeusaneun oerang tjalik, moen euweuh oerang tjoenggėlik.

Sanadjan loba baraja, ditoeroetan rea-rea, lila-lila mah teu paja, toengtoengna mah sok pasea.

Teu batan ridjki pribadi, kėkėrėtikan noe tadi, leleberan waktoe ngabdi, gėde leutik oge djadi.

D. Kartamihardja.

TATANEN — DAGANG — KARADJINAN

THEERESTRICTIE-VERORDENING 1938 (1)

(Atoeran nētēpkeun mētik djeung ngadjoeal poetjoek ěnteh, noeroetkeun Sētatsēblad tanggal 11 Maart 1938 No. 122).

Artikēl 1.

Anoe dina ieu oendang-oendang disēboet :

- ordonansi, nja eta TheerestRICTIE-ordonnantie 1938 (Stbl. No. 121 tanggal 11 Maart 1938).
- opkoopreserve, nja eta sabagian tina reana anoe baris di-
iangkeun, njokot tina poetjoek anoe meunang meulian; noe-
roetkeun pasal 5 ayat (5) tina ordonansi.
- standaardproductie-areaal (lēgana tanah pēlakaneun hasil-loe-
loegoe), nja eta tanah di kontrakan anoe lēgana diakoe sah
koe Direktoer (2), sarta dina tanggal 12 Juni 1933 aja kē-
bon-ěntehan atawa kēbon ipoekanana; kitoe deui tanah anoe
noeroetkeun pasal 2 ayat b Thee-aanplant-ordonnantie, ti
samemeh 1 April 1938 geus anggeus dipakena ngalēgaan
kēbon.

Artikēl 2.

Oepama pikeun ngadjalankeun ieu verordening teh pērloe ngi-
tong (omrekenen) poetjoek (3) make tatandingan ěnteh, tatandi-
nganana teh ina salapan kana doea.

Artikēl 3.

(1) Pikeun kontrakan noe dimaksoed koe pasal 3 ayat 1 dina
ordonansi, oenggal-oenggal taoen (restrictie-jaren) ngitoengna ha-
sil-loeloegoe tina poetjoek-kontrak teh koedoe didjoemlahkeun:

(1) Verordening nja eta atoeran-atoeran anoe njokotna tina or-
donansi; ari ordonansi tēgēsna poko-poko atoeran loeloegoe.

(2) Maksoedna: Directeur Economische Zaken.

(3) Poetjoek = poetjoek ěnteh meunang mētik; ěnteh = poetjoek
noe geus dikokolakeun.

a reana ěnteh, noeroetkeun reana hectaren *tangkal* noe *sawawa* tina standaar-productie-areaal, dina taoen eta, ditikĕl koe gitikratana hasil dina sahectare, sakoemaha noe kaoeni garapan „Thee-uitvoer-ordonnantie” noe pangĕnjarna.

djeung:

b reana ěnteh, noeroetkeun reana hectaren *tangkal* noe *sawawa* tina standaar-productie-areaal — dipisahkeun saomoerna-saoemoerna — dina taoen eta, ditikĕl koe gitikratana hasil dina sahectare noe *sawawa* djeung toempa-toemp, anoe teu *sawawa* tea noeroetkeun saomoerna-saoemoerna.

(2) Pikeun kontrakan anoe dimaksoed koe artikĕl 3 ajat (1) djeung (4) dina ordonansi, oenggal-oenggal taoen ditangtoekkeun piraeanana hasil loeloegoe tina poetjoek kontrak tea noeroetkeun hasil noe biasa kapoeloek koe eta kontrak. Diatoerna koe Directeur Economische Zaken.

(3) Minangka iwalna, ari pikeun kontrak noe teu bogaeun pabrik mah, sarta eta kontrak tea lain bogana salah sahidji kontrak noe bogaeun pabrik, hasil loeloegoe teh kieu diitoengna: Pikeun taoen 1938/1939 salapan poeloeh pĕrsen; taoen 1939/1940 toedjoe poeloeh pĕrsen; satĕroesna lima poeloeh pĕrsen tina djoemlah hasil noe kaoeni dina ajat-ajat ti heula.

(4) Dina kadjadian loear biasa — kalawan njoehoenkeun tumpang Comissie van Advies — Directeur tiasa ngabatalkeun oenina lid (3), oepama kontrak tea bisa ngasongkeun alĕsan jeu hĕnteu bisaen njoemponan oenina artikĕl 6 ajat (1) bagian (1) sarta eta pabrik tea bisa ngadĕgkeun pabrik sorangan, tapi ku roepa-roepa halangan, hĕnteu bisa.

Artikĕl 4.

(1) Pikeun pabrik anoe kasĕboet dina artikĕl 3 ajat (2) dina ordonansi, nĕtĕpkeunana hasil loeloegoe tina opkoopblad (1) telu nja eta reana uitvoervergunning (2) dina taoen kalima ditikĕl koe 100/59.13.

(1) Poetjoek beunang meulian, lain ti kĕbon sorangan; sok di sĕboet poetjoek-kampoeng.

(2) Soerat idinan ngiangkeun ka nagara loear.

(2) Pikeun pabrik noe dimaksoed koe artikël 3 ajat (5) dina konansi, nētēpkeunana hasil loeloegoe teh baris diatoer sing oepama makeun, sabisa-bisa noeroetkeun kaajaan meulianana dina kabeuh-dieunakeun, samemeh „Theeuitvoer-ordonnantie” dipastikeun.

Artikël 5.

(1) Koe Directeur baris diwawarkeun dina Javasche Courant: standaardproducties poetjoek kontrak atawa poetjoek kampoeng noe dimaksoed koe artikël 3 djeung 4.

(2) Sadjero gēnēp minggoe sanggeus aja wawaran sakoemaha kasēboet dina ajat (1) anoe baroga kēbon meunang ngasongkeun kabeubeuratna make pērāntaraan Commissie van Advies.

a. oepama bisa nembongkeun, jen hasil loeloegoe noe disēboet dina wawaran tea salah ngitoengna.

b. lamoen tjoekoep boekti-boektina jen hasil kēbonna dina saban-saban hectare sadjéroning waktōe mēlak ti 1 Januari 1933 sarta ka 15 October 1934 sakoerang-koerangna 10% leuwihna tina djoemlah noe geus ditangtoekeun.

(3) Directeur, kalawan moendoet timbangan Commissie van Advies baris marios kabeubeurat anoe diasongkeun tea, sarta oepama aja robahan dina djoemlah noe geus dipastikeun, baris diwawarkeun dina Javasche Courant. Eta poatoesan hēnteu meunang dipadoean.

(4) Ongkos ngasongkeun kabeubeurat tjara dina ajat (2) tea, ditangtoekeun koe Directeur sarta djadi tanggoengan noe ngasongkeunana.

Artikël 6.

(1) Directeur, kalawan moendoet timbangan Commissie van Advies kagoengan kakawasaan pikeun ngomean (herzien) wawaran bab hasil loeloegoe tina ēnteh noe didjieunna tina poetjoek-kontrak.

a. oepama katimbang, jen katērangan-katērangan noe dipake mastikeun hasil loeloegoe teh teu tjoekoep atawa di ahir kanjahoan djoemlahna.

b. oepama kanjahoan, jen ngitoengna hasil-loeloegoe teh salah.

c. oepama kanjahoan, jen kontrak tea geus teu ngabogaan tanah anoe dipēlakan pikeun standaard-productie-areaal.

- d. lamoen aja kontrak, sakoemaha noe kaoeni dina artikël 3 ajat (3), ngadégkeun pabrik toer ngadjalankeun sorangan, atawa satoengtoeng pikeun kontrak noe saroe pa kitoe katem bong, jen pikeun sagëmlëngna djoemlah licentie noe dibikeun teh katalian koe përdjangdjian hal ngasoepan poetjoek k kontrak noe bogaeun pabrik noe licientia baris dipasrahkeun dina hal saroe pa kitoe mah nangtoekeunana hasil loeloegor teh koedoe tjara noe kasëboet dina artikël 3 ajat (1) djeung (3).
- e. lamoen hidji kontrak ënteh dioeroesna koe badan anoe ngoelik pangawëroeh ⁽¹⁾ toer beunang dipastikeun jen hasil loeloegor tina poetjoek kontrak tea sagëmlëngna pikeun kapërloean pangawëroeh, dikaloearkeunana teh make licentie.

Directeur, kalawan moendoet timbanganana Commissie van Advies aja hak ngomean wawaran bab hasil loeloegoe tina ënteh noe didjieunna tina poetjoek-kampoeng.

- a. oepama katangen jen katërangan-katërangan noe dipake nang toekeun hasil-loeloegoe tea teu bënëer.
- b. oepama kanjahoan, jen ngitoengna hasil-loeloegoe teh salah b. oepama artikël 3 ajat (4) tina ordonansi bisa dilarapkeun boh torodjogan boh koe djalan malibir ka pabrik-pabrik noe aja kapërloeanana.

Artikël 7.

(1) Licentie pikeun ënteh noe didjieunna tina poetjoek kontrak — djaba dina taoen restrictie noe mimiti mah — dipasrahkeunana teh sakoerang-koerangna koedoe 14 poë memeh ngamimitian taoen restrictie.

(2) Licentie pikeun taoen-taoen-restrictie noe mimiti sabisa bisa baris boeroe-boeroe dipasrahkeun.

Artikël 8.

(1) Licentie pikeun ënteh poetjoek-kampoeng, noe dimaksoed koe artikël 5 ajat (4) tina ordonansi, dibagikeunana teh opat kali dina saban taoen-restrictie, ngabagikeunana heuleut tiloe boelan sa kali, ngamimitianana oenggál 1 April saban taoen.

(1) Wetenschappelijke instelling.

(2) Ngabagikeun licentie anoe noeroetkeun kakoeatan artikël 5 ajat (4) tina ordonantie pikeun noengtoet (termijn) sakoemaha ajat noe tiheula, tatandinganana teh $22\frac{1}{2}$: $17\frac{1}{2}$: 35: 25.

(3) Direkoer, kalawan moendoet timbangan Opkoopcommissie, aja hak mengpar tina noe dimaksoed dina ajat (1) djeung (2).

(4) Licentie pikeun ěnteh poetjoek-kampoeng, dibagikeunana teh — kadjaba dina bagian mimiti — koedoe sakoerang-koerangna doea minggoe deui ti samemeh ngamimitian toengtoetan (termijn).

(5) Licentie pikeun panoengtoetan (termijn) kahidji dina taoen kahidji, baris boeroe-boeroe dibagikeun.

Artikël 9.

(1) Meulianana poetjoek, boh lobana boh waktoena koedoe noeroetkeun noe kasĕboet dina licentie tea.

(2) Oepama dina hidji termijn ⁽¹⁾ meulian teh koerang atawa leuwih tina djoemlah noe kasĕboet dina licentie, eta teh koedoe dibalitoengankeun dina termijn sapandeurieunana, tapi noe dibalitoengankeun teh teu meunang leuwih ti sapoeloeh pĕrsen tina djoemlah-djamleh termijn ti heula.

(3) Oepama kapaksa koedoe leuwih tina djoemlah noe kasĕboet dina ajat ti heula, bisa oge dibalitoengankeun deui dina termijn sapandeurieunana, tapi anoe boga pabrik ěnteh tea koedoe bisa nembongkeun ka Directeur make pĕrĕntaraan Opkoopcommissie, jen kaajaan kitoe teh kadjoeroeng koe roepa-roepa kaajaan noe lain dihadja. Nembongkeun alĕsanana tea koedoe dina djĕro sapoeloeh poĕ ti sanggeus beak termijn.

(4) Djoemlah noe dina licentie, noe saeutik teuing dibeulianana sabada ngalarapkeun noe kaoeni dina ajat di loehocr sarta hĕnteu dibalitoengankeun, baris diasoepkeun kana serĕp-djoealeun (opkoopreserve).

Artikël 10.

(1) Licentie saheulaanan, noe kasĕboet dina ordonansi artikël 6, dibagikeunana koe Directeur teh kalawan kira-kira pireaenana.

(2) Licentie saheulaanan tea baris gantjang ditjaboet sanggeus aja katĕtĕpan dina nangtoekeun hasil-loeloegoe, sarta eta licentie baris tĕroes diganti koe licentie-tĕtĕp.

(1) Waktoe anoe ditoengtoet; satĕroesna baris ditoelis termijn bae.

Artikël 11.

Ngabagikeunana opkoopreserve (serëp-djoealeun) ka pabrik pabrik koe Directeur, sanggeus nampa timbangan ti Opkoopcommissie, ngawoengkoel pikeun kapërloean-kapërloean noe ngarëbon ënteh golongan patani leutik (klein landbouw) djeung somahan, ka lawan atoeran-atoeran noe ditangtoekeun pikeun hal eta.

Artikël 12.

Sakabeh licenties pikeun taoen-taoen-restrictie eta, kitoe deul sagala roepa tandatangan djeung soerat-soerat tanda ngirimkeun ka loear nagara, oenggal² tanggal 16 Mei dina taoen-restrictie sapandeurieunana, baris ditjoeparkeun.

Artikël 13.

Directeur aja hak njaboet atawa nahan licentie, noeroetkeun kakoeatan artikël 20 tina ordonansi. Oepama noe ditahan atawa noe ditjaboet tea licentie ënteh-kontrak, baris ngadangoe heula timbangan Commissie van Advies, tapi lamoen licentie ënteh-kampoeng mah tjoekoeop koe timbangan Opkoopcommissie bae. Same-meh njaboet atawa nahan, anoe barogana boh kontrak boh pabrik baris diibëran heula koe soerat „aangeteekend” atawa telëgram, sangkan bisa ngasongkeun kabeubeuratna.

Artikël 14.

(1) Licentie ënteh-kontrak, kalawan pirëmpoegna Directeur bisa dipindahkeun boh kabeh boh sabagian, ka kontrak sedjen bogana djalma eta keneh. Ari Directeur ngaroedjoekanana teh lamoen katimbang jen moal aja matakna ka wëwëngkon eta.

(2) Licentie pikeun ënteh-kontrak, kalawan pirëmpoegna Directeur bisa dipasrahkeun boh kabeh boh sabagian, ka pabrik bogana noe sedjen. Kalawan ngingëtkeun noe kaoeni dina ajat di loehoer, Directeur ngaroedjoekanana teh oepama eta papasrahan tea hënteu ngaroegikeun wëwëngkonna, sarta kalawan timbangan Commissie van Advies bisa dianggap moenasabah jen papasrahanana antara eta doea kontrakan teh sakadar pikeun njoemponan reana ënteh anoe diiangkeun ka loear nagara.

(3) Papasrahan ënteh-kontrak tea hënteu meunang didjalankeun, oepama katimbang jen kontrak noe masrahkeun licentie tea lain kapaksa koe hal-hal noe teu dihadja, teu bisaun ngaloear-

... hasil loeloegoe sakoemaha noe kaoeni dina licentie tea; kalungna kitoe teh kalawan ngadangoe heula timbangan Com-
... van Advies. Oepama hidji kontrak geus masrahkeun saba-
... licientiena ka kontrak sedjen, atoeran-atoeran di loehoer teh
... pikeunana ngan pikeun licenties sasesana bae. Pikeun kontrak
... kapasrahan, baris moal diidinan deui, oepama henteu bisaeun
... hasilna sakoemaha noe kasẽboet dina licientiena pribadi
... licentie noe ditarima ti kontrak sedjen tea. Djelẽma noe
... sawatara kontrakan, koe ajat ieu mah baris dianggap jen
... kontrakan-kontrakan tea djadi hidji.

(4) Licentie pikeun ěnteh-kampoeng mah henteu kawẽngkoe
... atoeran papasrahan, kadjaba dina kadjadian-kadjadian loear
... Directeur kalawan timbangan Opkoopcommissie baris tiasa
... ngawidian.

(5) Tandana jen Directeur ngawidian pikeun masrahkeun ata-
... mindahkeun licentie tea, andjeunna ngadamẽl katẽrangan dina
... licentie-na.

Artikẽl 15.

Directeur nangtoekeun bangoenna djeung warnana licenties, as-
... gnaties (tanda tangan) djeung soerat idinan pikeun ngiangkeun
... nagara loear.

Artikẽl 16.

Directeur nangtoekeun sababaraha atoeran anoe pẽrloe pikeun
... croeskeun licenties, assignaties (tanda tangan) djeung soerat
... ngaloearkeun ěnteh ka loear nagri djeung sagala roepa atoeran-
... anoe patali reudjeung eta.

Artikẽl 17.

(1) Assignaties djeung soerat idinan ngirimkeun ka loear na-
... oepama rek ngirimkeun ěnteh ka loear nagri, wadjib dipas-
... keun ka kantor pabean (douane) noe baris ngoeroeskeun
... sakoemaha atoeran-atoeran noe ditẽtẽpkeun koe Directeur Finan-
... an.

(2) Assignaties tea koedoe dieusian sing tjoekoep sarta ditanda
... noe boga licentie atawa koe wawakilna.

Artikël 18.

(1) Noe disëboet soerat anteuran (geleidebrief), sakoemah noe dimaksoed koe ordonansi artikël 13 ajat (5) teh nja eta soerat-boekti anoe dieusian sarta ditanda kalawan bënëer toer modelna geus ditangtoekeun koe kapala Gewest.

(2) Anoe boga kakawasaan pikeun ngaloearkeun geleidebrief (soerat anteuran) nja eta:

- a. ponggawa nagara noe ditangtoekeun koe kapala Gewest.
- b. noe baroga kontrak, noe baroga pabrik djeung soedagar ënteh noe diakoe sah, kalawan dibere kakawasaan koe kapala Gewest.

(3) Ngaloearkeun geleidebrief (soerat anteuran) koe kapala Gewest tea, make roepa-roepa përdjangdjian djeung sëngkëran di antarana ditangtoekeun, koedoe koemaha oepama eta soerat anteuran tea geus dipake.

(4) Dina oenggal waktoe, kapala Gewest bisa njaboet kakawasaan noe kaoeni dina artikël 2 ajat (b) lamoen katimbang përlu pikeun kaberesanana ngadjalankeun ordonansi.

Artikël 19.

(1) Kapala Gewest aja hak njoeparkeun sahna hidji soedagar ënteh, oepama manehna ngarëmpak noe ditangtoekeun koe ordonansi atawa palanggëran anoe nangtoekeun djalanna ordonansi.

(2) Oepama soedagar ënteh ditjoeparkeun sahna, kakawasaanana noe kasëboet dina artikël 18 ajat (2) bagian (b) oge milih leungit.


Artikël 20.

(1) Directeur nangtoekeun prak-prakanana mere katëranguan djeung kapërloean, sakoemaha noe dimaksoed koe artikël 19 dina ordonansi.

(2) Noe boga pabrik dikoedoekeun ngeusian atawa ngarobah noe përlu dina njëkël boekoena (boekhouding) anoe koe Directeur dianggap përlu pikeun ngadjalankeun papariksaan meulianan poetjoek-kampoeng.

Artikël 21.

(1) Commissie van Advies didjadikeun koe panglobana 8 elu. Salah saorang di antarana koedoe djadi sësëpoeh (Voorzitter).



Sakoemaha bae beu- ratna momot

Art koe roda-A.D.V. mah maal boeroeng katarik. Geura pek tjipta, gorobag pantar kitoe, moniotna sakitoe, heug oekoer dikid-
pingan make wéngkoe beusi, asa pirakoe katarik.

Toeroeg toeroeg maal tombok balas ngomean djalan
oepama marake roda A.D.V. boetan Goodyear mah Ampti-
han doelt Hindia teh koe djalan dibeulikeun kana ieu kaloearan
pabrik Goodyear. Akal pikeun: kaamanan djeung njégah roeksakna
djalan teh:

R O D A - A . D . V .

boetan pabrik

GOODYEAR

DI BOGOR .

(2) Manehna boga kakawasaan pikeun maparin timbangan djeung ngasongkeun proestel ka Directeur, boh dipenta boh henteu, pikeun kaloeloesan djalanna ordonansi.

(3) Djeung deui manehna boga kakawasaan pikeun mariksa sagala roepa katérangan djeung sakoer noe pěrloe, noeroetkeun artikël 19 tina ordonansi; lamoen pěrloe bisa di tempatna.

(4) Manehna kalawan diroedjoekan koe Directeur bisa ngangkat hidji Adpisoer; djaba ti kitoe meunang ngangkat hidji sekretaris djeung menta katérangan-katérangan ka ahli-ahli anoe koe manehna ditoedjoel.

(5) Oenggal ëlid tina Commissie tea ngabogaan hidji soré Directeur atawa amtënar noe ditoedjoel koe andjeunna, meunang noengkoelan pasamoan Commissie.

Artikël 22.

(1) Opkoopcommissie diwangoen koe tiloan, pangreana lima an sakoer noe baroga kapëntingan dina djoel-beuli poetjoek.

(2) Pasamoan Opkoopcommissie meunang ditoengkoelan koe Directeur atawa koe amtënar wawakilna djeung koe voorzitter Commissie van Advies.

(3) Pagawean Opkoopcommissie, djaba noe geus ditangtongkeun dina ordonansi djeung sawatara palanggëran teh, aja deui nja eta:

- a. ngamadjoekun patani-leutik djeung somahan noe baroga kabon énteh.
- b. mariksa babajaran djeung harga poetjoek anoe didjoealan ka pabrik-pabrik sangkan moenasabah pangadjina (redelijke prijs).
- c. ngatoer djeung mariksa patjorokna djoel beuli poetjoek kampoeng.

Artikël 23.

Directeur, kalawan ngadangoe timbangan Opkoopcommissie van Advies, ngatoer ngitoengna harga noe katimbang meudjehuna pikeun poetjoek-kampoeng noe didjoeal ka pabrik-pabrik.

Artikël 24.

Oepama katimbang pěrloe, pikeun oenggal kaboepaten koe ka

pala Gewest bisa diwangoen Commissie van Overleg pikeun djoeal-beuli poetjoek.

Artikël 25.

(1) Commissie noe kasëboet dina artikël tjikeneh, diwangoena koe lima ëlid, kadjaba lamoen ajat (4) tina artikël ieu dilarapkeun.

(2) Lid ngarangkep djadi Voorzitter nja eta Regent.

(3) Ëlid noe sedjenna leuwih hade oepama amtënar B.B.-Eropa djeung hidji Landbouwconsulent, sarta sabisa-bisa noe doean deui mah djalma noe boga oeroesan dina djoeal-beuli poetjoek, toer matoehna di djëro wëwëngkon kaboepaten eta.

(4) Oepama ngërsakeun, Resident bisa noengkoelan pasamoan eta Commissie, toer dianggap djadi lid, sarta pasamoan tea disësëpoehan koe andjeunna.

Artikël 26.

Pagawean Commissie van Overleg, nja eta:

- a. babadamanian djeung noe baroga pabrik, djeung noe baroga këbon pikeun ngasongkeun proestel ka Opkoopcommissie geusan ngabagi-bagi patjorokna poetjoek-kampoeng ka pabrik-pabrik sangkan adil, ngingëtkeun lëgana tanah noe ngahasilkeun djoealeun.
- b. ngabeberes djoeal-beuli poetjoek dina aja papadoean.
- c. dina aja papadoean noe teu bisa dibebereh, koedoe ditoeloejkeun ka Opkoopcommissie.
- d. babantoe ka Opkoopcommissie dina ngadjalankeun pagaweanana.

Artikël 27.

Commissie van Overleg tea masamoanana iraha bae oepama dipenta koe Voorzitter atawa doea ëlid.

Artikël 28.

(1) Pikeun mariksa djeung nitenan bënërhënteuna ngadjalankeun sakoer noe dikoeatkeun koe ordonansi, babakoena anoe patali djeung djoeal beuli poetjoek-kampoeng, koe Directeur diajakeun sawatara kontrolir.

(2) Eta kontrolir tea koe Directeur baris dipaparin atoeran-atoeran, anoe pěrloe pikeun ngadjalankeun pagaweanana, di antarana baris diatoer koemaha oeroes-oeroesanana djeung Opkoop-commissie atawa djeung Commissie van Overleg, nja kitoe deui baris diatoer koedoe koemaha disoempahna (eed van geheimhouding).

Artikël 29.

(1) Noe baroga pabrik diwadjibkeun mere roepa-roepa katërangan ka Commissie van Overleg djeung ka kontrolir, tina sagala oeroesan anoe baris ngagampangkeun kana pagaweanana.

(2) Soedagar ěnteh anoe diakoe sah koe kapala Gewest, diwadjibkeun mere roepa-roepa katërangan ka eta kapala, sakoer anoe katimbang pěrloe.

Artikël 30.

Oepama noe boga pabrik ěnteh sanggeus meunang antjaman noe mimiti ti Goepěrnoer Pasoendan:

- a. noeroetkeun timbangan Opkoopcommissie, hěnteu daekeun mantoean ngabeberes papadoean, padahal baris pibisaeun ngabantoe.
- b. boga kalakoean anoe tjek timbangan Opkoopcommissie bisa ngaroegikeun ka noe baroga poetjoek-kampoeng, kalawan proestel Pangagoeng noe kasěboet di loehoer, koe Directeur baris dilarapkeun atoeran anoe kasěboet dina ordonansi artikël 20.

Artikël 31.

(1) Anoe boga kontrak dilarang ngadjoeal atawa ngaloearkeun poetjoekna, kadjaba lamoen sakalian djeung masrahkeun (overdragen) licentiena, noe saroea tatandinganana.

(2) Noe ngarěmpak larangan di loehoer baris dihoekoem enteng (hechtenis) panglilana tiloe boelan atawa diděngda pangreana lima ratoes roepia.

Artikël 32.

Kadjaba ti djalma-djalma noe kaoeni dina ordonansi artikël 27, anoe kawasa maloeroeh palanggaran (strafbaar gestelde felten)

tina „Theerestrictie-ordonnantie 1938” teh nja eta kontrolir noe kapapantjenan ngadjalankeun papariksaan dina djoeal-beuli poe-tjoek-kampoeng:

Artikël 33.

Pikeun beresna ngadjalankeun ieu verordening ⁽¹⁾, Directeur ngaloearkeun deui roepa-roepa pangatoeran anoe katimbang pěrloe.

Artikël 34.

(1) Ieu verordening disēboetna „Theerestrictie-verordening 1938”.

(2) Lakoena djeung tjoeparna, barēng djeung „Theerestrictie-ordonnantie 1938”.

(1) Verordening nja eta atoeran-atoeran anoe make dadasar ordonnantie, ari ordonansi nja eta loeloegoena atawa babonna atoeran. Ieu noe disalin teh nja eta salinan verordening (Stbl. 122/1938), ari ordonansina Stbl. 121/1938.

PASEHAT

Adjėngan tas ngoeseup aja noe nanja : „Moelih ti mana?”

Adjėngan : „Wangsoel ngoeseuf.”

Noe nanja : „Naon laekna?”

Adjėngan : „Keujeuf, kaffitingngng, kakaff.”

Tina boekoe Landong bacud.

(Bale Poestaka).

ATJOENG.

Paingan aja katjapangan kolot: „Sagala roepa anoe koemëlip di doenja tangtoe aja gawena.” Sakoer tatangkalan anoe toemoewoeh di satangkaraking lëmah tangtoe aja mangpaatna. Noe teu diarah daoenna tangtoe boeahna, teu boeahna pasti këmbangna, teu këmbangna tangtoe papaganana; lamoen teu kitoe, geus tangtoe akarna atawa beutina mah aja goenana, malah geutahna tampolana gëde gawena. Tjindëkna aja bae noe kaarah teh, malah ninggang di kawoeng mah mani teu aja noe kapitjeun.

Koemaha ari atjoeng?

Soegan këmbangna pikeun soesoebal atawa rampe?

Atjoeng mah beutina, malah koe noe bisaeun ngokolakeunana mah nëpi ka bisa ngahasilkeun reboean roepia.

Di oerang sanadjan hënteu nëpi ka nëgal oge, atjoeng teh di oenggal tëmplat aja, malah teu koedoe make katembong tangkalna, da biasana sok ngabedjakeun maneh koe baoena, nëpi ka di sawareh tëmplat mah disarëboetna oge këmbang boegang atawa këmbang bangke.

Noeroetkeun ahli elmoe pëpëlakan, atjoeng teh aja tiloe roepa, nja eta:

1. *Amorphophallus Campanulatus*. Di Djawa disëboetna soewëg, badoer, ilës-ilës, këmbang bongah, waloer. Di oerang: ileus atawa sobek; di Malajoe: këmbang bangke.

2. *Amorphophallus oncophyllus*. Di Djawa: badoeng; di oerang: atjoeng, këmbang boegang, këmbang bangke.

3. *Amorphophallus Variabilis*. Di Djawa: kawas dina 1 ditambahan koe: tjoemplëng, këmbang katjeng, slowek. Di oerang kawas No. 1 djeung doea ditambahan koe: tjoemblang, tjangtjangan oraj. Di Madoera: këmbang bangke atawa lorkong.

Djaba ti eta, aja 6 roepa deui „barajana” atjoeng anoe teu përloe ditjaritakeun di dieu.

Dina përdagangan mah atjoeng teh ngaranna diratakeun bae noe ieu noe itoe ge disëboetna *i'ës-ilës*, nja eta beuti *Amorphophallus variabilis*, disiksik dikeureutan laleutik toeloej dikere. Geus gararing dikaroengan, didjaroealan, iangkeuneun ka Djëpang.

Kabeh-dieunakeun (ti taoen 1933) ngirimkeun atjoeng ka Djëpang teh pohara nambahanana, nëpi ka narik manahna badan pamariksaan bab dagangan hasil boemi (Commissie van advies

inzake de bevordering van cultuur en handelsgewassen, malah toe loej ngadjalankeun panaloengtikan, maksoedna hajang tĕrang, bisa hĕnteuna dagangan atjoeng tea dipadjoekeun, sata lamoen bisa koemaha tarekahna.

Di Djĕpang oge ari tangkal atjoeng mah aja, ngan rada beda djeung di oerang; noe di Djĕpang mah disĕboetna *Amorphophallu Rivieri* (konjak).

Sakabeh atjoeng kaasoep kana golongan tatangkalan anoe djad koe maneh (tara aja noe ngahadja mĕlak) sarta rĕkahna teh ko beutina toer oesoem-oesoeman. Dina oesoem kĕmbangan, kĕmbangna teh njalĕtjĕr ngatjoeng teu doea teu tiloe, diboengkoes ko saloempitna, minangka gagangna teh nja tangkalna tea. Oepam kĕmbang tea beukah, pohara baoena.

Dina mangsana daoenan, daoenna teh tara loba, malah radjeu sok ngan salambar, teu dahanan. Ari anehna, doemeh kĕmbanga djeung daoenan teh tara barĕng, sok aja antarana deui, sarta reureundahanana teh kaitoeng majĕng.

Lamoen keur boeahan, beutina sok peot sarta rĕnoeng siroengar rĕkah dina beuti loeloegoe, sapĕrtos dina *Amorph.-Variabilis* (ba doer, ileus), tapi aja deui noe bisaeun rĕkah tina daoenna kawa boentiris, oepamana bae *Amorph. oncophyllus* (atjoeng). Noeroet keun noe geus kapĕndak, siroeng teh biasana mah nja tina beu loeloegoe tea bae, ngan tara djaradi kabeh, sok toeloej pareot.

Di sawareh tĕmpat di Hindia, sok radjeun aja noe ngahadja mĕlak sawĕg (*Amorph. campanulatus*) pikeun „*didalahar*” babakoena dipake oebar. Ari atjoeng noe sedjenna mah tara aja no miradjeunan mĕlak, lantaran beutina hĕnteu ngeunah.

Di Djĕpang sok radjeun aja noe ngadalahar kadaharan noe d djeunna tina atji atjoeng (*Amorph. Rivieri*) tapi ari babakoer mah nja sok diparake roepa-roepa kapĕrloeana bae, babakoena pabrik lawon pikeun ngaherangkeun djeung mageuhkeun tinoena sina „rekep” teu tjarangtjang. Djaba ti eta sok diparake njan poeran karet atawa neuleum mota, moelas pajoeng kĕrtas djeur djaba ti eta sakoer noe oelah miis.

Ari noe diarah, atjoeng teh „atjina”. Mimitina beutina disiks toeloej dipoĕ nĕpi ka garing.

Di Djĕpang, noe geus „ngalanggan” meulian kere atjoeng oerang, eta kere teh ditoetoean, ditapi, digesoh bari „ditioep” ke kipas gĕde soepaja tapasna halibĕran, dipalar kari piatjieunan tinggoentoel karoneng. Eta piatjieun disĕboetna „*Konyaku*”.

Tatandingan atji antara atjoeng Djé pang (Amoph. Rivieri) djeung atjoeng oerang, ieu di handap diberendelkeun noeroetkeun pamariksaan ahli elmoe pisah di Laboratorium Bogor:

Amorph. Rivieri	= 35% — 50%
„ Variabilis	= 10% — 23%
„ Campanulatus	= 0% — 11%

Bedana antara konyaku di oerang djeung di Djé pang teh, doeneh di oerang mah leuwih barodas djeung leuwih loba „zetmeel-ta”. Lamoen dikeueuman, daekeun beukah tea mah tapi teu dae-keun djadi „gel.”

Koe noe ti pajoen pohara ditarekahanana sangkan atji di oerang bisa mapakan atji Djé pang, kilangbara ngoengkoelan teh. Eta arekah masilna kaitoeng meudjehna, doemeh bisa oge ngoendakeun hasil atji tina atjoeng oerang.

Oepama oerang nilik, jen atjoeng teh aja hargana, toer babari gokolakeunana, sasat teu aja waragadna, pikeun loeloemajanan tawa sambian mah — aloes moen ngahadja! — asa moal matak lamali oepama ditérangkeun mëlakna.

Taneuh anoe rek dipélakan atjoeng koedoe lendo djeung ridoeh arta rada beueus.

Noe dipélak biasana sok siroengna anoe narengtet dina beuti beuloegoe, radjeun oge sok matana bae dikeureutan tina beuti loe-pegoe. Memeh dipélak koedoe dianginkeun heula sina rada toer (oelah dipoë) kira doea tiloe poë kakara dipélakkeun. Di Djawa Wetan anoe marélak soewég teh sok dina logak noe djé-ona 20—25 cm. Sangkan beutina galède, koedoe digëmoek koe kokotor ti kandang.”

Anggangna mëlak kira-kira 60 cm sarta koedoe kahleuman. Mangsa pikeun mëlak, aloesna dina ngamimitian ngidjih. Kira²emoer 7 boelan atjoeng teh daoenna sok toeloej rigil tandana jen beutina geus meudjehna dikali.

Di sawareh témpat sok radjeun aja noe ngali beuti toeloej dialikkeun (dipélakkeun deui) didagokeun népi ka 7 boelan deui garah leuwih galède beutina.

Ngadjoealanana atjoeng tea, tadi ge disëboetkeun jen ka Djé-pang. Anoe dikirimkeun ti pcelo Djawa woengkoel teu woedoe na, boekti sakoemaha berendelan angka-angka di handap ieu:

1933	212.732 kg	hargana	f	17.232,—
1934	537.600	„	„	65.713,—
1935	579.280	„	„	48.756,—
1936	1.940.745	„	„	135.650,—

Pikeun taoen 1937 djeung 1938, waktoe noelis ieu pëdaran atjan kanjahoan tjatëtanana.

Palaboean anoe rea ngaloearkeun atjoeng, nja eta: Soerabaja, Tëgal, Probolinggo, Tjirëbon, Panaroekan, Pasoeroean djeung Tjilatjap.

Koe lantaran ti Djëpang pohara lobana noe marenta atjoeng (moerah, babari dikokolakeunana, hade beubeunanganana), ti Ero-pa oge mimiti rea noe mikiran roesiah ilës-ilës atawa atjoeng teh.

Noeroetkeun katëranngan Handelsconsulent di Soerabaja, patalina Djëpang djeung atjoeng teh kieu:

Djëpang narimana atjoeng teh lain ngan ti oerang bae, tapi ti nagara Tiongkok oge sok dikirim. Eta kiriman atjoeng, oepama rek asoep ka nagara Djëpang teh koedoe majar bea (invoerrecht) $5\frac{1}{2}$ yen dina sapikoelna. Biasana Djëpang menta dikirimna teh sok dina boelan September nëpi ka December. Dina boelan eta mah hargana teh nëpi ka radjeun nëpi ka f 7.— sapikoel di oerang, ari harga ngirimkeunana koerang leuwih katitih f 1.50 sapikoelna ti dieu ka Djëpang teh.

Eta harga teh ngitoeng pangadji atjoeng toehoer noe geus beunang ngeureutan.

Ari noe toehoer tea, beuratna kira-kira $\frac{1}{8}$ à $\frac{1}{7}$ ti noe baseuh.

Oepama ajeuna oerang lalamoenan, ngidjir oentoeng roegina ngëbon atjoeng, oepama panglaipna bae satangkal teh hasilna 30 gr toehoer. Djadi dina 1 ha anoe dipëlakanana 1×1 meter, pihasileunana ± 5 pikoel, pangadji \pm f 20.—.

Eta teh noeroetkeun idjiran anoe pangleutikna, panglalaworana: da moal ngan 30 gr hasilna dina satangkal teh djeung moal ngamonjah-monjah tanah nëpi ka tjarangna mëlak 1×1 meter, djeung moal ngan f 4.— pangadji sapikoelna.

Ari mëlakna apan sakitoe babarina, teu koedoe make ngaboekbak leuweung heula, katitih moerah.

Nilik kana boetoeahna Djëpang djeung nagara² Eropa, moal boa ka hareup mah atjoeng teh baris aja noe ngahadja ngëbon.

PANGAWĒROEH AWEWE

PĒRGĒRAKAN AWEWE DI WETAN.

Kintoenan: Mr. Maria Ullfah Santoso.



Mr. Maria Ullfah Santoso istri Soenda noe ngawitan kenging gĕlaran Meester in de Rechten.

lah wetan, saĕnjana kakara dina moenggaran abad ieu ngamimitiaanana, tapi masih keneh hengker. Sabagian leutik ti antara

Noe dimaksoed koe kĕtjap Wetan di diet teh nja eta sawatara nagara di Asia. Tapi, lantaran oedaganana pĕrgĕrakan awewe di Mĕsir oge rea noe saroea djeung pĕrgĕrakan awewe di Hindia, djadi Mĕsir oge arek diaboeskeun bae.

Anoe beunang disĕboet pĕrgĕrakan awewe teh nja eta oepama awewe babarĕngan madjoe narekahan robahna kajajaan anoe koe maranehanana karasana raroepek pisan, sangkan djadi ngeunahna.

Awewe oerang koelon mah geus lila ngabahasna bab eta teh, nĕpi ka meh dina sagala roepa oeroesan satahapan djeung lalaki. Ari pĕrgĕrakan awewe di beu-

TETAP

NOMMER

SATOE



Soesoe-Manis tjap **Nonna**

JANG PALING BAIK

awewe oerang wetan noe geus ngarti, ngalawan roepa² pikiran koeno, noe magarkeun awewe teh „bandana” lalaki, malah di sawareh nagara mah dianggapna teh teu beda djeung boedak beulian, sarta teu meunang miloe tjampoer kana oeroesan sapopoë. Noe djadi wëwëngkonna teh pikeun awewe mah nja eta imahna, babakoena dapoerna. Toedjoean hiroepna awewe mah nja eta kawin; awewe noe teu boga salaki teh dianggapna doraka. Kitoe kaajaan di sawatara nagara di Asia sadjéroning abad noe kaliwat teh. Tapi ajeuna mah awewe oerang Wetan teh di mana² o jag hajang mitjeun adat-adat koeno tea.

Mangga oerang papaj sanagara² bari dadar kamadjoeanana saeutik-eutikeun.

*
* *

Toerki.

Di ieu nagara kaajaan harkat awewe teh pohara pisan robahna.

Nëpi ka tomperna abad ka XIX, awewe Toerki teh teu meunang pisan miloe tjampoer kana oeroesan hiroep sapopoë. Harita mah diwadjibkeun marake „poerdah” (tioeng). Gawena oeloekoetëk bae di imah ngoeroeskeun kapërloean imah-tangga, bënteu mirosea kana sagala roepa kaajaan loearéun imahna. Oepama kapaksa loenta, koedoe make bërégo sing boeni. Tapi ieu teh ngan pikeun para menak bae anoe teu koedoe neangan kipajah sorangan; ari somahan biasa mah ti baheula oge tara make bërégo doemeh matak kagok oepama balangsiar noeloeng² njiar pangoepa djiwa mantoean salakina. Oerang Toerki teh rereana toekang tani, awewena sok babantoe ngagarap tanah. Dina pagawean noe sakitoe beuratna, tangtoe bae matak ridoe oepama dibërégo teh.

Tioeng teh djadi tanda kamenakan. Djaman harita mah menak istri oge teu aja noe madjéng. Anoe djadi kawadjiban teh nja eta ngadjoeroe, babakoena sabisa-bisa mah anakna koedoe lalaki, sabab ari awewe mah teu aboes kana bilangan. Lamoen awewe teu ngalahirkeun lalaki, gëde harépan kana bakal ditalak. Ieu djadi tanda, jen awewe teh pohara tiggaleunana koe lalaki. Dina moenggaran abad ka XX kakara eungkeut² aja robahan. Dina taoen 1909 mimiti rea noe noenda bërégo (poerdah), komo barang gër aja përang doenja mah beuki langka bae tioeng teh, sabab awewe² tea kapaksa koedoe ngagëntenan lalaki ngoeroeskeun pa-

tjabakanana, da lalaki mah dikërid ka pangpëranan. Oep koedoe make koekoedoeng tangtoe matak teu bisa digawe.

Anoe djadi pëpëntol përgëranan awewe Toerki alam ha nja eta *Halidé Edib*, istri noe ngoelik elmoe atikan.

Ti taoen 1923 Toerki teh djadi republik diloeloeogean *Mustapha Kemal* anoe hajang ngarobah nagarana sing nëpi djadi nagara anoe „modern”¹⁾. Pikeun ngahontal tjita-tjita saroeapa kitoe, koe andjeunna kamanah, jen awewe oge koe babarëngan madjoe djeung lalaki. Ajeuna mah awewe Toerki bisa milih roepa-roepa pangadjaran kajaning bab oebar-oeba bab elmoe kahakiman djeung djaba ti eta. Maranehanana oeroesan milih pangadjaran teh mërdika pisan. Koe hal ajeuna mah awewe Toerki teh geus rea noe djaradi doktër, pokat, hakim, malah djadi komisaris poelisi.

Dina taoen 1934 awewe Toerki teh dibere hak milih djeu dipilih pikeun djadi ëlid badan pawakilan, nëpi ka aja 17 kapilih djadi ëlid badan pangloehoerna, nja eta „Pasamoan bangsaan.”

Hak-hak awewe dina përkawinan oge aja robahna. Dina man kasoeltanan anoe didjalankeun teh hak noeroetkeun hoek Islam. Tapi dina taoen 1924 koe Mustapha Kemal dirobah, nëpi satjerewelena tina boekoe oendang² hoekoem nagara Zwitserland. Koe robahan eta, hak-hak përkawinan noeroetkeun hoekoem agamana teh di Toerki djadi leungit, malah *njandoeng* oge *dilarang wet*, saha-saha noe ngalanggar baris dihoekoem. Hak-hak awewe dina oeroesan pipisahan saroea bae djeung lalaki, sarta pëpëgan teh koedoe karena poetoesan hakim.

Përkara *njandoeng* teh karasana koe noe geus maradjoe saroea djeung panghina ka awewe. Ajeuna mah koe kakoean *wet tea* di Toerki teh teu meunang boga pamadjikan leuwih *hidji*.³⁾ Sanadjan geus aja robahan kitoe, oelah dikira jen Toerki teh djadi nagara noe teu poegoeh agamana. Përkara agama diajar gapna *hidji* oeroesan partikoelir anoe goemantoeng ka saorana saerangeun (individueel privézaak). Saha bae, sakoer noe nohonan papagon agamana, oepamana salat Djoemaahan, ruku, dihalang-halang.

Djadi ringkësna mah, awewe Toerki teh dina waktue anoe keudeung pisan bisaun madjoe satahapan djeung lalaki, boh

1) Modern = sagala roepana noeroetkeun kaajaan djaman

bab kiesrecht *), dina pangadjaran, kapangkatan, hak kawin djeung sadjabana.

Mēsir.

Di Mēsir oge tadina mah tjara di Toerki bae, nēpi ka abad noe kaliwat mah awewe Mēsir teh teu meunang oeloebioeng kana oeroesan hiroep koemboeh, sēmēt dipapantjenan ngoeroes imah tangga. Lantaran oerang Mēsir teh meh kabeh agamana Islam, atoeuh pageuh pisan ngagoegoeloengna adat Arab teh. Di dieu oge awewe teh marake tioeng. Tapi dina taoen 1923 ngamimitian aja doea awewe Mēsir noe nocnda tioeng tea, nja eta Njonja Hoda Charaoui Pasha, loeloegoe pagoejoeban awewe Mēsir noe ngan hidji-hidjina, noe dingaranan „*Djam'ijjat an-nisa*” (pagoejoeban pikeun awewe) djeung doeloer sabrajna, Nona Ceza Nébaraoui, noe ngaloearkeun poestakamangsa „*l' Egyptienne*”.

Ari ajeuna anoe marake tioeng teh ngan awewe di pilēmboeran bae, noe maratoeh di dajeuh mah geus pohara tjarangna. Komo oepama ngingētkeun jen prameswari Mēsir, Ratoe Farida sakitoe „modernna” mah, tioeng teh tangtoe moal lila deui ge leungit pisan.

Charaoui Pasha tea menta ka Nagarana, soepaja atikan baroedak awewe disaroeakeun djeung baroedak lalaki, sabab tjek Koerän oge koedoe kitoe. Djeung deui manehna menta soepaja diajakeun wet noe ngalarang njandoeng, sabab noeroetkeun noe tembong mah eta teh ngan matak djadi bibit panjerewedan bae, toer ari noe dimaksoed koe Koerän mah lain kitoe. Sanadjan dina oemoemna, oerang Mēsir teu panoedjoeun oge kana njandoeng, ari Charaoui Pasha mah tatjan soegēma koe sakitoe.

Manehna njoba-njoba koe djalan *taklid* hajang ngalarapkeun *madhab Maliki* pikeun ngarawat baroedak (anak) sabada pēpēgatan. Oepama noeroetkeun *madhab Maliki*, bapa boedak teh *wadjib* ngoeroes anakna noe lalaki nēpi ka sawawa, sanadjan manehna geus pipisahan oge djeung indoengna; ari anak awewe koedoe nēpi ka boga salaki.

Ari noeroetkeun *madhab Sjafiie* mah, bapana teh ngan diwadjibkeun nēpi ka anakna oemoer toedjoeh taoen bae.

Kahajangna ngalarapkeun *madhab Maliki* tea koe Pamarentah Mēsir teu diidinan, ngan sēmēt ngarangsodkeun watēs oemoer

*) Hak milih djeung dipilih pikeun djadi élid badan pawakilan.

boedak bae; bapa boedak teh wadjib ngoeroes anakna noe lalaki nēpi ka oemoer 9 taoen, noe awewe 11 taoen, oepama pipisahan teh. Ari pasal njandoeng, ngan sēmēt aja sēngkēran dina wet Mēsir tanggal 11 Mei 1928, disēboetkeun, jen anoe wēnang njandoeng teh noe dianggap tjoekeop kamampoehanana pikeun ngoeroesna.

Awewe Mēsir atjan soegēma koe sakitoe, sarta moal eureun² narekahan, sangkan njandoeng teh leungit; ari noe dipake alēsan sakoer noe kaoeni dina Koerän. Sakabeh awewe Islam, nadjan sakoemaha bodona oge, moal aja anoe daekeun dipangnjandoengkeun, kabeh oge ngewaeun kana oeroesan njandoeng teh, malah dianggap panghina anoe pohara. Sanadjan kitoe, ari rereana mah djalma teh teu bisa koemaha, da barodo tea. Ngan di kalangan anoe „mangarti” noe teu aja panjandoengan teh. Eta sababna noe matak awewe Islam di sakoeliah djagat hajang dibere pangarti noe leuwih loehoer teh. Djaba ti oeroesan njandoeng, aja deui noe djadi bibit kanalangsaan di awewe Islam teh, nja eta bab pēpēgatan. Anoe kabandoengan mah, sēring pisan aja awewe *ditalak teu poepoegoeh*, toer ieu teh pabentar djeung oengēl Koerän, mangkaning ari awewe mah lamoen hajang pipisahan teh biasana sok *pohara hesena* dilisanan teh; lēbah dieu sagala kaka-wasaan teh aja di lalaki.


Dina lēbah dieu Pamarentah Mēsir teh aja ngeledanana, kieu: Oepama aja awewe anoe dinjēnjēri koe salakina, nēpi ka katimbang bakal moal bisaeun deui hiroep babarēngan, eta awewe teh meunang dakwa, sarta oepama kaērōng jen moal bisa ngahidji deui koedoe dipoetoes koe hakim koemaha prakprakanana baris pipisahan tea. Koe sabab kitoe, lalaki teh hēnteu bisa ngoretkeun talak, oepamana awewe tea maksa loenta ninggalkeun imah tangga, lantaran geus teu kadoega babarēngan.

Ajeuna koe Charaoui Pasha teh keur ditarekahan sangkan diajakeun wet pikeun naloengtik „bapa” baroedak, sangkan bisa ngomean kaajaan baroedak noe teu karoehan bapana. Oepama tea mah ieu kahajang teh dikaboelkeun, dina hal ieu mah Mēsir teh bakal leuwih madjoe batan nagara² di Eropä, sabab di Eropä mah ngadjoedjoet „bapa” teh dilarang.

Pagoejoeban awewe di Mēsir teh menta dibere kiesrecht. Koe pamanggoel kabangsaan *Zaghlul Pasha* kahajang kitoe teh diroedjoekan; kitoe deui Nahas Pasha loeloegoe kaoem Wafd hēn-



Toekang ngigël di Lio (Ende). Sampingna tinoenan Flores, ikëtna batik Djawa, ari dina tonggongna ěmas doekët. Bědogna make boeloe.



ARLODJI DARI ZWITSERLAND

Kamilah importeur jang
mendatangkan

ETERNA

arlodji jang ternama diseloeroeh
doenia, garantie 10 taioen.

MIDO

arlodji 'adjaib, berdjalan sendiri
dengan tidak dipoetar-poetar.

AEGIS




djam anker jang baik dengan
harga jang pantas.

PARAMOUNT

vulpen jang pake garantie 25 taioen.

Kepada orang jang bepekerdjaan
tetap, kami soeka mendjoeal
dengan crediet (dengan menitjil).

*Mintalah daftar harga
(prijscourant) kami.*



Horlogerie Stocker Bandoeng

Tel. 2150

Braga 33

teu ngahalangan, tapi Minister ajeuna, Mahmoed Pasha, henteu panoedjoeëun.

Oepama dipondokkeun, awewe di Mësir teh, sanadjan atjan bisaeun ngahontal poentjak panjileukanana oge, ari hak-hakna mah geus pohara reana noe „beunang”, babakoena koe tanaga Charaoui Pasha.

India.

Di India (Hindoestan) mah „poerdah” teh leuwih digèdekeun batan di nagara² Islam. Loba pisan awewe anoe hiroepna njingsal misah ti doenja rame. Maranehna matoehna teh di *zenana* (pamatoehan awewe). Aja 95% tina djoemlah awewe Islam di India noe marake poerdah teh; tina sesana anoe 5% deui tea ngan 1% anoe samasakali teu make tioeng.

Tapi eta noe saeutik teh pohara tagëna ngajonan atoeran koeno teh, malah leuwih kërass batan di nagara² sedjeu. Toeroeg² dibarantoean koe sawatara kokodjo lalaki, oepamana bae djënatna Pandit Moti Lal Nehru anoe dina Kongres Kabangsaan di Calcutta boelan December 1928 geus njarita, jen atoeran poerdah djeung sagala roepa noe matak ngagokan kamadjoean teh koedoe dibasmi sing gantjang.

Kamadjoean poelitik djeung sosial *) katjida rakëtna babarënganana. Ajeuna mah oerang Wetan teh geus eling, jen kamadjoean teh, boh kamadjoean economie boh poelitik, moal bisa djalan, lamoen awewena masih keneh koedoe hiroep tjara dina abad përtëngahan.

Para istri Islam noe geus mojan, tjara *Lady Abdul Qadir* djeung *Lady Shafi* ari angkat-angkatan tara ngaranggo tioeng; tjonto saroeapa kieu, ditaroeroetan.

Begum Habibullah salahsahidji panoengtoen istri bangsa Islam ti Lucknow dina koran² geus noelis, jen dina Koerän henteu katjatoer magar *awewe koedoe dipisahkeun djeung dirëndahkeun teñ*.

Awewe Hindoe oge rea keneh noe marake poerdah, tapi hal ieu dibasmi kalawan sosen-sosen koe panoengtoenna, oepamana bae Sarojini Naidu, geus kitoe pamanggoel kabangsaan saperti Gandhi, Pandit Jawahar Lal Nehru.

Ngawinkeun baroedak anoe atjan akil baleg, boh di kalangan Islam boh Hindoe di India teh, rea keneh pisan. Hal ieu koe

*) Sakoer noe gëde paedahna pikeun hiroep koemboeh.

awewe India pohara ditjegahna. Beuki loehoer pangartina awe-we tea, beuki leuir karawinna, tapi ari di kalangan handap mah keukeuh loba keneh bae noe kawin boedak-boedak teh. Dina boelan April 1930 kaloear *Child Marriage Act* atawa osok oge disēboet *Sarda-Act*, doemeh noe boga alpoekahna nja eta *Rai Hailbilas Sarda Bahadur*. Dina eta Act ditangtoekeun jen awewe noe rek kawin sakoerang-koerangna koedoe geus oemoer 14 taoen, ari lalaki 18 taoen. Tapi aja oge saroea bae djeung euweuh eta Act teh, doemeh katjida hengkerna, lantaran hēnteu make dioengkoelan hoekoeman pikeun anoe ngarēmpakna. Koe sabab eta, dina konpērensi *All Indian Women* di Karachi taoen 1935 dipenta soepaja anoe ngarēmpak teh dihoekoem. Djaba ti eta, dina konpērensi eta keneh ditangtoekeun, jen panjandoengan koedoe ditonda, sabab tjek Koerān oge, wēnangna njandoeng teh ngan dina kadjadian anoe loear biasa bae, sarat-saratna moal katjoempunan koe djēma biasa. Di kalangan noe handap pangadjaranana rea keneh noe njarandoeng teh; oepama ngingētkeun, jen noe geus ngalarti di India atjan loba, koe oerang tangtoe kaharti oepama loba noe njandoeng teh.

Tina djoemlah rahajat India, anoe barisa matja noelis teh koerang leuwih 15%, di antarana aja 11,7% lalaki, 1,9% awewe noe lain Islam djeung 1,2% awewe Islam. Ti antara awewe noe palintēr, noe teu rea djoemlahna, kawas Sarojini Naidu, Lady Abdul Qadir djeung sadjabana, rea noe galēde pangaroehna. Djēnatna Begum Bhopal njeunan sakola pikeun awewe, ari Shareefa Hamid njeunan sakola pikeun awewe desa di distrik Satara, wēwēngkon India-Kaler. Awewe² noe djaradi loeloegoe teh pada aja patalina, sabab karasa jen oepama babarēngan digarawena, baris bisa nērapkeun pangaroeh noe gēde ka djalma rea, pikeun ngarobah anggapanana ka awewe.

Di India teh aja *All Indian Women's Conference*, anoe ngagarap roepa-roepa soeal hiroep koemboeh, oepallana bae ngareaan pangadjaran pikeun awewe, njēgah kawin baroedak, mitjeun atoe-ran poerdah, mere piwēdjang bab kawarasan djeung rea-rea deui.

Djaba ti eta aja deui *All Indian Women's Congress* *) anoe leuwih mērloekeun ngagarap poelitik, Sarojini Naidu oge djadi loeloegoena.

*) Oelah pahili djeung Conference.

Ajeuna mah karasaeun, jen pohara pērloena awewe dibere pangadjaran teh lamoen India hajang ngadjoengdjoeng bangsana!

Tiongkok.

Baheula mah awewe Tiongkok oge nja kitoe bae hiroepna tara dibabawa kana oeroesan loeareun imahna; malah soekoena oge dihadja diparieuskeun ngarah leutik, soepaja teu bisaeun loemakoe djaoeh. Oepama „indit-inditan”, para istri menakna mah sok ditandoe, tapi make dilalangsean. Awewe anoe soekoena galēde biasana koeli atawa boedak beulian. Sanadjan awewe Tiongkok teh hiroepna hēnteu oeloebioeng reudjeung doenja rame, kaka-peungan mah sok gēde oge kakawasaanana. Awewe anoe boga anak lalaki, sasiki atawa leuwih, ajeuna oge gēde pangaroehna pikeun oempina. Noeroet hoekoem-kabarajaan (familierecht) di Tiongkok, anak lalaki teh samasakali teu boga hak-milik (eigendomsrecht) satoengtoeng indoeng bapana atawa salah saorang hiroep keneh. Satoengtoeng hiroep keneh indoengna mah, oepamana, sanadjan anakna tea djadi Radja Agoeng oge, tētēp aja sahandapeun indoengna tea bae. Moen geus maot indoengna, kakara anakna teh mērdika. Eta sababna noe matak iboe radja leuwih diagoengkeunana batan radja pribadi, sabab iboe radja teh kaitoeng loeloehoer dina anggapan noe ngagoengkeun karoehoen mah. Djadi awewe Tiongkok mah hēnteu euweuh kakawasaanana, komo lamoen ingēt ka Radja Istri Tse Sji. Waktōe tjarogena, Radja Sian Fong poepoes, poetrana teh atjan sawawa, nja andjeunna djadi wakil radja (Regentesse), marentah nagara Tiongkok, sanadjan ngan oekoer satoekangeun lalangse oge; poepoesna dina taoen 1908.

Tapi ari kahajang awewe Tiongkok noe modern mah lain ngan sēmēt pangaroeh noe saroepea kitoe bae di awewe teh. Maranehanana geus teu daekeun disina ngahekok bae di imah atawa woengkoel koedoe mikiran bae soeal roemah tangga teh. Manehna hajang sadjadjar, satahapan harkatna djeung lalaki. Salahsahidji parte noe ngoedag kamadjoean, nja eta *Kwo Min Tang* noe diadēgkeun koe soeargina Dr. Sun Yat Sen, pēpēntol kabangsaan noe pohara dihormat-hormatna, ngaharēp kana ajana wangoenan paparentahan anoe make dadasar somah-moerba (democratisch). *Kwo Min Tang* tea ngadeudeul maksoed awewe ēnggoning ngoedag hak-hakna noe leuwih rea. Eta kokodjo kabangsaan noe gagah teh ēnggoning ngarobah nagarana sina djadi na-

gara modern anoe „democratisch” tea, pohara dibantoeanana koe bodjona anoe binėkas: *Soong Ching Ling*. Koelawargi Soong tea ajeuna kaetang koelawargi noe pangmadjėngna sarėng dihormatna di Tiongkok. Tiloė palapoetra Soong noe istri waktoe ieu njėpėng kapangkatan noe laloehoer di Tiongkok; noe pangkasohorna nja eta *Soong Ching Ling* garwana *Dr. Sun Yat Sen* tea, djeung *Soong May Ling* garwana *Martjalėk Tjang Kai Shek*. Eta doea saderek sarakolana di Amerika, lantjar pisan sasaoeranana basa modern. Rajina, *Soong May Ling* tea kanggo tjarogena djadi pangdeudeul noe pohara pisan dina mangsa Tiongkok keur nandangan dododja, malah sok djadi djoeroebasa oepama aja tatamoe asing ka tjarogena. Ari *Tjang Kai Shek* pribadi, sakolana teh di Djėpang, di sakola Opsir, sasaoeranana ngan basa Tionghoa djeung Djėpang bae. Dina koedoe moetoes hal-hal noe pėnting, koedoe bae naros timbangan garwana heula; Njonja *Tjang Kai Shek* teh doegi ka ngiring tjalik dina Oorlogsraad, nja eta badan noe ngoelik oeroesan pėrang.

Doea saderek Soong tea, nembongkeun, jen awewe oge teu koedoe tinggaleun koe lalaki. Ajeuna oerang broeh-breh manggihan awewe Tionghoa noe djėnėng. Di Tiongkok geus loba awewe noe djaradi goeroe, djoeroe-rawat, doktėr, malah rea profesor. Martabatna Njonja *Tjang Kai Shek* satahapan djeung Ministėr. Koe ngarėkahanana pabrik² djeung nambahanana soedagar-soedagar, reana koeli-awewe oge nambahan. Di sawah atawa kėbon, ti baheula moela awewe mah sok babantoe teh. Koe kitoena, di Tiongkok teh karasa pėrloena aja fabriksinpectrices (awewe poerah mariksa kaajaan noe digarawe di pabrik²) noe koedoe nalingakeun kawarasan noe digarawe djeung ngoeroeskeun sakoer noe pėrloe pikeun maranehanana. Aja ari wet tea mah noe ngalarang awewe djeung baroedak digarawe ti peuting di parit-parit djeung tėmpat noe matak balai, tapi eta teh hėnteu tjoekoep koe sakitoe.

Sanadjan tjek katangtoean mah oerang Tionghoa teh ngan kaidinan boga pamadjikan hidji, ari dina prakna mah teu boeroeng aja bae noe „njėlir”. Hal ieu koe awewe Tionghoa keur ditarekahan soepaja leungit. Eta ge ari di kalangan awewe noe geus palintėr mah, noe bisa matjakal, geus teu aja, atoeran sėsėliran teh. Di Tiongkok keur ditarekahan ngawangoen boekoe oendang² hoekoem, sarta di antarana baris nangtoekeun bab bodjoan-noenggal (monogaam).

Pondokna pëdaran: Awewe Tionghoa oge geus haroedang, geus rea meunangna roepa-roepa hak, geus rea noe laloehoer pangkatna di Tiongkok-anjar teh.

Djèpang.

Awewe Djèpang teh, sanadjan ti baheulana leuwih ngëntjar oge hiroepna, tapi maranehanana pohara ngoelikna kana bab imah², dioelik nëpi ka boeboek leutikna, nëpi ka aja basa „okusama”. (istri di boemi). Bareto mah manehna katjida goemantoengna ti sanak barajana.

Sanggeus Djèpang diwangoen nagara modern sarta tahapanana sadjadjar djeung nagara² noe galède, awewena oge beuki leuwih rea dibere hak-hakna. Awewe Djèpang geus rea noe njëkël pangkat loehoer djeung ngoelik pangawëroeh, baroedak awewena digarawe di pabrik², sawareh mah aja noe djaradi propesor.

Sanadjan Djèpang meh dina sagala roepa oeroesan kamadjoean ngeunteung ka oerang Koelon, tapi hënteu mitjeun atawa njampirakeun kaboedajanana. Nadjan awewe Djèpang tea pohara modern-na oge, oepamana dina papakeanana, tapi keukeuh pageuh ngantjik ka-Djèpanganana mah, sarta oepama koedoe, manehna moal kagok, moal ngawagoe hiroep dina kalang Djèpang.

Waktoe ieu awewe Djèpang teh teu eleh koe lalaki.

Nagara oerang

• Panoetoejna oerang mëdar kaajaan di nagara oerang. Oepama përgërakan awewe di oerang dibandingkeun djeung di nagara² sedjen, di oerang mah kakara lelengkah haloe. Di nagara batoer mah awewe teh geus ti panganggeusan abad toekang ojagna, dina mangsana awewe di oerang „tibra” keneh, ngan aja oge noe geus beunta teh, anoe pohara narekahanana, sangkan baroedak awewe disakolakeun, nja eta soeargina R. A. Kartini. Akal tarekahna teh hënteu babari, sabab anggapan alam harita mah, awewe teh koedoe tjaritjing bae di imah. Teu koedoe sakola awewe mah, da apan ëngkena koedoe boga salaki, djadi koedoe bisa olah! Tapi anggapan saroepa kitoe teh ajeuna mah geus leungit; kolot oerang geus ngartieun, jen awewe oge koedoe disakolakeun. Djoemlahna awewe noe sarakola ajeuna mah beuki rea bae. Tapi lamoen ngabandingkeun reana awewe noe palintër, babakoena kaloearan sakola loehoer noe mareunang gëlaran djeung kaajaan di India, di oerang teh pohara tinggaleunana. Tapi hal ieu teu koedoe di-

pake leutik hate, da poegoeh ge meudjeuhna bae, oerang mah ojagna ge kakara beh dieu. Gēde ari pangharēpan tea mah, jen awewe palintēr di oerang teh bakal gantjang pisan ngareaanana.

Lantaran beuki palintēr tea, kahajang djeung kaboetoehna ge ngareaan. Maranehna geus teu daekeun ngeukeuweuk adat koe-no; geus ěmboengeun tinggaleun koe lalaki; maranehna harajangeun disaroeakeun adjenna tjara lalaki, da apan awewe oge toenggal sabagian tina hiroep koemboeh.

Sangkan leuwih bēdas tanagana ěnggoning digawe meunangkeun hak-hakna tea, awewe² tea toeloej ngadēgkeun pagoejoeban, malah ajeuna mah pagoejoeban awewe teh mani „tjeujah.” Prak-prakanana eta pagoejoeban² tea digarawe, beda-beda; aja anoe woengkoel ngagoegoeloeng kapērloeana awewe bae dibaroeng koe mērloekeun oeloebioeng kana kapērloeana hiroep koemboeh djeung aja deui anoe ngagēdekeun agama dibaroeng koe ngagarap hantja sedjen noe mangpaat.

Tjonto pikeun pagoejoeban noe kahidji, nja eta oepamana bae anoe tjitjing di tēngah — tēgēsna teu miloe tjampoer kana agama — kajaning: Istri Indonesia, Pasoendan Istri, Wanito Oetomo djeung rea-rea deui. Ari noe kadoea, nja eta noe ngagēdekeun agama, nja eta Aisijah djeung bagian istri ti P.S.I.I. (Party Sarekat Islam Indonesia). Pagoejoeban awewe di oerang noe dihantja teh sakoer noe mangpaat pikeun hiroep koemboeh, hēnteu miloe tjampoer kana poelitik.

Sawatara pagoejoeban pērgērakan awewe di oerang kabeungkeut koe tali doedoeloeran, sarta sok ngajakeun kongres tiloe taoen sakali. Kongres noe kahidji diajakeun di Djogdja taoen 1938, ari noe kadoea kakara bisa diajakeun deui dina taoen 1935 di Batawi. Dina kongres eta ditangtoekeunana teh, jen tiloe taoen sakali koedoe ngajakeun pasamoan antara pagoejoeban² awewe di nagara oerang. Kongres noe diajakeun di Bandoeng boelan Juli 1938 dingaranan „Konggres Perempoean Indonesia.”

Djadi eta „Konggres Perempoean Indonesia” teh beunang disē-boet hidji beungkeutan badan-badan.


Awewe bangsa oerang teh jakin, jen satoengtoeng rea keneh awewe noe teu bisa matja-noelis mah (ti antara 6,4% tina djoemlahna rajat, ngan 1% awewe) hese pisan ngahontal angēn² hajang ngarangsodkeun awewe oerang dieu teh.

Sawatara pagoejoeban awewe, geus nangtoekeun jen rek narekahan, sangkan sarerea barisaeun matja-noelis.



Djrg. Rr. Moedinem. Istri Djawa noe ngawitan kening
diploma Arts di G. H. Batawi.

Di sawatawis tempat di Poe-
lo Djawa sareng Madoera,
ajeuna tiasa ngagaleuh oejah
Goepërnëmen, pangaos.....



Oejah Goe-
përnëmen teu
kintën njoe-
gëmakeunana,
sarta oepami
dibanding-
keun sareng

abotna, pa-
ngaosna teh
katitih pohara
mirahna, toer
tiasa ngaga-
leuh di oeng-
gal tëm pat.

OEJAH GOEPËRNËMEN

Kongres taoen 1935 geus moetoës, jen sateka-teka, kalawan sosen² baris narekahan, sangkan awewe teh sing kabeh barisa matja noelis, sarta dina djero 3 taoen koedoe aja 5000 leuwih awewe noe dialadjar nēpi ka bisana. Pikeun ngagarap pagawean ieu, diwangoen komisina anoe ngawoengkoel, nja eta Badan Pembrantasan Boeta Hoeroef (B.P.B.H.) di Batawi. Dina ngamimitian mah ieu badan teh ngan oekoer djadi poerah njatētkeun. Pagoejoeban² noe kabeungkeut koe K.P.I. (Kongres Perempoean Indonesia) dikoedoekeun majēng ngalaporkeun beubeunanganana dina bab eta bari njēboetkeun, geus aja sabaraha djoemlahna awewe noe dialadjar koe pagoejoeban eta. Ieu teh koe B.P.B.N. ditjatēt. Tapi dina moenggaran 1937 pagaweanana teh dirobah, ajeuna mah B.P.B.H. pribadi anoe ngabahas bab eta teh.

Djēdjēr atawa soeal sedjen anoe dihantja koe pagoejoeban awewe teh nja eta: *kaajaan awewe dina soeal kawin*, mangkaning di oerang mah oeroesan ieu teh koedoe noeroetkeun patokan Islam. Awewe bangsa oerang atjan ngarasa soegēma koe sawatara atoeran noe dilarapkeun keur maranehanana; kahajangna: soepaja atoeran teh leuwih njoegēmakeun, sarta hal ieu teh oenggal kongres dipadjoekeun.

Dina boelan Juni 1937, Pamarentah ngasongkeun rarantjang oendang² kawin, noe maksoedna arek nangtajoengan awewe djēroning tikah.

Atoeran² anoe moendēlna nja eta doemeh kawin tea „bisa” ditjatētkeun di kantor Burgerlijken Stand, kitoe soteh ngan pikeun sakoer noe hajang bae, noe teu karēp mah moal aja noe maksa. Minangka oentoengna pikeun awewe, doemeh koe ajana atoeran ditjatēt teh, lalaki teu kaidinan njandoeng, sarta anoe keukeuh njandoeng baris dihoekoem djeung dipēgatkeun tikahna ti pama-djikan noe kadoea. Koe atoeran kitoe, panjandoengan teh bisa disēngkēr.

Djaba ti noe ditataan tadi, robahan dina pasal tikah noe dimaksoed koe rarantjang oendang² tea, nja eta doemeh noe pēpēgatan teh koedoe kalawan ponis hakim (Prēsiden Landrat), djadi bab „thalak” teh hēnteu babari teuing. Djaba ti eta rea-rea deui atoeran anoe maksoedna nangtajoengan randa djeung anakna dina pipisahan.

Eta oendang², sakoemaha noe kaoeninga koe sadajana, koe Pamarentah ditjaboet deui, lantaran pagoejoeban², boh poelitik, boh sosial pohara teu pancedjoeunana. Pagoejoeban² Agama

Islam, pohara kėrasna njawalaanana. Tjek anggapanana, eta oendang² teh pabentar djeung Agama Islam, babakoena, doemeh noe kawin ditjatėt teh teu meunang njandoeng djeung doemeh noe pipisahan koedoe aja ponis hakim; saroea bae djeung ngaleungit-keun hak lalaki dina njėkėl talak.

Sanadjan eta oendang² tea ditjaboet, ari awewe bangsa oerang mah moal noenda tarekahna, neangan deui djalan sedjen pikeun nangtajoengan hak awewe dina tikah.

Dina boelan September 1937 toeloej ngadėgkeun komitė „*Pėrlindoengan Kaoem Iboe dan Anak-anak Indonesia*”, di Batawi. Di antara pamaksoedanana, nja eta ngararantjang oendang² tikah anoe sakira sapagodoss djeung kahajangna hiroep-koemboeh di oerang, kalawan hėnteu pabentar djeung Agama Islam.

Djaba ti eta, pėrgėrakan awewe di dieu teh ngawangoen: „*Pėrkoempoelan Pembrantasan Perdagangan Perempoean dan anak-anak*” (P.P.P.P.A.), maksoedna njėgah noe „dagang” awewe djeung baroedak.

Lain ngan eta bae, tapi awewe di oerang teh narekahan, hajang bisa nangtajoengan koeli-koeli awewe; lėbah dieu hese beleke pisan. Di nagara oerang mah atjan aja „arbeidswetgeving” *) anoe hade kawas di Eropa teh.

Sawatara pagoejoeban, geus ngabarogaan sakola sorangan, oepamana bae Pasoendan Istri djeung Poetri Boedi Sedjati di Soerabaja, malah aja noe djeung pamatoehanana.

Pasoendan Istri keur narekahan sangkan awewe bangsa oerang dibere kiesrecht.

Oepama diboeleudkeun: Awewe Indonesia oge ajeuna mah geus njaring. Maranehanana hėnteu mopohokeun kana soeal² noe ngeunaan kamadjoean hiroep koemboeh, manehna tėrangeun, jen koedoe digawe babarėngan djeung lalaki pikeun ngadjoengdjoeng daradjat Indonesia. Manehna eling jen oelah tėtėp barodo, sabab geus apaleun kana tjatjandran: „*Marganing kawėroeh, gapoeraning rahajoe*” ! ¹).

*) Roepa² atoeran anoe' aja patalina djeung hak-hak noe baroga pagawean.

¹) Ieu teh dina basa Inggrisna mah: „The Education of Women, is the key of progress.” (Pangadjaran pikeun awewe, djadi koentji kamadjoean).

PANGADJARAN KARADJINAN BAROEDAK AWEWE DI HINDIA

Pangadjaran karadjinan noe ěnjaan mah di Hindia teh anjar keneh pisan.

Dina taoen 1900 oge geus aja ari sakola Paoesahaan tea mah, tapi noe diadjarkeunana ngan woengkoel njoelam ngapoet, njoeat, njongket djeung sabangsana bae, diadĕgkeunana kalawan alpoe-kah „de Loge” di Batawi djeung Soerabaja.

Kitoe deui roepa-roepa eksamĕn tina bab karadjinan djeung kabinangkitan awewe, baheula ge radjeun diajakeun; ari pangadjaranana mĕrdika pisan sarta Pamarentah mah hĕnteu pipiloeĕun kana bab eta.

Ka-behdieunakeun koe hodjahna N.I.O.G. (pagoejoeban goeroe-goeroe Walanda di Hindia) kakara dioelik bisa-hĕnteuna ngalarapkeun pangadjaran bab imah-imah.

Dina pasamoan-taoenanana anoe ka 17, taoen 1911, nona v.d. Staay geus biantara tina hal pangadjaran masak djeung kadaharan di sakola-sakola pikeun baroedak awewe. Harita mah baroedak awewe teh rada arang anoe nĕpi ka tamat sakolana, mangkaning ngan saeutik atawa teu aja pisan noe bisaeun mĕtakeun beubeunanganana diadjar teh. Kapalaj andjeunna soepaja di sakola-sakola pikeun baroedak awewe mah pangadjaran teh koedoe leuwih ngagĕdekeun kana kapĕrloe anoe. Landjang djeung modjang noe tamat sakolana, leuwih rarĕsĕpeun digarawe di kantor-kantor ti batan mahamkeun anoe pĕrloe pikeun djadi pama-djikan atawa djadi indoeng.

Harita toeloej ngawangoen badan panaloengtikan koe opat ĕlid djeung sawatara ĕlid panambah, pikeun ngoelik bab pagoeron imah-imah.

Sanggeus lila babadamianana, aja poetoesan magar di Hindia mah moal bisa diajakeun pangadjaran masak teh. Waktoe teh rereana mah baris dipake ngadjarkeun kabinangkitan-leungeun bae. Parandene kitoe, teu boeroeng diadĕgkeun pagoeron imah-imah teh di Batawi, Solo, Malang, Magĕlang, Makasar, Manado djeung Padang. Mimitina mah disamboengkeun ka sawatara sakoia Walanda, teu lila ka sakola-sakola H.I.S. djeung H.C.S.

Dina taoen 1912 sakola-sakola Kartini diadĕgkeun, pikeun pange-moet-ngemoet kana djasana R.A. Kartini soewargi. Di eta sakola-

sakola, dialadjarkeun bab roemah tangga saeutik-eutikeun; hal ieu djadi ngawoewoehan nĕrĕkabna eta pangadjaran.

Taoen 1918 mimiti ngadĕgkeun sakola Normal pikeun goeroe-goeroe Istri di Padangpandjang, Manado, Solo Djogja, Blitar djeung Bandoeng, ¹⁾ dina taoen 1919 ditoetoerkeun koe sakola pigoeroeĕun-istri di Salatiga, ditoetoerkeun deui koe sakola „van Deventer” di Samarang, Solo djeung Malang. Di sakola-sakola noe ditataan tadi tea pohara digĕdekeunana pangadjaran bab imah-imah teh.

Koe roepa-roepa pagoejoeban poelitik djeung agama oge doeg-dĕg diaradĕgkeun sakola imah-imah teh, oepamana bae di Soerabaja, Malang, Ambarawa, Samarang djeung Bogor.

Dina taoen 1928, di sakola-sakola anoe ngadjarkeun bab koepat-ka-poet teh, toeloej ditambahan koe pangadjaran bab imah-imah.

Pikeun aboes ka sakola-sakola karadjinan, boh noe diadĕgkeun koe Pamarentah, boh noe disoepsidi baroedak awewe teh koedoe tamat heula ti kĕlas 7, sakola handap.

Sakola karadjinan tea, doea taoen ngadjarkeun bab imah-imah, doea taoen deui noengtoen pikeun eksamĕn meunangkeun Staatspraktijkdiploma „Costuumnaaien”. Ti taoen 1934 eta sakola teh pangadjaranana diatoer noeroetkeun patokan-pangadjaran (leerplan) noe ditangtoekeun koe Directeur Onderwijs en Eeredienst. Di dinja teh make pangadjaran pikeun ngahontal akteu karadjinan djeung kabinangkitan leungeun.

Ajana sakola karadjinan teh kakara ti taoen 1934, sanggeus pagoeron imah-imah di Djogdja, Madioen djeung Batawi dirobah tjara eta. Dina waktoe ieu aja 57 sakola saroeupa kitoe, boh noe diadĕgkeun koe Goepĕrnĕmen, boh noe koe golongan partikoelir. Moerid-moeridna baroedak awewe roepa-roepa bangsa.

Lantaran katimbang pohara pĕrloena koe pigoeroeĕun anoe ngawoengkoel pangabisana, dina taoen 1928 koe Pamarentah diadĕgkeun „Openbare Opleidingsschool voor Vakonderwijzeressen” di Batawi.

Geus kitoe doegdĕg koe I.E.V.V.O. (pagoejoeban njonja-njonja Walanda Indo) diadĕgkeun pagoeron imah-imah di Batawi, Bogor, Bandoeng, Samarang, Djogdja, Modjokĕrto, Tjirĕbon,

¹⁾ Roepina, noe dimaksud teh „Van Deventerschool di Tji-boenoet”. (M.A.S.).

Solo, Djëmbër, Medan, Salatiga, Ambarawa, Bandjarmasin djeung Pakalongan. Di Batawi djeung Tëgal pagoeron teh lilana doea taoen.

Pikeun baroedak awewe bangsa priboemi waktöe ieu aja 212 sakola istri (Meisjes Vervolgscholen).

Di Hindia mah pangadjaran bab karadjinan teh lain diatoer koe wet, tjara di Nederland, tapi noeroetkeun bisloeit Pamarentah.

Pikeun baroedak awewe mah pangadjaran saröepa kitöe teh pohara përlöena, soepaja ëngkena bisa neangan pagawean, djaradi kinderjuffrouw, djaradi poerah babantöe di roemah sakit, di hotel atawa di mana bae, moal teu aja goenana pangadjaran teh.

Ari noe mojok djeung noe njapirakeun mah moal teu aja, tapi keun bae antëp noe karitöe mah, moen bisa mah koedöe dipë-rangan. Oerang mah koedöe ngingëtkeun, jen hiroep-koemboeh baris mikaboetöeh.

Pohara përlöena oepama ti golongan bangsa Priboemi oge aja hodjah pikeun ngadëgkeun sakola-sakola saröepa kitöe, noe basadjan bae heulaanan, sakira kabëdag koe baroedak awewe kalöearan sakola istri atawa sakola këlas doea. ¹⁾).

Mevr. C. HOEK-MEULENHOFF.

1) Di Bandoeng koe Pasoendan Istri ti taoen 1934 geus diadëgkeun kalawan kamadjöean. Adëganana di Këbonklappaweg 13. (M.A.S).

*Sampoernaning istri: loehoer elmoe
aloes sëmoe, moelja manah jasa olah.*

*Boekoe Masakan djeung amis-amis
wëdalan Bale Poestaka, kanggo
ngawoewoehan kaiasa.*

Pangaosna f 0.50

ECONOMIE OERANG PRIBOEMI

Meresan economie, pagawean anoe pangbeurat-beuratna, koe sabab eta koe oerang sarerea oelah rek dilalaworakeun mètakeunana, soepaja oelah nēpi ka roeksak. Ana economie geus roeksak sok hese diomeanana. Djadi tjeuk paribasa mah ari rek ditioeng koedoe samemeh hoedjan.

Saban² golongan saperti: golongan toekang tani, golongan pagadagang djeung djaba ti eta pada² ngabogaan djalan énggoning mètakeun pakajana nja kitoe deui golongan „anoe baroga gadjih”, nja eta anoe radjeun aja anoe njēboet: golongan „kaoem boeroeh”;

Economiena golongan² anoe kasēboet di loehoer sanadjan sim koering tērang koemaha djalanna tapi hēnteu pati ditēngētkeun tjara dina golongan anoe baroga gadjih, koe sabab eta dina ieu karangan oge noe ditoedjoe babakoena nja eta golongan anoe baroga gadjih.

Golongan anoe baroga gadjih sok loba anoe roemahoeh lantaran ngarasakeun loba kasoelahna, koe sabab gadjihna hēnteu mahi. Noe leutik geus poegoeh deui, anoe gēde oge gadjihna nja kitoe bae. Naon anoe djadi sabab, anoe matak gadjihna hēnteu mahi teh? Oepama dilēnjēpan tangtoe kapanggih lantaranana anoe matak loba djēlēma samemeh boga gadjih teu boga hoetang tapi ana geus boga gadjih hoetangna mani sok ka sababaraha lawang.

Djaman ajeuna bangsa oerang boh awewe boh lalaki rata² sarakola djadi hartina geus dialadjar ngitoeng dina kērtas, dialadjar njeun begrooting djeung verantwoording, tapi handjakal anoe meunang dialadjar di sakola hese² teh ana geus prak imah² tjarang pisan anoe daek mètakeun pangartina palēbah dinja. Basana: „kalingoeng-bingoeng ngitoeng dina kērtas, ana gadjih geus teu mahi mah nja tētēp teu mahi bae.”

Eta anoe kitoe teh karereaanana anoe economiena geus roeksak, atawa anoe boga pikir: „koemaha behna bae,” anoe hēnteu bisa nahan hatena kana karojalan. Mangkaning ari oeroesan economie mah ana geus salah mimitina, sok tēroes salahna teh, koe sabab eta djēlēma pērloe ditioeng memeh hoedjan.


Naon anoe pērloe dipake nioengan diri, ngadjaga sangkan economie oelah roeksak? Taja lian kadjaba *ti kakoeatan hate*, bisa nahan sakoer anoe djadi gogoda.

Djaman ajeuna disēboetna koe sarerea „djaman kamadjoean”, lantaran bangsa oerang kapintēranana geus bisa mapakan kapin-



Dr. B. J. Haga, Goepërnoer Borneo.

(Ieu potret katampina koe Bale Poestaka saporantos V. A. meh rengse ditjítak).



DJAMAN ANJAR REA ROBAHNA!

Sakoer anoe hiroepna miloe djeung djaman mah, noelisna oge make mėsın toelis Underwood wėdalan anjar. Pikeun soedagar, noe djėnėng, goeroe, ah tjindėkna mah sarerea, Underwood Universal Portable teh anggoėunana.

● Hampang! Ringkės! Pageuh! Aloes! Moenasabah!
Dina kočėr loetjoe gampil didjingdjingna.

Singsaha bae oge wėrat ngagadoehan, margi ieu mėsın teh diging-sirkeunana kalajan kaentengan. Koe oerang baris tiasa kapibanda koe djalan

● ngawitan majar f 30.— diladjėngkeun koe 12 kali f 10.— saban sasih atanapi

● didamel 20 kali f 8.50 saban sasih.

Eta mėsın baris dikintoenkeun sabada nampi panjitjilan noe ngawitan.

Moendoet katėrangan noe lėngkėp ka:

UNDERWOOD AGENTSCHAP GEO. WEHRY & Co. - BATAVIA

těran oerang Eropa. Koe sabab eta dina golongan anoe palintěr, anoe mareunang atikan kakoelonan dina pangaboetoehna oge teu aja bedana djeung bangsa Eropa, malah bisa djadi leuwih. Koemaha anoe matak disěboet: „bisa djadi leuwih.“

Kieu katěrananana: Bangsa Eropa anoe anjar di dieu tětěp njěkėlan adatna sorangan. Sapěrti dina imah-imahna. Ana rek ngamimitian imah² meulina parobot pikeun ngeusian imahna teh ngan woengkoel sapěrloena pikeun saanak rabina bae. Kamar atawa parobot pikeun njadiakeun bisi aja baraja atawa semah anoe mondok mah oeroesan pangpandeurina. Oepama aja anoe ngingětkeun ka dinja, sadiaanana teh ngan saroepa bae, nja eta randjang djeung sapoeratina, koe sabab semahna oge ngan anoe sabarkatna bae. Tah ari bangsa oerang mah sanadjan anoe diatik ka-Eropaan oge moal bisa sarta hěnteu pěrloe djeung moega² oelah aja anoe něpi ka noeroetan ka palěbah dinjana teh. Koe sabab oerang mah dina hiroep koemboeh oerang beda deui djeung hiroep koemboeh bangsa Eropa sanadjan di nagarana pisan oge.

Di bangsa oerang anoe matak disěboet bisa djadi leuwih dina pangaboetoehna ti bangsa Eropa anoe araja di dieu, sapěrti kieu. Parobot pikeun kapěrloean imah² boh parobot kai, boh bėlah pětjah atawa lian ti eta hajang saroea djeung anoe bangsa Eropa. Kadjaba bari ngingětkeun pikeun kapěrloean sorangan teh, bari ngingětkeun pikeun sadiaan semah anoe meuting. Palěbah dieu hěnteu bisa boga sadiaan saroepa bae, koe sabab aja semah anoe koedoe dipoesti-poesti djeung aja semah anoe menta basadjan bae, djadi sadiaanana oge koedoe beda². Dina pangaboetoeh dahar, 2 roepa, kadaharan oerang Eropa ditoeroetan, kadaharan sorangan teu bisa ninggalkeun. Dina kasoekaan oge nja kitoe keneh.

Dina ieu djaman kamadjoean, teu kira² lobana anoe djadi gogoda kana economie bangsa oerang, sapěrti: koe araloesna sarta goentagantina model barang² di toko², boh barang² pikeun kapěrloean anoe imah² boh roepa pikeun kapěrloean papakean lalaki, awewe atawa boedak. Eta barang² kadjaba ti anoe digėlarkeun di toko, ka kampoeng² oge koe noe dagang teh diasroek, něpi ka dandjoek-andjoekkeun bawaning koe hajangeun soepaja eta daganganana bisa lakoe. Ka anoe boga gadjih, sanadjan leutik, toekang dagang sok oedjoeg² neundeun kapětjajaan. Mangkaning bangsa oerang mah boga adat karoenjaan, sok babari leumpeuh joeni koe-sabab eta djadi sok babari kaoerėdna koe toekang dagang teh.

Tabeat hade tapi matak djadi kasoeshan ana salah mētakeunana.

Bangsa oerang teh boga tabeat anoe hade, nja eta: rēsēp mere, teu tegaan ka anoe soesah. Soemawonna moen kasēboet baraja atawa anoe loma, sanadjan anoe teu wawoeh pisan ana kadenge kasoeshana mah, sok hajang noeloengan.

Soengkan disēboet teu boga, soemawonna tembong hina. Geusan njoemponan kana eta tabeat anoe hade teh geus tangtoe koedoe aja saratna nja eta „doeit”. Oepama eta doeit geus poegoeh ngan saeutik datangna tapi eta tabeat anoe hade teh ditjoemponan noeroetkeun kamēgahanana hate sorangan, geus tangtoe matak ngadjadikeun kasoeshan ka sorangan keneh. Koe sabab eta mētakeun tabeat anoe hade oge pērloe pisan koedoe dioekoer atawa ditimbang djeung kakoeatanana economie oelah nēpi ka matak roeksak.

Kadjaba ti kitoe anoe boga saratna pikeun barangbere atawa toetoeloeng ka anoe soesah koedoe poegoeh kapērloeanana. Oepamana kieu: mere lantaran oerang moelang tarima kana kahadean itoe ka oerang, kitoe oge oepama anoe dibere teh kira-kirana bakal atoheun koe sabab eta pamere teh aja goenana. Djëlēma anoe soesah lantaran beuki maen atawa lantaran rojal teu poegoeh, hēnteu aja pērloena ditoeloengan, koe sabab moal matak djadi hade kana kalakoeanana anoe greng tea. Hēnteu aja pērloena djëlēma sok rēsēp disēboet rojal, balabah atawa hajang disangka beunghar. Nja kitoe deui hēnteu aja pērloena djëlēma koret, mēdit boga banda njaah makena soemawonna nēpi ka sok ngahinakeun dirina. Anoe kitoe kalakoeanana, nadjan pintēr oge asoepna kana „kabalangēr”.

Di dieu djsim koering lain rek mapatahan ka noe geus bisa, tjeuk paribasa tea mah „lain rek mapatahan ngodjaj ka mēri,” ieu mah itoeng² ngawangkong bae, ngawangkong djeung anoe sok hoemandeuar lantaran gadjihna teu mahi.

Tadi oge tjeuk djsim koering mētakeun economie mah teu beunang dilalaworakeun djadi soemawonna di noe gēde gadjihna sanadjan anoe leutik pisan oge, awewe atawa lalaki pērloe koedoe ngabogaan „kasboek”. Eusina eta kasboek, anoe sabeulah rarantjang tjatētan sakoer anoe pērloe koedoe dibeuli, nja eta anoe koe Walanda disēboet „begrooting” tea. Anoe sabeulah deui tjatētan kamana leosna doeit oerang? Soemawonna pikeun djëlēma anoe pohoan mah „kasboek” teh pērloe pisan. Tjeuk sawareh keur naon pērloena doeit anoe geus dikaloeuarkeun make ditjatētkeun da moal

datang deui ieu? Tjeuk djisim koering, poegoeh bae p̄rloe mah. Kap̄rloeana teh kahidji soepaja inḡt naon anoe geus dibeuli koe oerang, p̄rloe atawa h̄nteu? Oepama h̄nteu p̄rloe, koedoe djadi panggeuing kahareupna oelah ngaloeaerkeun deui doeit pikeun bangsa eta. Kadoea oepama anoe dibeulina bangsa anoe p̄rloe, tangtoe oerang moal poho² kana hargaana eta barang.

Eta di gigir aja tjonto kasboek anoe basadjan pikeun anoe gadjih leutik sarta tatjan boga anak, imah-imahna di padesan atawa di nagara leutik, djadi tatjan loba pangaboetoeahna atawa beda deui pangaboetoeahna djeung dj̄l̄ma anoe imah² di nagara ḡde sarta rame.

Ngeusianana ieu tjonto kasboek koemaha tjeuk anoe rek make bae koe sabab koedoe dioekoer koe tanaga gadjihna. Kasboek pikeun anoe geus boga anak atawa pikeun anoe imah² di nagara, nja dina kolom rarantjang anoe bakal dikaloeaerkeun, nja dina tja-t̄tan ngaloeaerkeun, tangtoe koedoe aja tambahna. Geus poegoeh deui kasboekna dj̄l̄ma anoe ḡde gadjihna tangtoe pisan djaoeh bedana ti ieu tjonto.

Ngeusianana kasboek koedoe saban sore, kapeutingnakeun. Dimana oerang geus salse tina sagala pagawean atawa geus moal ngaloeaerkeun deui doeit. Dina toetoeapna boelan koedoe didjoemlah soepaja kanjahoan sabaraha kakoeranganana? Aloes pisan moen bisa tj̄pl̄s, kilang bara bisa aja leuwihna. Barangbeuli sabisa-bisa koedoe kontan soepaja bisa moerah sarta oerang h̄nteu katalian koe toekang dagang. Komo balandja pikeun dahareun mah p̄rloe pisan koedoe kontan soepaja oelah hamboer.

Doeit anoe aja dina sakoe mawa paribawa tiis kana hate, h̄nteu tjara paribawana doeit anoe h̄nteu aja tapi geus ditandonkeun pikeun majaran itoe ieu. Doeit anoe kieu sanadjan geus dipastikeun pikeun itoe djeung ieu tapi anoe bogana teh sok toeloej tambah deui kahajangna nja sok toeloej nambahan deui oendjak-andjoekna ari anoe ditandonkeun nja gadjih eta-eta keneh.

Bedana hate dj̄l̄ma koe p̄rbawa balandja kontan.

Samemehna ka pasar sok asoep heula ka dapoer ngilikan naon anoe p̄rloe koedoe dibeuli. Geus t̄pina ka pasar barang beulina sok ati², anoe kira² h̄nteu p̄rloe pisan tara oedjoeg² dibeuli, barang anoe dibeulina sok dimoerahkeun koe noe dagangna teh.

Tapi koemaha ari hate anoe geus dibiasaan balandja koe bon!

Sanadjan memeh indit ka pasar alak-ilik heula oge ka dapoer, tapi ana geus nĕpi ka tĕmpat langganan breh nendjo barang anoe hĕnteu niat dibeuli oge sok oedjoeg² asa pĕrĕloe bae, djadi hajoh bae nambahan deui bon. Harga barang anoe diandjoekkeun, koe noe dagang sok dimahalkeun koe sabab doeit hĕnteu bisa digolangkeun deui tereh². Anoe ngandjoekna sanadjan njahoĕun jen eta barang teh mahal, ti batan teu toeloes mah ngandjoekna kalah ka kieu pikirna: „keun bae, ĕngke ari tempona majar rek dilila-lila, dimana rekĕningna datang moal rek dibajar kabeh.” Tjeuk raraanana kalakoean anoe kitoe teh rek ngawarah ka noe dagang, hĕnteu karasaeun jen kalakoean kitoe teh ngoerĕd dirina sorangan, koe sabab eta hoetang teh awal ahir oge koedoe dibajar. Ari rekĕning ana nĕpi kana waktoena hĕnteu dibajar kabeh, saban boelan tangtoe beuki nambahan, ana geus gĕde² teuing nĕpi ka ngaleuwihan ti gadjihna, nja tangtoe matak eungap ngarasakeunana. Anoe ngandjoekkeunana ana geus kitoe sok toeloej koerang kapĕrtjajaanana. Daganganana pikeun djĕlĕma eta beuki dimahalkeun, merena ngandjoek lila² mah dikoerangan. Mangkaning ari kapĕrloean dahareun mah tara beunang diĕngkekeun, koe sabab eta sok kapaksa toeloej pindah neangan langganan anoe sedjen. Oepama aja anoe mere deui ngandjoek beuki atoh, raraanana loba anoe mĕrtjaja, hĕnteu karasaeun jen gadjihna teh geus dioerĕd koe tali, koe doea toekang dagang. Ieu hidji djalan anoe salah tina bab economie.

Tjeuk pamanggih djisim koering dina ieu djaman kamadjoean boh pikeun anoe kaloearan sakola handap pisan, soemawonna pikeun anoe kaloearan sakola loehoer, awewe atawa lalaki, pikeun ngatoer bab economie pangartina geus tjoekoep ngan kari koedoe pada daek mĕtakeunana, mapaj djalan anoe pisalamĕteun sarerea.

Tadi tjeuk djisim koering kakoeatan economie dina roemah tangga koedoe tjara kakoeatan pandĕmen imah. Pandĕmen imah anoe koeat, anoe didjieunna tina bĕton, tapi ari pandĕmen economie mah taja lian kadjaba ti *hate* anoe koedoe koeat teh. Kakoeatan hate oelah rek dipake ngarapĕt doeit soepaja oelah kaloear, eta salah deui, tapi kakoeatan hate teh pĕrloena pikeun ngadjaga awak djeung ngaran. Hĕnteu koerang² djĕlĕma anoe rek ngamimitian imah² koe sĕpoehna dibĕkelan banda pirang², boh dina roepa barang boh roepa doeit, tapi koemaha kadjadjadianana oepama hatena hĕnteu tohaga, koeat nahan panggoda. Nja kitoe oge hĕnteu koerang²

djëléma anoe rek imah² hēnteu karana modal, tapi di ahir bisa hiroep pantēs, salamēt malah sok bisa beunghar. Anoe kitoe tangtōe modalna taja lian kadjaba ti asak djeudjuehanana.

Sok loba djëléma anoe ngomong kieu: „oerang teh koedoe bisa ngangkat *harkat* djeung *bangsa*, lēmah tjai bali geusan gadjadi.” Eta kēkētjapan teh katjida bēnērna oepama *ngangkatna* koe *kakoeatan economie* oelah ngan koe nembongkeun kagindingan woengkoel. Hartina oelah nēpi ka disēboet jen bangsa oerang teh economiena hengker. Oepama anoe baroga gadjih rata² geus katembong hengker economiena, koemaha atoeh somahna? Djadi palēbah mana oerang bisana nembongkeun miloe ngadjoengdjoeng harkat djeung lēmah tjai oerang ka anoe reā?

Moenggoeh pikeun neundeun atawa njieun kakoeatan hate djëléma soepaja oelah rajoengan atawa leumpeuh joeni, taja lian djalanna kadjaba ti koedoe koe atikan.

Boedak oelah sok diwowoj, dibere doeit loba, dibere papakean anoe marahal. Eta kabeh matak mawa toetoer, kabawa nēpi ka kolot tara bisa hiroep koe bahan saeutik.

Ngadandangan boedak koedoe sina pantēs, basadjan oelah sina ginding. Hartina pantēs teh kieu: oepamana dangdanan boedak awewe, sampingna harga f 2,— kabajana anoe saelo 2 pitjis, tapi eta ēntjit teh soeroep kana sampingna. Dibēdahna nocroetkeun oekoeran awakna, dikapoetna aloes.

Makena samping koedoe dibeubeuran sing beres, koetangna anoe soeroep kana badjoena, boeokna digēloengkeun biasa bae. Oepama djëléma ti boeboedak geus dibiasaan kana basadjan, soegan hatena moal njongsrong kana kamēgahan. Kadjabana ti kitoe koe noe djadi indoeng koedoe dipapatahan, koedoe koemaha ari dangdan? pikeun di imah, pikeun ngandjang djeung pikeun kana pesta tangtōe koedoe aja beda-bedana.

Koemaha hartina dangdanan anoe disēboet ginding? Sampingna djonas atawa manteron anoe mahal. Badjoena soetra ti toko Bongbaj, bēdahanana model ajeuna, dikapoetna soepaja bae napēl, gēloengna noeroebar: poendoek. Ari dipakena eta dangdanan hēnteu aja oesoemna, da kabehna kitoe. Boedak anoe geus ditoetoeran kitoe hese kana bisa hiroep leutik di ahirna. Ngan sakitōe pamanggih sim koering dina pasal economie di oerang Priboemi.

R. A. ABDOERACHMAN.




R. A. Halina, poetra Kangdjeng Dalèm Tjiamis noe.
kawentar iasa ngibing srimpi sarèng djanger.

MĚSIN KAPOET

Singer

NOE PANGSAENA



Merk
„SINGER”

parantos 80

taoen kamashoer ka

sakoeliah doenja.

MĚsin kapoet „SI-

NGER” tiasa diga-

leuh ti sadaja Toko

sarĕng ti Agent

SINGER di oenggal

tĕmpat. Majarna

ditjiljil teu kintĕn entengna. Mangga anggo Djaroem, Minjak

sarĕng Parabot „SINGER”. Nja leu noe pangsaena.

SRIMPI

Lir sĕkar pinoeh koe sari, lir poespa mabĕt koe ganda, santoen nja awis nja sae, teu toemoewoeh sagawajah, hĕnteu di oenggal taman, moen sanes bandjaran santoen, tamansari Sri Nalendra.

Srimpi djadi sĕkar poeri, kĕmbang noe aja njawaan, djadi kamonesan aheng, tawis kaagoengan radja, sasakala baheula, ti djam Agama Hindoe, oepami moedja ka Siwa.

Ajeuna mah salin djinis, woengkoel djadi kalangĕnan, kanggo papaes karaton, tina kasaeana, sĕsah nĕrangkeunana, estoening sagala loetjoe, tindak rengkak djeung wirahma.

Parawan roemadja poetri, oemjang lir golek kantjana, panganggo sing sarwa objor, noe geulis woewoeh tjahjaan, kasipoeh koe anggoan, manis kareueut lir madoe, matak bĕngong anoe ningal.

Lir angkrek katĕbak angin, ojagna moeng oekoer ĕndag, ngawoewoehan loetjoe bae, ningal obahna salira, leuleus sĕmoe laliat, moen toengkoel matak kadoejoeng, nĕnggakna matak kagembang.

Ngalengkah teu kanti sari, keupat teu tinggal wirahma, saniskantĕn alon sareh, satindak-tindak djatnika, ninggang wilĕtanana, loemakoe barĕng djeung lagoe, tindakna jatna djatnika.

Noe ningali sami djĕmpling, hookeun ningal endahna, gamĕlan ditabeuh alon, kĕlar koe lĕngisna rĕbab, djeung teureuleungna gambang, goong „ngagĕrĕm” di djoeroe, da inggis ngabaribĕnan.

Barĕng djeung linggĕk noe geulis, tĕnggĕk lir hĕnteu toelangan, panangan njoeaj karembong, tanding mĕrak ngirab djangdjang, goemĕbjar lir parada, panganggo singsarwa hoeroeng, katodjo koe sinar damar.

Loenggoeh timpoeh anoe ngibing, mantĕp ka igĕlanana, djongdjon hĕnteu rarat-reret, lir noe ngagoeloengkeun rasa, goemoeloeng djeung wirahma, tawis djoenoe ka Jang Agoeng, madĕp ka Noe Maha Moelja.

*Rt. Maemoenah.
Mĕnes.*

BATJAEUN BAROEDAK

GOEGOERITAN NOESA DJAWA.

anggitan S. T. SOEPENA

S i n o m.

Sinom minangka boeboeka, boeboeka noe rek digoerit, lain ngagoerit wawatjan, rek ngagoerit: „Elmoe boemi,” sarta diwangoen dangding, sangkan hasil noe dimaksoed, malar gampang katalar, mambrih babari kaharti, djeung ngahoedang karēpna noe keur diadjar.

Ari moenggoeh alam doenja, tjeuk noe ahli: „Elmoe boemi,” lēlēgana mah laoetan, laoet gēde laoet leutik, noe sabagian deui, noe oekoer doea pērtodjoeh, disēboetna: „daratan,” djadi lamoen seug dibanding, daratan mah doea pērlima laoetan.

Laoetan noe tadi tea, eta teh dibagi-bagi, kahidji Samoedralaja, lēgana satēngah boemi, djeung sok disēboet deui, Groote Oceaan kamashoer, ajana di antara, Amerika djeung Oestrali, di antara Tandjoeng Hoorn djeung Zuidkaap.

Laoetan anoe kadoea, ngaran laoetan „Atlantik,” moen koe basa Walanda mah, ngaranna teh beda deui, ngan robahna saeutik, ilaharna sok disēboet, Atlantische Oceaan, ajana teh di antawis, Tandjoeng Hoorn djeung Naaldkaap noe di Aprika.

Laoetan noe katiloena, ngaranna laoetan : „Indië,” atawa laoet Hindia, malah sok disěboet deui, koe pirang-pirang djalmi, nja eta : „laoetan Kidoel,” djeung „Indische Oceaan,” ajana teh di antawis, meridiaan Naaldkaap djeung Zuidkaap tea.

Lian noe geus disěboetan, noe sedjenna aja deui, tapi hěnteu pati lěga, laoetan „Noordpool” kahidji, noe kadoea kaoeni, disěboet laoetan : „Zuidpool,” katiloe noe sedjenna, tjabangna laoetan tadi, noe kahalang koe bobodjong djeung koe noesa.

Nja kitoe deui daratan, eta ge dibagi-bagi, dibagi lima bagian, disěboetna masing-masing, „bagian tina boemi,” atawana sok disěboet, koe oerang mah : „boeana,” ari gědena teu sami, tangtoe bae aja noe leutik djeung lěga.

Ari ngaranna boeana, „Asia” anoe kahidji, „Aprika” anoe kadoea, „Eropa” pon kitoe deui, „Amerika” teu kari, „Oestralia” noe panoetoep, noe disěboet ti heula, noe tiloe boeana tadi, disěboetna boeana „heubeul” ngaranna.

Ari noe doea deui mah, noe kasěboet ti pandeuri, Oestrali djeung Amerika, ngaranna teh beda deui, teu sami djeung noe tadi, boeana „anjar” disěboet, lantaran kapanggihna, eta mah leuwih pandeuri, pandeurieun boeana noe tiloe tea.

Kapanggihna Amerika, koe hidji oerang Itali, Columbus djěněnganana, noeroetkeun sadjarah asli, ninggang

taoen Masehi, taoen sareboe 'pat ratoes, salapan poeloh doea, eta teh taoen noe pasti, noe kaoengël dina sadjarah : „Nederland.”

Oestrali mah kapanggihna, noeroet sadjarah sajakti, nja eta babad: „Hindia,” mënëran taoen noe pasti ninggang taoen Masehi, hidji reboe gënëp ratoes, djeung opat poeloh doea, djaman kapoeloan Indi, diparentah koe Van Diemen Toean Bësar.

Ari noe ngaran poelo mah, tanah dilingkoeng koc tjai, djadi beda djeung boeana, sipatna ge hënteu sami, poelo mah leuwih leutik, tjontona arek diseboet, Poelo Djawa Soematra, Borneo nja kitoe deui, Madagaskar reudjeung rea keneh pisan.

Ari ngaran „kapoeloan”, reudjeung „kanoesan” teh sami, njeta ngaran pakoempoelan, poelo-poelo noe laleutik, atawa noesa leutik, tjontona arek disëboet, kapoeloan : „Hindia”, kapoeloan : „Soenda leutik, reudjeung deui loba noe tatjan kasëbat.

Antara doea boeana, Asia reudjeung Oestrali, aja ngaran kapoeloan, disëboetna ënggeus galib, toeg nëp ka kiwari, „Hindia Wetan” geus oemoem, kabawa koe Nederland, malah sok disëboet deui, kapoeloan wëwëngkon Indonesia.

Ari anoe marentahna, ngantorna teh di Batawi, di Bogor nja ngaratonna, ari pangkatna kaoeni, lain pangkat noe leutik, pangkat noe agoeng kalangkoeng, njeta

„Goepërnoer Djendral”, minangka djadi wawakil, wawakilna Kangdjäng Ratoe Wilhelmina.

Kapoelon „Hindia Wetan”, eta teh dibagi-bagi, dibagi tiloe bagian, „Soenda Gëde” noe kahidji, sarta dibagi deui, nja eta anoe kasëboet, Poelo Djawa, Soematra, Borneo nja kitoe deui, noe panoetoep poelo Sëlebës ngaranna.

Ari anoe kadoeana, kapoeloan „Soenda Leutik”, ari babagianana, poelo „Bali” noe kahidji, „Lombok” pon pilalagi, poelo „Soembawa” katiloe, poelo „Soemba kaopat, „Flores”, „Timor”, kitoe deui, Sawoe, Roti, Solor, Alor, poelo Pantar.

Ari anoe katiloena, pakoempoelan poelo leutik, disëboetna kapoeloan, kapoelon „Maloekoe” nami, ieu ngabawah deui, bawahanana noe mashoer, Ternate, Halmahera, Tidore, Batjan djeung Obi, Poelo Soela, poelo Boeroe reudjeung Ceram.

Malah loba keneh pisan, poelo-poelo noe laleutik, Poelo Ambon, Saparoea, Haroekoe pon kitoe deui, Poelo Banda teu kari, Watoebela djeung Tajandoe, Ewab, Aroe teu tinggal, poelo Wetar noe pandeuri, noe panoetoep sabagian ti Papoea.

Ari poelo Filipina, eta oge masih sami, kaasoep Hindia Wetan, ngan kabawahna teu sami, bawahan sedjen nagri, nagri gëde sarta mashoer, moerah sandang djeung pangan, toer rahardja loh djinawi, disëboetna teh Amerika Sarikat.

VICKS VAPORUB


GRATIALE
AMERICA



**Salep Amerika
anoe pangsaena
kanggo**

**pileg
lebet angin
poejeng
saréng sapapadana**

**Atoeran nganggo
aja di
lebet boengkoesna.**



NASRACH 05

TOKO HOPPENSTEDT

DROSTE'S CACAO

TJOKLAT DROSTE SARÉNG KOEEH'NOÉ
DIDAMÉLNA KOE CACAO DROSTE TJAP
ZUSTER. TEU KINTÉN SAÉNA KANGGO
NJOEGOEH TATAMOE KANGGO KAWA-
RASAN MOERANGKALIH SARÉNG SÉ-
POEH. SALAMINA KÉDAH NGALEUEUT:

DROSTE CACAO



Toko HOPPENSTEDT

Ieu kedah disoéhkeun, kintoenkeun ka Toko HOPPENSTEDT. Afd. Droste's Cacao, Ba
Njoehoenkeun dikintoen pertjoemah boekoe koeéh-koeéh Cacao Droste sareng sirkoe-
liran persenan Droste.

Asmarandana.

Poelo Djawa oerang wintjik, ieu teh noe pangleutikna, di antara „Soenda Gëde”, tatapina pangpëntingna, sarta pangöetamana, poelo istoening kajoengjoen, matak bëtah noe ngoembara.

Poelo leutik tapi sari, lamoen sipat di djalma mah, sareseh toerta darehdeh, balabah rea kanjaah, berehan djeung barahan, aloes sëmoe ka tatamoe, someah hade ka semah.

Boekti rea noe katarik, pirang-pirang noe kagëndam, teu wëleh anoe kapelet, teu koerang noe mikahajang, loba noe kaedanan, hënteu soewoeng noe kadoejoeng, kapintjoet koe poelo Djawa.

Samborong paingan teuing, ti nanggërang lila beurang, ti nangkorek lila poëk, pada mërloekeun daratang, ngoembara boeboeara, ngoembara toeloej-toemoeloej, boga rasa soengkan moelang.

Mimiti noe rek diwintjik, wawatësanana heula, Sëlat Soenda watës koelon, watës kaler laoet Djawa, Sëlat Bali ti wetan, ari sabeulah ti kidoel, watësna laoet Hindia.

Pandjangna teh koerang leuwih, dioekoer ti Tandjoeng „Lajar”, nëpi ka Tandjoeng „Sëloko”, kira-kira sapoeloeh graad, moen koe kilo metër mah, meureun sareboe saratoes, sawëlas sapërsalapan.

Roebakna mah koerang-leuwih, koe kilo metër ngoekoerna, noe pangroebak-roebakna teh, ti Djapara ka Patjitan, eta teh kira-kira, saratoes dalapan poeloeh, leuwihna mah teu disëbat.

Ari priboemina asli, noe njitjingan poelo Djawa, tiloe bangsa kabehna teh, bangsa „Soenda” di Pasoendan, „Djawa” di Djawa Tëngah, ari bangsa noe katiloe, „Madoera” di Djawa Wetan.

Ari noe sedjenna deui, pohara pisan reana, boh toto atawa indo, tjampoer roepa-roepa bangsa, rek ngaradon daragang, aja noe ti tanah Hindoe, Tiongkok, Bongbaj djeung Djëpang”.

Ari djoemlahna kaoeni, djoemlahna sapoelo Djawa, istoe panggëgëkna bae, panggëgëkna di antara, poelo di sa-Hindia, ënja eta koerang-langkoeng, opat poeloeh hidji joeta.

Poelo Djawa moen ditilik, katjida ngëmbang boledna, tanah pagoenoengan bae, sarta loba noe seuneuan, sawareh mah ngadjadjär, sawareh deui ngarioeng, djeung aja anoe njorangan.

Pagoenoengan teh dibagi, ari anoe kahidjina, pagoenoengan Djawa Koelon, pagoenoengan Djawa Tëngah, eta teh noe kadoea, ari bagian katiloe, pagoenoengan Djawa Wetan.

Oerang wintjik hidji-hidji, oerang njaritakeun heula, pagoenoengan Djawa Koelon, dibagi lima bagian, kahidji pagoenoengan, noe aja di Bantën Kidoel, njeta pagoenoengan Këndang.

Noe kadoeana kaoeni, pagoenoengan noe ajana, di bawahan Bantën keneh, tatapi beulah kalerna, reudjeung beulah koelonna, goenoeng Gëde, goenoeng Batoer, Poelosari goenoeng Karang.

Katiloena anoe pasti, pagoenoengan noe ajana, watës Soekaboemi Bogor, sarta Batawi Priangan, goenoeng ngabrengbreng ngetan, tjontona teh rek disëboet, mimiti ti koelon heula.


Halimoen di Soekaboemi, ka beh wetan goenoeng Salak, Pangrango djeung goenoeng Gëde, Mandalawangi Boerangrang, ari wetaneunana, goenoeng Tangkoebanparahoe, Boekittoenggoel pangwetanna.

Noe kaopatna kaboekti, pagoenoengan noe ajana, di sadjërroeun wëwëngkon, karësidenan Priangan, njeta goenoeng Patoeha, Masigit djeung goenoeng Tiloe, Malabar djeung goenoeng Wajang.

Goenoeng Windoe kitoe deui, sartana goenoeng Kantjana, reudjeung masih rea keneh, nja eta goenoeng Tjikoeraj, djeung goenoeng Papandajan, Tjakraboena, Galoenggoeng, Talagabodas djeung Sawal.

Di lëbah dieu kapanggih, doea tanah padataran, tanah loehoer ngaranna teh, noe asal tina talaga, ari noe kahidjina, padataran loehoer Bandoeng, tanah Garoet noe kadoea.

Ari anoe hidji deui, pagoenoengan noe kalima, nja eta noe ajana teh, di kaler wetan Priangan, lëbah dieu kapëndak, aja padataran loehoer, nja eta tanah Soemëdang.



Karaton Sri Soeltan Siak di Siak Sri Indrapoera.



Kanggo kasawat influenza, poe-
jěng, pilěg, intjok, njěnjěpan sdjt.
MANGGA ARANGGO TABLET.

ASPIRIN

K i n a n t i.

Kinanti pangganti poepoeh, geusan njaritakeun deui, pagoenoengan Djawa Těngah, goenoengna teh beda deui, djeung pagoenoengan Pasoendan, noe geus dita-taan tadi.

Mimiti noe rek disěboet, „Pěmbarisan” noe mimiti, „Slamět”, „Parahoe” toeloejna, pagoenoengan „Diěng” deui, Sěrajoe kidoeleunana, Sindoro djeung goenoeng Soembing.

Noe kadoeana disěboet, noe sawetaneun noe tadi, tjontona goenoeng Oengaran, Měrbaboe goenoeng Měrapi, goenoeng Moerja di Djapara, goenoeng Lawoe anoe měntjil.

Di Djawa Těngah geus toetoepe, di Djawa Wetan noe kari, ieu ge dibagi doea, beulah koelon noe kahidji, ari pagoenoenganana, gěgědena apoe keusik.

Ieu teh dibagi tiloe, noe beulah kaler kahidji, kadoeana noe di těngah, ari anoe hidji deui, anoe di kidoel ajana, noe disapandjang basisir.

Noe di těngah sok disěboet, pagoenoengan Kěnděng nami, poentjakna di goenoeng Pandan, ari anoe hidji deui, noe aja di kidoel tea, pagoenoengan „Kidoel” nami.

Reudjeung pagoenoengan Sewoe, di lěbah dinja kapanggih, aja goenoeng anoe misah, disěboetna goenoeng Wilis, goenoeng Kěloet Andjasmara, Ardjoena djeung goenoeng Kawi.

Ari bagian panoetoep, sawetaneun anoe tadi, lolobana mah marisah, tjontona anoe mimiti, pagoenoengan „Tënggër” heula, tanah padataran keusik.

Poentjakna teh lima goenoeng, noe mashaerna mah ngan hidji, noe masih keneh seuneuan, njeta goenoeng „Bromo” nami, di soekoena aja tēmpat, ngaranna teh Ngadisari.

Di kidoel goenoeng Sēmeroe, pangloehoerna di antawis, goenoeng di sa-Poelo Djawa, ari noe sedjenna deui, Lamongan reudjeung goenoeng Jang, Argapoera djeung Bētiri.

Goenoeng Idjen goenoeng Raoeng, Baloeran goenoeng Mērapi, pagoenoengan ēnggeus tamat, ajeuna noe rek diwintjik, tanah padataran handap, oerang pēdar masing apik.

Sangkan hēnteu matak bingoeng, mamrih babari kaharti, oerang bagi heula doea, kahidji noe di basisir, kadoea anoe beh tēngah, geura ieu oerang wintjik.

Tanah handap sisi laoet, beulah kaler aplak-iplik, ti Bantēn ka Soerabaja, beulah kidoel mah saeutik, di lēbah Banjoemas Djogja, lēbah Djēmbēr Banjoewangi.

Noe di beh tēngah katjatoer, di dieu ge ngan saeutik, tjontona di Soerakarta, ieu teh tēroes ngahidji, reudjeung tanah noe ajana, di Madioen djeung Kēdiri.

Djadi koe lantaran kitoe, boh noe gēde boh noe leutik, waloengan teh lolobana, ngamoeara ka basisir, ka basisir laoet Djawa, tjontona arek diwintjik.

Tjitaroem reudjeung Tjimanoek, Tjilosari, Tjipamali, Kali Tjomal, Kali Toentang, Kali Serang, Kali Loesi, Kali Solo, Kali Brantas, reudjeung rea-rea deui.

D a n g d a n g g o e l a .

Dangdanggoela gaganti kinanti, njaritakeun pasal noe sedjenna, nja eta bab djalan gēde, noe didjieun kapoengkoer, dina djaman noe njēpēng nagri, ngēreh tanah Hindia, Toean Bēsar mashoer, G. G. Daendels djoedjoeloekna, ninggang dina taoen sareboe Masehi, dlanan ratoes dalapan.

Djalan ieu pandjangna kaoeni, sapandjangna tanah poelo Djawa, mimitina ti Anjar-lor, tēroes nēpi ka toengtoeng, toengtoeng wetan di Banjoewangi, ari toedjoeanana, Serang noe didjoegdjoeg, tēras ngetan ka Tanggērang, ti dinja teh toeloej ka kota Batawi, geus kitoe ngidoel brasna.

Ngaliwatan ka Meester Cornelis, tidinja nja ka Depok toeloejna, brasna mah ka dajeh Bogor, toeloej ka soekoe goenoeng, soekoe goenoeng Mandalawangi. brasna ka Sindanglaja, toeloej ka Tjiandjoer, geus kitoe mah toeloej ngetan, djol ka kota Bandoeng noe kamashoer rēsik, ti dinja ka Soemēdang.

Ngaliwatan tjadas noe loengkawing, disēboetna teh Tjadas Pangeran, ti dinja bras ka Tjirēbon, tēroes toeloej-toemoeloej, tjēpēt ngetan toeroet basisir, ngaliwat Brēbēs Tēgal, Pamalang nja kitoe, Pakalongan reudjeung Batang, bras ka Kēndal toeloej ka Samarang nagri, nagara palaboean.

Ti Samarang ngangangan basisir, bras ka Dëmak. Koedoes Pati Rëmbang, geus kitoe mah toeloej bae, mapaj ka sisi laoet, bras ka Toeban djeung ka Gërësik, toeloej ka Soerabaja, ti dinja mah ngidoel, nja datang ka Pasoeroean, Probolinggo, Sitoebondo Banjoewangi, nja di dinja toengtoengna.

Beuki dieu pamarentah nagri, miwarangan njeun djalan djalan, djalan leutik djalan gëde, komo di dajeh agoeng, geus teu koedoe ditjatoer deui, nëpi ka ahirna mah, boetbat djalan woengkoel, meh taja watës wangënna, samalahan ka pikampoengan ge nëpi, soemawonna di kota.

Aja deui noe përløe diwintjik, djalan sëpoer anoe pënting pisan, boh kagoengan Goepërnëmen, S.S. noe geus kamashoer, atawana noe partikoelir, sëpoer teh teu sarøea, noe gëde noe lëmboet, anoe leutik nja trem tea, rada këndor da hoeloena ge laløutik, djeung teu pati karøeat.

Ari djalan anoe partikoelir, ngaranna teh roepa-roepa pisan, ka hidji djalan S.J.S., djalan Demak ka Tjepoe, ngaliwatna ka Poerwodadi, Wirosari djeung Blora, djeung deui nja kitoe, ti Samarang ka Pamotan, ngaliwatan kota Dëmak, Koedoes, Pati, Djøeana reudjeung Rëmbang.

Noe kadøea S.C.S. nja nami, noe mimiti ti kota Samarang, toeløej ngoelon ka Tjirëbon, ngaliwat Kaliwoengøe kitoe deui Këndal Weleri, batang djeung Pakalongan, Tjomal ge nja kitoe, bras ka Pamalang djeung Tëgal, panoetøepna kota aja hidji deui, Brëbës koeloneun Tëgal.

Noe katiloe N.I.S. nja nami, ieu djalan aja tiloe roepa kahidjina Djogja — Brosot, atawa Djogja — Poendoeng, ari anoe sahidji deui, Djogja ka Ambarawa, nja eta ngalangkoeng, Moentilan Magělang, Sětjang, lěbah Sětjang ieu djalan njimpang deui, nja eta ka Parakan.

Ari djalan anoe hidji deui, ti Samarang bras ka Soerabaja, ka Goeboeg ngaliwatna teh, ka Kradenan djeung Tjěpoe, Bodjoněgoro kitoe deui, reudjeung Babad Lamongan, kaopat katjatoer, djalan S.D.S. ngaranna, ieu djalan ti Wonosobo mimiti, Maos djadi toengtoengna.

Kalimana djalan „K.S.” nami, ti Kědiri moenggoeh mimitina, ka Djombang ngaliwat Pare, kagěněpna katjatoer, njeta djalan kareta api, Malang Stoomtram ngaranna, ieu aja tiloe, kahidjina Blimbing — Toempang, kadoeana Malang — Kondanglěgi — Dampit, katiloe Blimbing — Malang.

Katoedjoehna djalan partikoelir, noe disěboet Pasoeroean Stoomtram, moenggoehing mimitina teh, ti Pasoeroean ngidoel, ěnja eta ka Poerwosari, djeung noe ti Waroengdawa, ngetan rada ngidoel, noe brasna teh ka Winongan, kadalapan Probolinggo Stoomtram nami, Probolinggo — Paitan.

Kasalapan B.D.S. nja nami, noe něpoengkeun Babad reudjeung Djombang, ari kasapoeloeahna teh, djalan anoe disěboet, Modjokěрто Stoomtram nja nami, djallanna geus biasa, sartana ngabakoe, nja eta ti Madjakerťa, ngaliwatan Melikan Pandakan Bangil, brasna ka Kalianjar.

Kasawēlas djalan partikoelir, noe ajana di Poelo Madoera, moenggoehing disēboetna teh, sēsēboetan geus oemoem, geus biasa toeg ka kiwari, njeta Madoera Stoomtram, djalanna ngabakoe, Kaliangēt ka Soemēnap, Pamēkasan, Sampang, djeung Kēbanjar nagri, bras ka Kamal — Bangkalan.

Lamoen oerang njaba ti Batawi, njaba ngetan moen ka Soerabaja, make djalan beulah kaler, mimitina ngalangkoeng, kota gēde Meester Cornelis, Tjirēbon Pakalongan, Samarang djeung Koedoes, Rēmbang djeung Bodjonēgara, kitoe deui Babad Lamongan, Soemari, nja bras ka Soerabaja.

Tapi lamoen djalan sedjen deui, make djalan noe ngidoel noedjoena, ngaliwatna teh ka Bogor, Soekaboemi Tjiandjoer, Bandoeng, Tasik, bras ka Tjiamis, Bandjar, Maos, djeung Kroja, ti dinja mah toeloej, ka Djogja djeung Soerakarta, djeung Madioen, Kērtosono bras ka Tarik, toeloej ka Soerabaja. *)


M a s k o e m a m b a n g.

Njaritakeun bab djalan kareta api, ajeuna geus tamat, oerang njaritakeun deui, pangalen djeung hasil tanah.

Hasil Bantēn: „kopra djeung koeroepoek tangkil”, komo deui „beas”, ari hasil ti Batawi, „kopra, beas, boeboeahan”.

Ti Priangan „kina, teh karet djeung kopi”, ti Tjirēbon „goela”, reudjeung aja deui, „kopi”, ti Indramajoe mah „beas”.

*) Kareta „bleksom” (espres sapoë) ti Batawi ka Soerabaja, djalanna ka Tjirēbon, Poerwokërto, Kroja, Djogja, Solo, Madioen.




Masigit Fort de Kock, ditingali ti awang-awang. Potonganana mempèr gèdong
Departement V. & W. di Bandoeng.

His Master's Voice

MODEL 87 & 97

RAOS SORANA

NGANGGO PARABOT
PIKEUN EUREUN
KOE MANEH



DISARĒNGAN KOE GĒNĒP PĒLAT LALAGOEAN
(Kenging milih antawis pĕlat Malajoe, Soenda atanapi
Djawa sarĕng 3 pĕlat Eropa).

MODEL 87. Kenging dibajar dina lĕbĕt 10 sasih,
njitjilna saban sasih f 5.—.

MODEL 97. Kenging dibajar dina lĕbĕt 10 sasih,
njitjilna saban sasih f 6.—.

*Oepami mĕsĕn, moegi ditĕrangkeun padamĕlan
sarĕng adres anoe tetela.*

LUYKS

NOORDWIJK 27, BATAVIA-C.
BRAGAWEG 40/B, BANDOENG



Pakalongan babakoena hasil boemi, „tarigoe” djeung „goela”, reudjeung „beas” kitoe deui, ti Djogjakarta mah „goela”.

Ti Kědoe mah hasil tanahna kaoeni, „bako” babakoena, ti Rěmbang mah „kai djati”, ti Soerakarta mah „goela”.

Ambarawa ngaloe earkeun hasil boemi, „bako” babakoena, ieu dibawa ka pabrik, didjieun roko biasa.

Ari moenggoeh kota Palantoengan nagri, djeung Bodjoněgara, di Blora pon pilalagi, ngahasilkeun „minjak tanah”.

Ari hasil ti kota Poeloeng kaoeni, pangalen hasilna, „timah hideung, timah sari, kitoe deui ěmas, perak”.

Ari Blitar kahasilanana „kopi”, „marměr” ti Patjitan, hasil Malang oge „kopi”, hasil Soerabaja „goela”.

Ti Madoera rea „oejah” reudjeung „sapi”, sapi aloes pisan, sok diingoe pikeun „bibit”, kasohor ka manamana.

Djaba eta masih aja keneh deui, hasil karadjinan, anoe pěrěloe diwintjik, malar sarerea těrang.

Di Tanggěrang kasohor „anjaman awi”, ari babakoena, nja eta doedoekoej „boni”, djeung loba noe njieun ketjap.

Oerang Plered loba noe njarieun „kěndi”, tina taneuh porang, araloes sarta dioekir, sarta make digambaran.

Tjiandjoer mah kasohorna ka noe tēbih, tina taroem-pahna, djeung barisa minoen samping, saroeng poleng babakoena.

Bandoeng oge kagoernita ka noe tēbih, tina hal pakean, boeboehan tēmpat pēlēsir, toer mashoer loba noe gandang.

Oerang Tasik Banjoemas reudjeung Tjiamis, Solo, Pakalongan, djalmana ngabatik samping, samping saroeng djeung sawitan.

Indihiang, Radjapolah djeung Tjiawi, kasohor katjida, tina hal doedoekoej awi, kitoe deui tina pandan.

Pasar Gēde kamashoerna tina ngoekir, ngoekiran koeningan, ari moenggoeh Toeban nagri, kasohor seng tamaga.

Djapara mah kamashoer bab ngoekir kai, araloes katjida, kawantoe leukeun djeung apik, dibaroeng koe kasabaran.

Lasēm oge kakontjara ka noe tēbih, tina bab anjaman, lain nganjam tina awi, tapi tina boeloe mērak.

P a n g k o e r.

Malar karadjaan aman, kērta ma'moer rahardja loh djinawi, diajaan hakim hoekoem, reudjeung oendang-oendangna, anoe ngatoer hoekoeman noe goreng lakoe. kajaning maling maehan, reudjeung noe sedjenna deui

Pikeun moetieskeun pėrkara, Goepėrnėmen ngadėg-keun madjlis-madjlis, di antarana disėboet, „Landgerecht” nja ngaranna, dipingpinna koe „Landrechter noe disėboet, sarta aja pangbantoena, ari pangkatna teh „Griffier”.


Ari moenggoeh „Landgerecht” mah, ngan moetieskeun anoe dihoekoem boei, noe dihoekoem paling loehoer, lilana tiloe boelan, atawana moen didėngda paling loehoer, ngan lima ratoes roepia, hėnteu meunang leuwih deui.

Aja deui pangadilan, disėboetna nja eta Landraad nami, dipingpin koe pangkat loehoer, Priboemi boh Walanda, pangkatna teh Prėsiden nėlah disėboet, pangkat Griffier pangbantoena, reudjeung loba-loba deui.

Meunang ngangkat Toean Bėsar, reudjeung aja anoe ahli agami, gėlaranana „Panghoeloe,” baris mere timbangan, tina pasal pėrkara agama woengkoel, pangpangna agama Islam, nja eta agama soetji.

Moenggoehing gawena „landraad”, pikeun moeties sakabehna pėrkawis, noe di „landgerecht” teu poeties. aja di oenggal-oenggal, kaboepaten djeung karėsidenan woengkoel, ari moenggoehing reana, di saban kota ngan hidji.

Noe saloehoereun ti eta, aja deui ngaran „Raad van Justitie”, ari noe djadi pangoeroes, „Pėrsiden” pangloehoerna, reudjeung deui pirang-pirang noe ngabantoe, pangpangna bangsa Walanda, anoe sok disėboet ělida.




Awas merék TOBRALCO di sisi lawon



1

..EUH. ATOEH MOEN KIEU BAE MAH SALAWAS-NA. AING TEH TEREH KOLOT"



2

..PERSIL BISA NGABÈRE-SIHAN KOE MANEH. TI PAPAKEAN NOE PANG-LEMESNA NÉPI KA NOE PANGKA SARNA"

..NAHA ROS. MANEH TEU NJAHO. JEN SABOEN PERSIL BISA NGA-BÈRÈSIHAN PAPAKEAN KOE MANEH. MANEH TEU KOEDOE HESE. DJEUNG KANA PAPA-KEAN MATAK AWET TOER TEU LOEN-TOER."



3

NAHA ÉNJA. POEJER SABOEN PERSIL BISA NGA-BÈRÈSIHAN PAPAKEAN OE MANEH!"

..EUH ÉNJA BAE SEUSEU-HAN LEUWIM BÈRÈSIH TOER TEU KOEDOE DI GAWE POPOMOAN"



4

LAH KOERING TEH TJAPE ENTAS NJEUSEUH POPO-HOAN



5

..SALILANA MAKE SABOEN PERSIL PIPIKIRAN TEH ASA SENANG"



6

Persil

KENGIN DIGALEUH DI MA-NA-MANA. GAMPIL-IRIT.

ATOERAN NGANGGONA AJA DINA OENGGAL BOENKOEKAN.

TOKO HOPPENSTEDT

Teu kedah disoëbkeun, kintoenkeun ka Toko HOPPENSTEDT. Afd. Persil-Propaganda, Batawi Njoehenkeun dikintoen pertjoemah boekoe atoeran nganggo Persil.

Djenengan :

Padamelan :



Lawon Tootal Crease Resisting,

tara moengkered, sae teu kintén kanggo kabaja, bebe s.d.j.t.; modelna aja: Robia Voiles sareng Robia Novelties. Poelasna, kembangna sareng saloerna pohara maranisna. Parios wastana di sisina.

Tobralco

teu kintén kiatna, awet dianggona, gampil diseuseuhna. Aja noe polos, noe kembang-kembang, noe warnana maranis toer teu loentoer. Sae anggoëun kabaja, bebe sareng babakoena anggoan moerangkalih. Kanggo pijama pameget disajagikeun noe sarae ginggangna. Parios wastana di sisina.

Salempaj Pyramid:

kanggo istri-pameget. Aja noe latarna warnaan sareng noe bodas. Oedat-oedatna sarae.

Dasi Tootal,

roepi-roepi pisan warnana, noe polos sareng noe oedat-oedat. Kasaeana Standaard sareng Populair.

BISKOEIT VERKADE

JAP OPAT SINJOH DIPIKASEDEP KOE
IOE SÉPOEH KOE NOE ANOM

AJA DI SULTANA, DEMI LUNE, CAFÉ.
ANA-MANA: NOIR, MARIE, COMBINATION sdjt.
SAKALENG ROYAL MIXED
EUSINA 23 ROEPI BISKOEIT

IMPORTEUR
TOKO HOPPENSTEDT



kedah disoéhkeun, kintoenkeun ka Toko HOPPENSTEDT. Afd. Ruilkantoor Verkade, Batawi.
sahoenkeun dikintoen pertjoemah katerangan bab gambar-gambar Verkade sareng Albumna.

engan :

Padamelan :

Sarta aja noe disëbat, Griffier reudjeung Officier van Justitie, noe sami keneh ngabantoe, ari moenggoeh reana, di satanah poelo Djawa teh ngan tiloe, nja eta di Soerabaja, di Samarang djeung Batawi.

Ari moenggoehing goenana, pikeun moeties sakabehna përkawis, sakoer anoe dipilakoe, ngan koe bangsa Walanda, djeung koe pangkat priboemi noe rada loehoer, noe sapangkat djeung Wadana, djeung noe leuwih loehoer deui.

Djeung deui pikeun mariksa, tina pasal sakabehna përkawis, anoe di Landraad teu poeties, djeung deui sok mariksa, sakabehna përkara noe geus dipoeties, ënggeus dipoeties koe „Landraad”, bok bisina koerang adil.

Ari anoe pangloehoerna, ënja eta „Hoog Gerechts-hof” nja nami, gawena teh pikeun moeties, hal-hal noe dipilampah, koe djëlëma anoe njëpëng pangkat loehoer, „Resident” saopamana, djeung noe leuwih loehoer deui.

Moenggoehing pangöetamana, nalingakeun roepa-roepa përkawis, djeung ngadjaga hakim hoekoem, noe sahandapeunana, noe ajana di tanah Hindia woengkoel, bisi koerang kaadilan, ënggoning moeties përkawis.

Ari moenggoeh pangoeroesna, kapalana pangkat „Prësiden” nami, djeung rea anoe ngabantoe, nja eta bangsa menak, ahli-ahli kahakiman noe laloehoer, noe disëboet ëlid tea, antarana pangkat „Griffier”.

Etang-etang panoetoepna, njaritakeun bab pamarentah nagri, sababna kaitoeng pěrloe, moenggoehing Poelo Djawa, babakoena dibagi didjieun tiloe, anoe dingaranana, hidji-hidjina „provincie”.

Pasoendan noe kahidjina, kadoeana Djawa Těngah nja nami, ari moenggoeh noe katiloe, nja eta Djawa Wetan, masing-masing diparentah koe Goepěrnoer, malah Solo reudjeung Djogja, Goepěrnoerna masing-masing.

Tapi Solo djeung Djogja mah, lir ibarat karadjaan sajakti, noe pada-pada ngawěngkoe, pada boga djadjaan, pangagoengna di Solo pangkat : „Sinoehoen”, di Djogja pangkatna „Soeltan”, eta teh radja Priboemi.

Moenggoehing provincie tea, masing-masing pada dibagi deui, karėsidenan disěboet, „Resident” gěgědenna, masing-masing karėsidenan ngawěngkoe, kaboepaten disěboetna, noe marentahna Boepati.

Sakabeh kaboepatian, nja dibagi sababaraha distrik, ari noe djadi loeloegoe, pangkatna teh Wadana, oenggal-oenggal distrik nja pada ngawěngkoe, sawatara katjamatan, noe disěboet onderdistrik.

Ari noe djadi kapala, gěgědenna anoe di onderdistrik, pangkat tjamat noe geus bakoe, onderdistrik ngabawah, sawatara desa reudjeung kampoeng-kampoeng, noe diparentah koe loerah, djeung pangkat anoe laleutik.

Panoetoe p.

Wirangrong pangeling-ngeling, pepeling ka noe aranom, noe masih keneh goegoeroe, goegoeroe njiar pangarti, pangarti keur pikeun djaga, dimana geus tjoemarita.

Eling-eling mangka eling, mangka radjin reudjeung gětol, ěnggoning neangan elmoe, oelah pisan rek mẽlěntjing, kandoelan reudjeung moemoelan, soemawonna moen bosėnan.

Sababna masing kaharti, ari moenggoeh djalma bodo, kana sagala ngawagoe, kana dagang mo ngadjadi, makaja moal sampoerna, kana koeli soemawonna.

Sabab sėpi koe pangarti, towong pisan koe kanjaho, soewoeng elmoe djeung panėmoe, sisip pamikir pamilih, soeda tina pangabisa, soemawonna koe loeang mah.

Toengtoengna tjilaka diri, koe djalma ngan dibobodo, ahirna djalma noe kitoe, hěnteu adji teu pangadji, raga nandangan sangsara, saemoer-oemoer balangsak.

Djeung djalma era papanggih, hakan koerang awak rėgong, sarta koetjěl djeung bėlėwoek, estoe matak hina diri, da moenggoeh napsoe mah aja, hajang ginding ngeunah dahar.

Tina kapoėkan pikir, teu inggis maling ngabadog, wani njorang nipoe malsoe, kadjahatan teh diadji, kagorengan dipilampah, eta estoening baroeang.

Hěnteu beda djeung wėrėdjit, da moenggoehing lampah serong, tinangtoe bakal kabitoer, nadjan noe

dirasa boeni, soemawonna lamoen nēgrak, estoe mateni awakna.

Tapi moenggoeh djalma ngarti, anoe soegih koe pangartos, anoe pinoeh panēmoe, sēnang ngahēnang-ngahēning, soegih moekti beurat beunghar, hiroepna tangtoe sampoerna.

Da moenggoeh dagang djeung tani, moen dibaroeng koe pangartos, tinangtoe ngadjadi tjoekoel, matak gēnah soegih moekti, moal matak beak modal, mo matak ngangandar hoetang.

Noe matak poma sing eling, ēnggoning njiar pangartos, kasoengkan reudjeung kaēmboeng, sakabeh koedoe dioesir, pērangan reudjeung singkahan, sing beak akar djangkarna.

Poma masing titi soerti, hade gogog hade tagog, reudjeung batoer koedoe akoer, birahi rea kaasih, balabah rea kanjaah, someah hade ka semah.

Sing bisa ngaraksa diri, kapan loba pikeun tjonto, pirang-pirang boekoe-boekoe, anoe hade pikeun misil, anoe aja di sakola, batja sing kaharti pisan.

Komo lamoen boga doeit, poma pisan oelah poho, ngalanggan saemoer-oemoer, poestakamangsa keur misil, wēdalan Bale Poestaka, noe sohor ka mana-mana.

Da moenggoeh ari pangarti, datangna teh anoe tangtos, teu kalis woengkoel goegoeroe, dina boekoe oge sami, teu koerang elmoe djeung loeang, poeloenganeun diri oerang.

SADJARAH BAN KOMPA

Lima poeloeh taoen ka toekang kapanggihna ban-angin teh sarta tēroes dipaten (gepatenteerd).

Mangga oerang njipta John Boyd Dunlop dina taoen 1887; manehna teh Doktor-hewan anoe tjakēp, tēdak Schotland, keur toempak dokar bari mikir koemaha piakaleunana sangkan toetoempakan leuwih ngeunah ditoempakanana, oelah tinggarēdjloeg tinggaritjlēk kawas roda kikiping beusi alam harita.

Harita oemoer Dunlop teh 47 taoen, dihormat djeung diadjenan koe sanagara Ierland lantaran tjakēp. Dilahirkeunana tanggal 5 Februari 1840 di Dreghorn, wēwēngkon tanah-graaf Airshire; bapana toekang tani. Dina oemoer 19 taoen tamat ti sakola Veterinary College (sakola Doktor-hewan Nagara) di Edinburgh, sarta toeloej djadi doktor-hewan. Tiloe taoen ti harita pindah ka Belfast. Lantaran manehna sok tigagarēdjloeg titatareundeut oepama noempakan dokarna, nja toeloej mikir-mikir njieun ban anoe dieusi angin. Pērtjobaanana tea djadi panambah kana woe-woeh rarēsēpna djalma² noempakan toetoempakan noe make motor, nēpi ka tina hasilna pērtjobaan tea bisa ngadēgkeun pabrik noe kasohor, ngaranna Dunlop Rubber Company Ltd.

Mimitina mah Dunlop teh mikir hajang njieun kikiping noe make per, tapi barang ditjoba, bēt hēnteu beunang dipake. Nja ti harita toeloej narekahan, hajang njieun ban anoe beunang dieusian hawa. Kabēnēran bae Johnny, anakna oemoer sapoeloeh taoen boga kakareta-mēsinar kikiping tiloe, pērloe pikeun didjieun pērtjobaan. Harita teh dina oesoem herfst taoen 1887.

Eta ban kompa Dunlop anoe mimiti teh pohara loemajanna. Dina kikiping kai noe goerat tēngahna 18", Dunlop teh njieun ban djero koe karet atah, dipakoekeun — sajaktosna, dipakoekeun! — kana kikiping kai tea, toeloej dikompa koe kompa bal. Eta ban tea dipageuhanana kana kikiping teh diboengkoes koe lawon digoebēdkeun toeloej dipakoe deui bae. Toeloej eta kikiping pērtjobaan teh dibawa ka pipir djeung kikiping kakareta-mēsinar Johnny tea.

Kikiping kareta mēsinar Johnny tea digorolongkeun satakēr tanaga, hajang njaho sakoemaha djaoehna ngagorolongna. Boektina teu nēpi ka satoendjang pipir-pipir atjan, geus roeboeh manten.

Toeloej njoba koe kikiping përtjobaan tea; ieu mah lain ngan nëpi bae ka toengtoeng pipir, tapi barang neunggar pagër teh toeloej bisaeun balik deui. Dunlop yakin, jen përtjobaanana teh hasil. Nja ti harita ngamimitianana sadjarah ban kompa teh.

Satëroesna roepa-roepa përtjobaan teh pohara matak soegëmana, nëpi ka dina tanggal 23 Juli 1888 Dunlop menta *patent* pikeun pamanggihna.

Nëpi ka ajeuna djadi taoen ka-limapoelohna diitoeng ti mimiti manggih ban kompa tea. Ban kompa noe mimiti beunang dipake tjari-oentoeng, ajeuna diampihan di Museum Nagara Schotland di Edinburgh. Eta teh ban hareup kareta mësin noe pangheulana make ban kompa, anoe koengsi loemampah 3000 mel djaoehna, atjan nJORANG botjor djeung atjan ngalaman dilaan tina gilindingna. Tanda jen hade ngamimitianana.

Tapi, sakoemaha ilaharna pamëndak anjar, tara djol-djol nërëkab, kitoe deui pamëndak Dunlop, pada mojok, pada ngageuhgeujkeun. Poestaka mangsa noe alam harita njaritakeun bab kareta mësin, pohara njaleungseurikeunana; ban kompa teh dipojok, disarëboet goegoeling atawa tamoesoë.

Toeloej ngadëgkeun maskape di Dublin, ti Dublin ngagëdean di Coventry; ti dieu ka Aston Cros Birmingham, satëroesna ka Erdington.

Kamadjoëan ti harita mah, sarerea oge pada tërang. Barëng djeung ngarëkahanana roepa-roepa toetoempakan noe madjoëna koe mësin, bagian pangawëroeh di pabrik Dunlop oge ngaloearkeun roepa-roepa beubeunanganana noe harade, sangkan bisa njoemponan kapërloëanana barang alanjar tea, boh gantjangna boh momotna. Sakadar tjonto, cepamana bae koedoe anoe koeat koe panas; anoe napak pisan ngagorolongna toer awet; anoe koeat dimomotan koe noe beurat-beurat; eta kabeh përlöe pikeun njoemponan pangaboetöeh dina djalan oesaha alam ajeuna.


Dina djaman ajeuna mah ban teh lain ngan pikeun kareta mësin, motor djeung mobil bae, tapi sagala roepa roda atawa kareta oge mikaboetöeh, oepamana bae: sado, delman, gorobag, roda-sorong, padati malah djeung kapal hibër oge përlöe make ban kompa teh. Pikeun kapal hibër noe galëde bogana Imperial Airways, Dunlop njeunan ban noe roebakna 22" toer koeat dimomotan nëpi ka 8 ton. Pamëndak Maskape Dunlop noe pangänjarna; nja eta karet



BAND DUNLOP

pangägengna pangaosna

KANGGO ARTOS ANDJEUN



noe beunang diasoeupan kakoeatan listrik (ieu teh něpi ka ajeuna mah dianggap hidji hal noe moestahil) něpi ka oepama noeroetkeun elmoe timbang (statiek) mah, dina waktōe kapal hibēr tea arek toeroen, bisa ngadadak mitjeun patoetoempoekna listrik (accumuleerend) dina tempo $\frac{1}{1000}$ sēkon.

Dunlop teh ajeuna mah njeunan ban pikeun dipake dina taneuh ěmpoek djeung dina saldjoē, kitōe deui pikeun njanjabaan di sagara keusik, ajeuna mah geus teu aja balaina lantaran aja ban anoe ngahadja didjieun pikeun toetoempakan di sagara keusik, masing loempatna rek satakēr tanaga oge. Tjindĕkna sagala roepa noe kikipingan mah disadiakeun banna, ti kakaretaan boedak něpi ka kapal oedara.

Oepama koedoe diwintjik katoet boeboek leutikna barang-barang noe dikaloearkeun koe pabrik Dunlop tangtoe pandjang teuing.

Loeareun wĕwĕngkon tanah paoesahaanana, Maskape teh ngabogaan kĕbon karet sorangan, lĕgana 34.407 ha, di sa-Inggris mah panglĕgana di antara kĕbon karet bogana hidji Maskape mah. Di eta kĕbon aja 12.000 oerang Asia noe digarawe, kalawan dibere imah, tjal inoemeun djeung roemah sakit. Djalan gĕde anoe hade, pandjangna aja ratoesan mel, anoe pĕrlōe pikeun ngiangkeun geutah tina 10 milioen tangkal karet ka pabrik² djeung sĕtatsioen-sĕtatsioen.

Dina taoen 1930, kalawan ditangtajoengan koe wet, bisa ngadjalankeun hidji atoeran pikeun ngirimkeun karet-atah ka Inggris dina wadah (tanks) di kapal.

Lawon pikeun ban tea tinoenanana koedoe ngahadja keur eta woengkoel, nja dina taoen 1914 Dunlop teh ngadĕgkeun pabrik lawon. Dina waktōe ieu eta pabrik teh ngabogaan lahan noe lĕgana 15 ha, bisa mere pagawean ka 3.000 djalma pikeun njeunan oerat-ban anoe teu aja babandinganana koeatna, ngonjonjodna djeung pageuhna.

Dina ieu karangan moal bisa ngimeutan boeboek leutikna 19 pabrik-pabrik noe njeunan sagala roepa parabol-Dunlop, djeung moal bisa nataan soemĕbarna noe ngadjoealanana, mĕntjar ka sakoelliah djagat, ngabogaan pasar di oenggal nagara, noeroetkeun kapĕrloeana. Djoemlahna noe digarawe dina ieu paoesahaan noe diadĕgkeun koe djalma noe mimiti manggihan ban kompa teh moal djaoeh ti 50.000 sirah.

F E U I L L E T O N

DIBELAAN LARA BALANGSAK.

karangan

M. A. SALMOEN

Palaboean Tandjoengparioek poë eta ramena rada leuwih ti sari, doemeh kabënëran aja tiloe kapal ti mantjanagara anoe barëng pisan balaboehna, sarta kabënëran aja tiloe kapal anoe arek barëng balajarna. Djëlëma mani pahiboet balawiri, koeli-koeli pating haraok menta djalan lantaran sieun ngadoepak noe pating soeliwër di hanggar. Sanadjan djodjontor paranti balaboeh di Tandjoengparioek aja opat ge, kawas hënteu tjoekoep pikeun nëmpatkeun djëlëma anoe papag-djadjap sapoë eta mah. Di antarana noe pangramena teh di hanggar H, doemeh ti hanggar eta pisan kapal „Rochussen” arek lajarna ka Singapoer teh, ngaliwatan Tandjoengpandan djeung Tandjoengpinang.

Pabalioetna djëlëma hënteu koedoe ditjaritakeun deui, tangtoe kama'loem, boeboehan papag-djadjap ka kapal anoe ngadjoegdjoeg nagara gëde kawas Singapoer. Ngaromongna patarik-tarik, papakeanana roepa-roepa, malah beunang disëboetkeun jen rereana mah papakean oerang Malajoe bae, babakoena katara dina papakean awewena dibaradjoe koeroeng atawa dibaradjoe pandjang, sawareh mah marake tioeng.

Di antara djëlëma anoe sakitoe pagaliwotana teh aja opatan anoe tinglaliwed di deukeut tembokan kantor pabean. Nilik kana papakeanana, kawas oerang Priangan.

Noe pangkolotna, Hadji Mansoer, nanja ka bodjona, Nji Hadji Maemoenah, pokna: „Koemaha iboena, hënteu waas nendjo kapal teh? Ari akang mah sok këlär, ingët djaman oerang ka Arab. Ti harita hënteu atjan ngarasa deui toempak kapal, ari ajeuna bët si Oedjang noe koedoe meuntas teh. Handjakal bët lain ka Mëkah kawas oerang, ieu mah oekoer ka Biliton.”

Djawab Nji Hadji Maemoenah: „Nja eta atoe mamana, noe matak ti tadi hënteu lemek hënteu njarek teh, ngingët-ningët djaman ka Mëkah baheula. Geuning andjeunna mah barang ngaliwat

Sabang teh teu emoet-emoet, mabok, mani dipapajang. Eta teh sangkilang kapalna gēde batan ieu. Moal mabok kitoe Si Oedjang ge nja, mamana?"

Basoeki, noe disēboet „si Oedjang” tea nambalang: „Ah iboe mah ngalēlēwang. Djamak bae sanadjan mabok oge; da teu aja wartosna noe mabok kapal doegi ka maot

„Lain mabok kapal atoech kang,” tjek Godjali, adina, bari ngaheureujan, „moen arek ge mabok laoet pangintēn.”

„Nja saroea bae, mabok kapal djeung mabok laoet mah” tembalna.

Lila oge anoe sarosonoan teh. Basoeki, goeroe anoe anjar dibēnoem ka Tandjoengpandan katjida ngarasa beuratna arek ninggalkeun poelo Djawa teh, tapi, boeboehan boedak ngora keur sēdēngna bēlēkēsētēng, papadaning beurat teh bari djeung panasaran, hajang tērang kaajaan nagara deungeun. Diadjar ngoembara meungpeung ngora, pokna. Sabalikna, anoe rek ditinggalkeun, babakoena Nji Hadji Maemoenah, katjida ngarasa beuratna teh. Lain ngan doemeh rek papisah djeung anak bae, tapi dasar Nji Hadji hēnteu kaitoeng kana golongan awewe anoe loeas hatena. Da eta bae, waktoe Basoeki ti lēmboerna arek sakola ka dajeuh oge, mani dikikintil, ka Bandoeng ka Sakola Radja mani asa rek ditinggalkeun ka Mēkah pokna, komo barang ti Sakola Radja koedoe ka H.K.S. di Poerworēdjo mah, mani sirikna hēnteu dipoentangan bae. Harita oge, ari hatena mah panteg teu mikeun, Basoeki make koedoe meuntas laoet teh, malah basana: „Keur naon make koedoe ka peuntas sagala. Di lēmboer oge moal nēpi ka teu dahar, apan itoe kēbon ēnteh djeung kēbon kina oeploek-aplak, toeh sawah, toeh taloen, toeh balong, naha make koedoe los-los ka Balitoeng. Nagarana ge ēma mah sae moer doemēlah kakara ngadenge. Djaoeh mana djeung ka Mēkah ka Balitoeng teh. Bedjana di Balitoeng mah djēlēmana loba anoe sok ngahakan djēlēma deui

Poegoeh bae ari koe Basoeki djeung Godjali mah paham saroeapa kitoe teh disaleungseurikeun, ngan boeboehan baroedak ngora kaloearan sakola, tara eleh omong koe kolot boehoer, bisa pisan ngagēdean hate indoengna teh.

Bisa soteh indit ka peuntas, sasatna dibarobodo koe sarerea, malah make dibibita sagala, magar ari balik mawa ēmas djeung intēn. Sakitoe teh masih keneh bae aja tandjakanana, magar teh heug atoech ari maksa djeung moal lila mah, tapi koedoe bogpamadjikan heula.

Sabot keur garoenëm tjatoer di hanggar, hatong kapal disada, tangara jen panoempang koedoe sadia, sabab moal lila deui oge arek lajar. Ari Nji Hadji diadjak ka kapal teh kalah gegebes, pokna teu sanggoep sieun koe toean anoe make polet djeung make petji, padahal toean striman bageur pisan ngan doemeh panonna rada bolotot djeung beureum.

Gantjangna kapal geus narik djangkar, mēsinna mimiti didjalankeun, hatongna disada katiloe kali dipandjangkeun bari diheuleut-heuleut, tangara rek ladjoe. Panoempang ti dek pating garoepaj, noe koe leungeun noe koe sapoetangan, sawareh koe topi. Noe ti darat malēs goegoepaj, iwal Nji Hadji Maemoenah anoe meungpeun bari sēsēgroek kawas boedak, djaba ngomong anoe lain bandoenganeun, pokna: „Da eta mamana noe kitoe tea mah, hajoh boedak make disakolakeun nanaon, geus bae kitoe tah, make mijeun maneh sagala, kawas geus teu bisa dahar bae di lēmboer. Da koering mah, sadatang-datang ka imah ge rek toeloej bae timpah njoesoer tanah. Da moal ěnja si Oedjang bisa balik deui

„Eum, iboena,” tjek Hadji Mansoer, „oelah kitoe bisi katoeloeskeun djoerig etah. Lalawora ngomong teh. Ka anak mah sok djadi soepata omongan indoeng teh. Anggoersi oerang nginoem es tamba halabhab, na aja panas mani alahbatan di djalan ka Arpah ieu mah.”

Meudjehna Hadji Mansoer njēboetkeun panas kawas di djalan ka Arpah oge, da maranehanana mah biasa di Pagēlaran, pakidoelan Tjiandjoer, bawahan pakēmitan Soekanagara, tariis dilingkoeng koe goenoeng, dikoerilingan koe kēbon kina djeung ěnteh; ari di palaboean Tandjoengparioek apan hawana sakitoe njongkabna, nēpti ka lamoen teu eraeun mah Hadji Mansoer daek² ngalaan badjoe, ngalaan sorban bawaning teu kawawa koe hareudang.

Satoengtoeng kapal katendjo keneh mah, Nji Hadji Maemoenah atjan waka daekeun njingkah ti oeroetna ngadjantēng, ngan barang geus lapat-lapat kakara beunang diadjakan ka loear ti hanggar, tēroes maroelang.

Teu katjatoer di djalanna, katjaritakeun geus narēpi bae ka Sidamoekti, pilēmboeran anoe djaoehna lalakon 123 kilometer ti dajeh Tjiandjger, di wēwēngkon Djampang-Wetan, kalereun Sindangbarang. Ari djalanna, lain ngan djaoeh bae ka Sidamoekti teh, tapi kaitoeng belot pisan, lantaran ti Tjiandjoer koedoe ka Tjibēbēr heula toempak kareta api, ti dieu ka Soekanagara toempak otobeus, sarta ti Soekanagara lamoen kawenehan aja taksi.

bisa harita toeloej ka Pagëlaran. Ti dieu, lëbah desa Pangadëgan mapaj djalan desa anoe hënteu beunang disorang koe toetoempakan, lian ti koeda. Lamoen badarat lalakon 7 djam nandjak-moedoen, kitoe soteh oepama tonggoj bae leumpang hënteu eureun-eureun, da rereana mah noe loemakoe teh ngarërëb heula di desa Panjindangan sisi Tjidjampang.

Di Tjiandjoer-Kidoel mah Hadji Mansoer teh pangdjëgoedna, lëga këbon kina djeung këbon ëntehna, djaba sawah taloen. Anakna doea lalaki; noe tjikal Basoeki, nja eta noe anjar dibënoem kana goëroe di poelo Billiton (Balitoeng) tea, ari adina Godjali, sakola keneh di këlas pangloehoerna sakola Landbouw, malah sanggeus ngadjadjapkeun lantjeukna oge Godjali mah hënteu toeloej miloe ka lëmboerna, doemeh pakansina geus meh beak, toeloej moelang bae ka Bogor.

Meunang satëngah boelan mah Nji Hadji Maemoenah hënteu saat tjipanon, ingëteun bae ka „Si Oedjang” noe meuntas laoet, ngan koe noe araja dipapaler sangkan lëdjar, malah koe Hadji Mansoer mah didjangdjian, jen taoen hareup arek dibawa ngalongok ka Tandjoengpandan. Tibëlatna djeung kamëmëlanganana koe anak teh estoening lain bebendjokeuneun, tjarekna peureum kadeuleu beunta karasa teh lain babasan, di Nji Hadji Maemoenah mah.

Katjatoerkeun deui Basoeki anoe di kapal. Satoengtoeng daratan katembong keneh mah, njangheuj bae dina papagëran kapal, ngawas-ngawas roenggoenoekna poelo Djawa. Sanggeus daratan teu tembong, kakara asoep ka këlas doea, neangan kamarna.

Di kapal, kawasna bae geus kitoe kabiasaanana, sok babari pisar: wawawoehan djeung batoer papada panoempang teh, boh djeung noe toenggal sabangsa, boh djeung bangsa lian, soemawonna lamoen djeung pada batoer sawëwëngkon mah, mani asa amprok djeung baraja, sapërti oerang Soenda pada oerang Soenda. Kitoe deui Basoeki, koe kërsaning Goesti Anoe Maha Moerah, bët diparëngkeun wawawoehan djeung Soekarsih, parawan Soenda anoe anjar balik ti poelo Djawa.

Ari Soekarsih teh poetrana Raden Soekardi, Mijnopzichter di pangalian timah-bodas di Tandjoengpandan. Ti anonna Raden Soekardi teh ngoembara di Balitoeng, da asalna mah oerang Pandeglang, kampoeng Tjiasëm. Iboena tëräh menak Garoet, poetra Mantri Goeroe, djaman Soekardi boeboedjangan keneh bareto, malah kawinna oge di Tandjoengpandan bae, nëpi ka boga Soekarsih.

Waktöe amprok djeung Basoeki di kapal, Soekarsih teh balik ti Batawi, doemeh kapaksa koedoe kaloeur ti Mulo, nadjan kakara nēpi ka kēlas doea oge. Ari sababna, doemeh sabot manehna sakola, iboena Soekarsih maot, ari Soekardi, doeka doemeh njaah doelang ka anak sasiki, doeka doemeh ēnja ngarasa teu kawawa koe sēdih katinggal bodjo, Soekarsih teh bēt disina balik ka peuntas, pokna mah: „Ama katjida ngarasa noenggēlisna sanggeus ditinggalkeun koe iboe teh.”

Balikna ka Tandjoengpandan teh dianteurkeun koe pamanna ti Garoet, malah dibarēngan koe bibina ti Pandeglang katoet salakina, anoe ngahadja minangka ngalongok doeloer noe keur meunang toenggara.

Lalakon ti Tandjoengparioek ka Tandjoengpandan teh ngan sa-poë sapeuting. Isoekna kapal „Rochussen” geus laboeh djangkar di deukeut poelo Kalamoa, doemeh di palaboean Tandjoengpandan mah kapal teh hēnteu adēk kana hanggar kawas di Tandjoengparioek atawa di Soerabaja. Ti darat raboel parahoe „orang Sēka” djeung motorboot anoe mapagkeun, minangka taksina, lamoen di darat mah.

Basoeki di Tandjoengpandan teh, kawantöe teu boga kawawoehan soemawonna baraja, sasatna ngadēdētkeun maneh motong-dahar di Raden Soekardi bae, sarta koe Raden Soekardi ditarima kalawan sēnang hate, ngingētkeun pada Soenda-ngoembara.

Kaajaan dajeh Tandjoengpandan alam Basoeki ngoembara, kaitoeng hēnteu rame kawas ajeuna. Lēmahna kaitoeng taneuh-keusik, nēpi ka hēnteu beunang dipēlakan pare atawa palawidja. Minangka djalan gēdena aja tiloe, nja eta anoe mapaj basisir, anoe ngaliwatan kantor pos, djeung anoe pangtonggohna, kabehanana notog ka Patjinan. Minangka pakampoengan Walanda nja eta di Tandjoengpēndēm. Di dinja mah lolobana imah pagawe-pagawe Billiton-Maatschappij bae. Kaajaanana katjida pikawaaseunana doemeh ploengplong ka laeet djeung dihadja dihegar-hegar dibēbētah.

Priboemina, babakoena „orang-Malajoe”, bangsa asingna noe katjida reana oerang Tionghoa, malah anoe daragang kapērloean sapopoë oge sasat bangsa Tionghoa woengkoel.

Oemoemna, oerang Balitoeng teh balageur, harade hate, someah hade ka semah, oemakoe ka noe alanjar pinanggih. Koe sabab kitöe Basoeki teh katjida bētaheunana, lantaran loba sobat, pērbawa kabageuranana. Oerang Soendana, djaba ti manehna djeung Soe-

kardi teh aja deui opat-lima oempi, ngan kawasna moal leuwih ti sapoeloeh oempi. Di antarana aja Mantri Tekënar asal ti Koeningan, Raden Sanoesi djeung Ahmad Kalerëk Pos ti Pandeglang, malah ka Soekardi ge aja bae-bae tina sindoek.

Djaba ti loba sobat djeung kawawoehan noe balageur pangna Basoeki bëtaheun teh, lantaran aja Soekarsih.

Roepana, eukeur mah pada lalagasan, boedjang manggih landjang, toeroeg-toeroeg doemeh batoer saimah deuih, patendjo saban poë, teu matak heran oepama doeanana toeloej pakait pikir teh, asoep kana sisindiran batoe toeroen keusik naek, itoe poeroen ieu daek.

Geus pirang-pirang anoe nanjaan tea mah, malah teu koerang-koerang oerang dinja anoe djarëgoed, baleunghar, tapi Soekarsih teu poeroen bae ka ieu-ieu teh, katoeroeg-toeroeg Soekardi oge teu doa, da kahajangna mah koedoe ka oerang Soenda deui.

Ari Soekarsih teh geulisna geulis ënjaan, lain poepoelasan atawa sakoemaha babasan tea lir Dewi Sinta, ieu mah geulis teh geulis anoe saënjana geulis.

Gantjanging tjarita, Soekarsih geus ngarangkëp ka Basoeki. Dina waktoe kawin, kolot-kolot Basoeki katoet Godjali hënteu bisa daratang ka Tandjoengpandan, lantaran Nji Hadji Maemoenah gëring ripoeh. Ari koe kitoe tea mah, ti sadjoeng Basoeki balajar teh teu aja pisan waringkasna, ngan ririwit djeung tiktikbrëk bae, pokna kamëmëlangan koe „Si Oedjang” tjënah.

Katjatoerkeun hidji mangsa.

Poë Ahad keur hade mangsana, Basoeki djeung Raden Soekardi aroelin, taroempak mobil ka Boeding, parit pangalian timah anoe kaitoeng gëde. Maksoedna hajang lëleson, tamba ngadjëntoe! di imah. Soekarsih mah hënteu miloe.

Takdir teu beunang dipoengkir, kadar teu beunang disinglar, dasar tariking tjilaka, di lëbah Kalapakampit, mobil teh sëlíp nëpi ka tibalik pisan, goebrag ragrag kana lombang sisi djalan oeroet anoe njoba ngali timah (proefboring).

Soekardi katindihan koe mobil, misan sapada harita, awakna sasat adjoer, roeksak pisan. Ari Basoeki, kapëtjlëngkeun kana toempoekan biangtimah (tin-ertsen) noe sagigireun lombang, sirahna raheut baloboran gëtih, kaitoeng rada parna, ngan teu matak salëmpang, nilik sareatna mah. Soepirna kabeubeutkeun kana tangkal salam deukeut toempoekan biang-timah tea, igana parotong, letah

ngélel, panon molotot, éngkak-éngkakan sakarat, bidjilan gëtih tina oenggal palawangan.

Paingan tjek paribasa, djëlëma teh leutik ringkang, gëde boegang sanadjan pakir miskin nista laip, ari datang mangsana ngababatang mah teu boeroeng sok aja noe ngarawatan, soemawonna ninggang di Soekardi djeung Basoeki mah, dalah si itoe si eta anoe paeh palid di waloengan atawa aja noe ngarogahala di têngah leuweung, kangaranan manoesa mah, sok aja bae noe ngajahoankeun; sanadjan teu kapanggih bëlégërna, atoch boeroek-boeroek bae mah aja noe manggihan.

Harita oge, teu koengsi satêngah djam, kabënëran aja mobil Doktër Dralle ngaliwat tas ti Manggar, toeloej anoe tjilaka teh dibawa ka roemah sakit Tandjoengpandan tiloeanana. Soekardi mah geus karoehan misan, ari soepir di djalan keneh oge lastari, ngan Basoeki noe aja keneh harëpan kana bisa katoeloengan teh.

Koemaha reuwasna, sëdihna, nalangsana djeung bareuheudeunana Soekarsih waktœ dibedjaan, geus teu koedoe ditjaritakeun deui, mani lëslës kapioehan.

Tiloe boelan lilana Basoeki di roemah sakit.

Njawana mah katoeloengan, ngan hënteu walagri sabareto. Tjek Doktër mah magar kaganggoe oeteukna, malah kapalaj Doktër Dralle mah koedoe dibawa ka Tjikeumeuh, meungpeung atjan parna, tapi Basoeki teu daekeun, djeung Soekarsih ngarasa era boga salaki djadi eusi roemah gila. Ingëtanana, sanadjan koemaha bae oge arek sabisa-bisa dirawatan di imah bae, dibelaan doedoekoen ka pakampoengan atawa ngadatangkeun doktër anoe woengkoel poerah nambaan noe kaganggoe oeteukna.

Ari kaajaanana, sanadjan siwah oge, hënteu ari galak atawa matak orat mah Basoeki teh, ngan oekoer sok hoelang-hoelëng teu poepoegoeh djeung ngomong sorangan.

Waktœ tjilaka keneh ge, Soekarsih teh hidëng ngabedjaan ka kolotna. Kawasna, bawaring koe rauwas, Nji Hadji Maemoenah mah nëpi ka kapioehan, sarta tëroes gëring, malah nëpi ka hanteuna, teu koengsi njaho heula, jen Basoeki geus kaloeur ti roemah sakit.

Meudjeuhna nëpi ka kagëgëringan teh, da tadina oge ngan mi-tjangtjam „si Oedjang” bae, ari ieu ngadenge tiwas pisan. Salosna Nji Hadji Maemoenah, Soekarsih nampa soerat ti Godjali, adi beuteungna, jen indoengna maot lantaran reuwas.

Ngingëtkeun bisl aja matakna ka Basoeki, eta soerat teh hënteu ditembongkeun, malah oepama nanjakeun kolot-kolotna di lëmboer oge, sok dibedjakeun jen teu nampa soerat bae.

Godjali ti sakolana geus kaloeur, tapi hënteu daekeun dibënoem kana Adjoen Lanbowkonsoelen, pokna mah rek noeloejkeun hantja bapana bae, ngëbon kina djeung ënteh, bari diadjar tani biasa, mëtakeun beubeunangan sakola.

Ti harita manehna arang pispn loenta ti Sidamoekti, malah ka Soekanagara atawa ka Sindangbarang oge lamoen lain katjida përéloena mah tara indit. Sapërkar djalanna katjida belotna, ka doeana doemeh loba oeroeseun, katiloe doemeh Hadji Mansoer tiktikbrék. Saditinggalkeunana koe Nji Hadji beunang disëboetkeun teu aja walagrina. Geus sababaraha kali manehna njoeratan ka Basoeki soepaja njëlang heula balik ka lëmboer, atawa mërëloekeun dina pakansi Poeasa, tapi salawasna soerat teh diwalonanana koe Soekarsih bae.

Ana radjeun nampa soerat ti Basoeki, sok pondok njogok panjang njoegak, sagala piambëkeun ditoeliskeun, kajaning njëboetkeun jen Soekarsih boga lampah hënteu oeni, sok mangdoeakeun ka salaki, sok tara mirosea, sok neunggeulan. Malah aja hidji soerat noe njëboetkeun jen Soekarsih kapërëgo boga kalakoean noe teu pantës djeung hidji nonoman.

Koe hal eta, Godjali katjida ambëkeunana ka Soekarsih nëpi ka ngewa djeung idjid. Tjatjakan adoe hareupan mah meureun ditampilingan.

Ari Soekarsih, boh ka Godjali, boh ka barajana pribadi teu loba tjarita, jen salakina owah. Sapërkar era, kadoeana doemeh asa ngareureuwas woengkoel, da ngaloebaran atawa nambaan mah moal bariasaeun, toeroeg-toeroeg boga pangharëpan, jen awal-ahir tangtoe tjageur deui. Bingoengna soesahna mah geus lain tjaritakeuneun. Awakna mani langsip. Pangabogana, soemawonna doeit mah boh doeit simpëuanana, boh titinggal Soekardi sasat geus koredas, dipake „njoba-njoba” ngoebaran salaki, sasatna ka oenggal sirah, soemawonn sipating doektër djeung doekoen mah, nëpi ka ngahagal ngadatangkeun Doektër Swanson ti roemah-gila Singapoer, kalawan ngongkosan aja ratoesna. Djaba ti dipake tatamba, apan dahar mah koedoe, mangkaning salaki teu boga gawe, da bororaah ngoeroes gawe, manehna oge oeroeseun batoer. Minangka parëdjékianana teh doemeh sok boeboeroeh ngapoet djeung njeun koeeh. Djaba ti eta mah loepoet taja andëlkeuneun.

Ari Basoeki, owahna teh beuki pohara. Minangka rada elingna teh sok njoeratan ka Godjali, adresna teh sasat dipaparah — ma'loem noe satengah boeah leuntja — nérangkeun jen Soekarsih teh awewe teu bēnēr, toekang njelewer, toekang mangdoeakeun, tara ngoeroes salaki djeung sadjaba ti eta, sakoeer noe matak teu ngeunah kadengena. Anoe disoeratanana, da teu tērangeun jen noe njoeratanana teu reugeudjeug, nja pērtjaja bae, malah nēpi ka nge-waeun tea.

Hidji mangsa Soekarsih nampa soerat ti Godjali, jen Hadji Mansoer gēring pajah, hajang dilongok koe Basoeki, malah barēngan eta soerat teh make djeung ngiriman doeit f 100,— pokna mah bisi teu boga keur ongkos. Soekarsih katjida bingoengeunana, nēpi ka rek lahlahan bae waktja noe saēnjana, jen Basoeki teh owah, tapi sieun bisi koemaha onam. Pondok pisan ekolna teh, dibedjakeun jen teu meunang pērēlop koe doenoenganana, ari doeit pokna — lēbah dieu mah hēnteu ngabohong — dipake majaran doktēr oeroet ngoebaran Basoeki, lantaran, tjēnah koengsi gēring pajah.

Pangna Soekarsih wani ngabobodo ka adi beuteungna teh, lain doemen goreng hate atawa boga tekad anoe koerang hade, tapi samata-mata njingkahan pikareuwaseun djeung pikaeraeun sarta pikasēdiheun Hadji Mansoer katoet baraja-barajana.

Heuleut sapoeloh poē, djol telēgram njaritakeun jen Hadji Mansoer kari noenggoe waktoe, sahoseun. Lamoen Basoeki teu diidinan pērēlop, menta kaloear bae tina pagawean, da moal boeroeng dahar make masing teu digawe oge tjēnah. Telēgram teh pikeun noe tara pati boga doeit djeung noe keur djanglar pikiran mah kaitoeng katjida pandjangna, tapi ari pikeun noe djēgoed kawas Godjali mah nja djamak bae, toer waktoe ngētokna keur kadjoeroeng koe napsoe keuheul djeung ngewa ka dahoean.

Walonan ti Soekarsih pondok pisan: „Teu bisa datang, Basoeki ngadadak gēring pajah.”

Eta oge ekol deui bae.

Nēpi ka hosna Hadji Mansoer, Basoeki mah teu tērangeun, malah teu tērangeun jen manehna geus teu indoeng teu bapa.

Kasoempēgan Soekarsih geus taja babandinganana. Ras ka salaki anoe sakitoe kaajaanana, ras ngoembara di lēmboer batoer lieuk deungeun lieuk lain, hēnteu indoeng hēnteu bapa. Balik, balik ka mana da ēnja oge bibit boeit Pasoendan, ari ka babarajaan mah teu wanoh, boeboehan atah andjang tea. Toeroeg-toeroeg di bisana

ogé moelang ka lémboer, kalah ka ngariridoe maneh mamawa salaki pantar kitoe.

Dasar alam doenja!

Dina kaajaan anoe sakitoe samagahana teh teu koe hanteu mani radjol gogoda. Babakoena anoe ngangsonan, soepaja Soekarsih daek tjoel ka salakina. Tjindékna hēnteu koerang-koerang lalaki, boh noe lengoh, boh noe rimbitan, noe ngagoda ka Soekarsih, tapi Soekarsih hēnteu oenggoet kalindoean, hēnteu gēdag kaanginan. Keukeuh pageuh koekoeh pēngkoeh, satia satoehoe ka salaki. Nadjan boeroeng nadjan paloeng, nadjan roedin nadjan boetin hēnteu matak ngoerangan kana kapanggėranana. Sabalikna, beuki ngarasa njaah, karoenja, watir nendjo kaajaanana kitoe. Ras kana waktoe tadi. Soegih moekti samamanis, sėnang moelja sakasoeka, naha ari ajeuna geus boetin roedin, boeroeng paloeng bėt koedoe disingkahan?

Naha boemela djeung goemoesti teh ngan sabot soegih djeung walagri bae? Ari ajeuna geus djadi „satėngah-djalma” koedoe ditoker? Njasat boemela ari keur sėnang mah!

Tjindékna, sareboe anoe ngawoedjoek, salaksa anoe ngagoda oge, Soekarsih teu gēdag boeloe salambar. Kabeh oge ngan gogoda woengkoel, tjek pamikiran.

Djaba ti sieun kabėndon koe Goesti noe Maha Soetji djeung teu tega ka salaki teh, dasar bakatna Soekarsih tara rajoengan bengbatan, tara kokomoan hajang seubeuh saharita. Pendekna, masing kalah koemaha oge, dibelaan lara balangsak; kadjeun nėmahan maot langlajuseun, hiroep koedoe sasap-soesoep tjarek wiwilanganana, tinimbang ngarėmpak tjėgahing sara djeung nagara mah.

Naon oentoengna soegih koe doeit, naon kasėnanganana beunghar koe doenja, lamoen ladang basilat kotor koromod? Soegih moal djadi moeklis, beunghar moal djadi rahmat, lamoen rasa kasoetjian ati djoemėrit oenggal oesik, lamcen wėninging wėrdaja nganaha-naha saban roemingkang, sasat beunghar hēnteu halal.

Sanadjan diparėngkeun beunghar oge, ari koedoe ninggalkeun salaki mah, asa beunghar meunang ngabegal, asa ngawadalkeun djalma teu toeah teu dosa. Soekarsih tėtėp panggėr hatena.

Dina hidji mangsa, Basoeki bėt kabėnėran eling, hēnteu rosa kamboehna. Ari keur eling mah nja sakoemaha djėlėma tjageur bae, ngomongna beres, tata-titina ilahar djeung noe tjageur. Basoeki nanja ka bodjona: „Na koe naon Ĕnden teh mana langsip-langsip teuing, kawas teu tjageur?”

Ti baheula, ti waktœ arek djoeng noempakan mobil pëlësiran ka Boeding tea, kakara harita Soekarsih diadjak ngomong bënër koe salakina, make kawas noe heueuh toelaten ka bodjo sagala. Hate Soekarsih atoh patjampoer djeung sêdih anoe teu aja papadana, teu bisa ngawalon nahan tjipanon noe njalangkroeng. Komo barang Basoeki tēroes nanja: „Ari ěngkang asa geus heubeul pisan teu papanggih-papanggih djeung mama, na angkat ka mana ari mama?”

Soekarsih geus teu kaampeuh deui, ngan sēgroek bae tjeurik bari njoeoeh kana lahoenan salakina. Teu wani ngawalon bisi salah pok, gawena ngan sēsēgroek.

Basoeki asoep ka kamar, njokot kopër pakean — da geus teu boga lomari, didjoeal —, braj diboea, eusina djaba ti papakean teh aja erlodji djeung ali, ti Hadji Mansoer djaman manehna sakola keneh. Pok ngomong, kawas mimiti kaganggoe deui oeteukna, pokna: „Ĕnden, lamoen ěngkang paeh, ieu erlodji djeung ali oelah didjoeal atawa dipitjeun, bikeun ka Godjali, sina dibikeun ka anakna lamoen bogaeun anak lalaki. Ieu teh wasiat ěngkang kitoeh.”

Djoeng manehna nangtoeng, djoet ka boeroean bari kakawihan, leos ka basisir. Teu digeunggeureuhkeun, diantĕp bae, da biasana lamoen keur kamboeh sok kitoe.

Doeka koemaha mimitina, bĕt terekel naek kana karang noe tarengtong njodor ka laœt bari igĕl-igĕlan djeung kakawihan. Geus kitoe ana gadjlĕng teh toetoeoeboen, ragragna noetoe, sirahna beulah maot harita keneh.

Boeboehan djĕlĕma, sanadjan boeroeng oge, ari tiwas mah nja pada narœloengan.

Teu ditjatoer Soekarsih noe sēdih prihatin djeung noe moelasara Basoeki.

Minggoe hareupna, aja kapal noe lajar ka Poelo Djawa.

Paparabotan, eusi imah djeung pakean Soekarsih sakoer anoe beunang didoeitkeun mah didoeitkeun. Karĕpna rek balik ka Pasoendan, ngadjoegdjoeg paman-pamanna. Tapi samemehna arek mĕrĕloekeun nĕpoengan Godjali heula, bari mikeun „wasiat” Basoeki djeung rek balaka anoe saĕnjana. Soekarsih lain hĕnteu tĕrangeun, jen Godjali katjida ngewaeunana ka manehna (lantaran soerat noe teu oeni ti lantjeukna tea), tapi rek dag-dagan, minangka nembongkeun kasatiaan noe panganggeusan ka Basoeki, mangnĕpikeun wasiat tea.

Kawas anoe tēroes-rasa.

Dina poëan Basoeki maot teh kabënëran Godjali katatamoean koe Idris, doeloer misanna noe ngahadjakeun andjang sono, doemeh manehna pageto rek ka Tandjoengpandan, pindah pagawean. Teu kira-kira bae boengaheunana, malah mani pok deui pok deui njarita hajang dibedjaan pasal lantjeukna noe saënjana, doemeh geus lawas taja bedja-bedjana djeung teu balik-balik ka poelo Djawa. Noe diomat-omat njanggoepan.

Sapoeioeh poë ti harita, Godjali katatamoean koe Soekarsih, awewe anoe koe manehna dipikatjeutjeub tea. Mangkoekna nampa soerat ti Soekarsih minangka ngibëran jen rek datang, ari manehna njëlang heula nëpoengan pamanna bari menta ongkos pikeun ka Sidamoekti.

Godjali adoe hareupan djeung Soekarsih teh mani meh teu bisa nahan piambëkeun. Lamoen teu ngingëtkeun kana kamanoesaan mah mani hajangeun gamplëng-gamplëng bae nampilingan, da tjek panjangkana mah maotna Godjali teh nja Soekarsih keneh bae noe boga lantaran mah.

Harita oge nampana teh këding-hangit pisan, malah karëpna mah hajang oelah papanggih ge. Satadina mah Soekarsih arek waktja balaka, nërangkeun kaajaan noe satarabasna, tapi nendjo paroman priboemi kitoe mah, dipikir moal aja paedahna, kalah ka disëboet ngabohong bae, malah disëboet rek nipoe boa. Soekarsih katjida sëdiheunana. Minangka panoetoep tjarita pokna teh: „Atjeuk teh era-era oge bade njoehoenkeun piwëlas aji, sawëngi ieu nëda diwidian mondok di dapoer-dapoer bae mah djeung badega, da pirakoe ari atjeuk koedoe moelang ajeuna mah, lalakon sakitoe belot sarëng tarahalna, toeroeg-toeroeg ajeuna parantos boerit. Sarëng ieu deui atjeuk teh koe tjape, da ti Panjindangan teh badarat bae. Endjing oge endjing-endjing atjeuk wangsoel.”

Godjali, sanadjan keur napsoe oge, aja leuleujna. Soegan doemeh boedi parangi Soekarsih sakitoe pikawatireunana djeung ngingëtkeun pisakoemahaeun tëlëngësna, lamoen Soekarsih teu diidinan mondok sapeuting-peuting atjan mah, da pirakoe koedoe sapeupeuting leuleuweungan mangkaning pangawak awewe.

Katjaritakeun isoekna. Poekoel tocdjoeh keneh Soekarsih mah geus pamitan bari teu wëleh nganjoehoenkeun. Tjipanonna rambisak, indit moedoen bangoen lësoe kadoea toca kampoeng anoe ngadjadjapkeun kamarina ti Panjindangan. Leumpangna bangoen teu nangan, beuteung kosong, doeit teu boga. Sadjadjalan tjeurik bari

ditioeng koe karembong. Heug harita teh hoedjan ngaririntjik, kawas anoe miloe tjeurik ka noe keur prihatin.

Něpi ka peupeuntasan, loemakoena kanděg, lantaran tjai tjaah, eretan pęgat. Aja oge djalan koedoe ngoeriling ka Tjitadjoer. Nja wajahna ngadagoan tjai orot, noenggoean noe ti peuntas ditoe wanieun mawa rakit. Soekarsih gek dioek sidengdang dina tjabat, ari toea kampoeng ka saoeng noe teu djaoeh ti dinja.

Godjali, sadjoengna Soekarsih teh teu poegoeh pikirna, ngait ka noe indit. Bět toeloej kaberean karoenja, djeung tjangtjaja kana soerat-soerat ti lantjeukna bareto. Sabot keur ngadaweung, djol pasoeratan (ilahar di onderneming noe djaoeh ka dajeuh sok ngagadjih djalma poerah ka dajeuh pikeun roepa-roepa kapęrloean djeung njokotan soerat). Ki Pasoeratan njaritakeun Tjidjampang, tjaah malah manehna oge tjėnah djalanna kapaksa ngoeriling ka Tjitadjoer.

Di antara soerat-soerat tea, aja noe ti Idris, ti Tandjoengpandan. Soerat pandjang nakěr. Maksoedna nęrangkeun jen teu koengsi papanggih djeung Soekarsih, lantaran papaliwat kapal. Ditjaritakeun hal Basoeki ti barang kawin tęroes nępi ka tiwas di Boeding satęroesna nępi ka owah. Sadjęroning owah teh galak timboeroe ka pamadjikan, magarkeun sok njelewer, malah tjėnah moal boa ka lęmboer oge koengsi njoeratan, jen bodjona mangdoeakeun. Satęroesna dina soerat teh moedji kabageuran kasatoehoean kasatiaan Soekarsih. Ditetek tina hal roemaksa djeung roemawatna. Koemaha pęngkoehna koe roepa-roepa gogoda. Malah mani pok deui pok deui, jen Soekarsih teh **DIBELAAN LARA BALANGSAK**, beak naon beak naon ngabelaan salaki. Ari Idris tęrangeunana teh ti sakoer anoe katanjaan. Ti menakna nępi ka tjabatjaha, boh „orang Melajoe” boh bangsa Walanda djeung Tionghoa, kabeh pada moedji ka Soekarsih. Ngan salahna Soekarsih tea apik teuing. Sapęrkara salah neundeun kaera, doemeh era boga salaki djadi eusi Tjikeumeuh, nępi ka teu balaka ka kolot-kolot djeung ka doeloerna, kadoea apik dina ngaragangan kareuwas djeung kaera babarajaan salakina. Dibelaan manehna pribadi lara balangsak, asal baraja salaki oelah kaganggoe hatena. Lebah dieu oge dina soerat teu kęndat moedji kana kamoeljaan hate Soekarsih saroeapa kitoe. Malah dina soerat teh disęboetkeun, jen hese pantarna awewe noe moelja hate kawas Soekarsih.

Tamat matja soerat, Godjali ngagęro ka badegana nitah njelaan koeda bari ngadangdanan tandoe noetoerkeun pandeuri, njoesoe/

dahoeanana. Ajeuna mah karasaeun koe manehna, jen Godjali teh tëlengës ka Soekarsih, noe asih dipoelang-sëngit. Karëpnia rek disoesoel rek tobat. Oeroet tadi geuneuk maleukmeuk rek menta dihampoera.

Nëpi ka peupeuntasan, kasampak Soekarsih keur tjinoetroeng dina tjabatang, njoesoetan tjipanon koe karembong. Godjali mani toetoe-roeboen tina koeda, soedjoed kana soekoe Soekarsih bari totobatan menta dihampoera, doemeh tadi migeuleuh mitjeutjeub, lantaran ngandël kana soerat lantjeukna djeung keuheul doemeh teu balik-balik ka lëmboer. Godjali mani pok deui pok deui, ngadjak balik ka Sidamoekti, njaram balik harita.

Tjek Soekarsih: „Oelah alit manah aji. Atjeuk teu pisan-pisan neundeun hate ka aji. Parantos bae oelah ngemoet-ngemoet noe parantos-parantos, da moal kapëndak deui

Pasosore Soekarsih geus aja deui di Sidamoekti, kalawan disë-nangkeun anoe pohara. Godjali geus nekadkeun, jen moal aja doenja kinasihan ka oeroet dahoeanana, itoeng-itoeng nëboes kapriha-tinanana djeung minangka pameuli kasatiaanana ka doeloerna. Teu këndat-këndat moedji kana kamoeljaan hate Soekarsih, anoe goe-moesti soemoedjoed, **DIBELAAN LARA BALANGSAK**

TAMAT.

BOEKOE ROMAN AOSEUN ISTRI

(Wédalan Bale Poestaka Batavia-C.)

Tjarita Genoveva	f	1,—
Tjarita Siddarama atawa Djajaroekmantara	„	1,50
Wawatjan Damarwoelan	„	0,40
Waw. Noe kaleungitan tjaroge. (sasëtel)	„	0,30
Wawatjan Ènden Soepenti	„	0,30
Tjarita Nji Soehaesih	„	0,20
Istri pëlit	„	0,30
Baroeang ka noe ngarora (sasëtel)	„	0,15
Teu pëgat asih	„	0,10
Istri kasasar	„	0,25
Doenoengan midoea manah	„	0,10

TOETOEROETJINGAN VOLKSALMANAK 1938

Anoe karenging pris toetoeroetjingan Volksalmanak 1938 parantos ditangtoskeun dina ping 14 Mei 1938 koe komisi anoe diwangoen koe padamël-padamël Bale-Poestaka, diloeoehan koe Kangdjeng Dalëm Batawi, R. T. A. Hassan Soemadipradja, sarëng para djoeragan: Hamid (wakil „Pemandangan), A. Kansil (wakil „Perasaan Kita” sarëng Sanoesi Pane wakil „Kebangoenan”.

Soegri anoe karenging pris, parantos diwawarkeun dina Parahangan, Pandji Poestaka, Kedjawen, Padoman Aosan, Pedoman Pambatja, sarëng Pariwisata sasih Mei/Juni 1938. Di dieu moeng bade ditataan noe karenging pris aragëng bae, nja eta:

Pris ka 1 agëngna f 750.— kenging koe djrg: Poernaman Sardjono p/a Bosch-Opzichter Madjënang.

Pris ka 2 agëngna f 250,— kenging koe djrg: Abang Achmad bin Abang Palil, berkeboen Nanga-Silat, Sintang.

2 pris ka 3 agëngna f 100.— sewang, kenging koe para djrg: Nji Hawa binti Kemas Abdoekrony, Leerling H.I.S. Palembang sarëng G. H. Liuw, Goeroe B.V.S. Loek, Loewoek.

4 pris ka 4 agëngna f 50.— sewang, kenging koe para djrg: Koernia, Onderwijzer H.I.S. Pasoendan Garoet, Mohd. Noer Volks-
onderwijzer Tjoepak Solok, J. Latuminase, toekang keboen Dirata Wonreli, Mohd. Joenoes Goeroe kepala Volksschool Peukanhilir Longa Koetaradja.

Toetoeroetjingan taoen 1939 dimoeat dina djilid toekang.



Djoeragan Poernaman Sardjono, noe kenging pris ka 1 toetoe-
tjingan Volksalmanak 1938.

(Handjakal djoeragan Abang Achmad bin Abang Palil noe ke-
nging pris ka 2, doegi ka njitak ieu Volksalmanak, teu atjan
katampi keneh bae potretna).

PIHATOER

Saparantos kope naek kana tjitakan, aja wartos, jen R. T. Wira-
dipoetra djoemënëng Boepati di Tasikmalaja. Kapatihan Bogor
doegi ka dangët eta lowong keneh.

Patali sarëng kaajaan tehnik, kope teh teu tiasa dibongkar deui.
Moegi dihapoentën.



LAGOE² SOENDA



- | | |
|---|----------------------------|
| 278259 a. Lal. Pergiwa Pergiwati Ka-I | Dalang Emon, Zangeres Iti. |
| b. Lal. Pergiwa Pergiwati Ka-II | Dalang Emon, Zangeres Iti. |
| 278259 c. Lal. Pergiwa Pergiwati Ka-III | Dalang Emon, Zangeres Iti. |
| d. Lal. Pergiwa Pergiwati Ka-IV | Dalang Emon, Zangeres Iti. |
| 278259 e. Lal. Pergiwa Pergiwati Ka-V | Dalang Emon, Zangeres Iti. |
| f. Lal. Pergiwa Pergiwati Ka-VI | Dalang Emon, Zangeres Iti. |


- | | |
|-----------------------------------|-------------------------|
| 278260 a. Bohodoran Koeloe Koeloe | Ogel Menir, Soekaboemi. |
| b. Bobodoran Soekamandian | Ogel Menir, Soekaboemi. |
| Jab 2274 Extra Kidoeng Malang | Ogel Menir, Soekaboemi. |
| 2277 Soeroeng Dajoeng | Ogel Menir, Soekaboemi. |

- | | |
|-----------------------------|---------------------------|
| 278257 a. Gondang | Ditembangkeun koe: Resna. |
| b. Saropongan | idem idem |
| Jab 2230. Djemplang Tjeurik | idem Nji Moersih. |
| 2237 Papalajon Boengoer | idem idem |
| Jab 2233 Leleson Manah | idem Neng Imong. |
| 2236 Asmarandana Polos | idem idem |

- | | |
|----------------------|-----------------------|
| Jab 2252 Kodehel | Dikawihan koe: Resna. |
| 2254 Sekar Wara-Wiri | Dikawihan koe: Resna |

- | | |
|----------------------------|----------------------|
| 278258 a. Poesaka Tarogong | Dikawihan koe: Mene. |
| b. Renggong Gandang | Dikawihan koe: Mene. |

*Geura moendoet
prijscourant:*



B. & F.
STEINHARDT

Lagoe-lagoe Malajoe
" Djawa
" Soenda

Batavia — Semarang
Soerabaja — Medan

EUSINA

	Katja
Almėnak ringkės 1939	5
Kalendėr ringkės taoen 1938—1939—1940	18
Hari bėsar	20
Samagaha	22
Roepa-roepa itoengan taoen.	
a. Taoen Masehi 1939 tjoetjog djeung:	23
b. Neangan Taoen Masehi koe taoen Arab djeung sabalikna	23
c. Pananggalan ringkės:	
I. Neangan poė djeung pasaran oenggal 1 Januari ...	24
II. Neangan poėna tanggal 1 boelan Walanda	26
d. Neangan ngaran poė dina pananggalan Soenda	28
Daptar rentėn direntėnan	30
Tarip pagadean	31
Oekoeran djeung timbangan	35
Pėrsonalia.	
a. Ēlid-ēlid Volksraad	62
b. id. Bale Adat	68
c. id. Bale Islam	68
d. id. Provinciale Raad Pasoendan	68
e. id. Raad Kaboepaten di Pasoendan	69
f. Kapala Priboemi djeung prijaji Djoestisi di Pasoendan	78
Sadjarah Soemėdang	86
Hal Sakola.	
a. Tarip bajaran sakola	123
b. Handelskursus	135
c. Kindertoelage	150
Poeasa	154

Pangatoeran Nagara.	
a. Adathof sarěng Islamitisch-hof	158
b. Ongkos lalandong	161
c. Randa ponggawa Nagara noe lain oerang Eropa ...	164
Lěnjěpaneun	170
Atoeran Post.	
I. Tarip	171
II. Roepa-roepa kiriman	175
III. Ngirimkeun telěgram	179
IV. Telegraafstations	179
Piwoeroek Apa	180
Kawarasan.	
Oebar kampoeng	198
Tjakra Beureum	201
Vitamine	214
Toetoengkoesan	216
Tatanen—dagang—karadjinan.	
Atoeran Theelicentie	219
Atjoeng	232
Pangawěroeh Awewe.	
Pěrgěrahan awewe oerang Wetan	236
Pangadjaran karadjinan baroedak awewe Hindia	254
Economie oerang Priboemi	257
Srimpi	268
Batjaeun baroedak.	
Goegoeritan Noesa Djawa	269
Sadjarah Ban Kompa	293
Feuilleton.	
Dibelaan lara balangsak	299
Toetoeroetjingan Volksalmanak 1938	311
Toetoeroetjingan Volksalmanak 1939	320
	djeung dina djilid toekang

SAMBOENGLAJANG

	Katja
Bata, N.V., N.I. Schoenhandel Mij., Tg. Parioek — ROEPA-ROEPA SAPATOE	107
Borneo Sumatra Handel Mij. N.V.; Batavia — SANATOGEN	dina djilid
KALZAN	dina djilid
Colgate-Palmolive Handel Mij. vóór Ned.-Indië N.V.; Batavia PARANTI NGOSOK WAOS „COLGATE”	139
SABOEN SEUNGIT „PALMOLIVE”	147
Dunlop & Co, Firma E; Batavia — TJISOESOE BEAR BRAND	157
Dunlop Rubber & Co, The; Batavia-C. — BAND DUNLOP	295
Eng Aun Tong; Batavia-C. — OEBAR BALASHIN SAI...	67
Generaal Motors Java, N.V. Handel Mij; Tg. Parioek — ROEPA-ROEPA MOBIL	163
CHEVROLET TRUCKS (OTOPRAH)	193
Geo Wehry & Co.; Batavia — MÉSIN TOELIS MÈRK „UNDERWOOD”	259
Good Year Tire & Rubber Co; Buitenzorg — RODA A.D.V.	227
Impla, N.V.; Batavia-C. — ASPIRIN	277
Intern. Cred.-en Handelsverg. „Rotterdam”, N.V.; Batavia — BAKO SEK VAN NELLE	169
Jacobson v/d Berg & Co; Batavia — BISKOEIT ARNOTT.	57
OEBAR SALESMA ASPRO	117
PASANGGIRI KAPERLOEAN KANTOR MÈRK ABC	133
Lever's Zeepfabrieken, N.V.; Batavia-C. — SABOEN LUX	217
Lindeteves Stokvis; Batavia — LAMPOE MINJAK TANAH „PETROMAX”	83
TJET BOEATAN PIETER SCHOEN	91
BAN KARETA MÉSIN „GOOD YEAR”	99
PATJOEL TJAP „MOENDING”	209

Luyks, N.V. Handel Mij. v/h C.M; Batavia-C. — GRAMOFOON MERÈK HIS MASTER'S VOICE ...	285
Muller & Phipps, Firma; Batavia-C. — PASANGGIRI PARANTI NGOSOK WAOS „LISTERINE”	185
Nestlé & Anglo-Swiss Milk Products Ltd; Batavia-C. — TJISOESOE TJAP NONA, DINA ALMÈNAK DINGDING DJEUNG DINA KATJA	237
Revimy, N.V.; Soerabaja — LAMPOE LISTRIK „PHILIPS”	17
Singer Sewing Machine Coy; Batavia-C. — MÈSIN KAPOET SINGÈR	267
Steinhardt, Firma B & F; Batavia —	313
Stocker, Horlogerie; Bandoeng — ROEPI ² ERLODJI SARÈNG VULPEN	243
Tels & Co. 's Handel Mij, N.V., L.E; Batavia — BATRE EVEREADY	dina djilid
MINJAK RÉRÈMEN WOOD DJEUNG SALÈP KORENGZAL	75
Wolters, Firma J.B.; Batavia-C. BOEKOE-BOEKOE	124—125
Zoutregie; Batavia-C. — OEJAH GOEPÈRNÈMEN	251

SAMBOENGLAJANG LAMPIRAN

Bandoengsche Kininefabriek; Bandoeng — PEL JOODKALI SARÈNG TABLET KINA	antara 112—113
Geo Wehry & Co; Batavia — AER BELANDA APOLLINARIS	antara 160—161
LAMPOE OSRAM D	antara 160—161
Hoppenstedt, Firma G.; Batavia — VICKS SALÈP AMERIKA	antara 272—273
TJOKLAT DROSTE	antara 272—273
TOOTAL CREASE RESISTING & TOBRALCO	antara 288—289
SABOEN PERSIL	antara 288—289
BISKOEIT VERKADE	antara 288—289

SAMBOENGLAJANG BALE POESTAKA

	Katja
Loetoeng kasaroeng	19
Njai Soemoer Bandoeng	22
Babad Madjapait	30
Sari Poestaka	31
Ti noe poëk ka noe tjaang	52
Roentagna Madjapait	61
Bibliotheek partikoelir	149
Lima roepi boekoe aoseun moerangkalih	153
Parahiangan	160
Opat roepi boekoe noe ngandoeng piwoeroek	197
Toedjoeh roepi boekoe aoseun moerangkalih	213
Landong baeud	231
Masakan djeung amis-amis	256
Sawatawis boekoe aoseun istri	310

DJABI TI ETA:

Waktos ieu Volksalmanak kaloeur, di pangtjitakan noedjoe ngagëntakkeun: **Wawatjan.**

TJIOENG WANARA

anggitan

M. A. SALMOEN

Njarioskeun poetra Radja Galih Pakoean ti barang diba-
barkeun téras dipalidkeun koe iboe kawalonna koe margi
bilih njeehkeun poetrana. Éngkena doegi ka përang tanding
sarëng saderekna. Dangdinganana beres, lalakonna pika-
rësëpeun. Antos dikaloearkeunana koe

BALE POESTAKA

—

BATAVIA-C.

PIHATOER

ka noe rēsēp koeroeng-karang.

Kalajan kabingahan anoe taja papadana, Redactie nampi pintēn-pintēn karangan ti oenggal madhab. Maksudna soepados dilēbētkeun kana Volksalmanak (1939).

Mēnggah Redactie, moal langkoeng soegēma batan ngalēbētkeun karangan noe sae; moal langkoeng handjakal batan kēdah nolak salahsawios kintoenan.

Nanging sakapeung mah sok kapaksa! Kapaksa nahan atanapi nolak pisan.

Anoe karanganana ditahan, babakoena anoe leuir teuing. Karanganana katimbang sae, nanging tēmpatna seepeun. Mangkaning nahan karangan kanggo Volksalmanak mah sanes moeng sadintēn atanapi saminggoe; ieu mah sataoen tjamplēng. Anoe kirang-kirang sabarna mah matak rēngat manahna.

Soepados oelah aja kadjadian noe saroepe kitoe, pērjogi diemoetkeun koe soegri anoe rēsēp koeroeng-koerang, soepados ngintoenkeun karangan teh oelah langkoeng ti ping 1 Maart kanggo Volksalmanak sapēngkēreun taoen eta. Oepamina bae kanggo taoen 1940, kēdah dikintoen pangleuirna dina sasih Februari 1939. Kadjab i oepami karangan tea iraha bae palajna dimoeat. Pandjangna kintēn² bae, oelah doegi ka sapērtos piboekoeun.

Aja deui noe kēdah diemoetkeun teh.

Volksalmanak teh kēdah djadi pangwoewoeh pangawēroeh, djadi panambah kaoeninga, dieusianana oge kēdah koe sēratan saroepe kitoe. Hēnteu kēdah elmoe noe loehoer-loehoer sapērtos: astrologie, ethnologie, archeologie, psychologie sarēng „logie-logie” noe sanesna, ieu mah eta bae noe patali sarēng pangaboetoe dina hiroep sadidintēn, noe aja patalina sarēng: dagang, tatanen, karadjinan, pangawēroeh awewe — oelah moeng rēsēp masakan bae! —, kawarasan, pangadjaran sarēng seueur-seueur deui.

Di Redactie oge kantēnan sajagi, nanging apan maksud Bale-Poestaka teh bade maparin kasalsean ka noe rēsēp koeroeng-karang soepados mēdarkeun pamēndakna.

Tada teuing bingaeunana para karoehoen Soenda, oepami ningali seuweu-siwina: binēkas ngareka „roman”, teu ngawagoe njoesoen elmoe.

Rcdactie.

**P E R E S E N A N
T O E T O E R O E T J I N G A N
V O L K S A L M A N A K 1 9 3 9**

1	pris kahidji	f	750.—	f	750.—
1	„ kadoea	„	250.—	„	250.—
2	„ katiloe	à	100.—	„	200.—
4	„ kaopat	à	50.—	„	200.—
20	„ kalima	à	25.—	„	500.—
40	„ kagěņěp	à	10.—	„	400.—
140	„ katoedjoeh	à	5.—	„	700.—
<hr/>				<hr/>	
208	pris			f	3000.—

P E P E L I N G.


Toetoeroetjinganana ilikan dina djilid ieu Volksalmanak beulah katoehoe (di gigireun ieu), meunang didjawab koe saha bae. Di dinja geus disadiaan lolongkrang pikeun noeliskeun djawabanana. Sabeulah deui aja lolongkrang pikeun noeliskeun ngaran, adres djeung pagawean noe něgoeh, noelisna sing tetela, soepaja oelah pahili djeung noe sedjen.

Anoe nanjakeun hal noe patali djeung ieu toetoeroetjingan koe Bale Poestaka moal didjawab. Djadi leuwih hade oelah barangtanja, sabab nga-roegikeun bae ka andjeun. Dina boelan Mei 1939 baris diembatkeun saha-sahana noe meunang pris, sarta sakoer noe meunang baris gantjang dibedjaan koe soerat.

Noe meunang pris, tapi něpi ka tanggal 31 December 1939 teu ditjokot (teu dipenta), leungit hakna kana eta pris.



Tjahajana
langkoeng tjaäng



langkoeng
awet
dianggona

EVEREADY

EXTRA
LONG LIFE
BATTERY

DIDJOEAL DIMANA-MANA